**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW,
ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**

**QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI**

TURDÍBAEV QONAQBAY KEWLIMJAEVICH

# HÁZIRGI QARAQALPAQ POEZIYASÍ

60230100-Filologiya hám tillerdi oqıtıw (Qaraqalpaq tili)
bakalavr tálim baǵdarı studentleri ushın
oqıw qollanba

NÓKIS
«BILIM»
2024

UOK: 821.512.121.09-1(075.8)
KBK: 83.3ya73
T 98

**Q. K. Turdıbaev.**
**Házirgi qaraqalpaq poeziyası.** *60230100-Filologiya hám tillerdi oqıtıw (Qaraqalpaq tili) bakalavr tálim bağdarı studentleri ushın oqıw qollanba.* [Tekst]: / – Nókis: «Bilim», 2024. – 228 b.

Bul oqıw qollanbada házirgi qaraqalpaq poeziyasınıń rawajlanıw bağdarları, ideyalıq-tematikalıq, janrlıq-stillik hám kórkemlik ózgeshelikleri tuwralı sóz boladı. Ol kirisiw, juwmaq hám paydalanılǵan ádebiyatlardan tısqarı, házirgi qaraqalpaq poeziyasında belgili orınǵa iye shayırlardıń dóretiwshiligine arnalǵan qısqasha ádebiy portretlerden ibarat. Qollanba joqarı oqıw orınlarınıń 60230100 – filologiya hám tillerdi oqıtıw (qaraqalpaq tili) bakalavr tálim bağdarı studentlerine arnalǵan. Kitap filologiya tarawı magistrantları, doktorantları, ilimiy izleniwshileri hám professor-oqıtıwshılar ushın da zárúrli qollanba xızmetin atqaradı.

**Juwaplı redaktor:**

**Q. Orazımbetov** — *QMU Qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası professorı, filologiya ilimleriniń doktorı.*

**Pikir bildiriwshiler:**

**Z. Bekbergenova** — *ÓzRIA Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, filologiya ilimleriniń doktorı, professor;*

**O. Gaylieva** — *QMU Túrkmen tili hám ádebiyatı kafedrası professorı, filologiya ilimleriniń doktorı.*

Oqıw qollanba Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti Keńesiniń 2-iyul 2024-jılı №10/7.3-sanlı bayanlaması menen maqullanǵan hám baspaǵa usınıldı.

Ózbekstan Respublikası Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovaciyalar ministrliginiń 27-dekabr 2024-jılı №485-sanlı buyrıǵına muwapıq oqıw qollanba sıpatında baspadan shıǵarıwǵa ruqsat berilgen.

**ISBN 978-9910-8720-2-0**

**© Q. K. Turdıbaev. 2024.**
**© «Bilim» baspası, 2024.**

## KIRISIW

Ózbekstan Respublikasında ǵárezsizlik jılları basqa tarawlar qatarı bilimlendiriw tarawında da jańa zaman talaplarına say úlken isler baslap jiberildi. Jańa huqıqıy demokratiyalıq mámleketti qurıw ushın óz kásibiniń mamanı, hár tárepleme rawajlanǵan, salamat turmıs tárizine iye jaslardı tárbiyalaw zárúr. Usı maqsetti iske asırıwda bilimlendiriw tarawındaǵı jumıslardı zaman talabına say qurıwdıń, ásirese, joqarı oqıw orınlarındaǵı tálim-tárbiyanıń sapasın arttırıwdıń áhmiyeti haqqında Ózbekstan Prezidenti Sh.M. Mirziyoev durıs atap ótkenindey, «…jaslarımız zamanagóy bilim hám rawajlanıw shıńların iyelep, óz mánawiyatı hám oy-pikiri menen hámmege órnek hám úlgi bolıwı kerek»[1].

Demek, bul baǵdarda isleniwi tiyis jumıslardıń qatarına student jaslardıń bilimin jetilistiriwge, olardıń hár tárepleme jetik, kámil insan bolıp jetisiwine xızmet etetuǵın, jańa zaman talabına say sabaqlıqlar dúziw eń áhmiyetli másele bolıp tabıladı. Usı máseleni sheshiw baǵdarında ámelge asırılatuǵın jumıslardıń biri «Qaraqalpaq filologiyası»nıń bakalavriat baǵdarları hám magistratura qánigeliklerinde tálim alıp atırǵan studentlerge «Házirgi ádebiy process», «Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq ádebiyatı» pánleri boyınsha sabaqlıq hám oqıw qollanbaların dúziw bolıp tabıladı. Usı talaplardan kelip shıǵıp biz «Házirgi qaraqalpaq poeziyası» atamasındaǵı oqıw qollanbasın tayarladıq. Qollanbanı dúziwde ózbek ádebiyatınıń usı dáwiri boyınsha sabaqlıqlar hám qollanbalar

---

[1] *Мирзиёев Ш.М.* Миллий тикланиш – миллий юксалиш сари. – Тошкент: «Ўзбекистон», 2020. – Б. 172.

dúzgen, izertlew jumısların júrgizgen U. Normatov, H. Karimov, B. Nazarov, B. Tuxliev, Q. Yuldashev, N. Raximjanov hám t.b. izertlewshilerdiń hám pedagog-ilimpazlardıń miynetlerindegi ilimiy-teoriyalıq hám metodikalıq tájiriybelerin paydalanıwǵa háreket ettik. Ásirese, bizge N. Raximjanovtıń «Mustaqillik davri o'zbek she'riyati» (– Toshkent, «Fan», 2007), H. Karimov «Istiqlol davri adabiyoti» (– Toshkent, 2010), Q. Yuldashevtiń «Yoniq so'z» (– Toshkent, 2006) kitaplarındaǵı, sonday-aq, «Mustaqillik davri o'zbek adabiyoti» (– Toshkent, 2002) atlı maqalalar toplamındaǵı ilimiy-teoriyalıq juwmaqlar kóp járdemin tiygizdi.

Belgili qaraqalpaq ilimpazları S. Axmetov, Q. Maqsetov, Á. Paxratdinov, Q. Járimbetov, Q. Orazımbetov, K. Allambergenov, Z. Bekbergenova, O. Gaylieva hám t. b. monografiyaları, broshyuraları, oqıw qollanbaları hám sabaqlıqları, olardaǵı ilimiy-teoriyalıq juwmaqlar, metodikalıq kórsetpelerdiń de bul oqıw qollanbanı jazıwımızǵa belgili dárejede járdemi boldı.

Bul qollanbanı jazbastan aldın ilimiy-teoriyalıq, kórkem ádebiyat hám metodikalıq ádebiyatlardı bir sistemaǵa túsirip, «Házirgi qaraqalpaq poeziyası. (bibliografiyalıq kórsetkish, 1991-2010)», «Qaraqalpaq liro-epikalıq poeziyası (bibliografiyalıq kórsetkish, 1950-2010)» atamalarındaǵı kitapshalardı shıǵarıwımız biziń bul jumısımızǵa tayarlıq wazıypasın ótedi.

Qollanba kirisiw hám juwmaqtan tısqarı, «Házirgi qaraqalpaq poeziyasınıń rawajlanıw baǵdarları» dep atalǵan bólimnen, sonday-aq, I. Yusupov, Sh. Seytov, T. Sársenbaev, K. Raxmanov, K. Karimov, H. Ayımbetov, J. Izbasqanov, S. Niyetullaev, Á. Ótepbergenov, X. Dáwletnazarov, N. Tóreshova, O. Sátbaev, B. Genjemuratov hám M. Jumanazarova, P. Mırzabaevalarǵa arnalǵan ádebiy portretlerden ibarat.

Hár bólimniń hám ádebiy portrettiń izine studentlerdiń bilim kónlikpelerin bekkemlewge járdem beretuǵın zárúrli sorawlar berildi. Buǵan qosımsha hárbir portretke arnalǵan bólimniń bas beti olar haqqında qısqasha biografiyalıq maǵlıwmatlar menen

támiyinlendi. Bul nárse studentlerdiń bilim shegarasın keńeytiwge xızmet etedi dep oylaymız.

Sonı da aytıp ótiwimiz kerek, hárbir shayırǵa arnalǵan bólimde olardıń dóretiwshiliginiń barlıq qırların qamtıp alıw múmkin bolmaǵanlıqtan, atı atalǵan shayırlardıń poeziyasınıń tek ayırım táreplerine ǵana itibar berdik.

## HÁZIRGI QARAQALPAQ POEZIYASÍNÍŃ RAWAJLANÍW ÓZGESHELIGI

1990–2020-jılları qaraqalpaq ádebiyatında jańa ádebiy qubılıslar, bağdarlar, jańa koncepciyalar payda boldı. 1980-jıllardıń ortalarınan baslap kórkem ádebiyat kommunistlik tutımnıń qursawınan shıǵıp, turmıstı jańasha sáwlelendiriwge umtıla basladı. Jámiyetlik sanadaǵı ózgerisler, jańadan júz bergen qayta qurıw, járiyalılıq sıyaqlı jámiyetlik qubılıslar adamlardıń sana-sezimin oyatıp, ádebiyattı da ideologiyalıq sheklewlerden qutqara basladı. 1980-jıllar ádebiyatı jańa ǵárezsizlik dáwiri ádebiyatınıń logikalıq tiykarı hám ideyalıq-kórkemlik deregi bolıp esaplanadı.

XX ásirdiń sońǵı 20 jıllıǵında qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıw baǵdarları, ǵárezsizlik dáwiri ádebiyatına ótiw jaǵdayları, jańa ádebiy procestiń ózgeshelikleri tuwralı qaraqalpaq ádebiyatshıları ózleriniń pikirlerin bildirgen. Máselen, ádebiyatshı Q. Orazımbetov tómendegishe pikir bildiredi: «Ádebiyat – bul janlı organizmge uqsaydı. Ol rawajlanıp baradı. Ayırım waqıtları kúshli rawajlanıwı yamasa kerisi bolıwı da múmkin. Oǵan birqansha faktorlar tásir jasaydı. Usı kózqarastan alıp qaraǵanda, ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwında eki túrli jaǵdaydıń bar ekenin ańlawǵa boladı. Birinshiden, bul dáwirdiń ádebiyatına júdá kúshli tásir jasaǵan qubılıs – bul erkinlik: sóz erkinligi, tema tańlaw erkinligi, obraz jasaw erkinligi. Mine, áyne usı nárse ádebiyatımızdıń jańa baǵdarda rawajlanıwına múmkinshilik jarattı. Ádebiyat ústinen partiyalıq qadaǵalawdıń biykar etiliwi jazıwshılarımızdıń ádebiyat dep atalatuǵın keń jazıqlıqta erkin párwaz etiwine alıp keldi. Ekinshiden, ádebiyatta birneshe on jıllıqlar dawamında qáliplesken dástúrlerden, stereotiplerden waz keshiw, jańasına ótiw ádewir izlenislerdi talap etpekte. Ǵárezsizlik

dáwiri ádebiyatınıń baslı teması ne bolıwı kerek, onıń qaharmanı kimler bolıwı kerek, endi qaysı metodqa súyenip, shıǵarma jazıw kerek degen sorawlarǵa juwap tabıw ańsat bolmadı. Burın tayın metod, tayın tema, tayın qaharmanǵa úyrenisip qalǵan ayırım jazıwshılarımız ózleriniń dóretiwshilik belsendiligin derlik toqtattı.

Kórkem ádebiyat belgili bir buyırtpa tiykarında dóretilmeydi. Ol qaysı janrda yamasa ádebiy túrde jazılmasın, dóretiwshide aytılıwı zárúr pikirler toplanıp qalǵan, avtor sol pikirdi aytpasa bolmaytuǵın jaǵdayda ǵana dúnyaǵa keledi. Eń baslısı – kórkem shıǵarmaǵa jámiyetlik buyırtpa (adamlardıń ádebiyatqa degen qızıǵıwshılıǵınıń, talabınıń bolıwı) bar. Bunı kóp ǵana jazıwshı-shayırlardıń shıǵarmalarınıń oqılıp, jámiyetlik pikirdi payda etip atırǵanınan kóriwge boladı»[2].

Bul másele boyınsha ádebiyatshı P. Nurjanov ta óz kózqarasın bildiredi: «…XX ásirdiń 90-jıllarınıń basında burınǵı Awqam uqsaǵan totalitar dúzimge tiykarlanǵan mámlekettiń ıdırawı, onıń baslı ideologiyalıq quralı bolǵan kommunistlik oylawdıń adamlardıń sanasınan áste-áste sıǵıp shıǵarıla baslawı, onıń ornın adamzattıń ásirler boyı jıynalǵan filosofiyalıq, etikalıq, estetikalıq, huqıqıy bilim qorları sistemasınıń iyeley baslawı biziń átiraptaǵı jámiyetlik hám tábiyat qubılıslarına, sonıń ishinde, turmısımızdıń ajıralmas bir bólegi bolǵan kórkem ádebiyatımızǵa degen qatnasımızdı da pútkilley ózgertip jiberdi desek, asıra siltegen bolmaymız»[3].

Ótken ásirdiń 80-jıllarınıń ortalarınan baslanǵan ádebiy process ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarında óziniń kóp ǵana unamlı kórinisleri menen birge, unamsız qubılıslardı da keltirip shıǵardı. Ǵárezsizlik ideyalarınıń túp mazmunına túsinbesten, kótere maqtawlar, kórkemligi tómen shıǵarmalardıń kóplep basıp shıǵarılıwı sıyaqlı

---

[2]*Оразымбетов Қ.* Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебияты ҳаққында ойлар. // Таңламалы шығармалар топламы. II том. – Нөкис: «Билим», 2018. – Б. 102.

[3]*Нуржанов П.* Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. – Нөкис: «Билим», 2003. – Б. 8.

jaǵdaylar orın aldı. Bul másele haqqında ádebiyat sınshısı Q. Orazımbetov bılay jazadı: «Durıs, ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarında ádebiyatta da ekileniwler, qurǵaq maqtawǵa, kóterińki keypiyatqa qurılǵan kórkemligi tómen shıǵarmalar da dóreldi. Tilekke qarsı, ádebiyatqa bazar qatnasıǵınıń unamlı tásiri menen birge, unamsız tásiri de sezilmekte. Kitap shıǵarıwda, birinshi gezekte, oǵan ketken shıǵındı qaplaw tiykarǵı orınǵa qoyılıw jaǵdayları da bar. Usınıń nátiyjesinde mázi qol úyretiw yamasa basqa kásiptegi adamlardıń bos waqtın bánt etiw ushın ǵana jazılǵan kórkemligi tómen shıǵarmalar da basıp shıǵarılmaqta. Bular, álbette, ótkinshi jaǵdaylar. Kórkem sóz iyeleri arasında kúshli básekiniń júzege keliwi, oqıwshılarda kórkem ádebiyatqa degen joqarı talaptıń payda bolıwı menen, bunday sayız shıǵarmalar ádebiyat maydanınan qısıp shıǵarılatuǵını óz-ózinen túsinikli»[4].

Biraq, poeziya hárqashanǵıday házir juwap qásiyetin saqlap qaldı. Zaman ózgerislerin, dáwir nápesin tezirek ózine sińdirdi. I. Yusupov hám t. b. shayırlar házirgi dáwirdiń qaharmanı kim bolıwı kerek, lirikalıq qaharmannıń kewil álemine úniliw sıyaqlı ádebiyattıń baslı sorawlarına juwap taba aldı. Olardıń shıǵarmalarında hám erkin pikirleytuǵın, hám ruwxıy erkinlikke iye, jasqanshaq emes lirikalıq qaharmanlardıń haqıyqıy kelbeti dóreldi. Shayırlar erkin pikirlew, xalıq tariyxı, ótmishi haqqında oylaw, turmıs táshwishleri arqalı jeke adamnıń oy-sezimlerin sáwlelendiriw sıyaqlı kórkemlew usılların iyeley basladı.

«1980-jıllardıń ekinshi yarımında júzege kelgen publikalıq qosıqlar endi taza sezimtal lirikaǵa aylanıp bardı. Shayırlar qızıwqanlıqtan, joqarı kóterińki keypiyattan ózlerin tıyıp alǵan oyshań, turmıs shınlıǵına jaqın lirikalıq qaharmanlardı dóretti. Shayırlardı xalqımızdıń ótmishi tolǵanısqa saldı. Burın aytıwǵa tıyım salınǵan tulǵalardıń lirikalıq portreti payda boldı. Watan teması úlken

---

[4] *Оразымбетов Қ.* Ғәрезсизлик дәўири ҳәм қарақалпақ әдебияты. // Таңламалы шығармалар топламы. II том. – Нөкис: «Билим», 2018. – Б. 108.

kóterińkilik, sonıń menen birge, sezimtal, oyshıl tolǵanıs penen jazıldı»[5].

XX ásirdiń 90-jıllarınan baslap ádebiyatta túpkilikli ózgerisler júz bergenin izertlewshiler ózleriniń ilimiy miynetlerinde atap ótken. Bunday ózgerisler tek qaraqalpaq ádebiyatında ǵana emes, al biziń menen bir aymaqta jasaytuǵın basqa da túrkiy xalıqlar ádebiyatında da júz berdi.

«Ǵárezsizlik dáwiri ózbek ádebiy sınında metodologiyalıq tiykarlardıń jańalanıwı zárúr principlerdiń birine aylanıp barmaqta. Bul dáwir sınında insan shaxsın poetik ańlaw, adam arqalı álemdi ańlawǵa umtılıw principi tiykarǵı maqsetke kóterildi»[6]. Ózbek, qaraqalpaq hám túrkmen ádebiyatında lirikanıń forma tarawında júz bergen jańalıqlardı, ózgerislerdi izertlegen ilimpaz O. Gaylieva da bul process haqqında óziniń kózqarasın bildiredi: «Hárqanday milliy ádebiyattaǵı jańalanıw hádiysesi dástúrler tiykarında ósip shıǵadı hám keń en jayadı. Kórkem ádebiyat forma hám mazmunı boyınsha da dáwirler ótken sayın ózgerip, jańalanıp baradı. Burınnan bar dástúrlerdi tereń ózlestirmey turıp poetikalıq jańalanıwlarǵa erisip bolmaydı. Usı kózqarastan házirgi ózbek, qaraqalpaq hám túrkmen shayırları poeziyasında shıǵıs klassikalıq ádebiyatındaǵı poetikalıq formalar mazmunı boyınsha jańalandı»[7]. Bul kórkem sistema milliylik, xalıqshıllıq, ideologiyalıq principlerdiń kúshey-genligi menen basqa dáwir ádebiyatınan ózgeshelenedi. Insan-

---

[5] *Оразымбетов Қ.* Ғәрезсизлик дәўири ҳәм қарақалпақ әдебияты. // Таңламалы шығармалар топламы. II том. – Нөкис: «Билим», 2018. – Б. 110.

[6] *Қаҳрамонов Қ.* Истиқлол даври ўзбек танқидчилиги методологиясининг янгиланиш тамойиллари. Филол. фан. док. …дисс. автореф. – Тошкент: 2011. – Б. 11.

[7] *Гайлиева О.* Мустақиллик даври туркий халқлар лирикасида шаклий изланишлар ва уларнинг типологияси (ўзбек, қорақалпоқ ва туркман лирикаси мисолида). Филол. фан. док. …дисс. автореф. – Нукус: 2019. – Б. 16.

dı ańlaw, onıń ruwxıy dúnyası, ishki keshirmeleri, aqılıy xızmeti, turmıs tárizi, arzıw-umtılıwların kórkem sáwlelendiriw bul dáwir ádebiyatınıń eń tiykarǵı ózinsheligin belgileydi»[8]. «Máselen, 1990-jıllardaǵı qaraqalpaq gúrrińleriniń bas teması hár tárepleme jetik kámil insan obrazın jaratıw, insan balasınıń táǵdir soqpaqlarındaǵı hár qıylı is háreketlerin, ádep-ikramlılıq, insanıy pazıyletlerin, jamanlıqtan jerkeniwi, nápsi bálesine duwshar bolıwdıń unamsız aqıbetleri hám basqa da máselelerge baǵıshlanǵan»[9]. Ǵárezsizlik jıllarındaǵı qaraqalpaq poeziyasına sın kóz benen qaraǵanımızda, dóretiwshi insanlar – shayırlar kóp ekenligin ańlaymız. Óz gezeginde, jańa baspalar ashılıp, kitaplar sanı kóbeyip, shayırlar sanınıń artıp ketkenligi bayqaladı. Biraq, bul ádebiyattaǵı progrestiń ósip ketkenligin ańlatpaydı, san kórsetkishi sapalıq ósiwdiń negizgi ólshemi bola bermeytuǵını belgili»[10]. Házirgi dáwirde qaraqalpaq poeziyasınıń mazmun hám forması jaǵınan bayıwına jas qálemkeshler de ózleriniń úleslerin qosıp atır. Biz, eń dáslep, poeziyada jaslardıń dúnyaǵa kózqarasın, ózin qorshaǵan ortalıqqa azamatlıq qatnasın jámiyetlik qubılıslarǵa bolǵan jeke qatnası arqalı bilemiz. Bunı, álbette, olar dóretken poeziyalıq shıǵarmalardıń mazmunı arqalı qabıllaymız»[11].

Mine, bul pikirler sonı ańlatadı, XX ásirdiń 90-jıllarınan baslap qaraqalpaq hám t. b. túrkiy xalıqlar ádebiyatı rawajlanıwdıń jańa jolına tústi. Bul jaǵday tek poeziyada ǵana emes, al kórkem

---

[8] *Ибрагимова Р.* Истиқлол даврида Қорақалпоғистонда ўзбек адабий муҳити такомили. Филол. фан. б. фалс. док. …дисс. автореф. – Нукус: 2022. – Б. 11–12.

[9] *Ктайбекова З.* Мустақиллик даври қорақалпоқ ҳикояларининг поэтикаси. Филол. фан. б. фалс. док. …дисс. автореф. – Нукус: 2020. – Б. 13.

[10] *Smamutova Sh.* Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq lirikasında xalıq poeziyası dástúrleriniń rawajlanıwı. – Nókis: «Ilimpaz», 2022. – B. 51.

[11] *Sagidullaeva J.* Ǵárezsizlik dáwirindegi jaslar poeziyası. (Oqıw-metodikalıq qollanba). – Nókis: QMU, 2018. – B.13.

ádebiyattıń basqa da túr hám janrlarında júz berdi. Demek, 1990–2020-jıllardaǵı qaraqalpaq poeziyasınıń rawajlanıw ózinsheliklerine usınday kózqarastan turıp baha beriwge boladı.

1991-jıl 1-sentyabrden baslap Ózbekstan Respublikası aymaǵında jasawshı xalıqlardıń tariyxında jańa dáwirdiń beti ashıldı. Xalqımız jańa social-siyasiy jámiyetlik hám ekonomikalıq dáwirge óte basladı. Dáslepki ótiw jıllarında júz bergen ekonomikalıq, tábiyiy qıyınshılıqlar, sonıń menen birge, xalqımız erisken úlken tariyxıy, mádeniy jetiskenlikler ǵárezsizlik dáwiri ádebiyatında belgili dárejede sáwlelendi. Jazıwshı-shayırlar dáwir nápesin sezgirlik penen ańlap, júz berip atırǵan ózgerislerdi kórkem sáwlelendirip bardı.

Usı kózqarastan I. Yusupov, Sh. Seytov, K. Raxmanov, T. Mátmuratov, K. Karimov, H. Ayımbetov, J. Izbasqanov, X. Dáwletnazarov, Á. Ótepbergenov, M. Berdiev, B. Genjemuratov, S. Ibragimov, O. Sátbaev, J. Óteniyazov, N. Tóreshova, M. Jumanazarova, P. Mırzabaeva, G. Dáwletova hám t.b. shayırlardıń dóretiwshiligi dıqqatqa ılayıq. Bul haqqında mektep, kolledj, liceyge arnalǵan ádebiyat sabaqlıqlarında, kandidatlıq hám doktorlıq dissertaciyalarda, oqıw qollanbalarında hár qıylı ilimiy janrdaǵı maqalalarda, izertlewlerde sóz etilmekte[12].

[12] *Оразымбетов Қ.* Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. – Нөкис, «Билим», 2004. – 188 б.; *Оразымбетов Қ.* Таңламалы шығармалар топламы. II том. – Нөкис: «Билим», 2018. – Б. 102.; *Алламбергенов К.* Мәңги булақ (И. Юсуповтың өмири ҳәм дөретиўшилик жолы). – Нөкис: «Қарақалпақстан» 2019. – 92 б.; *Есенов Ж.* Поэзия жулдызы (И. Юсупов дөретиўшилигиниң гейпара мәселелери). – Нөкис: «Билим», 2003. – 112 б.; *Usı avtor*: Ҳақыйқатшыл, руўхы терең сөз маржанлары ушын. (Миллий ғәрезсизлик жылларындағы поэзия ҳаққында ойлар 1991 – 1998-жыллар). // «Устаз жолы», 1999, 20-май.; *Нуржанов П.* Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. – Нөкис: «Билим», 1993. – 160 б.; *Turdıbaev Q. K.* Házirgi qaraqalpaq poeziyasında janrlıq ham stillik izlenisler, qaharman problemasi (1990–2020-jıllar mısalında). Monografiya. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2023. – 224 б.; *Тилеўниязова Г.* Ҳәзирги қарақалпақ

лирикасында композициялық изленислер (1990-2010-ж.ж.). Монография. – Ташкент: «Lesson Press», 2022. – 148 б.; *Султанов Қ.* Жаңа дәуирдиң поэзиясы // «Қарақалпақстан жаслары», 1996. 15-февраль.; *Жәримбетов Қ.* Мәңги булақ. // «Еркин Қарақалпақстан», 2019. 4-май.; *Генжемуратов Б.* Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясы: монофониялылықтан-полифониялылыққа, аламаншылықтан-индивидуаллыққа. // «Әмиўдәрья», 2001, №3.; *Usı avtor:* Ҳәзирги қарақалпақ ҳаял-қызлар поэзиясында суггестив лирика. // «Қарақалпақстан жаслары», 2001, 24-март.; *Хамидова А.* Творчество И. Юсупова и европейская литература (к проблеме литературного взаимовлияния и взаимосвязи). Автореф. …дисс. на соис. уч. степ. кан. фил. наук. – Нукус, 1999. – 23.; *Пахратдинов Д.* Традиции классиков Востока в лирике И. Юсупова (к проблеме литературного взаимовлияния и взаимосвязи). Автореф. …дисс. на соис. уч. степ. кан. фил. наук. – Нукус: 2001. – 20 с.; *Ешниязова Э.* Лирика Толепберген Матмуратова (идейно-тематические, жанровые и художественные особенности). Автореф. … дисс. на. соис. уч. степ. кан. фил. наук. – Нукус: 2001. – 21 с..; *Гайлиева О.* Ҳозирги қорақалпоқ шеъриятида оралиқ шаклларнинг жанр ва шаклий хусусиятлари (1970-2000 йиллардаги эркин шеър ва насрий шеърлар). Филол. фан. ном. …дисс. автореф. – Нукус: 2006. – 21 б.; *Досымбетова А.* Шаўдырбай Сейтов лирикасида бадиий шакл (анъанавий ва янги шакллар уйғунлиги, ифода усуллари, эркин шеърларнинг шаклий хусусиятлари). Филол. фан. номз. …дисс. автореф. – Нукус, 2008. – 21 б.; *Usı avtor:* Шаўдырбай Сейтов лирикасында көркем форма. Монография. – Нөкис: «Ilimpaz», 2024. 140-б.; *Аяпов А.* Мустақиллик давридаги қорақалпоқ публицистик лирикаси. Филол. фан. номз. …дисс. автореф. – Нукус: 2010. – 21 б.; *Дабылов П.* Қорақалпоқ шеъриятида лирик қаҳрамон образининг яратилиш хусусиятлари (Т. Матмуратов ва К. Рахманов шеърияти мисолида). Филол. фан.б. фалс. док. … дисс. автореф. – Нукус: 2018. – 22 б.; *Usı avtor:* Qaraqalpaq ádebiyatında lirikalıq qaharman koncepciyası (lirikalıq subyekt hám obyekt máselesi). Monografiya. «Bookmany print», – Tashkent: 2024. – 200 b.; *Мәмбетов Қ.* Ибрайым Юсупов поэмаларининг жанрлик хусусияти. Филол. фан. б. фалс. док. …дис. автореф. – Нукус, 2019. – 22 б.; *Сейтбеков А.* К.Рахманов дөретиўшилигинде эпикалық ҳәм драмалық шығармалардың синтези. Филол. илим. б. филос док. ушын …дисс. Автореф. – Нөкис: 2019. – 23 б.; *Оразымбетова М.* Қорақалпоқ поэзиясида лирик туркумларнинг поэтикаси. Филол. фан. б. фалс. док. … дисс. автореф. – Нукус: 2021. – 22 б.; *Смамутова Ш.* Мустақиллик даври

I. Yusupovtıń «Tók tawındaǵı oylar» degen qosıǵında:

Jańa zaman ne kútedi shayırdan,
Bunı birew erte biler, birew kesh.
Ne jazsań jaza beriń…Biraq ta
Xalıq dártinen qaltırasın qálemiń[13]

– dep durıs jazǵanınday, milliy ǵárezsizlik jılları sóz sheberlerimiz turmısımızdaǵı bar haqıyqatlıqtı aytıwǵa, el-xalıq dártin jırlawǵa umtıldı.

Ǵárezsizliktiń dáslepki jılları ayırım qıyınshılıqlardı bastan keshirgenimiz benen de, bul dáwir milliy ózligimizdi, milliy qádiriyatlar menen úrp-ádetlerimizdi qayta tiklewge, ekonomikamızdı jańa baǵdarda rawajlandırıwǵa úlken jol ashtı. Ol xalqımızdıń ruwxıy turmısın, tariyxımızdı izertlewge jańasha baǵdar berdi, sóz erkinligi jolǵa qoyıla basladı. Bulardıń hámmesi jámiyetimizdiń, xalqımızdıń ruwxıy-mádeniy hám siyasiy turmısında unamlı ózgerislerge tiykar boldı. Xalqımız ǵárezsizlik jıllarında mashaqatlı joldı basıp ótti, huqıqıy demokratiyalıq mámleket qurıp, milliy ideologiyanı dúziw jolında batıl qádemler tasladı.

Mine, usılar sebepli shayırlarımızdıń shıǵarmalarında eń aldı menen dáwir nápesi, jańa zamannıń hám mashaqatlı hám quwanıshlı demleri ayqın kózge taslandı. Usı kózqarastan, I. Yusupovtıń «Mustaqillik maydanınan ótkende», «Jarıqlıq Nawrızdıń bayramı keldi» qosıqları dıqqatqa ılayıq. Keyingi qosıqta shayır:

Jaqsı úmitler juwıp kewil ǵubarın,
Dúzelgey dep arasattıń zamanı.

---

қорақалпоқ лирикасида халқ шеърияти анъанасининг ривожланиши (Х. Давлетназаров, Б. Сейтаев, О. Сатбаев лирикаси мисолида). Филол. фан. б. фалс. док. …дисс. автореф. – Нукус: 2021. – 21 б.; *Айымбетова З.* И. Юсупов поэзиясида фольклоризмлар (эволюция ва ўзлаштириш типлари). Филол. фан. б. фалс. док. …дисс. автореф. – Нукус: 2022. – 22 б.

[13] *Юсупов И.* Таңламалы шығармалары. Үш томлық. III том. – Нөкис: «Билим», 2018. – Б. 43.

Ruwxı shad bolıp ata-babanıń,
Awnap túsip jatqan xabarı keldi[14]

– dep jazǵan edi.

Lirikalıq qaharmannıń quwanıshlı jaǵdayı X. Dáwletnazarovtıń «Nawrız seyili», T. Sársenbaevtıń «Kerek qusaydı» degen qosıqlarında da alǵa súrilip, olardaǵı lirikalıq qaharmanlar da ǵárezsizliktiń sharapatı menen belgilenip atırǵan Nawrız bayramınıń quwanıshların kópshilik penen bóliskisi keledi. Al, I. Yusupov «Mustaqillik maydanınan ótkende» qosıǵında mınaday qatarlar arqalı xalqımızdıń sol bir mashaqatlı tariyxıy jılların kóz aldına keltirip, búgingi máwritlerdiń qádirine jetiwge shaqıradı:

Akmal, Allayarlar atılıp ketkende,
Jawlar Qádiriydi qatl etkende.
Sharaf atlı insan uyqısın buzıp,
Qábirinen shıǵarılıp alıp ketkende,
Bári kóz óńimnen ótkendey boldı,
Mustaqillik maydanınan ótkende.

«Aq altın»nan tawday qırman pitkende,
Onı jat kárwanlar alıp ketkende.
Sen oyshań súyenip awır ketpenge,
Únsiz turıslarıń eleslep ketti,
Mustaqillik maydanınan ótkende[15].

Bunday shınlıǵı basım qosıq qatarlarınıń dóretiliwi zańlı edi. Óytkeni, ótkendi kóz aldımızǵa keltirmey búginginiń qádirine jetip túsiniw múmkin emes. Usınday tariyxıy sheginisler jasap súwretlew arqalı ǵárezsizlik ruwxın sáwlelendiriw hám jańa dáwirdiń

[14]*Юсупов И.* Беглигиңди бузба сен. Қосықлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995. – Б. 22.

[15]Bul da sonda: – Б. 22-23.

qádirine jetiwdi úgitlew ideyaları H. Ayımbetovtıń «Watan», «Qumzarlıq», X. Dáwletnazarovtıń «Qaraqalpaqstan», «Kimligińdi yad et!», «Amangeldi batır», «Tumaris», «Maylı sheńgel», «Ǵayrı jurttaǵı Qaraqalpaqlarǵa!», «Dúnya júzi Qaraqalpaqlarına!», T. Sársenbaevtıń «Kerek qusaydı», O. Sátbaevtıń «Ernazar baba», B. Genjemuratovtıń «Bul jurttıń batırları qayda?!», M. Jumanazarovanıń «Men Ernazardı kórdim túsimde», «Ernazar Alakózdiń páriyadı», Á. Ájiniyazovtıń «Qazaqdárya» hám t. b. shıǵarmalarında ayqın sáwlelengen. Olardıń hámmesinde de babalar ruwxın húrmetlewge, mártligine sadıq bolıwǵa, jańa zaman talaplarına sáykes háreket islewge, awızbirshilikke shaqırıw eń baslı orındı iyeleydi. Olardıń hámmesinde de xalıq tariyxına tiyisli haqıyqat waqıyalardı hadallıq penen súwretlewdi, olardan orınlı hám durıs juwmaqlar shıǵarıwdı, satqınlıqtı qaralawdı, milliyligimizdi kóklerge kóteriwdi, patriotizm ideyaların ulıǵlawdı názerde tutadı. Eń baslısı, olarda ǵárezsizlikke tán bolǵan úlken maqtanısh, kóterińki ruwx, tákirarlanbas pafos bar. Usı kózqarastan respublikalıq Ernazar Alakóz qayırqomlıq fondınıń baslaması menen shıǵarılǵan «Elim el bolsın, dep edim…» degen kitaptaǵı qosıqlar dıqqatqa ılayıq. Bul kitapsha shayır hám ilimpaz B. Genjemuratovtıń «Mártlikti saǵınıw» dep atalǵan alǵı sózi menen baslanadı. Máselen, O. Sátbaevtıń «Ernazar baba» qosıǵınıń mınaday qatarların alıp qarayıq:

Aǵıtılsa búkir qobız tiyegi,
Kemseńleser qarakeńniń iyegi,
Qayda eken massagettiń súyegi?
Basıńdı kóter bir, Ernazar baba!

…Bul juwha dúnyanıń kópdur ermegi,
Bizdur jubanıshı, bizdur ermegi,

Bul pániy heshkimge payan bermedi,
Basıńdı kóter bir, Ernazar baba[16].

Álbette, bul jerde ǵárezsizlik ruwxındaǵı milliy maqtanısh sezimleri menen qosa, ómir dúnya ǵalmaǵalshılıǵınıń ishki dramatizmi ayqın sáwlelense, al M. Jumanazarovanıń «Ernazar Alakózdiń páryadı» qosıǵındaǵı qatarlarda joqarıdaǵı pikirler jáne de tereńlestirilip, konkretlestirilip súwretlengen:

Ey, xalqım-ay, xalqım-ay!
Satqınıń ele jazasız,
Sol ushın dártiń dawasız,
Tuw sırtımnan atqanlar,
Allayardı satqanlar,
Búgin de seni satıp júr,
Íǵbalǵa tas atıp júr…[16; 21-b.]

Ernazar Alakózdiń monologı túrinde berilgen bul sózlerde úlken tariyxıy haqıyqatlıq jámlengen. Ernazar biy obrazı shayırlar tárepinen tosınnan bunday kóterińki ruwxta súwretlenip atırǵan joq. Óytkeni, házir Ernazar Alakózdey, Allayar Dosnazarovtay márt babalardıń ruwxın kótermelew xalqımız ushın hawa menen suwday zárúr. Sol sebepli de qolǵa jańa qálem uslaǵan jas shayırlar da, tájiriybeli sóz sheberleri de óz dóretpelerinde eń dáslep Ernazar Alakóz temasına qol urıp, sol arqalı azatlıq ideyalarınıń iske asqanlıǵına maqtanısh sezimlerin bayan etedi, bul jeńistiń tórkini tereńde jatırǵanın ańlawǵa shaqıradı. Bul nárse ruwxıy turmısımızdıń bunnan bılay rawajlanıw baǵdarı ushın júdá áhmiyetli ekenligi ayqın.

---

[16]*Елим ел болсын деп едим...* (Қарақалпақстан Республикасы Ерназар Алакөз қайырқомлық фонды). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994. – Б. 31. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Shayır Muratbay Ábdimuratov ta óziniń «Alakózdiń monologları» atlı qosıǵında, Ernazar Alakóz tilinen mınaday erlik, batırlıq, mártlik shaqırıqlardı alǵa súredi:

Jılamańlar.
Jılamań, jılaǵansha -
Kúnshıǵısqa qaratıńlar
meniń náhán basımdı.
Hám sońıra bir azıraq terleńler!
Onnan keyin qanım qatqan
kesmederis tánimdi:
tasqa ısıp, jasqa juwıp,
Qılısh qayrap,
Nayza sharlap,
Teńiz betke jerleńler!!! [16; 14-15 b.]

Demek, bul qatarlarda Ernazar Alakóz batır, márt, erkinlikti súyiwshi azamat obrazında súwretlengen. Shayır bul nársege jańa qosıq texnikası, ózine tán ırǵaq tabıw arqalı erisken. Qosıqta shayırdıń awızeki ádebiyattaǵı mártlik motivin sheber qollanǵanı oqıwshıda ayrıqsha qanaatlanıwshılıq sezimin payda etedi, milliy maqtanısh hám mártlik tuyǵıların oyatadı. Usı kózqarastan ádebiy sında óziniń ádil bahasın ala almay ketken shayırlardıń biri Áskerbay Ájiniyazovtıń «Qazaqdárya» qosıǵında tómendegi qatarlar dıqqatqa ılayıq:

…Burın atı tilde dástan –
Aral – búgin qábirstan,
Bunıń arxitektorları
Hám jetekshi avtorları,
Kimler edi, Qazaqdárya?

…Samal duzlı shańǵıt sewip,
Alakózge aza tutıp,
Tola-tegis záhár jutıp,
Gúńirenedi Qazaqdárya!
Tebirenedi Qazaqdárya! [16; 44 b.]

Mine, haqıyqat janashırlıq penen xalıq dártin aytıp súwretlew hám olardı búgingi dáwir, milliy psixologiyalıq sıpatlar menen de birlestirip, sintezlep beriw usınday bolsa kerek. Bul pikirlerdiń ayqınlıǵın shayırdıń oyların tolıqtırıwshı tómendegi qatarlar tolıq tastıyıqlap turǵanday:

Fond ashıw – bas maqset emes,
(«meshkey» degen jaqsı at emes)
Ernazarabad dep Nókisti,
Atasaq heshkim «wax!» demes,
Jawıń bolsa da «yaq!» demes,
«Yaq!» deydi tek qaraqalpaq,
Bizdi qurtqan usı «yaq-yaq»…
Sorlı xalqım way-way, wax-wax,
Dártim qalıń – qabat-qabat,
Qaydasań, Ernazarabad?! [16; 46 b.]

Shayır bul jerde, haqıyqatında da, jańa poetikalıq pikirlerdi ortaǵa salıp otır. Bular sózsiz milliy ǵárezsizlik dáwirindegi erkin hám ashıq pikir aytıwdıń, demokratiyanıń jemisi. Sonlıqtan da qosıqtıń júdá erkin túrde, tákirarlanbas ritm hám uyqas penen jazılıwı, qatarlardıń sanınıń da turaqsızlıǵı, qullası, dóretpe qurılısınıń mártlik motivine, batırlıq ideyalarına say ekenligi kózge taslanadı.

Usılarǵa qosımsha aytatuǵın jáne bir nárse, barlıq shayırlar da bul waqıtları turmıs shınlıǵın sáwlelendiriwde ashıq pikir aytıwǵa, erkin pikirlewge jol aldı desek arzıydı. Máselen, Sh. Seytov:

«Qaraqalpaq xalqın qırmayjaq bolsań, Qaytarıp ber meniń Ámiwdáryamdı»[17], – dep bozlasa, X. Dáwletnazarov: «At mingen jigitler jayawǵa hóktem, Teńlermiz dep júrgen teńler qayaqta?», «Barlar keme jallap órler saǵaǵa, jurtı qala berer shırlap jaǵada, Yaratqan, insap ber biyge, aǵaǵa, El degen jaqıbay jarlım bar meniń», «Qaraǵaydıń basın shortanlar shaldı, Haq sóz tek ertekte, kitapta qaldı, Ómir ózi usılay ma edi, aǵajan?!», «Qariya zamannan júregi suwlar, meniń júregimdey janbaqta zaman» hám t. b. da tásirli qatarları menen kópshiliktiń dıqqatına miyassar boldı[18]. Usıǵan uqsaǵan ideyalardı I. Yusupov ta ashıqtan-ashıq hám ashshı shınlıq faktleri menen kúyinip otırıp sáwlelendirdi.

Qaraqalpaq shayırları milliy ǵárezsizlik hám bazar ekonomikası jıllarında ózleriniń bazıbir shıǵarmaların, qosıqların anıq ómir faktlerine tiykarlanıp otırıp, olardıń zamanagóylik sıpatların, publicistikalıq ruwxın kúsheytip sáwlelendirgenligin kóriwimizge boladı. Olardıń biri G. Dáwletovanıń «Ne qılıp júripsiz, balajanlarım» qosıǵındaǵı mınaday qatarları dıqqatqa ılayıq:

…–Sadaqa beriń, apalar…!
–Ata-analarıń bar ma, bul jerde ne qılıp júrsizler?
–Aqsha tabamız, tappasaq úyge kirgizbeydi…
(«Sálmen ata» qoyımshılıǵındaǵı sóylesikten)
Birińiz júripsiz bazardı gezip,
Birińiz júripsiz mazardı gezip,
Kúydirmeń analıq qálbimdi ezip,
Ne qılıp júripsiz, balajanlarım?!

Qanday pul túsip tur seniń qolıńa,
Kózińdi ash, názer sal ońlı-solıńa,

---

[17]*Сейтов Ш.* Қарақалпақ ғаррысының қудайға қол жайып жалбарыныўы. // «Әмиўдәрья», 1990. № 5. – Б. 8.

[18]*Дәўлетназаров Х.* Хош қал, жаслығым! Поэмалар, қосықлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993. – Б. 110 - 129 -158.

Qádem bastıń gázzaplıqtıń jolına,
Qayt, keynińe sorlı, balajanlarım!

Ormanbet úmiti – altın urpaqsań,
Júzleriń jarılǵan duzdan, qurǵaqtan,
Orazan, Mamannıń ruwxın shırlatpań,
Arıńdı taplama, balajanlarım![19]

Bular úlkenge de, kishige de tárbiyalıq áhmiyeti bar, emocionallıq tásiri kúshli, bazar ekonomikasına ótiw dáwiriniń qarama-qarsılıqların ózine tereń sińdirgen, sociallıq mánisi tereń qatarlar ekenligi kórinip tur.

Juwmaqlastırıp aytqanda, ǵárezsizlik jılları qaraqalpaq lirikası óz dáwiriniń ideyalıq-estetikalıq wazıypaların hár tárepleme tolıq atqarıwǵa umtıldı. Dıqqatqa ılayıq bolǵan tema, ideya, motiv, obrazlardı shayırlar jańasha kórkem-poetikalıq sheberlik penen beriwge bar kúshlerin jumsap atır. Eger biz bularǵa házirgi liro-epikalıq poeziyanıń ráńbáreńlik tábiyatın hám erisken tabısların qossaq, búgingi bir tutas qaraqalpaq poeziyasınıń ósiw jolı, rawajlanıw dárejesi kóz aldımızǵa ayqın keledi.

Qaraqalpaq lirikasında jańa jámiyetlik ózgerislerdiń, milliy ideologiyanıń talaplarına baylanıslı kóplegen ideyalıq-tematikalıq, kórkemlik hám janrlıq-stillik izlenisler óz jemisin bere basladı.

Lirikada ashıq sózlilik, publicistikalıq ruwx kúsheydi. Usıǵan baylanıslı lirikalıq qaharmannıń belsendiligi, burınǵıdan da arttı. Ol el-xalıq dárti, qorshaǵan ortalıq, milliylik hám ulıwma insanıylıq ideyalar ústinde bas qatıratuǵın subyektke aylandı.

Shayırlarımız lirikalıq qaharman obrazın jasawda klaslıq, partiyalıq principlerden, vulgar sociologiyalıq qádeler ústemliginen qutılıp, adam, tábiyat, jámiyet qubılısların súwretlewde ulıwma insanıylıq pazıyletlerdi basshılıqqa ala basladı.

---

[19] *Дәўлетова Г.* Сениң дәртиң менен жасайман ҳаял. Қосықлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2001. – Б. 42.

Lirikada qaharmanlıq, mártlik temaların, ideyaların, obrazların sáwlelendiriw ele de salmaqlı orındı iyelemekte. Bunda burınnan qálem terbetip júrgen jası úlken shayırlar menen birge, keyingi buwın wákilleri bolǵan J. Izbasqanov, K. Karimov, X. Dáwletnazarov, O. Sátbaev, B. Seytaev, S. Ibragimov, B. Genjemuratov, M. Jumanazarova, G. Nurlepesova, N. Tóreshova, P. Mırzabaeva hám t.b. shıǵarmalarınıń qunı artıp bardı.

Lirikada didaktikalıq ideyalardı úgit-násiyatlawshı shıǵarmalar da dóretiliwin dawam etti. Bul baǵdarda I. Yusupov, M. Qarabaev, T. Qabulov, Á. Ótepbergenov, T. Jiyemuratov, N. Tóreshova hám t.b. shıǵarmaları jarıq kórdi.

Ǵárezsizliktiń sharapatı menen xalıqtıń ruwxıy dúnyasında tereń iz qaldırǵan diniy ulamalar, shayıqlar, iyshanlardıń úlgi alarlıq isleri, olardıń iyman-insapqa, sabır-qanaatqa, ulıwma jaqsılıqqa shaqırıwshı háreketleri haqqında jazılmaqta. Buǵan I. Yusupovtıń «Watan topıraǵı»[20], Á. Ótepbergenovtıń «Allańdı umıtpa»[21], N. Tóreshovanıń «Yalǵanshı»[22] hám t.b. shıǵarmaları mısal bola aladı. Diniy dogmatizm, diniy qádiriyatlarǵa múrájat etiw kóplegen lirikalıq dóretpelerde de ushıraspaqta.

Poeziyada muhabbattı, oǵan sadıqlıqtı, pák hújdandı ulıǵlawshı qosıqlar júdá kóp. Bunda J. Izbasqanov, X. Dáwletnazarov, O. Sátbaev, B. Genjemuratov, M. Jumanazarova, P. Mırzabaeva hám t.b. shayırlardıń sátli jazılǵan shıǵarmaların atap ótiwge boladı.

Házirgi dáwir qaraqalpaq poeziyasınıń rawajlanıwı haqqında pikirler hárbir shayırdıń dóretiwshilik portretine arnalǵan bólimlerde jáne de tolıqtırıladı.

---

[20]*Юсупов И.* Ҳәр кимниң өз заманы бар. Қосықлар ҳәм қысса. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2004. – Б. 74-109.

[21]*Өтепбергенов Ә.* Алланды умытпа. Дәстан. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997. – Б. 8-183.

[22]*Төрешова Н.* Әзийзим. Қосықлар топламы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009. – Б. 68-124.

* * *

Házirgi qaraqalpaq poeziyasında poema janrı da elewli túrde rawajlandı. Burınnan qálem terbetip kiyatırǵan I. Yusupov, M. Seytniyazov, Sh. Seytov, T. Seytjanov, T. Sársenbaev, K. Raxmanov, T. Mátmuratov, J. Izbasqanov, G. Shamuratova, H. Ayımbetov, K. Karimov hám olardıń qatarına X. Dáwletnazarov, M. Berdiev, B. Seytaev, N. Tóreshova, Sh. Ayapov, Á. Ótepbergenov, O. Sátbaev, B. Genjemuratov, J. Óteniyazov, A. Óteniyazova hám t.b. kelip qosıldı. Olar liro-epikalıq poema, lirikalıq poema, liro-dramalıq poema, dramalıq poema, nasrıy poema, publicistikalıq poemalar dórete basladı.

Bul dáwirde I. Yusupovtıń «Búlbil uyası», «Máńgi bulaq», «Watan topıraǵı», J. Izbasqanovtıń «Qamal», «Oqıwshıma xat», X. Dáwletnazarovtıń «Iyesiz jurt», «Búlbil pıǵanı», «Qaraqalpaq bayazı», «Anama xat», «Ziywariy shejire», O. Sátbaevtıń «Gúldirsin», «Ómir tolǵanısları», N.Tóreshovanıń «Analıq haqqında qıssa», «Jetim qız», «Tutqın», «Qızım-aw», B. Genjemuratovtıń «Suw peri», «Móde xan sózi yamasa Qıtay jipegindegi bitik», A. Óteniyazovanıń «Aysultan» hám t.b. poemaları dóretildi. Atı atalǵan shayırlardıń dóretiwshiliginde, ulıwma qaraqalpaq poeziyasında turmıs shınlıǵın kórkem haqıyqatlıqqa aylandırıwda realistlik súwretlew usılları menen birge, simvoliko-metaforalıq, allegoriyalıq hám erteklik syujetler menen obrazlardan sheber paydalanıw, usı arqalı búgingi dáwirdiń áhmiyetli máselelerin kóterip shıǵıw dástúrge aylana basladı. Bul qubılıs jaqın kúnlerde jarıq kórgen H. Ayımbetovtıń «Búlbil», O. Sátbaevtıń «Mámelek», J. Óteniyazovtıń «Aydostıń monologı» hám t.b shıǵarmalarında da kórinedi.

Ǵárezsizlik qarsańında hám usı dáwirde dóretilgen I. Yusupovtıń «Máńgi bulaq», «Búlbil uyası», «Mámelek oy», «Poseydonnıń ǵázebi», «Watan topıraǵı» hám t.b. dóretpeleri óziniń kórkem qurılısında realistlik hám erteklik, mifologiyalıq syujetlerdiń, motivlerdiń, obrazlardıń elementlerin jámlegenligi, dáwirimizdiń

aktual máselelerin kótere alıwı, oqıwshılarda joqarı estetikalıq talǵamdı qáliplestiriwge xızmet etiwi menen bahalı. Shayırdıń bul dóretpeleri onıń dúnya ádebiyatınıń aǵla dástúrlerin milliy epikalıq tájiriybeler menen sheber ushlastırıp atırǵanlıǵınan derek beredi. Bul haqqında baspasózde pikirler bildirildi[23].

Ǵárezsizlik dáwirindegi liro-epikalıq poemalardaǵı qaharmanlar obrazın ashıp beriwdegi tómendegi ózgeshelikler: geyde shaǵın syujet qurıw, epikalıq, waqıyalardı lirizm menen suwǵarıp qollanıw, ápsanalıq, folklorlıq syujetlerden sheber paydalanıw olardıń ózine tánliginen derek beredi.

Bul dáwirdegi poema janrında qaharmanlıq tema elewli orın iyelemekte. Bunda lirikalıq, epikalıq hám dramalıq súwretlew usılların qollanıwdaǵı sheberlik kózge taslanbaqta (J. Izbasqanovtıń «Qamal»[24], O. Sátbaevtıń «Gúldirsin»[25], B. Genjemuratovtıń «Móde xan sózi yamasa Qıtay jipegindegi bitik»[26]).

---

[23]*Камалов Қ., Мәмбетов Қ.* И.Юсуповтың «Посейдонның ғәзеби» аллегориясында экология мәселелериниң сүўретлениў өзгешелиги. // «Қарақалпақстан муғаллими», 2000, №3-4.; *Есенов Ж.* Поэзия жулдызы (И.Юсупов дөретиўшилигиниң гейпара мәселелери). – Нөкис: «Билим», 2003. – Б. 89-91.; *Жәримбетов Қ.* Мәңги булақ. // «Еркин Қарақалпақстан», 2019. 4-май.; *Алламбергенов К.* Мәңги булақ (И. Юсуповтың өмири ҳәм дөретиўшилик жолы). – Нөкис: «Қарақалпақстан» 2019. – 92 б.; *Мәмбетов Қ.* Ибрайым Юсупов поэмаларининг жанрлик хусусияти. Филол. фан. б. фалс. док. …дис. автореф. – Нукус, 2019. – 22 б.; *Ҳамидова А.* Творчество И. Юсупова и Европейская литература (к проблеме взаимосвязи и взаимовлияния) Автореф. …дисс. на соие. уч. степ. кан. фил. наук. – Нукус: 1999. – 23 с.; *Саймбетов Ш.* XX аср иккинчи ярми қорақалпоқ поэмаларининг поэтик хусусиятлари (1955-1980-йиллар). Филол. фан. б. фалс. док. …дис. автореф. – Нукус: 2020. – 26 б.

[24]*Избасқанов Ж.* Муҳаббат лирикасы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. – Б. 138 – 159.

[25]*Сәтбаев О.* Гүлдирсин. Поэма. – Сәтбаев О. «Ай сығалайды». – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992. – Б. 42-55.

[26]*Генжемуратов Б.* Сайланды шығармалары. Қосықлар ҳәм поэмалар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2012. – Б. 144-150.

Milliy poema janrında mifologiyalıq hám realistlik súwretlew usıllarınıń házirgi aktual máselelerdi sáwlelendiriwge sheber qollanılıwı olardıń avtorlarınıń jetiskenligi bolıp tabıladı (I. Yusupovtıń «Máńgi bulaq», «Poseydonnıń ǵázebi», «Mámelek oy», Sh. Ayapov «Jan awırıwı», O. Sátbaev «Mámelek» hám t.b.).

Házirgi poema janrında rámziy obrazlarǵa itibar kúsheymekte (I. Yusupovtıń «Búlbil uyası», H. Ayımbetovtıń «Búlbil», O. Sátbaevtıń «Mámelek»).

* * *

Ǵárezsizlik dáwirinde dástan janrınıń rawajlanıwı da óziniń ózgesheliklerine iye. Bunda T. Sársenbaev, Á. Ótepbergenov, N. Tóreshova, M. Jumanazarova, G. Nurlepesova hám R. Ernashovalardıń belgili ornı bar. Bul jerde burınnan tájiriybege iye T. Sársenbaevtıń «Qız» dástanı kópshilikte qızıǵıwshılıq oyattı. Al, G. Nurlepesovanıń «Qumar ana», M. Jumanazarovanıń «Súyinbiyke» dástanları da shayırlardıń epikalıq poeziyadaǵı birinshi tájiriybeleri bolıwına qaramastan, olardıń bul baǵdarda tınbay izlenip atırǵanlıǵınan dárek beredi. Á. Ótepbergenov hám N. Tóreshovalardıń dástanlıq dóretpeleriniń individuallıq ózgeshelikleri hám tipologiyalıq uqsaslıqları kózge taslanatuǵınlıǵın ayrıqsha atap ótiwimiz kerek. Máselen, Á. Ótepbergenovtıń «Allańdı umıtpa!» dástanı on qatarlı qosıq bolıp, qısqa 608 bólimnen ibarat. Dástandı usı formada jazıwdı shayırdıń qaraqalpaq liro-epikalıq poeziyasındaǵı jańalıǵı-mazmun hám forma tarawındaǵı izleniwshiligi tiykar bolǵan. Sonday-aq, shayırdıń Shıǵıs poeziyası dástúrlerinen de nár alǵanlıǵı kórinedi. Á. Ótepbergenovtıń «Allańdı umıtpa» dástanı ullı shayır Alisher Nawayınıń «Hayrat-ul abror» degen didaktikalıq dástanı menen tematikalıq, ideyalıq hám mazmunlıq jaqtan únlesedi.

Á. Ótepbergenovtıń «Allańdı umıtpa!» shıǵarmasında belgili bir júyege túsirilgen syujetlik baǵdar joq. Onda kóbirek ómirbayanlıq sıpatlar, lirikalıq qaharman obrazı menen ulıwmalastırılǵan shayır

obrazınıń hár qıylı sıpatları bir-biri menen óz ara tásir etisip, avtor obrazın jarıqqa shıǵarıwǵa xızmet etedi. Usı sıpatlardı belgili ádebiyatshı Q. Maqsetov álleqashan-aq durıs belgilep bergen edi: «Shayır óziniń tuwılıwınan baslap házirgi kúnge shekemgi ómirge názer taslaydı, onıń aǵı menen qarasın, jaqsısı menen jamanın ayırıwǵa qızıǵadı. Eń bahalısı, olardıń hárbir kórinisine erkin, ashıq, heshkimnen tartınbastan óz bahasın beredi»[27]. Ilimpaz K. Qurambaev ta usı dástan tuwralı óziniń unamlı kózqarasların ortaǵa taslaǵan[28]. Biz de qánigelerdiń bul dástan haqqında aytqan unamlı pikirlerine tolıq qosılamız. Usılarǵa qosımsha aytatuǵın nárse sonnan ibarat, dástanda shayır tek ǵana kórgen-bilgenlerine baha beriw menen ǵana sheklenbesten, tariyxıy, sonday-aq, diniy ráwiyatlar menen mifologiyalıq hám fantastikalıq álemdegi waqıyalardı da házirgi zamandaǵı is-háreket hám qubılıslar menen salıstıra otırıp, júdá qospalı, ózgeshelikke bay bolǵan syujetlik-kompoziciyalıq baǵdar dúze alǵan.

Álbette, diniy-mifologiyalıq, fantastikalıq túrdegi geypara túsinikler menen syujetler milliy ádebiyatımızda usıǵan shekemgi bir qatar shıǵarmalarda da azı-kem paydalanılǵan edi. Biraq, olar bul shıǵarmada keń hám tereń túrde, ayqın qubılıslar sıpatında sáwlelendirilgen. Bul nárse N. Tóreshovanıń «Yalǵanshı» dramalıq-dástanında tús, eles, ayan beriw túrinde paydalanılǵan. Á. Ótepbergenovtıń dástanında bul nárse birqansha keńeytilgen syujetlik baǵdarlar, syujetlik bóleksheler retinde paydalanılıp, negizgi syujetli ózekke tıǵız biriktirilip jiberiledi. Bulardıń barlıǵı da, bizińshe, ǵárezsizlik dáwirindegi kórkem oylawımız benen social-

---

[27]*Мақсетов Қ.* Алғы сөз. // Әбулқасым Өтепбергенов. «Алланды умытпа»: Дәстан. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997. – Б. 3-7.

[28]*Қурамбаев К.* «Ҳамса»шылық дәстүрлери жолында // Абулқасым Өтепбергенов. Алланың Расулы «Ҳамса»ның төртинши китабы. Таңламалы шығармалар. 8-том. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2018. – Б. 3-5.

jámiyetlik, filosofiyalıq pikirlew dúnyamızdaǵı jańasha izlenisler nátiyjesinde kelip shıqtı, – dep esaplawımızǵa tiykar boladı.

Á. Ótepbergenovtıń hám N. Tóreshovanıń bul dástanlıq shıǵarmaları haqqında taǵı da bir belgilep ótetuǵın nárse sonnan ibarat, xalqımızdıń arasında awızeki sóylew tilinde «mınaw bir nárseniń dástanı», «dástan etip aytıp beriw», «sol waqıyalardıń dástanın ayt», «bul bir úlken dástan boldı», – degen sózler tarqalǵan. Bul sóz dizbeklerinde aytılıp atırǵan belgili bir qubılıstıń hám waqıyanıń yamasa janlı yaki jansız nárseniń geyde ulǵaytılıp, geyde keńeytilip te táriyiplenip bayanlanıwı názerde tutıladı. Tap sol sıyaqlı joqarıda atalǵan shayırlarımızdıń shıǵarmalarında belgili bir temalar menen tematikalar usınday «dástanlıq» sıpat penen geyde bórttirilip te, bazı da tımsal formasına endirilip te, geyde diniy – islamiy, filosofiyalıq túsiniklerdegi aldın boljawshılıq (prognozlıq) sıpat penen de, ayırım bólekshelerde tuwrıdan-tuwrı, ashıqtan-ashıq túrinde de táriyiplenip bayanlanadı, yaǵnıy, «dástan» etiledi. Sondayaq, bulardıń ishinde N. Tóreshovanıń shıǵarmasına salıstırǵanda Á. Ótepbergenovtıń dóretpesi óziniń kóp problemalılıǵı, insan ómiriniń quramalı, keskinlesken dáwirlerin óz ishine qamtıwı kózqarasınan alǵanda da epikalıq, yaǵnıy «dástanlıq» sıpat alǵan. «Allańdı umıtpa» dástanında barlıq komponentlerge iye syujet joq. Ayırım syujetlik epizodlar ushırasadı, olar avtordıń oy-pikirin tastıyıqlaw ushın paydalanıladı. Klassikalıq dástanlarda bunday epizodlar «Hikaya» dep júrgiziledi. Mısalı, Nawayınıń «Hayrat-ul abror» dástanında. Dástanda eń aldı menen Watan súyiwshilik ideyasın alǵa súre otırıp, tereń gumanizmdi, mehribanlıqtı, joqarı adamgershilikti hárqanday jawızlıqtan, nápsi qanaat penen insaptı kózi toymaslıqtan, nápsiqawlıqtan joqarı qoyıp súwretlewge dıqqat awdarǵan. Usınday máselelerde shayırǵa, ásirese, islam sháriyatındaǵı hám islam filosofiyasındaǵı iyman-insap, qanaat, adamgershilik, watanǵa sadıqlıq ideyaları menen suwǵarılǵan ańız-

ráwiyatlar, mifologiyalıq túsinikler menen syujetlik waqıyalar, ańız-áńgimeler keń túrde paydalanılǵan hám olar folklorlıq dástúrlerdegi «dástanlıq» stil menen geyde ulǵaytılıp, bazıda ómirge jaqın, ápiwayı turmıs haqıyqatlıǵınday etip berilgen. Máselen, dástannıń dáslepki bólimlerinde orın alǵan Nájmetdin Qubra, 360 áwliye, Qırq molla tóbeshikleri haqqındaǵı ańız-áńgimeler menen olardı bayanlawdıń stili naǵız «dástanlıq» folklorlıq bayanlaw usılı bolıp, olar sol milliy-kórkem dástúrlerimizdegi syujetlik-kompoziciyalıq formalardı kóz aldımızǵa keltiredi. Dástannıń ortalarında túrkmen xalqınıń ullı shayırı Maqtımqulı hám onıń tárepdarları, xalıq aldıńǵılarınıń mártligi tuwralı berilgen patriotizmge tolı syujetlik bólekshe menen olardıń bayanlanıw stili hám onıń shıǵarmada basqa bir ádebiy qaharmannıń awızeki gúrrińi túrinde súwretleniwi de tutas usı shıǵarmanıń «dástanlıq» sıpatınan derek berip tur.

Dóretpedegi lirikalıq qaharman obrazı shayırdıń házirgi ómir kartinaları menen tariyxıy shınlıqqa, diniy-filosofiyalıq, mifologiyalıq-fantastikalıq túsiniklerge anıq qatnasları arqalı kórinedi. Dástannıń bayanlaw poetikasına lirizm hám psixologizmniń ótkirligi tán. Bunıń ústine shıǵarma poetikasında súwretlew usılları menen kórkemlew qurallarınıń sheber qollanılıwı da bul dóretpeniń oqıwshıǵa tásiriniń artıwına xızmet etip tur.

Mısalı:

Biri-birimizdi kóre almaymız,
Biri-birimizdi urıp qorlaymız.
Urıs-jánjel ushın keldik pe bizler?!
Bul haqqında aytsaq tawsılmas sózler…
Bir-birin óltiriw ǵárezi, qastı,
Biri qanın, biri suwdayın ishti…
Sóytip bir-birine kepinler pishti.

Urıs-jánjel ushın keldik pe bizler,
Bul haqqında aytsaq tawsılmas sózler[29]…

Usıǵan uqsas ideya N. Tóreshovanıń «Yalǵanshı»[30] atlı dástan-dramasında da ushırasadı. Dástan-dramada Sherbek penen Múptillanıń Axmedtiń ómirine qáwip tuwǵızıp, onı ólimshi etip tayaqqa jıǵıp ketiw epizodı shıǵarma syujetiniń juwmaqlanıwında, konflikttiń shegine jetiwinde hám onıń sheshiminde úlken áhmiyetke iye bolǵan. Usıǵan baylanıslı ádebiy qaharmanlardıń ishki dúnyası da tereń ashıla baslaydı. Axmedtiń bunday zorlıqqa ushırawı ǵárezsizlik dáwiriniń dáslepki jıllarındaǵı waqıyalarǵa baylanıslı alınǵan, keyin ala barlıq jumbaqlı sırlar ashıladı, zań xızmetkerleri bul iste ayrıqsha belsendilik kórsetedi, densawlıq saqshıları shıpakerlerdiń gumanistlik sıpatları da ashıladı.

Shıǵarmaǵa ádebiy qaharmannıń belgili bir sheklengen ómir jolları alınsa da, onda úsh dáwir: sovetlik, járiyalılıq (qayta qurıw) hám ǵárezsizlik jılları sheberlik penen úylestirilgen. Súwretlew usılları menen ádebiy qaharmannıń obrazın dóretiw principleri «dástan-drama»nıń janrlıq-stillik talabına juwap beredi. Dóretpeniń usınday janrlıq-stillik sıpatlarǵa iye bolıwında shayırdıń diniy-filosofiyalıq hám xalıqlıq oy-pikirlerge súyeniwi de ayrıqsha áhmiyetke iye bolǵan. Usı kózqarastan shıǵarmadaǵı Áliyma obrazı ózgeshelenip turadı. Dóretpe aqırına taman bul hayaldıń diniy-filosofiyalıq xarakterdegi násiyatlarına onıń ómirlik joldası Axmedtiń de kem-kem qulaq túrip, olardı qabıllay baslawı, usı jigittiń xarakterine tek unamsız sıpatlar ǵana emes, al, unamlı tárepleriniń de ashılıwı, birewge qastıyanlıq etken Múptillanıń tosattan qaytıs bolıwı, bunıń avtor tárepinen xalıq filosofiyasına tán

---

[29] *Өтепбергенов Ә.* Алланды умытпа! Дәстан. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997. – Б. 10.

[30] *Төрешова Н.* Әзийзим. Қосықлар топламы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009. – Б. 68.

túsindiriliwi, yaǵnıy, «birewge jamanlıq islesen, ózińe qaytadı», – degen xalıq danalıǵınıń islamiy táliymatqa baylanıstırılıwı da shayırdıń burıńǵı ádebiy-folklorlıq dástúrdi orınlı qollanǵanınan derek beredi.

Shıǵarma baslanıwınan-aq shayırdıń súwretlew usılları da dástannıń janrı poetikasına say keletuǵınlıǵı kózge taslanıp turadı.

Mısalı:

Shayırlar álemniń tajı hám taxtı,
Táńirimniń bendege bergen elshisi.
Shayırlar júrekke túsirilgen jaqtı,
Bul sulıw álemniń sulıw kúlkisi.
Neshe mıń jıllıqtıń jábiriw-japasın,
Shayırlar ilahiy qálemge aldı.
Qımbat, arzan bul bendeniń bahasın,
Tuwra aytaman dep otlarda jandı.
Órtedi qosıǵın, órtedi ózin,
Terisin tiriley sıpırıp aldı[31]…

Mine, bunday bayanlaw stili de dástan janrı poetikasına say ekenligi kórinip tur. Al, ondaǵı giperbolalıq súwretlewdiń basım ekenligi de biziń pikirimizdi tastıyıqlaydı. Sonıń menen qatar, shıǵarmadaǵı Táńir, Quda, Haq hám t.b. mifologiyalıq birlikleriniń kóp qaytalanıwı hám ónimli qollanılıwı, olardıń ótkirlestirilgen qıyalıy-fantastikalıq hám metaforalıq obrazlardıń dóretiliwine de usı shıǵarma janrınıń talabına juwap beretuǵınlıǵın kórsetedi. Shıǵarma quramındaǵı kórkem elementlerdiń saxnaǵa beyimlestirilip, birese avtordıń, birese ádebiy qaharmanlardıń dialogları-polilogları formasında súwretleniwi oǵan dástan-dramalıq qásiyetler engizedi. Olardıń orayında basqarıwshı hám tiyisli túsinikler beriwshi avtor obrazı turadı.

[31] *Төрешова Н.* Әзийзим. Қосықлар топламы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009. – Б. 68-69.

Juwmaqlap aytqanda, bul dáwirdegi qaraqalpaq liro-epikalıq poeziyasında dástan janrınıń kóp túrliligi elewli túrde kózge taslandı. Ásirese, bul dáwirde dástan-dramanıń júzege keliwi dıqqatqa turarlıq. Ulıwma, usı dáwirdegi dástan janrınıń ideyalıq-tematikalıq, syujetlik-kompoziciyalıq ózgeshelikleri jańa kórkem obrazlardıń, ideyalardıń ashılıwına tiykar boldı. Ásirese, Á. Ótepbergenov penen N. Tóreshovanıń shıǵarmalarında qaharman obrazın dóretiwde, onıń ruwxıy dúnyasın ashıwda diniy motivlerge hám obrazlarǵa, ideyalarǵa, filosofiyalıq oy-pikirlerge ayrıqsha itibar beriliwi bazıbir gumanistlik ideyalarǵa, simvoliko-metaforalıq qásiyetler menen giperbolalarǵa keńirek orın beriliwi atı atalǵan avtorlardıń dástan janrına jańasha jantasqanlıǵınıń kórinisi bolıp tabıladı. Usınday jańa dástanlar, eń aldı menen, sol dáwirdiń jańalanǵan ideyalıq-estetikalıq talaplarına baylanıslı payda boldı.

## IBRAYÍM YUSUPOV
*(1929–2008)*

Ibrayım Yusupov XX ásir qaraqalpaq poeziyasın ideyalıq-tematikalıq, janrlıq-stillik hám kórkemlik baǵdarlar boyınsha jan-jaqlama rawajlandırıwǵa úles qosqan talant iyesi bolıp tabıladı.

I. Yusupov ádebiyatımızǵa 1940-jıllardıń ortalarınan baslap kelip kirdi. Onıń «Baxıt lirikası» (1955), «Kún shıǵıs jolawshısına» (1959), «Oylar» (1960), «Jeti asırım» (1962), «Dala ármanları» (1966), «Zaman aǵımı» (1968), «Kewil kewilden suw isher» (1971), «Tumaris hám basqa poemalar» (1974), «Yosh» (1977), «Dáwir samalları» (1982), «Alasatlı dúnya bul» (1987), «Duzlı samallar» (1988), «Kewildegi keń dúnya» (1989), «Úmit jaǵısı» (1990) sıyaqlı toplamları bastırıp shıǵarıldı. Shayırdıń eki ret (1978-79), (1992) tańlamalı shıǵarmalarınıń eki tomlıǵı hám 2018-jılı úsh tomlıǵı jarıq kórdi. Shayırdıń dóretpeleri dúnyanıń kóplegen tillerine awdarılıp basılǵan. Óz gezeginde, shayırdıń Shıǵıs hám Batıs poeziyasınan kóplegen awdarmalarınıń úlgileri «Máńgi bulaq» (1985) degen at penen basılıp shıqtı.

I. Yusupov proza hám dramaturgiya tarawında da birqansha kórkem qunı joqarı hám ideyalıq salmaǵı úlken shıǵarmalardıń avtorı. Onıń gúrriń, ocherk hám publicistikalıq shıǵarmaları jıynaǵı 1963-jılı «Ǵarrı tuttaǵı gúz» degen at penen basılıp shıqtı.

I. Yusupov «Qırq qız» dramalıq shıǵarmasın jazdı (Á. Shamuratov penen birgelikte (1956)). Sonday-aq, ol «Ómirbek laqqı» komediyasın (1966), «Máńgi bulaq» dramasın (1983), «Ájiniyaz» operasınıń librettosın (1973) dóretti hám Qaraqalpaqstan Respublikası Gimnin jazdı (1992).

I. Yusupov qaraqalpaq hám tuwısqan xalıqlar ádebiyatınıń máseleleri boyınsha hár qıylı janrdaǵı kóplegen ádebiy-sınlıq miynetlerdiń avtorı.

I. Yusupovtıń qosıqları basqa xalıqlardıń tillerine awdarılǵan. Onıń ózbek tilinde «Buloqlar qaynaydi» (1960), «Oltin qirgʻoq» (1962), «Sahro oruvlari» (1967), «Choʻl toʻrgʻayi» (1972), «Raxmat senga, zamonim» (1979), rus tilinde «Песня горного ручья» (1960), «Меридианы сердце» (1966), «Глаза ящерицы» (1973), «Стихи» (1976), «Розы и полынь» (1981), «Звон стремени» (1981), «Стремлюсь всей душой» (1986) toplamları baspadan shıqtı.

Shayırdıń qırǵız tilinde «Tala qıyaldarı» (1969), túrkmen tilinde «Эриклер гүллəнде» (1986) toplamları jarıq kórgen bolsa qazaq, ukrain, belorus, gruzin, latısh, bolgar hám t. b. tillerge de onıń bir qatar qosıqları awdarılǵan.

I. Yusupov dúnya júzi xalıqları poeziyasın qaraqalpaq tiline awdarıwda da jemisli miynet etti. Máselen, ol Shekspir, Bayron, Gyote, Geyne, Shiller qusaǵan Batıs shayırlarınıń, A. S. Pushkin, M. Yu. Lermontov, T. Shevchenko qusaǵan rus hám ukrain shayırlarınıń, Omar Hayyam, A. Nawayı, Hafız, Maqtımqulı qusaǵan Shıǵıs xalıqları shayırlarınıń qosıqların sheberlik penen awdardı.

I. Yusupov ǵárezsizlik jıllarında da ónimli miynet etti. Bul dáwirde onıń «Begligińdi buzba sen» (1995), «Búlbil uyası» (1997),

«Ómir saǵan ashıqpan» (1999), «Hárkimniń óz zamanı bar» (2004) toplamları jarıq kórdi. Usı jıllardaǵı «Watan topıraǵı» poeması shayırdıń kórkemlik izlenisleriniń keńliginen derek berdi.

Dóretiwshiligi álleqashan-aq keń jámiyetshilik tárepinen moyınlanǵan hám xalqımızdıń ruwxıy baylıǵı bolıp úlgergen I. Yusupovtıń úlken xızmetleri óz waqtında joqarı bahalanıp Ózbekstan Qaharmanı ataǵınıń beriliwi (2004-jıl) pútkil Qaraqalpaqstannıń ruwxıy-mádeniy turmısında elewli hádiyse boldı. Bul onıń joqarı kórkem sapadaǵı hám tereń ideyalarǵa bay shıǵarmalarına degen ádil baha bolıp tabıladı. Buǵan deyin oǵan Qaraqalpaqstan hám Ózbekstan xalıq shayırı ataqları berilgen edi. Ol Berdaq atındaǵı hám H. Olimjan atındaǵı sıylıqlardıń laureatı.

I. Yusupov óz poeziyasında qaraqalpaq xalqı folklorındaǵı, XIX ásirdegi Ájiniyaz, Berdaq, XX ásirdegi kórnekli shayırlar shıǵarmalarındaǵı, pútkil Batıs hám Shıǵıs xalıqları ádebiyatındaǵı kórkem ideyalıq hám ádebiy dástúrlerdi dóretiwshilik penen dawam ettirdi, olardı joqarı shıńǵa kóterdi. Sonlıqtan da shayır qaraqalpaq xalqınıń turmısındaǵı social-jámiyetlik, siyasiy-ekonomikalıq, ruwxıy-mádeniy tarawlardaǵı áhmiyetli hám ótkir mashqalalardı óz waqtında sáwlelendire bildi. Bul nársege ol óziniń siyasiy-jámiyetlik, tariyxıy, ádebiy oy-órisiniń keńligi, shayırlıq talantınıń kúshliligi arqalı eristi. Shayır dóretiwshiligi boyınsha kandidatlıq hám doktorlıq dissertaciyalarda, oqıw qollanbalarında hár qıylı ilimiy maqalalarda, izertlewlerde sóz etilmekte[32]. Biraq

---

[32]*Нарымбетов Ж.* Саҳра гүли. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2001.; *Есемуратов Г.* И. Юсупов поэзиясы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1976. *Usı avtor:* Пери минген атқа қосық ядлатқан шайыр. // «Еркин Қарақалпақстан», 2005, 10-апрель.; *Usı avtor:* Поэзия сарайының сәрдары. // «Еркин Қарақаалпақстан», 2009, 21- апрель.; *Султанов Қ.* Жаңа дәуирдиң поэзиясы (И.Юсуповтың «Беглигиңди бузба сен» топламы ҳаққында) // «Қарақалпақстан жаслары», 1996, 16-февраль.; *Мәмбетниязов Т.* Ашшы болса да ҳақыйқатлық сүўретленеди. // «Әмиўдәрья», 1997, № 11-12.; *Жәримбетов Қ.* Мәңги булақ. // «Еркин Қарақалпақстан», 2019, 4-май.; *Usı*

onıń dóretiwshiligi boyınsha izertlew jumısların zaman talapları dárejesinde alıp barıw házirgi ádebiyattanıw iliminiń wazıypaları bolıp tabıladı.

I. Yusupov poeziyası ǵárezsizlik jıllarında jáne de jetilisti. Óytkeni, demokratiya menen járiyalılıq, milliy ideologiyanıń jaratıla

---

*avtor*: Ашық Ибрайымнан ашық Аязға дейин. // «Қарақалпақ әдебияты», 2020. №1. – Б. 6-8.; *Алламбергенов К.* Мәңги булақ. (И.Юсуповтың өмири ҳәм дөретиўшилик жолы). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2019. – 92 б.; *Оразымбетов Қ.* Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. – Нөкис: «Билим», 2004.; *Оразымбетов Қ.* «Ғәрезсизлик дәўири ҳәм қарақалпақ әдебияты». // – Таңламалы шығармалары топламы. II том. – Нөкис: «Билим», 2018. – Б. 107-113.; *Базарбаев Ж.* Даналығы гөззаллыққа уласқан шайыр (әдебий – философиялық ойлар). – Нөкис: «Билим», 2008.; *Есенов Ж.* Поэзия жулдызы (И.Юсупов дөретиўшилигиниң гейпара мәселелери). – Нөкис: «Билим», 2003.; *Нуржанов П., Саймова Г.* И.Юсуповтың «Мәңги булақ» поэмасының жанрлық өзгешелиги ҳәм қаҳарман образы. // ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы», 2009, № 2.; *Usı avtorlar:* И. Юсуповтың «Мәмелек ой» поэмасы. // ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы», 2009, № 1.; *Turdıbaev Q.* Házirgi qaraqalpaq poeziyasında janrlıq ham stillik izlenisler, qaharman problemasi. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2023. 224 б.; *Usı avtor:* Иброҳим Юсупов ижодида фольклор анъаналари («Посейдоннинг ғазаби» поэмаси мисолида) // «Ўзбек тили ва адабиёти», 2009, № 1.; *Usı avtor:* И.Юсупов поэзиясының фольклорлық дереклери ҳаққында. // «Әмиўдәрья», 2009, № 5-6.; *Usı avtor:* И.Юсуповтың «Бүлбил уясы» поэмасында миллий эпикалық дәстүрлер ҳәм қаҳарман образы. // ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы», 2009, №3.; *Usı avtor:* Истиқлол ғояларининг бадиий талқини. // «Жаҳон адабиёти», 2010, № 10.; *Usı avtor*; Lirikada individual stil máselesi. Ilimiy maqalalar toplamı.–Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2020. – B. 18-24. *Хамидова А.* Творчество И. Юсупова и Европейская литература (к проблеме литературного взаимовлияния и взаимосвязи). Автореф. дисс. на соис. уч. степ. кан. фил. наук. – Нукус: 1999. - 23 с.; *Пахратдинов Д.* Традиции классиков Востока в лирике И. Юсупова (к проблеме литературного взаимовлияния и взаимосвязи). Автореф. дисс. на соис. уч. степ. кан. фил. наук. – Нукус: 2001. -21.; *Usı avtor*: Ayaziy. (I.Yusupov lirikasın kórkem tallaw). – Nókis: «Ilimpaz», 2023. – 76 b.

baslawı ataqlı shayırdıń dóretiwshiliginiń jańa betlerin ashtı dep aytıwǵa boladı. Ol bul dáwirde burın erkin túrde ayta almaǵan, kómekeyde tıǵılıp qalǵan pikirlerin sheber poetikalıq til menen oqıwshılarǵa jetkere aldı. Bul erkinlik hám ashıq aydınlıq avtordıń ǵárezsizlik jıllarındaǵı jazılǵan siyasiy-jámiyetlik mazmunǵa qurılǵan publicistikalıq poeziyasına ǵana tán bolıp qoymastan, al, barlıq temadaǵı, barlıq baǵıttaǵı, álwan túrli janrlıq formalardaǵı jazılǵan dóretpelerinde de attan anıq kózge taslanıp turadı. Máselen, shayır sońǵı jılları jazılǵan «Watan topıraǵı» atlı liro-epikalıq dóretpesin «qıssa» degen janrlıq atama menen baspadan shıǵardı. Negizinde burınǵı kommunistlik ideologiya húkim súrip turǵan waqıtları bunday janrda shıǵarma jazıw múshkil is edi. Al, shayır ǵárezsizlik jıllarında bul janrlıq-stillik formanıń barlıq múmkinshiliklerinen sheberlik penen paydalanıp, ulıwma insanıylıq ideyalardı asqan poetikalıq úlgide jırladı.

Sonı aytıwımız kerek, ǵárezsizlik jıllarında shayırdıń lirikasınıń sheberligi menen ótkirligi barınsha astı, qaharman obrazların tereń realistlik formada sáwlelendiriw burınǵıdan da kúsheydi. Durıs, burın da shayır usınday baǵdarda dóretiwshilik etetuǵın edi. Biraq ótken dáwirler ishinde shayır poeziyasında ayırım máselelerdi kóterip shıǵıwda belgili bir siyasiy-jámiyetlik sxemalarǵa, shablonlar menen modalarǵa baǵınıw seziler edi. Bunısız sol waqıttaǵı heshbir qálem iyesi shıǵarma dóretpegen desek, qátelespeymiz. Ǵárezsizlik dáwirine kelip I. Yusupov óziniń basqa da aldınǵı qatardaǵı qálemlesleri qatarı ashıq aydın, erkin pikir aytıwǵa ótti. Máselen, ol, hátteki, ǵárezsizlik jıllarınıń dáslepki dáwiriniń qıyınshılıqları menen mashaqatların da ádebiy konfliktlerge sheber túrde aylandırıp, joqarı kórkem sapadaǵı shıǵarmalar dórete aldı. Shayır lirikalıq qaharmanlarınıń ishki dúnyasındaǵı alaǵadalıqlar menen bazıbir túsinbewshiliklerdi, asıǵıs pikir júritiwlerdi, belsendiliktiń jetispewshiligi menen bazar ekonomikasınıń bazıbir nuqsanların da jasırǵan joq. Máselen,

shayırdıń sońǵı toplamlarınan orın alǵan «Múnájat», «Kórsetken ráhátli kúniń usı ma?!», «Bazar jolında», «Korrupciya», «Men qorqpayman», «Alıs Malayziya keshelerinde», «Tók tawındaǵı oylar», «Kendir menen xoshlasıw», «Begligińdi buzba sen» hám t. b. qosıqlar dúrkinleri haqıyqatlıqtı tuwrıdan-tuwrı súwretlewi, poetikalıq ótkirligi menen oqıwshılardıń ayrıqsha dıqqatına miyasar boldı. Sonlıqtan, bul shıǵarmalar óz dáwiriniń haqıyqıy social-psixologiyalıq kelbetin ashıp bergen shıǵarmalar boldı.

Shayırdıń atap ótilgen poeziyalıq dóretpelerinde durıs jazılǵanınday, milliy ǵárezsizlik penen demokratiyaǵa, erkinlikke biziń xalqımız ańsatlıq penen erisken joq. Shayırdıń danalıǵı menen haqıyqatgóyligi, mine, usı mashaqatlı qıyın procesti hám asırmay hám jasırmay ayta biliwinde. Usı kózqarastan shayırdıń «Begligińdi buzba sen» toplamın ashıwdan-aq, biz «Múnájat» qosıǵındaǵı mınaday qatarlarǵa kózimiz túsedi:

Táńirim, insap ber óz bendeleríńe,
Bul barısta neshik zamana bolar?
Dárt jamalıp kewillerdiń sherine,
Dáwir daǵdarıstan awara bolar[33].

Haqıyqatında da, burıńǵı kommunistlik ideologiyanıń húkimranlıq jılları usı qatarlarda keltirilgen «Táńir», «Alla» sózlerin baspasózde shıǵarıwǵa jol qoyılmaytuǵın edi. Hátteki, «bende» degen sózdiń mánisi de burmalanǵan waqıtlar da bolǵan. Shayır bul jerde «daǵdarıs» sózin de biykarǵa qollanıp otırǵan joq. Írasında da, ǵárezsizliktiń eń dáslepki dáwiri «daǵdarıslı», «ótpeli» jıllar bolǵanı hámmege ayan. Bul halat sol waqıtlardaǵı baspasóz, radio-televidenie, ulıwma, ǵalaba xabar qurallarında keń túrde sáwlelendi. Sonıń ushın da, bul awmalı-tókpeli jaǵdaydıń shayır tárepinen

[33]*Юсупов И.* Беглигиңди бузба сен. Қосықлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995. – Б. 5. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

sheber túrde súwretleniwiniń ózi de tosınnan emes. Qosıqtıń sońǵı qatarlarında da sol jıllardaǵı social-psixologiyalıq, ruwxıylıq klimat ayqın sáwlelendirilgenligin ayrıqsha belgilep ótiwimiz kerek:

Aqıllar tubalap, bolıp ar-sarı,
Kim ne aytsa, awıp jurttıń ańsarı,
Malın pullap biyinsaplıq bazarı,
Hárkimniń kewlinde bir nama bolar.

Kimler hiyle menen shalqıp jatajaq,
Pulǵa ótse joq iymanın satajaq,
Miriwbet tańları qashan atajaq?
Jurttıń bir ármanı sol ǵana bolar [33; 5 b.].

Haqıyqatında da, tap sol jılları usılay bolǵanı anıq. Bul bazar ekonomikasınıń bizge alıp kelgen bazıbir unamsız illetleri edi. Qosıqtıń usı jerdegi jáne bir dıqqatqa ılayıq tárepi sonda, avtor jatıp isher, tayın asqa tayar bolıw keseline shatılǵan ayırım adamlardıń oylaw psixologiyasın da sheber bere alǵan. I. Yusupov usı morallıq-psixologiyalıq halatlardı ayqın hám obyektiv túrde súwretley alǵan kórkem sóz sheberi bolıp esaplanadı. Shayırdıń mınaday qatarları da oqıwshını biyparıq qaldırmasa kerek:

Tákabbırlıq illetine shatılıp,
Kúshliler ázzige dize batırıp,
Arzan sózler qımbatına satılıp,
Biyday nannıń izi zaǵara bolar [33; 5 b.].

Haqıyqatında da, usı jılları biziń eń bas azıǵımız biyday unnıń da jetispegenligi belgili. Usı sebepli awıl turǵınlarınıń kópshilik bólegi júweri zaǵaranı azıq etkenligi de shınlıq. Bul ashshı haqıy-qatlıq shayırdıń taǵı bir «Men qorqpayman…» qosıǵında da bıla-yınsha tuwrıdan-tuwrı súwretlengen:

Men qorqpayman, saylań, meyli, saylamań,
Maǵan onsha úlken úmit baylamań…

… Men aytpayman, saylań dep ya saylamań,
Wádeler kóp ot joq jerge baylaǵan.
Usı kisi un jawdırıp aspannan,
Abat etip taslaydı dep oylamań.

Qolımda bar kúshlilerden ayırmam:
Mal aydamay, sóz aydaǵan shayırman.
Men deputat bolmasam da, xalıqtıń,
Jırın jırlap, xızmetine tayınman [33; 89-90].

Durıs, shayır aytqanınday, usı jılları deputat saylawdıń, máke-me, el-xalıq basshıların lawazımǵa qoyıwdıń orınlı-orınsız tárep-leri júdá kóp boldı. Usılardı shayır joqarıdaǵı qosıǵında ırasgóylik penen kórsetken. Usı kózqarastan sóz sheberiniń mınaday qatarları da naǵız kóregenlik penen aytılǵan pikirler ekenligi búgingi kúni júdá anıq belgili bolıp tur.

Pul joq banklerden biz boldıq ıǵır;
Jurt aylıq alalmay bıǵır da bıǵır.
Kirttay Nókis tolıp ketti banklerge,
Xalıqta sóz bar: suwsız japqa qos shıǵır…

Arba ońlı júrmey, at shappay atır,
Dárya áspek bolıp, suw aqpay atır.
Bazar degen bále menen, biz túwe,
Prezidentler de til tappay atır.

…Dawıl tursa hámme qamıs teńseler,
Bar SNG bir kemede júzbekte [33; 90].

I. Yusupov tárepinen 1994-jılı dekabr ayında jazılǵan bul qosıqta, mine, usınday haqıyqatlıqtıń betleri ashılǵan. Olardıń

barlıǵı sol dáwirdiń qıyınshılıqları bolıp, olardı sáwlelendiriwde I. Yusupovtıń azamatlıq belsendilik kórsetkenligi kózge taslanadı.

Xalıq burınǵı siyasiy kósemlerimizdiń biri M. S. Gorbachevtan úlken úmitler kútkeni de ıras edi. Biraq ol bul úmitlerdi aqlay aldı ma?! Ullı talant iyesi óz waqtında, mine, usı shınlıqtı da birqansha batırıp, ashıtıp aytsa da, durıslıǵın aytıp, xalıqqa ayqın juwap berdi. Nátiyjede, onıń «Kórsetken ráhátli kúniń usı ma?...» degen realistlik shınlıǵı tereń, obyektivligi basım lirikası payda boldı. Bul qosıqtıń baspasózde járiyalanıwınıń ózin hámme tańlanıp, qanaatlanıwshılıq penen qabıl etti, desek te boladı. Onda mınaday ashıq aytılǵan gápler shınlıqqa tolıq sáykes keledi:

Dana ráhbar bilip saǵan ergende,
Bizdi alıp kelgen jeriń usı ma?
Xalıq isenip, saǵan kewil bergende,
Kórsetken ráhátli kúniń usı ma?

Aqıl ayttıń biyik minberden turıp,
Qoldan ot shıǵardıq shappatlar urıp,
Gónergen dúnyanı qaytadan qurıp,
Shaǵlap jasaytuǵın eliń usı ma? [33; 6 b.]

Burınǵı ullı derjavalardıń biri «SSSR» dep atalǵan mámlekettiń birinshi basshısına qarata bunday ashshı hám haqıyqatshıl sózlerdi aytıw hárqanday shayırdıń qolınan kele bermese kerek. Bul jerde shayırdıń kórsetkenindey, burınǵı kompartiyanıń bas xatshısı, eldiń birinshi basshısı mudamı qashan kórseń de minberden turıp tásirsiz aqıl aytıwdı kúsheytti, onı qol shappatlap maqullawdan basqa qolımızdan hesh nárse kelmes edi. Nátiyjede, barlıq wáde qaǵaz júzinde qalıp qoydı. Aqıbetinde, ullı derjavanıń tarap joq bolıwı heshkimniń kewline ǵulǵula salmaytuǵın dárejege jetken edi. Sonlıqtan da, qosıqta lirikalıq qaharmannıń «Dúnyada ullı mámlekettiń toyların tarqatqan jeriń usı ma?» [33; 6 b.] – dep nalınıwı orınlı edi.

Qosıqtıń keyingi jaǵında ashıqtan-ashıq aytılǵanınday, M. S. Gorbachev birinshi el basshısı bolıp turǵan waqıtlar burınǵı SSSR dep atalǵan mámlekette milletler aralıq qarama-qarsılıq barınsha shiyelenisti, birneshe respublikalarda qan tógispeler júzege keldi, pútkil el-xalıq, milletlerdiń kóship qonıwı, ata jurtın taslap posıwı júz berdi. Bunıń ústine ayırımlardıń erkinlikti durıs túsinbegenligi sebepli jaslar tárbiyasında boslıqlar júzege keldi, ásirese, musılman xalıqlarında qatań saqlanatuǵın úlkenlerge húrmet, iybe, iyman-insap, ar-namıs, uyat degen ulıwma insanıylıq pazıyletlerge shek keltirile baslandı. Sonlıqtan da qosıqta «Buzıqlar saxnada áwiretin ashıp…» [33; 7 b.] – dep tosınnan jazılmaǵan bolsa kerek. Bul qatarlar shayırdıń elde júz bergen ayırım morallıq páslik hám ádep-ikramlıq salasındaǵı konfliktlerge degen sheksiz ǵázebin ańlatar edi.

Qosıqta sóz etilgenindey, sol dáwirde kóplegen milliy respublikalardıń batıs ellerinen ósimine kredit alıwǵa májbúr bolıp, qarızǵa batqanı da, olardıń óz milliy valyutaların islep shıqqanǵa shekem hár túrli qıyınshılıqlarǵa duwshar bolǵanı da, sonıń ishinde, Ózbekstan Respublikasınıń da milliy valyuta máselesinde qıyınshılıqqa ushıraǵanı anıq. Bulardıń barlıǵı, I. Yusupovtıń aytqanınday, burınǵı úlken mámlekettiń basshısı M. Gorbachevtıń keshirilmes qátelikleri sebepli júzege keldi.

SSSR atlı mámleket tarqawdan-aq el bazar ekonomikası siyasatına ótti. Bul nárse xalqımızdıń dúnyatanımı menen social-jámiyetlik psixologiyasında da úlken ózgerislerdi, ayırım unamsız aqıbetlerdi keltirip shıǵardı. Sonlıqtan da, shayır sol dáwirde «Bazar jolında» qosıǵında bılayınsha jazıwı da ǵárezsizlik, erkinlik, demokratiya ideyalarına baylanıslı bolıp tabıladı.

…Sózden dańǵırlatıp aydap bos arba,
Aqılgóy bolǵandı qoyıń, jigitler.

…Suw emes, sóz aqtı Túyemoyınnan,
Jalǵan wádelerden toydıq, jigitler.

Awızbirlik qashtı kem-kem aradan,
Hárkim ózin jurttan bilgish sanaǵan.
Miy shayılıp ketti «warra-warra»dan,
Bunıń aqıbetin bergey, jigitler [33; 7-8 b.].

Haqıyqatında da, bular oqıwshılarda jeńil-jelpi kúlki ǵana tuwdırıw ushın jazılǵan qatarlar emes. Shayır sol jılları xalıq arasındaǵı júzege kelgen unamlı-unamsız ózgerislerge óziniń qatnasın tez bildirgeni bul qosıqtan anıq kórinedi. Oysızlıq hám asıǵıslıq penen islengen sheshimlerdiń mınaday morallıq-psixologiyalıq hám materiallıq aqıbetlerge alıp kelgenligi búginligi sır emes:

Jumıs qaldı, aytıs bazarı qızdı,
Birew joybarlasa, birewler sızdı.
Eplep júrip turǵan mashinamızdı,
Buzıp taslap, jayaw qaldıq, jigitler [33; 8 b.].

Írasında da, hátteki, házirgi jılları da at arba menen eshek arbalardı da jarasıqqa, milliyligimizdi saqlaw ekzotikalıq kórinisler ushın ǵana iske qosıp otırǵanımız joq, al, awıl xojalıǵı menen kúndelikli turmısımızda kólik mashinalardıń jetkiliksizligi, sharasızlıq sebepli ǵana olardı paydalanıwǵa májbúr bolıwımız attan-anıq nárse. Bunıń ústine burıngı qúdiretli texnikalarımızdı satıp ishkenler tap házir de ózin aqlaǵısı keletuǵını da ıras. Usı kózqarastan lirikalıq qaharmannıń óz zamanlaslarına qarata mınaday degeni durıs pikirler:

Satarmanǵa bermes onsha jábirin,
Alarmanǵa júrgizer óz hámirin,
Hátte, mármer tasıń, boyan tamırıń,
Qıp-qızıl valyuta bolar, jigitler [33; 9 b.].

Mine, bul da óz zamanına say pikirler ekenligi ayqın sezilip tur. I. Yusupovtıń ǵárezsizliktiń eń dáslepki jılları jazılǵan, úlken patriotizmge tolı poetikalıq dóretpeleriniń biri – bul «Begligińdi buzba sen» qosıǵı bolıp tabıladı. Onda xalqımızdıń ózine tán milliy-psixologiyalıq belgileri: aq kókirekligi, ańqıldaqlıǵı menen sabırlılıǵı, mártligi menen albawlıǵı, sadalıǵı menen danalıǵı úlken kórkemlik, sheberlik penen súwretlengen. Qarańız:

Bar bilgeni awzında,
Sawdıraq qaraqalpaǵım.
Jan sáwlesi kózinde,
Jawdıraq qaraqalpaǵım.
Kewili keń maydanday,
Tamǵa juldız jayǵanday,
Pisip turǵan naymanday,
Gewdirek qaraqalpaǵım… [33; 13 b.].

Bul qatarlar xalqımızdıń ózine tán milliyligin, lirikalıq qaharmannıń zamanǵa sáykes oylarınıń ózgesheligin ayqın ańlatadı desek qátelespeymiz.

Shayırdıń óziniń «Tók tawındaǵı oylar» qosıǵında aytqanınday: «…Jutar hawamız da siyasatlanǵan, Tirishilik joq onı jutpay turmaǵa» [33; 81 b.]. Shayır heshqashan haqıyqatlıqtan, poetikalıq sheberlik jolındaǵı izleniwlerden taysalǵan emes. Sonlıqtan, ol usı qosıǵında: «…Sheshenliktiń seminarın ótkizdik, «Qayta qurıw» emes, boldı ezbelik», [33; 80 b.] – dese, jáne bir qosıǵında «Shaytan házir kompyuterge otırıp, adamlardan sumlıq úyrenip atır[34]…» deydi. Bularda tereń pikirler bar.

Al, jáne de «Alıs Malayziya keshelerinde» degen qosıqlar dúrkininde shayır bılay jazadı:

[34] *Юсупов И.* Ҳәр кимниң өз заманы бар. Қосықлар ҳәм қысса. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2004, – Б. 28.

… Ótip baratırıp, djungliyada–
Maymıldıń adamǵa kúlgenin kórdim.

Ol sonday kúledi ráhátke batıp,
Bir qızıq saxnanı tamashalaǵanday.
Ol kúledi ishek-silesi qatıp,
Birew kindiginen qıtıqlaǵanday [33; 72 b.].

Mine, bul shayır sızǵan ápiwayı, bılayınsha qaraǵanda, qızıq kartina bolıp kórinse de, avtor bunıń menen sheklenbey, ol tuwralı tómendegishe ritorikalıq sorawlar qoya otırıp, bul sorawǵa ózinshe tereń maǵanalı juwap beredi.

Sonsha nege kúledi ol anturǵan,
Biziń qay jerimiz oǵan tamasha?
Bálkim, bul gorilla–aqıllı haywan,
Pámlep kúlip tur ma eken yamasa:

Uyatsızlıq háwij alǵan bul dúnya,
Rok–koncert saxnasına aylanıp,
Adamlardıń qayta bastan maymılǵa,
Usap kiyatırǵanına quwanıp… [33; 72 b.].

Shayırdı kópshilik jaǵdaylarda usılayınsha: adamlar arasında ótirik-ósekshilik, ǵıybat-nasaq sózlerdiń orın alıwı, hújdansızlıq penen jazıqsız insanlardıń ar-namısına tiyiw ǵázeplendiredi. Sol ushın da shayırdıń lirikalıq qaharmanlarınıń biri «Ájiniyazdıń ármanları» qosıǵında Ájiniyaz tilinen bılay degen eken:

Gúwildetip ósek sózdiń nobayın,
Aldı menen janǵa tiyer aǵayin,
Jaltań bolıp, qay birińe jaǵayın,
Jábir qıla bermeń janıma meniń.

Keltire berseńler meniń jinimdi,
Qolımnan kelgenin men de etermen.

Qoltıǵıma qısıp jas qatınımdı,
Dawısıńız jetpestey jerge ketemen,
Qoyıń músápirlik halıma meni[35].

Ulıwma bir tutas ómirlik filosofiyaǵa tolı bolǵan bul lirikalıq qatarlar shayırdıń jeke ómirbayanı menen de, bir tutas turmıs penen de tıǵız baylanıslı bolıp, lirikalıq qaharman obrazın erkin túrde, ǵárezsizlik ruwxında jaratıp bergeni menen bahalı.

I. Yusupov ulıwma filosofiyalıq, tutas adamiyzatlıq pikirlerdi tereńnen tolǵanıp aytatuǵın belgili shayırlarımızdıń biri sıpatında qáliplesti. Óytkeni, onıń kerek degen qatarları bir ǵana lirikalıq qaharmannıń ishki dártlerin yaki bolmasa hayal ullılıǵın kóklerge kóterip maqtawǵa arnalıp qoymastan, al, ómir arpalısları menen ómir dramasın, ómirdiń filosofiyalıq zańlılıǵın súwretlewge baǵıshlanǵanlıǵı menen bahalı. Usınday oy-sezimlerdi tereń túrde sáwlelendirgeni ushın da onıń ǵárezsizlik dáwirindegi muhabbat lirikası óz aldına bir tóbe.

Juwmaqlap aytqanda, I. Yusupovtıń 1980-jıllardıń aqırı hám 1990-jıllardaǵı qosıqları turmıs shınlıǵı menen júdá tıǵız baylanısta dóregen bolıp, olarda ǵárezsizlik ideyaları ashıqtan-ashıq kózge taslanıp turadı. Shayır ómirdi bir tutas filosofiyalıq kózqarastan bahalawǵa umtıladı, turmıstaǵı, adamlar psixologiyasındaǵı unamlı nárselerdi jan-táni menen quwatlaydı, al, alǵa ilgerilewimizge kesent etip atırǵan unamsız illetlerdi ayawsız áshkaralaydı. Sonıń ushın da, onıń bul dáwirdegi lirikalıq qaharmanı óziniń ırasgóyligi, qaysarlıǵı, gúressheńligi menen ayırılıp turadı, ol ulıwma insanıylıq ideyalardıń jeńisi ushın, hátteki, janın da ayamawshı bir tulǵa sıpatında kózge taslanadı. Demek, lirik qaharmannıń bul kórkem qásiyeti I. Yusupovtıń ǵárezsizlik dáwirindegi lirikasınıń ózine tán ózgesheliginen derek beredi.

---

[35] *Юсупов И.* Ҳәр кимниң өз заманы бар. Қосықлар ҳәм қысса. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2004. – Б. 38.

### Sorawlar hám tapsırmalar

1. I. Yusupovtıń ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyasınıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarları haqqında aytıp beriń.

2. I. Yusupovtıń XX ásir aqırı hám XXI ásir basındaǵı lirikasındaǵı publicistikalıq sıpat haqqında aytıp beriń.

3. Ǵárezsizlik dáwirindegi shayır lirikasınıń janrlıq kóp túrliligi haqqında qanday pikirdesiz?

4. 1990–2000-jıllar arasında jazılǵan shayır poemalarınıń problematikası, kórkem obrazlar dúnyası haqqında pikirińizdi bildiriń.

5. «Watan topıraǵı» poemasınıń ideyalıq-tematikalıq ózgesheligi degen temada óz betinshe jumıs orınlań.

6. I. Yusupov poeziyası izertlengen miynetler tuwralı nelerdi bilesiz? Bul boyınsha bibliografiyalıq jumıs júrgiziń.

7. Shayırdıń usı dáwirdegi lirikasın mazmunlıq hám formalıq belgisi boyınsha jikleń.

## SHAWDÍRBAY SEYTOV

*(1937–1996)*

Shawdırbay Seytov XX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatınıń, sonıń ishinde, ǵárezsizlik dáwirindegi kórkem prozaiklerinen esaplanıp, salmaqlı romanlardıń dóretiwshisi sıpatında tanılıwı menen birge, ol ótken ásirdiń alpısınshı jıllarınan baslap-aq óziniń tereń sezimtallıqqa, saldamlı hám talapshań oylarǵa tolı bolǵan poeziyası menen de kórkem sóz ónerimizdi bayıtıwǵa óz kúsh-jigerin jumsaǵan ájayıp talant iyesi edi.

Ol proza tarawında «Kóp edi ketken tırnalar», «Qashqın» (1969), «Jınayatlı isine qosıp tirkelsin» (1986) povestlerin, tórt kitaptan ibarat «Xalqabad» (1978-1992) roman-epopeyasın, «Íǵbal soqpaqları» (1975), «Shırashılar» (1986), «Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba» (1992) atlı romanların oqıwshılarǵa inam etti.

Poeziyada Sh. Seytov «Úshpelek» (1964), «Soqpaǵım meniń qaydasań?» (1976), «Tawlardan saza» (1970), «Jollar» (1987) hám «Qıyal atawı»(1995) atlı toplamların járiyaladı. Olardan avtordıń sońǵı toplamına kirgizilgen «Sárkarda túyege aylanǵan arqarlar…» hám «Qıyal atawı» poemaları keń oqıwshılar jámiyetshiliginiń dıqqatına miyasar boldı. Ásirese, shayırdıń «Jollar» poetikalıq toplamı demokratiya hám járiyalılıq talaplarına say jazılǵanlıǵı ruwxıy, ideyalıq-estetikalıq tárepleri boyınsha ǵárezsizlik dáwiri kórkem oy dúnyasınıń talabına juwap beretuǵınlıǵı menen bahalı. Óytkeni, bul toplam baspadan shıqqan jılları pútkil jámiyetshiligimiz demokratiya hám járiyalılıq qubılısın bastan keshirdi. Bul nárse, óz gezeginde, ǵárezsizlikke jol ashqan ótpeli dáwir bolıp, ol belgili dárejede ǵárezsizliktiń deregi boldı desek te arzıydı. Sonlıqtan, bul toplamdaǵı poetikalıq dóretpelerdi ǵárezsizlik dáwiri poeziyasınıń saǵalarınıń biri retinde tallaw maqsetke muwapıq boladı dep oylaymız.

Sh. Seytovtıń lirikalıq hám epikalıq poeziyası XX ásir qaraqalpaq ádebiyatında salmaqlı orın iyeleydi. Olar ideyalıq-tematikalıq hám janrlıq-stillik hám kórkemlik kózqarastan ráńbáreńligi menen ajıralıp turadı. Bular haqqında ayırım ádebiy-sın kózqaraslar da bildirildi[36]. Degen menen, shayır poeziyasınıń izertleniw

---

[36]*Ахметов С.* Қарақалпақ совет поэзиясы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988; *Оразымбетов Қ.* Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем излениўшилик. – Нөкис: «Билим», 1992; *Usı avtor:* Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы (1970-2000-жыллар). Нөкис: «Билим», 2004.; *Алламбергенов К.* Бийғәрез еркин ҳаўазлар. // Асқар таўлар сазасы. // «Әмиўдәрья», 2011. №2. – Б. 42-53.; *Есенов Ж.* Ҳақыйқатшыл жазыўшы еди (Ш. Сейтовтың «Үшпелек», «Таўлардан саза», «Соқпағым мениң қайдасаң?» топламлары мысалында). // «Еркин Қарақалпақстан», 2007, 13-октябрь.; *Нуржанов П.* Верлибрь ҳаққында ойлар. // «Әмиўдәрья», 1990. № 4.; *Досымбетова А.* Шаўдырбай Сейтов лирикасында көркем форма. Монография. – Нөкис: «Ilim», 2024. 140 б.; *Usı avtor:* Ш. Сейтовтың еркин қосықларында

dárejesi búgingi kún talabına juwap beredi, – dep aytıwǵa bolmaydı. Ásirese, onıń poeziyasında qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, urıs hám paraxatshılıq, tubalawshılıq dáwiriniń unamsız illetlerin áshkaralaw, adamgershilik, elimizdiń elewli tulǵalarınıń ibratlı islerin uluǵlaw, jamanlıqtan jiyirkeniw temaları shayır dóretiwshiliginde oraylıq orınlardı iyeleydi. Biz shayırdıń «Keleshek górdey me eken, jerdi de jerley me eken!?», «Qaytarıp ber meniń Ámiwdáryamdı» qosıqların hám «Qıyal atawı» poemasın tallaw arqalı onıń ǵárezsizlik dáwiri poeziyasınıń ózgesheligin ashıwǵa umtıldıq.

Sh. Seytov óziniń bir qatar qosıqlarında búgingi eń áhmiyetli mashqalalardıń biri jer hám suw máselelerin, elimizde qorshaǵan ortalıqtıń buzılıp baratırǵanlıǵın úlken tragediyalıq shtrixlar menen jırlap kórsetedi. Shayır qosıqlarındaǵı tragediyalıq syujet detalları

---

мазмун ҳәм форма еркинлиги. // «Әмиўдәрия», 2006, № 5-6.; *Usı avtor:* Сейтов лирикасында символлық сүўретлеў усылларының қолланылыўы өзгешелиги. // ӨЗРИАҚБ «Хабаршысы», 2008. № 1.; *Usı avtor:* Поэмада ишки форма ҳәм мазмун бирлиги. (Ш. Сейтовтың «Гөристандағы гүбирлилер» шығармасы мысалында). // «Әмиўдәрья», 2008, № 3.; *Usı avtor:* Ш.Сейтов лирикасида бадий шакл. (анъанавий ва янги шаклий хусусиятлари). Филол. фан. номз. …дисс. автореф. – Нукус: 2008.; *Usı avtor:* Ш.Сейтовтың поэзиясында лирикалық қаҳарман образы. Илимий мақалалар топламы. – Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2022. – Б. 9-18. *Турдыбаев Қ.* Ш. Сейтов дөретиўшилигинде экология машқаласы. // «Әмиўдәрья», 2010. № 4.; *Аяпов А.* Мустақиллик даври қорақалпоқ публицистик лирикаси. Филол. фан. номз. …дисс. автореф. – Нукус: 2010.; *Usı avtor:* Ш.Сейтовтың публицистикалық поэзиясында лирикалық қаҳарман ҳәм оның руўхый дүньясы. // ӨЗРИАҚБ «Хабаршысы», 2008. № 1.; *Гайлиева О.* Қорақалпоқ адабиётида оралиқ шаклларнинг ғоявий-тематик ва бадиий хусусиятлари (1970-2000 йиллардаги эркин шеър ва насрий шеърлар). Филол. фан. номз. ...дисс. автореф. – Нукус: 2006.; *Нуржанов М.* Ш. Сейтовтың «Сәркарда ҳәм түйеге айланған арқарлар…» шығармасында фольклоризмлердиң қолланылыўы. Илимий мақалалар топламы. – Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2022. – Б. 2014-2019. *Zinatdinova G.* Sh. Seytov lirikasında psixologiyalıq waqıt hám onıń bildiriliw usılları (retrospekciya, prospekciya, retardaciya). Илимий мақалалар топламы. – Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2022. – Б. 194-201.

ayrıqsha liriko-psixologiyalıq tús alıp, oqıwshıda tereń tolǵanıslardı hám oy arpalısların payda etedi. Bul nárse onıń qosıqlarınıń poetikalıq kúshin arttırıp tur. Usı kózqarastan shayırdıń «Keleshek górdey me eken, jerdi de jerley me eken?!» dep atalatuǵın qosıǵı ayrıqsha orın tutadı. Qosıqta tragediyalıq sıpat basım bolıp, ol tap usı búgingi turmıstan alıp jazılǵan desek qátelespeymiz. Haqıyqatında da, sońǵı jılları Ámiwdáryaǵa suw kelip, xalıqtıń múshkili jeńillense de, Araldıń qurıp atırǵanı, ekologiyalıq apatshılıqtıń keskinleskenligi sır emes. Shayırdıń «Keleshek górdey me eken, jerdi de jerley me eken?!» – dep atalǵan qosıǵında súwretlengen ayanıshlı ekologiyalıq kartinalar arqalı keskin mashqalalar kóterilip, tereń ideyalar beriledi. Onda, mınaday qatarlar bar:

Anamız qulaǵanda,
«Shúkir et!..» dedi ákem.
Bul gáp te jılaǵanǵa,
Táselle boladı eken. –
…Ákemiz qulaǵanda,
«Shúkir et!..» dedi qostar.
«El-xalıq – bul saǵan da,
Ata-ana!..» – desti doslar.
Qábirge qıydım zorǵa…
«…Topıraǵıń bolsın torqa!..»
Jan ákem Ana jerdiń,
Qoynında qala berdi!...[37]

Adam óliminiń qayǵılı ekenligi, biraq bársheniń basında bar músiybet ekenligi hámmege ayan. Al, shayır qosıqtıń endigi qatarlarında usılardı súwretlep beriw arqalı ayrıqsha úlken social-

[37] *Сейтов Ш.* Жоллар. Қосықлар ҳәм поэма. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987. – Б. 30-31. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

jámiyetlik áhmiyetke iye ideyanı ortaǵa taslawǵa tayarlıq kóre baslaǵanın oqıwshı sezbey de qaladı.

Qostarım qulaǵanda,
Jer tewdim jılap anıq!
«Qoy, bala, jılaǵandı,
Jer tewme! – desti xalıq. –
Jer – ırısqal, kárimiz de,
Qásterlep sıylaymız ǵoy!
Bárimiz dárimiz be?! –
Ólmesek sıymaymız ǵoy!
…Jutsa da bárimizdi,
Jerdi hesh qıymaymız ǵoy!
Ne boptı ólse kelin! –
Tabarsań shıraylısın!
Jer ólse jurttıń, eldiń,
Táǵdiyrin «quday» bilsin!
… Saqlaǵay beterinen,
Shúkir et, júwernemek!..
Sabayjaq meni qoyday,
Bir ǵarrı Tolstoyday! [37; 31 b.]

Solay etip, shayır endi oy-pikirdi Ana jer tamanǵa qaray burıp baratırǵanlıǵın ańlap qalamız hám olar sóz sheberi tárepinen tómendegi qatarlarǵa poetikalıq hám ideyalıq jaqtan ayqınlastırılıp jaylastırılǵan:

…Pul jaylap sanamızdı,
Tıń jaylap ketip attıq!
Tábiyat Anamızdı,
Deńgene etip attıq!
Ámiwdi birew shalıp,
Gellesin birew aldı.

Talasıp túrli xalıq,
Terisi-aq bizge qaldı!
Oǵan da shıǵıp jarnaq,
Abınıp, «qan jalastıq!..»
Ǵaǵırlap qattı jarǵaq,
Saqlawǵa jantalastıq!
 – Jan ǵanam, ketpe qurıp! –
Shalshıqtan búriktik urtlap!
Aral da duz suwırıp,
Shólden-aq óldi jurtta!!!
Heshkim bul músiybette
Ayta almas; «Shúkir et!..» dep.
Sanama qısıwmet bul,
Qısıwmet shadlıǵıma!
Balama músiybet bul,
Músiybet aqlıǵıma!.. [37; 32 b.]

Írasında da, Ámiw menen Araldıń ólimi, tiykarınan alǵanda, biziń Ana topıraǵımızdıń ólimi menen bara-bar ekenligi ıras. Bunı shayır poetikalıq túrde ulıwmalastırıp, onı astarlı simvoliko-metaforalıq túrde oqıwshılarǵa tereńnen uqtırıwǵa eriskenligi anıq. Bul nárseni ǵárezsizlik dáwirindegi milliy poeziyamızdıń úlken tabıslarınıń biri dep qarasaq arzıydı. Shayır usınday tabıslardı mınaday qatarları menen taǵı da ayqınlastırıp, pikirlerdi ótkirlestirip beriwi búgingi ǵárezsizlik hám demokratiya dáwiri ideyalarına, erkin pikirlewlerine tolıq sáykes keledi.

Ámiw joq!..

Aralım jo-oq!!! –
Shúkirlik ete almayman!
Heshqayda bararım joq,
Bezip te kete almayman!
Ketpesem – qaqlanarman,

Duzlanıp saqlanaman!
…«Jer óldi!» degenge sol,
Kórsem de isene almayman!
Tuwǵan Jer sorlap ólse,
Keń ǵoy ol,
Kóme almayman!
Men ólsem – bir arshın jer,
Jer ólse qayda sıyar?!
Kim kimge: «Shúkir et!» der,
Onıń ne paydası bar?! [37; 33 b.]

Bul naǵız zamanagóyligi basım ótkir ideya bolıp, onda hárbirimizdiń Ana jerdiń nabıt bolmawı ushın gúresiwimiz kerekligi uqtırılǵan. Shayırdıń bul qosıqtaǵı publicistik-filosofiyalıq juwmaǵınıń ótkirligi, kórkem obraz jasawınıń ózgesheligi usınday tárepleri menen ayqın kórinedi.

Sh. Seytovtıń eń zamanagóy lirikasınıń biri «Qaytarıp ber meniń Ámiwdáryamdı» – dep ataladı. Ol óz dáwiriniń naǵız gimni boldı desek arzıydı. Qosıqtı jırawlardıń kámine keltirip atqarıwı da onıń keń jámiyetshilikke tásirsheńligin arttırdı dep oylaymız. Shayır dáwir mashqalaların júdá batıllıq penen ortaǵa taslay otırıp, tiykarınan alǵanda, Aral, jer, suw máselelerin ayrıqsha ótkirlik penen sáwlelendirgen. Qosıq shayırdıń poeziyalıq toplamlarınan orın almasa da, onıń mektep hám licey baǵdarlamaları menen xrestomatiyalıq oqıw qurallarına kirgiziliwi orınlı dep oylaymız. Shayırdıń qosıqta sheber sóz saplawları, pikirdi ótkir túrde beriwi, geypara jaǵdaylarda óz oyların diniy isenimlerge de baylanıstırıp, ortaǵa taslawı oqıwshınıń dıqqatın ayrıqsha ózine tartadı. Bul nárse súwretlewdiń «Sárkarda túyege aylanǵan arqarlar…» poemasındaǵı ideyalıq-estetikalıq principlerine de uqsap ketedi.

Mısalı:

Ózińnen bez dedi, bezdim ózimnen,
«Sózińnen bez!» dedi, bezdim sózimnen,

Aldıńda bozlayın bolıp boz ingen,
Allam, ápiw etkil awır gúnamdı!

Sheshenge sıyındım, aldadı meni,
Kósemge sıyındım, aldadı meni!
Basqa sıyınarım qalmadı endi,
Ráhim áylegil, qıynama jandı![38]

Sezilip turǵanınday-aq, bul qatarlarda súwretlengen dáwir shınlıǵı hám onı sáwlelendiriwdegi realizmniń tereńligi, haqıyqatlıqtıń qatań túrde beriliwi oqıwshınıń dıqqatın birden-aq ózine tartadı. Shayır óz oyın taǵı da ótkirlestirip hám ayqınlastırıp bılay degen:

Sorlı peshanamnıń sorın juwayın,
Anamnıń sor ashqan górin juwayın,
Maǵan awız suw ber, erin juwayın,
Qaytarıp ber meniń Ámiwdáryamdı?!

Óziń ádalatlı, óziń haq bolsań,
Bárshe xalıqqa ádil qaramaq bolsań,
Qaraqalpaq xalqın qırmayjaq bolsań,
Qaytarıp ber, aqırı, Ámiwdáryamdı?! [38; 8-9 b.]

Shayır usılayınsha pútkil jámiyetshilikke – basshıǵa da, qosshıǵa da úndew taslay otırıp, óz ideyasınıń ótkirligine eriskeni, oy-pikirdi batıl túrde ayta biliwdiń poetikalıq jolın júdá sátli oylap tapqanı kózge taslanadı. Sonıń ushın da, qosıq tásirsheńligi hám ideyasınıń ótkirligi menen sońǵı jıllardaǵı milliy poeziyamızda belgili orın iyeledi, ádebiyatımızdıń social-jámiyetlik belsendiliginiń artıwına xızmet etti.

[38] *Сейтов Ш.* Қарақалпақ ғаррысының қудайға қол жайып жалбарыныўы. // «Әмиўдәрья», 1990. №5. – Б. 8. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Sh. Seytovtıń «Qıyal atawı» poeması da ádebiyatımızda qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw temasın sheber túrde súwretlegen dóretpelerdiń biri. Poema mektep jasındaǵı balalarǵa arnalıp jazılıp, onda dáwirdiń eń aktual máseleleri bolǵan, jer, suw hám ekologiya mashqalaları ortaǵa taslanǵan. Shıǵarmada birqansha jas óspirimlerdiń obrazı sheber túrde ashıp berilgen.

Shıǵarmanıń syujeti shaǵın: bir kúni «Botakóz kól» dep atalǵan kólden uzaq bolmaǵan jerdegi qopalıqtan mektepke qatnap júrgen balalar – Baxtiyar, Ánwarlar ǵazdıń segiz máyegin tawıp aladı. Dáslep balalar olardı kempir apası bergen eki máyekke qosıp pisirip jewdi oylaydı. Biraq kewilshek hám miyrimli Ánwar buǵan qarsı boladı. Usı sebepli balalar máyeklerdi uyasına qaytarıp aparıp saladı. Biraq sol balalardıń Sháryar atlı tuwısqanı bul máyeklerdi úyindegi qurıq basıp atırǵan tawıqtıń astına saladı. Al, onıń óziniń jup máyegin bolsa ǵazdıń uyasına qoyıp ketedi. Kúnlerden kúnler ótip, úyde onlaǵan ǵaz palapanları payda boladı. Biraq olardıń nawadaǵı suwǵa, sharbaq átirapına kónligiwi qıyın boladı. Bunı sezgen Bazar atlı kempir Sháryardı ayıplaydı, biraq ol ǵaz máyeklerin Ǵazturǵan atlı qońsıdan satıp aldım dep qutılǵan boladı. Al, kólde bolsa ǵazdıń uyasınan shıqqan eki jabayı tawıq úlkeye baslaydı. Onıń sırı balalarǵa qıs dáwirinde ǵana ashıladı. Bul tuwralı «Jetkinshek» gazetasına xabar berilip, usıǵan baylanıslı qızıq áńgimeler basılıp shıǵadı. Onı shayır bılayınsha súwretleydi:

…«Jetkinshekte» sensaciya!
Tıńla, tıńla, tıńla, Dúnya!
…Jup jabayı jubay tawıq,
«Uyalıǵa» kelgen awıp!
Qashan, qaysı materikten,
Bul awılǵa kelip pitken?!
Jigirmaday shójesi bar, –
Gási qızıl, gási shubar!...

Dúr-dúr ushar qırǵawılday,
Tawıq bar ma sirá bunday?![39]

Solay etip, bul kól ayrıqsha qorıqxanaǵa aylandırılıp, sol jabayı tawıq hám basqa da haywanatlar, quslar, ań túrleri saqlana baslaydı.

Biraq, tıńnan jer ashıwshılar basqa da jerler qatarı bul mákannıń da torańǵılların qoparıp, kóllerin kómip haywanatlar dúnyasına zıyan keltire baslaydı. Buldozershilerge qarsı turǵan Baxtiyar, Ánwar, Sháryarlarǵa olardıń kempir apası Qurban mama kelip qosıladı–kempir dúkkish traktordıń aldınan shıqpay turıp aladı. Usı sebepli traktorshı jigit baslıǵınıń buyrıǵına da qaramastan qashıp ketedi. Qarańız:

Buldozershi, ırǵıp jerge:
«Kettim, – dedi, – ministrge!
Toǵay qurtıw – plan emes!..
Adam degen jılan eme-ess! –
Pashırlatıp basa almayma-an!
Hújdanımnan qasha almayma-ann!.. [39; 146 b.]

Solay etip, bul ataw «Botakóz kól» degen úlken qorıqxanaǵa aylandırıladı. Ol jerge qırǵawıldan basqa, krokodil, ayıw, jolbarıslar da alıp kelinip, óz aldına bir quslar – haywanatlar dúnyası payda boladı. Ol jerdegi jolbarıs torǵa salıp qoyılmastan, adamlar menen birge júre beretuǵın halǵa jetedi. Bulardı shayır kórkem fantaziyanıń kúshi menen bılayınsha súwretleydi:

Bul toǵay, kól máńgi qorıq!
Qamısın da bolmas orıp!

[39]*Сейтов Ш.* Жоллар. Қосықлар ҳәм поэма. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987. – Б. 147. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Toǵay shapqan sudlanadı!
Malı-múlki xatlanadı!
Atıladı qusın atqan!... [39; 149 b.]
…«Bul jabayı eks tawıq,
Qay ıqlımnan kelgen awıp?!..»
…Selteń bermeń, oqıwshılar,
Jım-jırtlıqtan ilim tuwılar!… [39; 150 b.]
…Suwda jatır zil, qara zil,
Gavanalı krokodil!
Asıp kelgen uzaq tawdan,
Ayıwlar júr awdań-awdań!
Quslardıń bar lyuboy túri,
Aqquwlar ma? Pojaluysta!... [39; 151 b.]
…Zoolog keler Magadannan,
Hindler kelse joqlar pildi,…
…Ne jetpeydi bunda jáne,
Aytıń, doslar, aytıń, qáne?!
…Bola qaldı hámme uw-shuw:
– Suw jetpeydi!
– Suw kerek!...
– Su w w w!...
– Dıqqat kerek Tábiyatqa!.. [39; 152 b.]

Demek, tábiyattı kózdiń qarashıǵınday saqlaw poemanıń tiykarǵı ideyası bolıp esaplanadı. Shayır bunı oqıwshı jaslarǵa qayım hám túsinikli, obrazlı ótkir til, ıqsham syujet penen júdá tabıslı súwretlep bergen.

Shayır dóretiwshiliginde urıs teması, hayal-qızlar teması da belgili orın iyeleydi. Máselen; «Jollar» toplamındaǵı usı temalarǵa arnalǵan qosıqları haqıyqatshıllıǵı, ótkirligi, tragediyalıq boyawlarınıń qoyıwlıǵı menen ajıralıp turadı.

Shayır «Hayal» qosıǵında waqıyalardı lirikalıq sheginis retinde súwretley otırıp, oqıwshılardıń kóz aldına hayal-qızlar basınan ótken

awır tragizmdi tereńlestirip beriwge erisedi. Usı arqalı gumanistlik ideyalardı ortaǵa taslaydı. Bul nárse tómendegi qatarlarda júdá ayqınlastırıp berilgen:

Qızıń ot ishinde shıńǵırǵan waqta,
Muzday qollarıńdı silkti avtomat!..
Endi… dar sallanǵan qarlı alańda,
Qalay sen turasań názik gúl bolıp?!–
Bópeń Osvencimda otqa qalanǵan:
«Apa-aaa!..» dewi menen óshse kúl bolıp!...
Seni jumsartıwdı oylasam bazda,
Kúlkiń jutındırıp gúlge teńeymen!
Liykin «Ana jan!» dep, ishimnen aznap,
Seni «WATAN!» deymen, «HAYAL!» demeymen!.. [39; 25 b.]

Bul qatarlarda kútá tereń máni bar. Tragediyalıq sıpatları basım bul qatarlar realizmniń tereńligi, gumanizmi menen dıqqattı ayrıqsha ózine qaratadı. Álbette, bulardıń barlıǵı sóz sheberiniń pútkil dúnya júzi Analarına qarata aytılǵan sózleri edi. Sebebi, ondaǵı shınlıq kartinaları, ırasında da, Ekinshi jáhán urısı dáwirinde naǵız ómirde bolǵan waqıyalardan alınǵanı ayqın kórinip tur. Shayırdıń usı jıllardıń zardabın shekken analar tuwralı «Mástan mama», «Búgin ótmish bolıp atalǵan jıllar» hám t. b. qosıqlarında da joqarıdaǵı tereń ideya sheber súwretlenip, olar bir-birin ideyalıq hám poetikalıq jaqtan tolıqtırıp, jetilistirip baradı.

Mısalı:

«Mástan mama!..» demeń! –
Ermeklep onı –
…«Jetim-jesirlik» ne?! –
Ne ózi qayǵı?!
«Ayralıq!» degendi bilmeysiz hárgiz!..

Ózi tánha edi bul qız shırayǵa,
Ashıǵı–mıń edi, bul edi jalǵız.
Mástan emes edi, shoq dilbar edi,
Shahla kózli edi, shashları súmbil.
Arzıwlısına ol, ahıw-zar edi,
Mágár, yardı súyseń–sóytip súye bil!
Qırıq jıl izin «iyiskep» wapadarınıń,
Búkir bolıp pitti qáddi-dalları! [39; 25-26 b.]

Haqıyqatında da, bul sol bir qaralı urıs jıllarınıń ashshı shınlıǵı edi. Sonlıqtan olardı shayır taǵı da ayqınlastırıp, oqıwshılarǵa olardı burınǵıdan da tereńirek túsindirip barıp, poetikalıq sheberlikti jetilistirip baradı.

Shayır qosıqta lirikalıq qaharman menen ómirdegi obyektiv qaharmanlar ortasındaǵı ara qatnaslardı shın berilip, úlken gumanizm menen súwretlegenlikten, qosıqtıń tásirliligi, emocionallıǵı artıp baradı, bul nárse shayırdıń poeziyadaǵı ayrıqsha jolın belgilep beretuǵınday.

Sh. Seytov óziniń analar, ulıwma hayal-qızlar tuwralı oy-pikirlerin «Anajan» qosıǵında mınaday qatarlar arqalı lirizmdi ayrıqsha kúsheytip, analarǵa bolǵan qatnastı taǵı da tolıqtırıp súwretlegen.

Bir qara aspanǵa, qara, anajan,
Ǵazlar ǵayrı ellerge qaytıp baratır,
Bizge xoshalliyar aytıp baratır,
Bir qara aspanǵa, qara, anajan!

Jılwanjap boyları, súyrikli jasqa…
Jaslıq–bul hám báhár, ornı bir basqa,
Bir qara aspanǵa, bir qara ǵazǵa,
Qız kúnińdi eske salar, anajan. [39; 59 b.]

Demek, lirikalıq qaharman óz anasınıń biraz jasqa barıp qalǵan kúnlerinde endigi jaǵında da onıń ómiriniń saw bolıwın tilegisi keledi hám ananıń jaslıǵı arqalı pútkil insaniyat jaslıǵınıń báhári, onıń gózzallıǵı tuwralı sır shertip, jaslardı estetikalıq gózzallıqqa insan ómiri tuwralı tereń oyshańlıqqa tárbiyalap barǵısı keledi. Óz lirikalıq qaharmanların usılayınsha oyshań, tereń pikirlewshi, insan ómirin hár tárepleme durıs túsiniwshi adam etip kórsetiw Sh. Seytov poeziyasınıń baslı ózgesheliklerinen esaplanadı.

Shayırdıń «Ana jan» qosıǵında shın mánisindegi ómir, ondaǵı zalım ayralıqtı qaralawshı insan sezimleriniń ullılıǵı menen insaniyat aqıl-parasatınıń tereńligi sheber sáwlelengen. Bılayınsha aytqanda, qaysı bir insan óz anasınan ayırılıp qalǵandı jaqsı kórer eken?! Qosıq qatarlarında usı ideya júdá ótkir hám ekspressiv-emocional túrde janlandırılıp, tereń oylı formada jetkerilgeni dıqqatqa ılayıq. Demek, bul qosıqta Sh. Seytovtıń poetikalıq sheberligi ayrıqsha kózge túsip turǵanlıǵına jeterli itibar beriwimiz kerek. Shayırdıń muhabbat temasın jırlawda da ózine tán jolı bar. Bul nárse sóz sheberiniń «Kel, teris qaytayıq» qosıǵında da óz haqıyqatshıllıǵı, satira-yumorlıq sıpatları arqalı kózge túsedi. Shayır bul qosıǵında hárbir sóz hám sóz dizbeklerin paydalanıwda úlken juwapkershilik penen qatnas jasap, olarǵa tereń máni berip qollanadı degen sóz. Bunday ózgesheliklerdi Sh. Seytovtıń basqa da qosıq qatarlarınan kóriwge boladı. Mısalı: joqarıda biz mısalǵa keltirgen «Hayal» qosıǵında: «Muzday qollarıńdı silkti avtomat!..» [39; 25 b.] degen qatarlar bar. Usı jerde shayır hayal avtomat attı degen sıyaqlı qatarlar menen sózdiń tuwra maǵanasında jazǵanda pikir usılayınsha obrazlı hám emocional túrde shıǵar ma edi?! Álbette, joq! Al, shayırdıń aytqanınday, «qollardı avtomat silkiwi» bul sawash situaciyasında avtomat oqlarınıń tınımsız jawdırǵanlıǵın naqma-naq túrde kóz aldımızǵa eleslete aladı hám ol obrazlı, qıymılqozǵalıstı janlı túrde sáwlelendiredi, lirikalıq qaharmandaǵı ǵázep otların da ashıp beredi. Sonlıqtan shayır poeziyada qosıqtıń, sózdiń

hárbir mikroelementlerine, qosıq qatarlarınıń buwın sanlarına, olardıń uzaq yamasa kelte buwınlı bolıwlarına shekem ayrıqsha dıqqat penen qatnas jasap dóretiwshilik is tutadı. Usı baǵıttan Sh. Seytovtıń qosıqlarınıń kópshiligi uzaq, kóp buwınlı (15-18 buwınǵa shekem) bolıp kelse de, ayırım «Folklorshı Qallı aǵa Ayımbetovtıń… aqılı», «Ákem Qazaqbay Seytovtıń…aqıllarınan» [39; 53-55 b.] sıyaqlı qosıqlarında burınǵı dástúriy jıraw poeziyasınıń qosıq qurılısın sheberlik penen paydalanadı. Bulardıń barlıǵı avtor alǵa qoyǵan ideyalıq-estetikalıq maqsetlerge, ideyalarǵa hám shayır gózlegen poetikalıq jańashıllıq nıshanalarına baylanıslı sanalı túrde sheberlik penen qollanılǵanı úlken áhmiyetke iye.

Juwmaqlap aytqanda, biz Sh. Seytovtıń joqarıda atı atalǵan birneshe qosıqların hám «Qıyal atawı» poemasın tallaw arqalı shayırdıń ǵárezsizlik dáwirinde urıs temasına, tubalawshılıq dáwiri illetlerine, tábiyattı qorǵaw mashqalasına úlken itibar bergenliginiń, bul baǵdarda tárbiyalıq áhmiyeti joqarı kórkem obrazlar dóretkenliginiń gúwası bolamız. Shayır kóp jaǵdayda óz dáwirinen ozıp qálem terbetkenligin ańlaw qıyın emes. Onıń qáleminen dóregen «Jollar» toplamı biziń bul pikirimizdi dálilleydi. Óytkeni, bul toplamdaǵı kóplegen dóretpeler ǵárezsizlik, demokratiya hám járiyalılıq ruwxında jazılǵanlıǵı menen házirgi kúni de bahalı.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. Sh. Seytovtıń «Jollar» toplamındaǵı tubalawshılıq dáwiri illetleri áshkaralanǵan qosıqları haqqında aytıp beriń.
2. «Qıyal atawı» poemasınıń problematikası hám obrazlar dúnyası haqqında qanday pikirdesiz?
3. «Qaytarıp ber, meniń Ámiwdáryamdı» qosıǵın yadlań.
4. «Keleshek górdey me eken, jerdi de jerley me eken?» dóretpesiniń shayır dóretiwshiliginde tutqan ornı qanday? Bul dóretpeniń ideyalıq hám kórkemlik ózgesheligi haqqında aytıp beriń.

5. Shayır poeziyası izertlengen miynetlerdiń bibliografiyasın dúziń.

6. Shayır lirikasın mazmunlıq hám formalıq belgisi boyınsha jikleń.

## TEŃELBAY SÁRSENBAEV
*(1940–2005)*

Teńelbay Sársenbaev belgili lirik shayır. Ol 1940-jılı 9-iyulda Kegeyli rayonınıń burıńǵı Engels atındaǵı sovxozı aymaǵında tuwıladı. Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutın pitkerip, áskeriy xızmette boladı, dáslepki miynet jolın Nókis rayonında baslaydı (1969–1973-jj). Soń Qaraqalpaqstan televideniesi hám radioesittiriw komitetinde redaktor (1974–1988), keyin «Ámiwdárya» jurnalında redaktor, ádebiy xızmetker (1989–2000) bolıp isleydi.

Teńelbay Sársenbaev házirgi dáwir qaraqalpaq poeziyasınıń rawajlanıwına ideyalıq-tematikalıq, janrlıq-stillik hám kórkemlik jaqtan bayıwına belgili úles qostı. Xalıq tiliniń álwan túrli qashırımların, tereń obrazlı ibaralarin, aforizmlik sıpatqa iye sırların tereń iyelewi hám onı dúnya ádebiyatınıń aǵla ádebiy dástúrleri menen ushlastıra biliwi shayırdıń poeziyamızda óz soqpaǵın, óz jolın tezirek tabıwına, tákirarlanbas lirikalıq, liro-epikalıq dóretpeler jazıwına sebepshi boldı. Nátiyjede, ol «Jarshı» (1974), «Debdiw» (1977), «Qubılıw» (1980), «Qaynawıt» (1983), «Shabıwıl» (1989), «Dúnya menen dártlesiw» (1990), «Tańırqant» (1995) atlı poetikalıq toplamlarına onıń kóp sanlı qosıqları menen birge «Qız» dástanı, «Qaynawıt» poemaları kirgizilgen, birneshshe balladaları baspadan shıǵarıldı hám poeziya ıqlasbentleriniń kewlinen shıǵa aldı. Bul toplamlardıń ayırımları tuwralı, ulıwma shayır poeziyasınıń ózgesheligi tuwralı birqansha ilimpazlardıń, poeziya ıqlasbentleriniń

pikirleri baspasóz betlerinde jarıq kórdi[40]. Shayırdıń lirikalıq dóretpeleri tuwralı belgili ádebiyatshılardıń monografiyalarında, maqalalar jıynaqlarında, dissertaciyalarında da bahalı pikirler bildirilgen[41]. Máselen, Q. Orazımbetov T. Sársenbaevtıń «Dúnya menen dártlesiw» toplamındaǵı qosıqlardıń teoriyalıq máselelerin izertley otırıp, lirikalıq qaharmannıń dártli oyların oqıwshıǵa jetkeriwdegi, emocionallıq tásirsheńligin kúsheytiwdegi assonans hám alliteraciyalardıń áhmiyetine toqtap ótedi. Ilimpaz T. Sársenbaev qosıqların I. Yusupov, M. Qarabaev, K. Raxmanov, B. Genjemuratovlardıń dóretpeleri menen salıstırmalı túrde tallaydı[42].

T. Sársenbaev xalqımızdıń awızeki ádebiyatı dástúrlerin, ushqır tilin, qıyınnan qıyıstırılǵan danalıq sózlerin jaqsı biletuǵınlıǵı sebepli onıń joqarıda atı atalǵan eki toplamındaǵı qosıqları, balladaları, poema hám dástanı tiliniń shireligi, tásirsheńligi, filosofiyalıq tereńligi, kórkem obrazlarǵa, detallıq súwretlewlerge

---

[40]*Султанов Қ.* «Булттан шыққан ай болып». // «Еркин Қарақалпақстан», 1996, 24-август.; *Баҳадырова С.* Дүнья менен дәртлескен шайыр. // «Еркин Қарақалпақстан», 2001, 3-июнь.; *Мәмбетниязов Т.* Шайыр шабыўылға шықса. // «Әмиўдәрья», 1990, № 6.; *Алламбергенов К.* Бийғәрез еркин ҳаўазлар. // Саҳрайы бүлбилдей сайраған. // «Әмиўдәрья», 2011, № 2. – Б. 61-66.; *Балтамуратов А.* Шабыўыл жасайтуғын еди, әттең… // «Устаз жолы», 2009, 9-май.; *Турдыбаев Қ.* Дәўир ҳақыйқаты ҳәм лирикалық қаҳарман образы. Илимий мақалалар топламы. – Нөкис, ҚМУ, 2011.; *Аяпов А.* Публицистикалық лирикада лирикалық қаҳарман. (Т.Сәрсенбаев шығармалары мысалында.) // «Әмиўдәрья», 2009, № 2.; *Usı avtor:* Шайыр Теңелбай Сәрсенбаетың публицистикалық лирикасы. // «Әмиўдәрья», 2020, № 6.

[41]*Ахметов С.* Қарақалпақ совет поэзиясы. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.; *Оразымбетов Қ.* Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. – Нөкис, «Билим», 2004. – Б. 122-124.

[42]*Оразымбетов Қ.* Таңламалы шығармалар топламы. Еки томлық. I том. «Билим», – Б. 250.

baylıǵı menen ayırılıp turadı. Sonlıqtan da filosofiyalıq tereńlik, pikirlerdiń aforizmlerge orap beriliwi shayır shıǵarmaların bezep turadı. Bul nárse, óz gezeginde, shayır shıǵarmalarınıń oqılıw auditoriyasın keńeytiwge, emocionallıq tásirsheńligin arttırıwǵa xızmet etedi. Usı kózqarastan shayırdıń «Dúnya menen dártlesiw» (1990), «Tańırqant» (1995) atlı poetikalıq toplamları ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyamızdıń rawajlanıwına qosılǵan elewli úles boldı, desek asıra siltegen bolmaymız. Ásirese, keyingi toplam avtordıń tınımsız túrdegi hám kóp jıllıq izlenisleriniń jemisi bolıp, oǵan shayırdıń ideyalıq salmaǵı úlken, kórkem qunı joqarı, xalıqlıǵı hám filosofiyalıq sıpatı tereń kóp ǵana shıǵarmaları kirgizilgen. Sonlıqtan da, olar ideyalıq-tematikalıq baǵdarı, janrlıq-stillik ráńbáreńligi hám kórkem qunı boyınsha házirgi poeziyamızda ılayıqlı orınǵa iye. Máselen, shayırdıń bul toplamdaǵı «Shıńlanıw», «Qubılıw», «Tańırqant», «Kúnniń qurısı», «Aspan astında», «Kisiniń qádiri», «Dúnya», «Adam kúni adam menen» hám t.b. filosofiyalıq lirikaları jámiyet hám tábiyat qubılısların bir-biri menen baylanısta hám tereńnen bahalawı, filosofiyalıq juwmaqlar shıǵarıwı menen bahalı. Bul qosıqlardaǵı lirikalıq qaharman óziniń haqıyqatgóyligi, átiraptı qorshaǵan dúnya hádiyselerine baylanıslı ishki debdiwleri menen insanıy minez-qulıq dúnyasın, morallıq-psixologiyalıq kelbetin tereńnen súwretleytuǵın, ómir aǵısın tábiyiy hám ulıwma xalıqlıq sóylew tiliniń obrazlılıǵın sheberlik penen paydalanatuǵın shayırlardan biri.

Shayır óziniń kóplegen qosıqlarında óz maqsetleri menen baǵdarlamaları, poeziyanıń hasıl ózgeshelikleri menen onıń estetikalıq muratı hám turmıstaǵı roli tuwralı kóp jazdı hám talapshańlıqtıń da úlgisin kórsetedi. Ol usı kózqarasların «Shabıwıl» qosıǵında tómendegishe bildiredi.

Shabıwıl jasayman ele de,
Jamanlıq atına janıǵıp.

Bul dúnya kelgenshe kelege,
Adamlar aytqansha anıǵın[43].

T. Sársenbaevtıń «Tańırqant» toplamındaǵı «Muhabbat máwsimleri» dep atalǵan dúrkini keńirek toqtawdı talap etedi[44]. Bul dúrkin «Birinshi máwsim», «Ekinshi máwsim» hám «Úshinshi máwsim» dep atalǵan qurılıs bólekshelerden ibarat bolıp, olarda lirikalıq qaharmannıń oy-sezimleri hár máwsimniń ózgesheligine baylanıslı túrlishe jırlanadı. Dúrkinniń birinshi bóliminde lirikalıq qaharmannıń jas óspirimlik waqıttaǵı «aq bozlaq qız»ǵa degen súyiwshilik sezimleri sheber túrde beriledi. Xalıqlıq muhabbat qosıqlarındaǵı, ashıqlıq dástanlarındaǵı súwretlew tájiriybesin shayırdıń júdá puqta úyrengenligin joqarı bahalawǵa boladı. Sonlıqtan, dúrkinniń birinshi bóliminde ayrıqsha bir lirizm, jıllı lep sezilip turadı. Bul nárse, ásirese, avtordıń tıńnan sóz saplawları menen qıyınnan qıyıstırılǵan qatarlarında, teńewleri menen metaforalarında, salıstırıwlarında ayqın sáwlelenedi. Usı sebepli bul dúrkin oqıwshınıń júregine qozǵaw sala aladı. Dúrkinniń ekinshi bóliminde erjetken, aqılı tolısqan, biraq muhabbattıń magnittey kúshiniń qulı bolıp júrgen lirikalıq qaharmannıń arpalısqan sezimleri, ayralıq azabın barınsha tartqan adamnıń kúyinish-súyinishleri súwretlenedi. Al, dúrkinniń úshinshi bóliminde bolsa shańaraq qurǵan, táwir-aq jasqa barǵan lirikalıq qaharmannıń jaslıq jıllarında ashıq bolǵan sulıw qızınıń túsine engenligin shabazına aytıwı, onıń narazılıqqa tolı juwapları yumorlıq planda súwretlenedi. Bul nárse shıǵarmanıń lirizmin taǵı da arttıradı. Ulıwma aytqanda, T. Sársenbaevtıń «Muhabbat máwsimleri» dep atalǵan dúrkini ǵárezsizlik jıllarındaǵı qaraqalpaq muhabbat lirikasına qosılǵan belgili úles boldı, – dep ayta alamız.

T. Sársenbaev milliy ádebiyatımızda burınnan elewli orınǵa iye bolǵan arnaw janrın bunnan bılay da rawajlandırıwǵa bel-

[43]*Сәрсенбаев Т.* Шабыўыл. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989. – Б. 3.
[44]*Сәрсенбаев Т.* Таңырқант. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995. – Б. 17.

gili úles qosqanın kóriwimizge boladı. Ol ǵárezsizlik jılları «Qaraqalpaqstan», «Qaraqalpaq», «Bunı bilgen biler», «Biziń Keńesbay», «Duwtardı qańtarıw», «Sırlasıw» hám t.b. arnaw qosıqların jazıw arqalı ádebiyatımız benen mádeniyatımızdıń rawajlanıwına salmaqlı úles qosqan ǵayratkerlerdiń kórkem obrazın jasawǵa umtılǵan. Bunda shayırdıń este qalarlıq detallıq súwretlewleri, marhum zıyalılardıń ádebiy portretlerine shtrixlar sıpatında bahalansa arzıytuǵın kartinalıq kórinisleri oqıwshınıń názerin ózine tartadı.

T. Sársenbaev ǵárezsizlik jıllarında doslıq temasına arnap ta qosıqlar dóretti. Usı kózqarastan onıń «Xanalasım, Qırǵızstan» dep atalǵan dúrkini dıqqatqa ılayıq. Shayır A. Dabılov, S. Nurımbetov, T. Jumamuratovlardıń bul baǵdardaǵı ádebiy tájiriybelerinen sheber paydalanǵanı sezilip turadı. Shayırdıń bul temadaǵı qosıqları, ásirese, I. Yusupov poeziyası menen sabaqlas ekenligin abaylawımızǵa boladı. Mısalı; «Xanalasım, Qırǵızstan!» dúrkinindegi «Qırǵızstan», «Alatawǵa», «Íssıqkól», «Nurpayıs Jarqınbaevqa», «Qız quwmay», «Jámiylaǵa» *(Sadıqtıń tilinen)* qosıqları[45] tuwısqan túrkiy tilles xalıq bolǵan qırǵızlardıń úrp-ádetine, eline, milliy psixologiyasına degen úlken húrmet seziminen tuwǵan dewimizge boladı. Bul dúrkindegi qosıqlardıń Sh. Aytmatovtıń «Jámiyla» povesti tásirinde jazılǵanlıǵı, ulıwma, olarda shayırdıń qırǵız xalqı mádeniyatınan tereń tásirlengenligi ayqın sezilip turadı. Óytkeni, dúrkinde Jámiyla, Daniyar qusaǵan qaharmanlardıń atlarınıń, «Íssıq kól», «Narın», «Alataw» qusaǵan toponimikalıq atamalardıń keltiriliwi, lirikalıq qaharmannıń olarǵa degen miyirmanlıq, adamgershilik, tuwısqanlıq sezimleriniń attan-anıq bilinip turıwı biziń pikirimizdiń dálili. Bunıń ústine bul dúrkin lirikalıq qaharman kewliniń keńliginen, gumanistlik sezimleriniń bálentliginen derek beredi. Bunı shayırdıń «Qazaq shayırı Muxtar Shaxanovqa» degen qosıǵı da ayqın dálilleydi.

[45] *Сәрсенбаев Т.* Дебдиў. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977, – Б. 56-60.

T. Sársenbaev XX ásirdiń keyingi shereginde qaraqalpaq liro-epikalıq poeziyasın rawajlandırıwǵa da belgili úles qostı. Ol ballada, poema hám dástan janrlarınıń kórkem sapasınıń artıwı, dáwir, el-xalıq dárti menen milliy mentalitetimiz mashqalaların sáwlelendiriw ushın tınımsız izlenisler alıp bardı. Usı kózqarastan, avtordıń «Aylanba dúrre haqqında ballada», «Aysaranıń balası», «Áyse kempir haqqında ápsana», «Tuttırmay ketken peri haqqında», «Eshay pańqıldaq», «Qalıqpa kópir haqqında ballada», «Qawın qorıq» hám t.b. balladaları dıqqatqa ılayıq. Olardı avtor awızeki ádebiyatımızdıń dástúrlerinen sheber paydalanıwı arqasında dóretken. Máselen, «Aylanba dúrre haqqında»[46] shıǵarmasınıń syujeti lirikalıq qaharmannıń Ekinshi jáhán urısı qarsańındaǵı biyǵam balalıq dáwirine tiyisli waqıyalardı súwretlewden baslanadı: úlkenler basa-bas jumısta, al, kishkeneler keshte «Mańlay shertpek», «Ay kórmek», «Aylanba dúrre» oyınların oynaw menen bánt. Keyingi oyınnıń tártibi boyınsha balalar ortasınan «xan» saylanadı. Onıń hámiri boyınsha jumbaqtıń juwabın qáte tawǵan bala jazalanıwı – «aylanba dúrre» menen sabalanıwı kerek. Sádirbay degen bala usınday «jaza»ǵa ushıraydı. «Xan»nıń buyrıǵın orınlap atırǵan Qádirbay Sádirbaydı dúrre menen táwir-aq uradı. Shayır buǵan narazı bolǵan lirikalıq qaharmannıń halatın bılayınsha beredi:

… – Qus degeniń ushın qoyandı,
Sádirbay sen on dúrre aldıń –
Dep, ornınan turdı daǵı «xan»
Dóndirdi me deyseń bir zaman.
…Jaz túniniń tınıshın buzıp,
Ura berdi Qádirbay qızıp,
…Qulındaǵı dawısı shıǵıp,
Óksigin tek ishine tıǵıp:

[46] *Сәрсенбаев Т.* Шабыўыл. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989. – Б. 69-72. Endigi mısal usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

– Aytıp beremen, – dep, aǵama,
Ol isinip ketti oǵada.
«Oyın haram» degen shınında–
Usı eken-ǵo, sırı bunıń da,
…Ishten jılap, ishten jaslandı,
Erteńine urıs baslandı! [46; 71-72 bb.]

Demek, kishkene ǵana ballada da urıs atın esitken lirikalıq qaharmannıń halatı sheber súwretlengen. Lirikalıq qaharmannıń balalar arasındaǵı «Xan» oyını sheshimine degen narazılıǵınıń Ekinshi jáhán urıs aldındaǵı ǵulǵulalı máwritler menen baylanıstırılıp beriliwi júdá isenimli shıqqan. Urıstan aldın «Aylanba dúrre» oyının oynaw arqalı bir-birin awırǵansha sabap júrgen jas óspirimler kóp uzamay urıstıń tragediyalıq aqıbetin tartıwǵa májbúr. Shayır «Oyınnan oymaq shıǵadı», degen xalıq danalıǵın tragediyalıq sıpatqa iye mazmundı beriwge sheber paydalanǵan.

T. Sársenbaevtıń «Tuttırmay ketken peri haqqında ballada» shıǵarmasında bolsa dúnya ádebiyatında áyyemnen kiyatırǵan ádebiy dástúrge degen shayırdıń belsendi qatnasın seziwimizge boladı. Shayır búgingi kúnniń aktual máselelerin súwretlewde awızeki ádebiyatta keń tarqalǵan erteklik motivten sheber paydalanǵan. Shıǵarmada yosh-ilham perisi haqqında sóz boladı. Tań sahárde lirikalıq qaharmannıń kóz aldına bir periyzat-ilham perisi jılt etip kórinedi de, kózden ǵayıp boladı. Bunnan keyingi lirikalıq qaharmannıń halatın shayır bılayınsha beredi:

Gá ol shıqtay jılt etip keter,
Gá ol jeńdey jelpinip óter.
Dúbeleyin ishine qosıp,
Quyın eter ózinen beter.
Sóytip bizdey sharasız jandı,
Ármanı azday, etip ármanlı.

Ya tuttırmay, ya bizdi tutpay,
Qol jetpeste sol juldız jandı[47].

Demek, T. Sársenbaevtıń bul balladasında yosh-ilhamnıń azabı hám ráháti, ibratlı jaǵı hám qıyınshılıǵı folklordaǵı peri obrazı arqalı sheber súwretlengen. Bul shıǵarmanı milliy awızeki ádebiyat dástúrlerimiz, I. Yusupovtıń «Peri mingen at» qosıǵı, B. Genjemuratovtıń «Suw peri» poeması menen salıstırma-tipologiyalıq baǵdarda tallaw kóp ǵana qızıqlı ilimiy-teoriyalıq juwmaqlarǵa keliwge tiykar boldı. Bunıń ushın arnawlı izertlew jumısı talap etiledi.

T. Sársenbaevtıń poeziyasında transformaciya qubılısın liro-epikalıq janrlardıń bir-birine ósip ótiw qubılısın baqlawǵa boladı. Máselen, «Qaynawıt» toplamına kirgizilgen «Qız» dóretpesi dáslep *(«Debdiw» qosıqlar hám poema toplamında 1977 j.)* poema degen at penen oqıwshı názerine usınılǵan bolsa, «Tańırqant» toplamında bul dóretpeniń qayta islengen, úlkeytilgen variantı jámiyetshilikke dástan halında usınılǵan. Írasında da keyingi variantında «Qız» dóretpesi turmıs waqıyaların keń-epikalıq masshtabta súwretlewi, qaharman xarakterin hár tárepleme ashıwı, xalıq turmısınıń álwan túrli táreplerin qamtıp alıwı menen aldınǵı úlgisinen keskin parıqlanadı. Bul nárse de shayırdıń dóretiwshilik pocherkiniń ózgesheliginen derek beredi.

Sonıń menen birge, shayır «Qaynawıt» poemasında ótpeli dáwir, milliy ǵárezsizligimizge tiykar salǵan jıllar bolǵan qaynawıtqa tolı qayta qurıw, járiyalılıq dáwiriniń qarama-qarsılıqların jurnalistler ómirine baylanıslı tereń sáwlelendirdi hám óz waqtınıń social-jámiyetlik, siyasiy talaplarına say ún qosıp bardı.

Juwmaqlap aytqanda, T.Sársenbaev ádebiy qaharman obrazın tereńnen alıp hám tábiyiyligi basım halatta sáwlelendiriw arqalı óz

[47] *Сәрсенбаев Т.* Таңырқант. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995. – Б. 142.

dáwiriniń tariyxıy haqıyqatlıǵın, sol waqıttıń social-psixologiyalıq ózgesheliklerin, ulıwma insan psixologiyasın tereń ashqan sóz sheberi.

Sonday-aq, shayır ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyamızdı rawajlandırıwǵa ideyalıq salmaǵı úlken hám kórkem qunı joqarı dóretpeleri menen elewli úles qostı.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. T. Sársenbaev poeziyasında xalıq awızeki ádebiyatı dástúrleriniń áhmiyeti tuwralı aytıp beriń.
2. Shayırdıń muhabbat hám doslıq temasına arnalǵan qosıqlarınıń ózgesheligi haqqında aytıp beriń.
3. Shayırdıń filosofiyalıq lirikasınıń ózgesheligi haqqında qanday pikirdesiz?
4. Shayırdıń balladalarınıń stillik ózgesheligi haqqında aytıp beriń.
5. T. Sársenbaev shıǵarmalarına pikir bildirgen ádebiyatshılar hám olardıń ádebiy-sın maqalaları haqqında qanday pikirdesiz?
6. Shayır shıǵarmaların ideyalıq tematikalıq hám janrlıq toparlarǵa bóliń.
7. T.Sársenbaevtıń filosofiyalıq tematikaǵa qurılǵan qosıqları mısalında óz betinshe jumıs jazıń.

## KEŃESBAY RAXMANOV
*(1942–2004)*

Keńesbay Raxmanov belgili lirik, prozaik hám dramaturg sıpatında belsendilik penen qálem terbetken talant iyesi boldı.

K. Raxmanov 1942-jılı 18-sentyabrde Kegeyli rayonında tuwılıp, orta mektepti tamamlaǵannan keyin áskerlikte xızmet etip, 1969-jılı Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutınıń qaraqalpaq

tili hám ádebiyatı qánigeligin pitkeredi. Qaraqalpaqstan teleradiokompaniyasında redaktor, aǵa redaktorlıq lawazımlarda isleydi. Sońınan Respublikalıq jas tamashagóyler teatrınıń ádebiy bólimin (1978–1981) basqardı. «Ámiwdárya» jurnalında poeziya bóliminiń baslıǵı, (1981–1990) Qaraqalpaqstan Jazıwshılar Awqamında másláhátshi hám t.b. xızmetlerdi atqarǵan.

Jazıwshınıń «Kelin», «O dúnyaǵa mirát», «Laqqılar emlewxanada», «Eglengen báhár» spektaklleri Jas tamashagóyler teatrında hám Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrınıń saxnasında birneshe mártebe tabıslı túrde qoyıldı, tamashagóyler tárepinen jıllı kútip alınıp, unamlı bahalandı. Ol «Kelin» pyesası ushın Berdaq atındaǵı Mámleketlik sıylıqqa miyasar boldı (1978). Jazıwshı, shayır hám dramaturg K. Raxmanovqa «Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen iskusstvo xızmetkeri» (1992) degen húrmetli ataq berildi.

K. Raxmanov dóretiwshiligi XX ásir qaraqalpaq ádebiyatında belgili orın iyeleydi. Ol qaraqalpaq poeziyasın, dramaturgiyasın hám prozasın rawajlandırıwǵa elewli úles qostı. Ásirese, onıń lirikalıq qosıqları menen tórtlikleri, altılıqları menen poemaları XX ásir poeziyasında ózine tán ideyalıq-tematikalıq hám kórkemlik ózgesheliklerge iye. Shayır shıǵarmaları usı waqıtqa shekem «Saǵan asıǵaman» (1970), «Ómir tolǵanısları» (1974), «Tań ashıǵı» (1978), «Ómir sen ullısań» (1981), «Watan muhabbatı» (1984) degen atamalar menen basılıp shıqtı. Olar qaraqalpaq xalqınıń ruwxıy turmısında úlken orınǵa iye boldı. Onıń poeziyalıq shıǵarmaları haqqında S. Axmetov, Q. Kamalov, Q. Sultanov, T. Mámbetniyazov, Yu. Paxratdinov, al, prozalıq shıǵarmaları haqqında S. Bahadırova, P. Nurjanov hám t.b. ádebiyatshılar óz pikirlerin bildirdi[48].

[48] *Ахметов С.* Қарақалпақ совет поэзиясы. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988. 404-б.; *Usı avtor:* Ҳәзирги поэзияның гейпара актуаль мәселелери // «Әмиўдәрья», 1986. №10. – Б. 103-104.; *Камалов Қ.* Дала бүркити. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.; *Султанов Қ.* Инсан қүдирети. – Нөкис: 1970.

Ǵárezsizlik dáwirine kelip onıń lirikasın jańa dáwir kózqarasınan izertlew baslap jiberildi[49]. Degen menen, K. Raxmanov poemaları ele óziniń izertleniwin kútip turǵanlıǵın umıtpawımız kerek. Negizinde, shayırdıń «Bult hám quyash», «Jambas qala», «Sen haqqında qosıq», «Báhár hám ǵarrılar», «Tań ashıǵı», «Qardaǵı iz», «Shól dástanı», «Jasasın paraxatshılıq», «Tazadan kelgen oqıwshı» poemalarınıń ótken ásir milliy poemashılıǵımız tariyxında belgili ornı bar[50]. Al, shayırdıń óz aldına kitap halında basılıp shıqqan

– Б. 129.; *Usı avtor:* К. Рахманов поэзиясы. // «Қарақалпақстан жаслары», 1997, 10-июль.; *Usı avtor:* Өмир толғаныслары (К. Рахмановтың «Мәнзилим алыс» топламы ҳаққында). // «Қарақалпақстан жаслары», 1997, 24-июль.; *Пахратдинов Ю.* Жасларға жүреги жақын инсан (К. Рахмановтың «Мәнзилим алыс» қосықлар топламы туўралы бир-еки аўыз сөз). // «Қарақалпақстан жаслары», 1996, 6-апрель.

[49]*Оразымбетов Қ.* Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. – Нөкис: «Билим», 1992. 124-б.; *Usı avtor:* Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы (1970-2000-жыллар). – Нөкис: «Билим», 2004, 188-б.; *Есенов Ж.* Ақ көкирегим – аппақ дәптерим. // «Еркин Қарақалпақстан», 1992, 19-сентябрь.; *Бекбергенова З.* К.Рахманов поэзиясының өзгешеликлери. // «ӨзРИАҚБ» «Хабаршысы», 2000, №3.; *Дабылов П.* Қорақалпоқ шеъриятида лирик қаҳрамон образининг яратилиш хусусиятлари (Т. Матмуратов ва К. Рахманов шеърияти мисолида). Филол.фан.б. фалс. док. … дисс. автореф. – Нукус: 2018. – 22 б.; *Usı avtor:* Поэзияда қаҳарман мәселеси (К. Рахманов дөретиўшилиги ҳаққында). // «Қарақалпақстан муғаллими». 2002. №3-4.; *Usı avtor:* К. Рахманов лирикасында көркем формалар. // «Әмиўдәрья», 2008. № 4.; *Usı avtor:* К.Рахманов поэзиясында лирикалық қаҳарман образы. // «ӨзРИАҚБ» «Хабаршысы», 2007. № 1.; *Usı avtor:* Яр қәдирин белгилейди айралық (К. Рахманов поэзиясы ҳаққында). // «Қарақалпақстан жаслары», 2008, 22-март.; *Usı avtor:* Поэмада конфликт ҳәм характер (К. Рахмановтың «Қардағы из» шығармасы мысалында). // «Әмиўдәрья», 2010. № 1.

[50]*Ахметов С., Камалов Қ., Алымов Ә., Әбдиреймов Ж.* Қарақалпақ әдебияты. Орта мектеплердиң XI класы ушын сабақлық. – Нөкис, «Билим», 1997. – Б. 183-184.; *Дабылов П.* Поэмада конфликт ҳәм характер (К. Рахмановтың «Қардағы из» шығармасы мысалында). // «Әмиўдәрья», 2010, № 1.

toplamlarına kirmey, «Ámiwdárya» jurnalınıń hám gazeta betlerinde jarıq kóriwi menen qalıp qoyǵan poemaları da barshılıq. Máselen, onıń «Ala sapıranlı jıllar», «Máńgilik ot basında» hám t.b. poemaları usılardıń qatarına kiredi. Keyingi poema haqqında usı oqıw qollanba avtorınıń maqalası jarıq kórdi[51].

Ájayıp talant iyesi burınǵı poeziyalıq toplamlarınan tısqarı ǵárezsizlik jıllarında «Aqıbet» (1992), «Mánzilim alıs» (1995), «Watan tuyǵısı» (2002) atlı prozalıq hám poeziyalıq toplamların bastırıp shıǵardı. Keyingi dáwirde «Ámiwdárya» jurnalı betlerinde «Birinshi muhabbat», «Saqal» romanları basılıp shıqtı.

Keńesbay Raxmanov ázelden-aq Watan tuyǵısın ayrıqsha epkin menen, basqa shayırlarǵa salıstırǵanda da ózgeshe pafos penen jırlaǵan sóz sheberiniń biri bolıp tabıladı. Ol ǵárezsizlik jıllarında, «…Tuwǵan jerden baslanar Watan» dep jaza otırıp, sol tuwılǵan jerdiń qádir-qımbatın anıq sáwlelendiriwshi birneshe poetikalıq shtrixlardı, detallardı qosıq qatarların dóretti. Shayırdıń basqa qálem iyelerine salıstırǵanda da poeziyaǵa, Watandı jırlawǵa bolǵan talapshańlıǵı ózgeshe ekenligi seziledi. Máselen, shayır «Tolǵanıslar» qosıǵında:

Kel, oqıwshım jazılısıp bulqıyın,
Bulqımasam ishte turar bir túyin,
Poeziya baǵı maǵan qádirdan,
Basqa baǵdıń lázzetleri bir tıyın[52],

– dep jazadı da talant iyesi «Awıl saǵınıshı» qosıǵında jáne de mınaday dep dawam ettiredi:

---

[51]*Турдыбаев Қ.* К. Рахмановтың «Мәңги от босағасында» поэмасының проблематикасы ҳәм образлар дүньясы. // ӨзРИАҚБ «Хабаршысы», 2009, №1.–95-99.

[52]*Рахманов К.* Мәнзилим алыс. Қосықлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995. – Б. 3. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Jánnet degen barı-joǵı belgisiz,
Awılım bar sol jánnetke bergisiz.
Jabanıńda qızıqqanday ne bar?! – dep,
Jamanlamań tuwıp ósken eldi siz.

Ózgerse de endi onıń kelbeti,
Sol qálpinde ańqıldaǵan kelbeti.
Bul dúnyada usı awılım bolmasa,
Ábiger tartıp keter edi-aw jer beti! [52; 5 b.]

Shayır tuwǵan jerine degen mehir-muhabbatın awılına degen saǵınısh sezimlerin ayqınlastırıp sáwlelendirgen. Al «Tuwılǵan jerge» atlı qosıǵında bul sezimlerdi tómendegidey poetikalıq qatarlar arqalı bergen:

Tuwılǵan jer táriplesem ózińdi,
Xalqıń seniń Qaratawday tózimli.
Jollarıńnan keler edim adaspay,
Tańıp jiberse de eki kózimdi.
…Ámiwdárya tartılsa da kórmedim,
Bir kúnińdi kókiregiń taspaǵan.
…Doslıǵıń bar keńnen jayǵan etegin,
Sırtıńda joq tepsep turǵan shet elin.
Qara qalpaq kiymese de tanıydı,
Qaraǵannıń qaraqalpaq ekenin [52, 65 b.].

Bul qosıqta shayır Qaraqalpaqstannıń, ol jerde jasawshı xalıqtıń jasaw ornınıń geografiyalıq ózgesheligin, jurtımızdıń tuwısqan túrkiy xalıqları menen shegaralas jaylasqanlıǵın, milliy psixologiyasınıń ayrıqshalıǵın júdá sheber súwretlegen. Shayırdıń bul qosıǵınıń tómendegi qatarları da milliy koloritiniń basımlıǵı menen oqıwshınıń dıqqatın ózine tartadı:

Jigitleriń ózin ǵoshshaq sanaǵan,
Qızlarınıń gózzallıǵı anadan.

Kempirleriń-dilwarlıqtıń uyası,
Ǵarrılarıń pátiya alǵan danadan.
…Joqarıdan dábdebesiz, pármansız,
Xalqım maǵan «shayırım» dep at berdi.
Júrgennen soń xızmetińde atlan-shap,
Qol tiymedi bolıwǵa da maqtanshaq,
Tuwǵan jerim, maqtasań sen maqtay-gór,
Jer astında tınıshıma jatqan shaq?!...[52; 66 b.].

Bul, álbette, talapshań shayırdıń tuwılǵan jer, Watan haqqında shın júrekten aytılǵan poetikalıq pikirleri bolıp esaplanadı. Onda lirikalıq qaharman shayırdıń jeke óziniń pikirlerin ǵana sáwlelendiriw menen sheklenip qalmaydı. Ol búgingi zamanlaslarımızdıń ulıwmalastırılǵan, jetilistirilgen ruwxıylıq kelbetin, Watan tuyǵısın, xalıq mápin, patriotizm ideyaları menen suwǵarılǵan insannıń umtılısın biziń kóz aldımızǵa keltiriwge asıǵıp atırǵanday. Sonlıqtan da bul qosıq búgingi jas áwladlarımız ushın da úlken tárbiyalıq áhmiyetke iye bolatuǵınlıǵı sózsiz.

K. Raxmanovtıń «Mánzilim alıs» atlı toplamına kirgen usı qosıqtan sońǵı «Uluǵbek monologi» dep atalǵan poeziyalıq shıǵarmasınıń qaharmanı ózbek xalqınıń ullı perzentleriniń biri Uluǵbek bolıp tabıladı. Onıń ishki monologi túrinde jazılǵan bul qosıqtaǵı ádebiy qaharman da óz haqıyqatshıllıǵı – bir jaǵınan, patriotizmi, aqıl-parasat biyiginen alǵa umtılǵanlıǵı, talapshańlıǵı, ekinshi jaǵınan, ishki psixologiyalıq kózqaraslarınıń basımlıǵı, ilim-bilimge alǵırlıǵı menen kózge túsedi. Ol usı pikirleri menen bılay deydi:

«Kitap tutqan bolsam bir qolım menen,
Bir qolımdı bosatpadı jaw-jaraq».
«Bir bulaqqa juwsam sawashtıń qanın,
Bir bulaqtan ilim sırların ishtim» [52; 66-67 b.].

Demek, bul arqalı Uluǵbek babamızdıń bir tárepten qúdiretli el basshısı, jawınger azamat bolsa, ekinshiden, bilim menen sırlas, aspan álemi menen tillesken ullı alımlardıń biri ekenligi búgingi áwladlarımızǵa orınlı túrde uqtırılıp otır. Demek, Uluǵbek obrazı barlıǵımız úlgi tutatuǵın ideal qaharmanlardıń biri ekenligi dawsız bolıp, dóretpede usı ózgeshelikleri tariyxıy haqıyqatlıqqa sáykes tásirli súwretlengen.

Shayırdıń «Mánzilim alıs» toplamına kirgen bunnan basqa da qosıqlarınıń ádebiy qaharmanları da ózleriniń eń úlgili tárepleri menen bizdi ózine tartıp turadı. Olardıń kópshiligi zamanǵa eń jaqsı tileklerdi tileydi, eń jaqsı adamlar menen joldas bolıp atırǵanlıǵı menen maqtanısh etedi, al, ayırım pás, natıq hám sada adamlardı, kókiregi buzıq insanlardı qaralaydı, zamanlaslardı insap-qánáátke shaqırıp, ashkózlik penen toyımsızlıqtan, jaman illetlerden awlaq bolıwǵa úndep turadı. Sonıń ushın da, shayır usınday kózqaraslardan kelip shıǵıp, «Tost» atlı qosıǵında bılay jazadı:

Shayır sózin tıńlay beriń, tost ber de,
Mártlik ushın jaraspaydı bos gewde.
Doslarım az dep uwayım shekpegil,
Jawıńnıń da tili aylansın dos dewge.

Jartı jolda irkilmesin kóligiń,
Jat azıwǵa buyırmasın kómigiń.
Jayım tar dep qonaqlardan qısınba,
Dańǵırlaǵan saray bolsın kewiliń [52; 68-69 b.].

Bul shınında da, naǵız shın kewilden aytılǵan tilek bolıp, ol haq niyetten, jaqsı insanlardıń ǵana awzınan shıǵatuǵın gápler.

Shayır bulardan tısqarı óz qosıqların ulıwma bir tutas dúnyanıń máńgilik ǵalma-ǵalshılıqları menen qaytalanıp turatuǵın tirishilik zańlılıqlarına arnaydı, adamlardı, óz zamanlasların qánáát, iyman-insapqa, adamgershilikke shaqıradı, shúkirshilik etiwge

de baǵdarlaydı. Toplamdaǵı bul baǵdar bahalı ideyalıq-estetikalıq, ózgeshelik bolıp kózge taslanadı. Sol esaptan ol:

Biz májbúrmiz moyınlawǵa,
Adamzatqa toyım bar ma?!
Tek topıraq toydıradı,
Bu dúnyada – ózińdi…
O dúnyada – kózińdi… [52; 68 b.]

– dep jazadı shayır arnawlı tema qoyılmaǵan qosıǵında. K. Raxmanovtıń usı taqılette aytılǵan poeziyalıq qatarları insandı tereń oyshańlıqqa da úyretip, ómirdiń túp mánisin ańlap, hadal túrde jasap ómir súriwge iytermeleytuǵın sıyaqlı. Usı pikirler aǵımındaǵı ol kópshilik poetikalıq qatarlarında ómir dialektikasın, ómir qarama-qarsılıqların obyektiv túrde sáwlelendirip, aq penen qaranıń gúreslerin ayqınlastırıp kórsetip, aq kókirek, hadal niyetli insanlardıń kelbetin ulıǵlaydı, olardı kópshilikke úlgi tutqısı keledi. Sonlıqtan da shayırdıń mınaday qatarları da bahalı.

Er jigittiń basında,
Tawsılmastay ǵawǵa bar.
Aldırarlıq ashıwǵa,
Jaǵalasqan jaw da bar.
Birin tapsań biri joq,
Pútin bolar túri joq.
Maydası kóp, iri joq,
Pitpeytuǵın sawda bar.
…Ómir jolı tıǵılıs,
Shubırıstan shubırıs…
Adamda kóp qubılıs,
Jinli de bar, saw da bar.
Er jigittiń basında,

Tawsılmastay ǵawǵa bar.
Nawqasıńdı jasırma,
Ájel degen jaw da bar [52; 78-79 b.].

Shayır mine, bul qatarlarında xalıq poeziyasınıń bayanlaw motivin hám Shıǵıs poeziyasınıń dástúriy úlgilerin de saqlay otırıp, sol ritm arqalı tutas ómir zańlılıqların, onıń qarama-qarsılıqqa tolı kartinasın biziń kóz aldımızǵa obrazlı túrde eleslete alǵan. Solay etip, shayır naǵız haqıyqatshıl, biraq sol haqıyqatshıllıqtan da payda taba almaǵan, lekin kókiregi taza zamanlas obrazın jasaydı. Onıń tilinen shayır bılayınsha jırlap, lirikalıq qaharmannıń ishki ruwxıy tebirenislerin tereń ashıwǵa erisken.

Qarańız:

Meni payda izlemedi,
Men de – paydanı…
Maǵan baylıq kiyatırsa,
Arman aydadı…
Baǵıma da zıyan kelip,
Kún de silkedi.
Meni shıǵın izlep júrse,
Jolın siltedi [52; 79 b.].

Ómirde haqıyqatında da usınday adamlar bolıwı múmkin, biraq olardıń júrekleri bárqulla taza júredi. Al, bazıbir paydakúnemler olardan utımlı máp kóretuǵın jaǵdayları kóp ushırassa da, báribir, hújdanı taza adamgershilik iyeleriniń ishki ruwxıy kelbeti basqa-larǵa úlgi bolıp qala beredi. Shayırdıń joqarıdaǵı qosıq qatarları arqalı aytajaq bolǵan ideyası-pikirleri usı baǵdarda ekenligin durıs túsiniw zárúr. Usınday túsinikler tiykarında shayırdıń lirikalıq qaharmanınıń mınaday tilekleri de bahalı bolıp esaplanadı:

Qatarlasıp kelmesin,
Bir jaqsıǵa bir jaman.

Sonda ǵana, teńlesim,
Táǵdirime ırzaman.
Bolmaytuǵın qusaydı,
Gil jaqsınıń qızıǵı,
Sonlıqtan da jasaydı,
Dúziw menen buzıǵı.
«Jaman aytpay jaqsı joq»,
Degen naqıl qalıptı.
Al, sonda da jaqsı kóp,
Xalıq qıp otqan xalıqtı! [52; 78 b.]

K. Raxmanovtıń lirikalıq qaharmanlarınıń negizgi motiviniń usı taqlette haqıyqıy ideal tutqan pikirlerge tolı bolıp keliwi búgingi maqset hám oylarımızǵa tolıq juwap beredi. Biraq qaysı dáwirlerde de insannıń naǵız joldası bolǵan biyik adamgershilik nıshanı – jaqsılıq bolatuǵınlıǵı da sózsiz desek, shayır oylarınıń áhmiyeti taǵı da artıǵıraq kórinse kerek.

Úlken talant iyesiniń óz jerlesleri menen zamanlaslarına jazǵan «Awıldaǵı gúz» atlı qosıǵınıń áhmiyeti de, jazılıw stili de jaǵımlı, jarasımlı kórinedi. Onda shayır awıl saǵınıshın jırlay kelip tómendegidey qatarlardı dóretken eken:

Saqalı paxtaday, basında telpek,
Ákem turar edi jolımda dilgir.
Endi ol alısta qalǵıǵan ertek,
Endi ol payıtlar qıyalda múlgir.
…Mal arqanlap qaytqan kempirge shekem,
– Jarıqlıq! – dep terip shashılǵan paxtanı.
Jol-jónekey jıynap ketedi eken,
Paxta – sarǵısh gúzdiń atqan aq tańı!
Paxta – bezew ushın emes dalanı,
Paxta toq turmıstıń tórin jıynatqan.

Gúzdiń zúráátli qońır samalı,
El qazanın búlkildetip qaynatqan.
Kúndiz túwe túnler bolmaydı tır-tım,
Júrekler qatayıp, qolları shıtnar.
Qansha keń bolsa da paxtakesh jurtım,
Gúz kúnleri bolar waqıtqa sıqmar…[52; 97-98 b.].

Mine, bul jerdegi paxta tuwralı oylar menen awıl adamlarınıń ishki ruwxıy dúnyasın tıǵız baylanıstırıwshı pikir hám sezimlerdi, sol bir totalitarizm dáwiriniń nusqası dep qarap, oǵan unamsız kózqarasta bolıw nadurıs degen oydı ortaǵa salıwımız kerek. Óytkeni, paxta shın mánisinde ózbek hám qaraqalpaq xalıqlarınıń haqıyqıy maqtanıshı, «qazanınıń búlkildep qaynawı» ekenligin biykarlaw qıyın. Sonlıqtan shayırdıń óz awıllaslarınıń ashıq kewilligi menen ashıq minez qulqın jırlay kelip, biraq «…bultlı kúni awılǵa barsań, júzinen jıllılıq belgi izleme» degen pikirleri oǵada ádillik penen aytılǵan poetikalıq oylar ekenligin tereń túsiniw kerek. Sebebi, jawın-shashınlı kúnler paxta jıyın-terimi ushın zıyanlı, hátte, qáwipli ekenligi belgili. Sonıń ushın shayır bılay degen:

Jaqtırmay tur ma dep oylarsań, bálkim,
Joq, ol tábiyatqa ókpelep qalǵan.
Qansha márt bolsa da paxtakesh xalqım,
Gúzde hawlıǵadı jawınnan, qardan.
Gúzgi awılda eki reń saqlanar,
Eki boyaw. Oǵan jetpes, hátte, gúl!
Sarǵısh japıraqlar, appaq paxtalar:
Sarısı – saǵınısh, aǵı – aq kewil…![52; 98 b.]

Mine, shayırdıń lirikalıq qaharmanınıń baslı devizi de tap usınday aq kewillik, aq kókireklik degen ilimiy-ádebiy juwmaq

jasawǵa boladı. Milliy ǵárezsizlik ideyalarınıń baslı baǵdarı da usınday oylarǵa kelip tireledi.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. K. Raxmanovtıń «Mánzilim alıs» toplamındaǵı watan, tuwılǵan jer temasına arnalǵan qosıqlarınıń ózgesheliklerin aytıp beriń. Bul tematikaǵa arnalǵan bir qosıǵın yadlań.
2. Shayırdıń ǵárezsizlik dáwiri lirikasındaǵı janrlıq kóp túrlilik hám onıń áhmiyeti haqqında aytıp beriń.
3. K. Raxmanovtıń «Watan tuyǵısı» haqqındaǵı qosıqlarınıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarları, kórkemlik ózgeshelikleri haqqında aytıp beriń.
4. «Watan» qosıǵı boyınsha jazba jumıs isleń.
5. Shayırdıń poeziyalıq dóretiwshiligin izertlewge arnalǵan miynetlerdiń bibliografiyasın dúziń.
6. Shayır lirikasın mazmunlıq hám formalıq belgisi boyınsha jikleń.

## KEŃESBAY KARIMOV
*(1948)*

Lirik shayır sıpatında óz ózinsheliklerine iye, qálem iyesi Keńesbay Karimov 1948-jılı Shımbay rayonında tuwılǵan. Awılda orta mektepti pitkergennen soń, respublikalıq gazetada xabarshı bolıp islep, sońınan áskerlikte xızmet etip, 1975-jılı Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutınıń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı bólimin tabıslı tamamlaǵannan berli baspasóz orınlarında, «Ámiwdárya» jurnalında juwaplı xatker, Qaraqalpaqstan teleradiokompaniyasında baslıqtıń orınbasarı, keyingi jılları «Erkin Qaraqalpaqstan» – «Вести Каракалпакстана» gazetalarınıń bas redaktorı lawazımlarında xızmet atqardı. Házir Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamınıń baslıǵı bolıp xızmet etpekte. Ol

2009-2014-2019-jılları Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesine deputat bolıp saylanǵan.

Sońǵı waqıtları, tiykarınan, kórkem prozada qálem terbetip, roman janrın rawajlandırıwda úlken tabıslarǵa erisken K. Karimovtıń ádebiyattaǵı jolları óz aldına sayram-sayram bolıp atırǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Ol XX ásirdiń 70-jıllarınan baslap ádebiyat maydanında kórinip, kóp sanlı lirikalıq dóretpeleri menen birneshe poemalar, dástanlar járiyaladı.

Shayırdıń «Aralıqlar» (1978), «Waqıt minarası» (1979), «Meniń terezelerim» (1985), «Araldan keldim» (1992), «Kóńilim múlki» (2005), «Qaraqalpaq elim meniń» (2020) atlı poetikalıq toplamları jarıq kórdi.

Keńesbay Karimov ǵárezsizlik jılları lirikalıq qosıqlar jazıwda ayrıqsha tabıslı miynet etti. Olarda shayır xalqımızdıń búgingi kúni ushın áhmiyetli bolǵan social-jámiyetlik máselelerdi ortaǵa qoydı, oqıwshılardıń dıqqatın tez awdaratuǵın, jas áwladlarǵa sabaq bolatuǵın, áhmiyetli ideyalıq-estetikalıq sapaǵa iye shıǵarmaların kópshilikke inam etti. Shayırdıń qayta qurıw menen demokratiya hám ǵárezsizlik jıllarında jarıqqa shıqqan «Araldan keldim», «Kóńilim múlki», «Qaraqalpaq elim meniń» atlı poetikalıq toplamları qaraqalpaq milliy poeziyasında belgili orın iyeleydi. Olarda shayır búgingi kúni pútkil jer sharın, jáhán jámiyetshiliginiń dıqqatın ózine tartıp tolǵandırıp turǵan iri global mashqala – Aral, suw, tábiyat tazalıǵı máselelerin ortaǵa qoyadı, tuwılǵan jerdi qásterlew ideyaların alǵa súredi, ulıwma adamgershilik, ar-namıs, nápsi, qánáát sıyaqlı sociallıq, ádep-ikramlılıq, morallıq máselelerdi shın júreginen jırlaydı, jaslarımızǵa úlgi bolarlıq lirikalıq qaharmanlar obrazın ashıp beriwge umtıladı. Sonlıqtan da shayır dóretiwshiligi haqqında birqansha ádebiy sın hám ilimiy jumıslarda pikirler bildirildi[53].

---

53 *Ахметов С.* Қарақалпақ совет поэзиясы. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988. 404-б.; *Есемуратов Г.* Қосықтың тәғдири (К.Каримовтың

K. Karimov poeziyasında «Watan haqqında gimn» degen qosıǵı dıqqatqa ılayıq. Onda shayır lirikalıq qaharmannıń tuwılǵan jeri, kindik qanı tamǵan topıraǵı tuwralı ayrıqsha pafos penen jazılǵan mınaday qatarları birden-aq dıqqattı ózine qaratadı:

Qırıq bes graduslıq ıssılarıńda,
Qumlarıń kúydirdi tabanlarımdı.
Saratanda esken samallarıńnan,
Qurǵaq erinlerim qaq-qaq jarıldı.

Aral ultanınan ushqan duzlarıń,
Kózlerime uyqı bermese daǵı,
Men súyemen seni, súyemen sheksiz,
Japakesh, qádirdan qaraqalpaǵım![54]

Mine, bul qatarlarda shayır birden-aq úlkemizdiń qolaysız tábiyiy sharayatların jırlap atırǵan sıyaqlı bolıp kórinedi. Biraq avtor óz úlkesiniń usınday unamsız kórinisleri menen qolaysız ıqlımın

---

қосықлары мысалында). // «Қарақалпақстан жаслары», 2003, 27-май.; *Оразымбетов Қ.* Ҳәзирги дәуир қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик (80-жыллар). – Нөкис, «Билим», 1992. 124-б.; *Usı avtor:* Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы (1970-2000-жыллар). – Нөкис, «Билим», 2004. 188-б.; *Базарбаев Ж.* «Көңилим мүлки» жолға әнжам болғанда. // «Еркин Қарақалпакстан», 2005, 15-сентябрь.; *Есенов Ж.* Қардың аппақлығы-кеўил пәклиги. // «Еркин Қарақалпақстан», 2008, 23-февраль.; *Алп Султан.* Ғәрезсизлик дәўириниң дәстаны. // «Әмиўдәрья», 2015. № 6. – Б. 94-99.; *Usı avtor:* «Жарадар сакуралар» сазасы. // «Әмиўдәрья», 2013. № 6. – Б. 101-104.; *Нуржанов П.* «Сөзлери нур – жарық берген». // «Әмиўдәрья», 2023. № 5. – Б. 34-41.; *Нуржанов М.* Шайыр К. Каримовтың поэмаларының жанрлық өзгешелиги. // «Әмиўдәрья», 2016. № 1. – Б. 88-93.; *Usı avtorlar:* Мен саған айланған бир аққуў қуспан (К.Каримовтың поэмалары ҳаққында гейпара ойлар). // «Қарақалпақ әдебияты», 2013. № 8.–Б. 8.

[54] Каримов К. Көңилим мүлким. – Нөкис: «Билим», 2005. – Б. 138. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

sır tutpay kórsetiw arqalı-aq oǵan tózim bergen, onı shın júreginen súyetuǵın haqıyqatshıl lirikalıq qaharmannıń patriotlıq sezimlerin sáwlelendiredi. Avtordıń lirikalıq qaharmannıń ruwxıy halatların, eń aldı menen onıń patriotlıq sezimlerin, watansúygishligin ashıp beriw sheberligi birden-aq kózge taslanadı. Usı sıpatlardı shayır taǵı da dawam etip, tómendegidey qatarlardı jazadı:

Súyemen biypayan dalalarıńdı,
Kesilip siyregen toǵaylarıńdı.
Perzentinen artıq kórip paxtanı,
Quyashqa qarayǵan adamlarıńdı…[54; 138 b.].

Itibar berseńiz, bul jerde de shayır «kesilip siyregen toǵaylarıńdı»… qatarı arqalı tuwılǵan úlkemizde biraz waqıtlardan berli orın alǵan biybastaqlıqlardı, tábiyiy ortalıqtıń buzılıwın, insan balasınıń biypárwalıǵın oqıwshılarǵa tereń hám qısqa, tujırımlı túrde uqtırıp otır. Shayır lirikası onıń usınday sociallıq, ruwxıy-psixologiyalıq sıpatlardı lirikalıq qaharmannıń boyına tereń sińire biliwi poetikalıq jaqtan ayrıqsha bahalı hám unamlı bolıp tabıladı.

K. Karimov tuwılǵan jeriniń, Watanınıń keleshegi tuwralı tolǵanatuǵın lirikalıq qaharmannıń halatın onıń sózleri arqalı xatqa túsiredi. Mısılı, «Meniń qosıǵım»da:

…Anam Ámiwdárya – seni jırlayman,
Awǵan, ózbek, túrkmen, qaraqalpaqqa,
Enshi bólispegen sahrayı xalıqqa,
Mıń jıllar boyına ómir sıylaǵan
Saqıy anam seni…
…Ámiwdi jırlayman kúyip-órtenip,
Qızılqum-Qaraqum ortasındaǵı
Alıp saxibjamal – áyyemgi Turan,
Aylanbastan erteń Aralqumlarǵa! [54; 140 b.]

Mine, bul úlkemizdiń búgingi qáweterli kelbetin kóre otırıp shayırdıń jámiyetshilikke, zamanlaslarına qarata aytqan úndewi, optimistlik shaqırıǵı dep esaplasaq boladı.

K. Karimovtıń qosıqlarında bazda búgingi dáwirdi, xalqımız jaylasqan geografiyalıq ortalıq penen sharayattı jırlawda kóbirek tragediyalıq boyawlar ústinlik etetuǵınlıǵın jasırıp bolmaydı. Óytkeni, bul zaman tańbası, dáwir koloriti ekenligi anıq. Sonıń ushın da, shayırdıń «Saǵınǵan Aral» qosıǵında bılayınsha jazıwı zańlı degen pikirge kelemiz.

– Burınǵıdan az ba jamǵırı, qarı,
Kem túsip atır ma quyash nurları,
Ya qáhárin tigip zıqna tábiyat
Juqarıp ketken be Pamir muzları.
Ishkenniń esinen ketpegen dámi,
Semiz lapısh penen súwenniń káni.
Nárwan torańǵıldı jutıp iyrimi
Eserlenip aqqan ılay suw qáne? [54; 141 b.]

Demek, bul lirikalıq qaharmannıń biziń tábiyatımızǵa bergen ritorikalıq sorawı formasındaǵı súwretlew usılı bolıp tabıladı. Bul nárse shayır stiliniń ózine tánliginen derek berip, atı atalǵan qosıqtıń social-jámiyetlik áhmiyetin tanıtıp turadı. Haqıyqatında da, shayırdıń aytıp otırǵan turmıs ǵalma-ǵalshılıqları haqıyqat nárse. Sońǵı eki-úsh jılda suw qáhátshiligi biraz páseygeni menen, Ámiwdiń burınǵı ılay suwı Aralǵa túsip jarıǵan joq. Bazarlarımızda balıq kóp bolsa da, burın Aral teńiziniń dańqın dúnyaǵa taratqan mazalı súwenleri menen bekireleri kórinbeydi. Moynaq balıq konserva zavodınıń jabılıp qalǵanlıǵı búgin heshkimge sır emes. Sonıń ushın shayır óziniń joqarıda keltirilgen lirikasında insan balası menen Ámiwdiń, Aral teńiziniń óz ara qıyalıy dialogı formasında búgingi kúnleri áhmiyetli bolǵan social-jámiyetlik máselerdi – suw, hawa tazalıǵı, Aral teńizi, Ámiw máselelerin qozǵap ǵana qoymastan, usılar arqalı zamanlaslarımızdıń adamgershiligi menen ruwxıy pákligin, joqarı sanalılıǵı menen aqıl-parasat tereńligin jırlaydı.

Solay etip, ol burınǵı jasıl dóngen tábiyat gózzallıǵına degen saǵınıshın lirikalıq qaharmannıń ritorikalıq sorawı formasında sáwlelendiredi:

…Bulttay jasıl dóngen jazdıń waǵında,
Altınǵa megzegen gúzgi saǵımda.
Shuwıldısı qulaǵımnan ketpeydi,
Kimnen soraǵlayın toǵaylarımdı? [54; 141 b.]

– Dárya aqpay qalsa kimler juwapker?
Teńiz sayızlasa kim juwap berer?
Búgin kim gúnakar Watan aldında…? [54; 142 b.]

Haqıyqatında, bul qatarlardıń házirgi zamannıń ruwxıy talapları negizinde úlken juwapkershilik penen aytılǵanlıǵı sezilip turadı. Avtor usı sorawdı óz ornında durıs alǵa súre otırıp, elimizdiń aldınǵı qatardaǵı oy-pikir iyeleriniń biri retinde bılayınsha juwap qaytarǵanı qosıqtıń formasınıń originallıǵın, mazmunlıq áhmiyetin arttırıp, haqıyqatshıllıǵın kúsheytip tur…

– Shayırlar ayıpker, men ayıpkermen,
Ámiw-Aral haldan tayǵan kúnlerde
Olpı-solpı qosıǵıma quwanıp,
Orın táme etip júrgenmen tórden.
Kimler til qatpadı qorqıp basınan,
Kimler qorıqtı jumsaq kreslosınan.
Men jubanıp júrdim. Talay túslerde
Sibir dáryaların kórip tasıǵan [54; 143 b.].

Shayırdıń durıs jazǵanınday-aq, shayır-jazıwshılardıń Ámiw, Aral máselesin kóterip shıqqanlıǵı ele jetkiliksiz edi. Óytkeni, Sibir dáryaların Aral teńizine quydırıw tuwralı qurı sózlerdiń paydası az edi. Sonlıqtan da, «Men jubanıp júrdim talay túsimde, Sibir dáryaların kórip tasıǵan…», dep shayırdıń dárt penen jazǵanı óz-ózinen túsinikli.

K. Karimov usılarǵa qosımsha tábiyat apatshılıǵın, Aral, Ámiw suwlarınıń kemisligin, onıń birotala joq bolıw halatına kele jazlap turǵanlıǵın «Ana dárya tolǵawı» qosıǵında tómendegidey dástúriy terme-tolǵawlıq úlgige jaqın formada janlandırıwdıń kórkem ámelin qollanıw arqalı teńiz, dárya tili menen jazıp, jámiyetshilikke úlken tásir etiwshi poetikalıq oyların ortaǵa saladı, usı arqalı qosıqtıń emocionallıǵın kúsheytiwge erisedi:

…Qáhárim meniń qaytıptı.
Qańıraǵan ańǵarım,
Erinbegen jolawshıǵa jol boldı.
Ayaqtaǵı Araldıń,
Ultanı shańlaq, shor boldı.
Mensiz qalıp teńiziń,
Alaqanday kól boldı.

Háy, adamzat perzenti,
Jıllar jılǵa ulasar.
Ańǵarımdı qum basar,
Áwladlarıń almasar…[54; 146 b.].

Shınında da, bul qatarlardıń kópshilikke oy taslamawı, dárya tilinen aytılǵan bul zarlı shaǵımlardıń bizdi tolqınlandırıp, tábiyat haqqında qıraǵılıqqa, joqarı aqıl-parasat biyigine shaqırmawı múmkin emes. Shayır lirikasınıń kúshi de, mine, usınday ideyalarında kórinedi. Sonday-aq, onıń dárya tilinen insaniyatqa qarata bildirilgen, tragediyalıq boyawlarǵa tolı «Teńiz» qosıǵında tómendegidey súwretlewleri de dıqqatqa ılayıq:

Sharshamaǵıl jolawshı,
Zerikpeseń boldı tek,
Sharshamasań boldı tek…
…Jalıqpasań jıyıp al,
Balıqlardıń súyeklerin shashılǵan.

Ádepli bol biraq ta
Qaytarmaǵıl sıylarımdı uzatqan…

Qayırlaǵan balıqshınıń qayıǵı,
Záńlep atqan sudnolarım kerek pe?
Formaları usaytuǵın júrekke,
Baqanshaqlar kerek pe? …[54; 147 b.]

Mine, bul búgingi dárya menen kóllerdiń Ámiw menen teńiz tilinen aytılǵan qayǵılı kórinisleri bolıp esaplanadı. Shınlıǵına kelgende, bul súwretlewler keleshek awladlardı ekologiyalıq apatshılıqtan saqlandırıwǵa úlken sabaq hám támbi bolatuǵınlıǵı sózsiz. Usı kózqarastan shayırdıń bir tárepten, qáhárli-ǵázepli, ekinshi tárepten, gumanizmge tolı pikirleri óz zamanagóyligi, poetikalıq sheberligi menen dıqqattı ózine tartadı.

Barlıǵın al,
Jıyǵanımdı almasań,
Qaytaraman tábiyattıń ózine.
Qumlarımdı áketedi samallar,
Duzlarımdı áketedi samallar.
Íqtıyat bol kózińe …[54; 148 b.].

Shayırdıń usınday qatarlarında tereń máni bar. Bunıń ústine olardıń tereń ironiya menen jazılǵanlıǵı da shayırdıń ózine tán stilin ańlatadı.

K. Karimovtıń atı atalǵan qosıqlarınan basqa «Suw tasıwshı», «Boljaw», «Ata mákan» hám t. b. lirikalıq shıǵarmalarında búgingi ózgergen ana tábiyatımız benen oǵan juwapkersizlik penen qaraǵan zamanlaslarımızdıń bazıbir unamsız háreketleri isenimli súwretlengen. Kókiregi hadallıqqa, ar-namısqa tolı ayırım insanlardıń («Suw tasıwshı») júrek tebirenisleri menen is-háreketlerin, Ana-Watandı, qorshaǵan ortalıqtıń burıngı gózzal kelbetin, joqarı

patriotizm menen mehribanlıqtı, joqarı idealǵa boysındırılǵan peyzajdı shayırdıń estetikalıq talǵampazlıq penen sheber súwretlewleri attan anıq kózge taslanadı. Sonlıqtan da, «Boljaw» qosıǵında:

Isenemen biraq:
…Mıń jıl boyı tabısıp atırǵan,
Ashıqlardı ayra salmaslıǵın.
Boljawlardı pushqa shıǵarıp hám,
Ámiw-Aral qurıp qalmaslıǵına…[54; 152 b.].

– dep kórsetiwi zamanlaslarımızda úlken optimistlik pikirler tuwdıratuǵınlıǵı sózsiz. Biraq sonday jaǵdaylarda da shayırdıń «Torańǵıl toǵayları» qosıǵındaǵı tómendegi qatarlar oqıwshıǵa, pútkil jámiyetshilikke kúshli tásir jasap, zamanlaslarımızdı ayrıqsha sergeklikke, aqıl-parasatlılıqqa, gumanizmge tárbiyalaytuǵınlıǵı sózsiz:

Nókistiń shıǵısında, batıs jaǵında,
Bulttay jasıl dónip tańǵı saǵımda,
Altınday sarǵayıp gúzdiń waǵında,
Sizler turar edińizler shuwıldap,
Torańǵıl toǵayları [54; 206 b.].

Endi shayır usı torańǵıl toǵaylarınıń joq bolǵan halatların tómendegidey patriotizmge tolı poetikalıq qatarlar menen bergen:

Jılamaqshı boldıń – jılay almadıń,
Dártlerden qayıstıń – qulay almadıń,
Ámiwdiń aǵısın qorǵay almadıń,
Shalı ańızlarǵa aylandıń búgin,
Torańǵıl toǵayları.
…Túslerime enip júreseń endi,
Torańǵıl toǵayları! [54; 207 b.]

Sóz sheberiniń usınday qatarları, álbette, oqıwshılardı barınsha sergeklikke, estetikalıq talǵampazlıqqa shıńlap barıwı sózsiz.

Shayırdıń «Suwdıń dámi» qosıǵındaǵı mınaday qatarlar da óziniń ideyalıq-estetikalıq hám poetikalıq sheberligi, tapqırlıǵı boyınsha ǵárezsizlik jıllarındaǵı qaraqalpaq poeziyasında úlken orındı iyeleydi:

«Suwda dám bar, bunıń dámi joq»,
Deser edi tatımsız zattı.
Ámiw suwı búginge kelip,
«Dámli» bolıp ketti me qalay?

…«Dushshı suw» dep soraydı ballar,
Ballar túwe, hátteki, baǵlar
Biyzar bolǵan «dámli» suwlardan…[54; 213 b.]

Shayır mine, usınday ótkir pikirlerin dawam ete kelip, xalıqtıń suw, as-nan, duz tuwralı milliy, tariyxıy-poetikalıq túsiniklerin búgingi «dámli» suw menen salıstıra kelip, mınaday juwmaq jasaydı:

Tepseń tebirenbes qara jer,
Duzlı suwdı simirip únsiz,
Qaytıp duzlar quspaqta únsiz [54; 213 b.].

Bul da búgingi shınlıq kartinası bolıp tabıladı.

Juwmaqlap aytqanda, K. Karimov ǵárezsizlik jıllarında basqa temalarǵa qaraǵanda ekologiyalıq mashqalalarǵa baylanıslı bolǵan máselelerdi ortaǵa jiyi-jiyi qoyıw arqalı zaman nápesin, lirikalıq qaharmannıń ruwxıy kelbetin ashıp beriwge ayrıqsha kúsh salǵan sóz sheberi sıpatında kózge túspekte. Onıń peyzajlıq lirikasında tábiyat hám insannıń óz ara qatnasın súwretlew basım orındı iyeleydi. Bul arqalı avtor adamzattıń tábiyattan estetikalıq zawıqlanıw sezimlerin, ondaǵı ayrıqsha pafostı, tábiyat penen insannıń birligin,

adamnıń aqıl parasatınıń barlıǵınan joqarı ekenligin úlken sheberlik penen jırlap kórsetedi. Ol usınday poetikalıq izlenisleri menen házirgi ǵárezsizlik jıllarındaǵı qaraqalpaq poeziyasında ózine tán dóretiwshilik jolı bar shayır retinde bahalanadı.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. K. Karimovtıń ǵárezsizlik dáwiri lirikasınıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarı haqqında aytıp beriń.
2. Shayır lirikasındaǵı ulıwma insanıylıq ideyalardıń sáwleleniw ózgesheligin aytıp beriń.
3. Shayır lirikasında ekologiyalıq mashqalalardıń súwretleniw ózgesheligin belgilep beriń.
4. Shayırdıń «Suw tasıwshı» qosıǵın tallań.
5. Shayırdıń «Boljaw» qosıǵı tiykarında jazba jumıs isleń.
6. K. Karimovtıń «Kóńil múlki» poetikalıq toplamındaǵı qosıqlardı ideyalıq-tematikalıq toparlarǵa bóliń, mazmunı hám forması boyınsha jikleń.

## HIKMETULLA AYÍMBETOV
*(1948)*

Hikmetulla Ayımbetov házirgi qaraqalpaq poeziyasına belgili úles qosqan lirik shayır. Ol 1948-jılı 2-sentyabrde Taxtakópir rayonı aymaǵında tuwılǵan. Orta mektepti tamamlaǵannan soń, Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın tabıslı túrde pitkerdi hám «Jetkinshek» gazetasında, «Ámiwdárya» jurnalında, Qaraqalpaqstan televideniesi hám radioesittiriwleri komitetinde jumıs isleydi. «Árman» gazetasınıń redaktorı lawazımın atqardı, Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı oqıtıwshısı sıpatında jaslardıń tálim-tárbiyası menen shuǵıllandı.

H. Ayımbetov 1991-jıldan baslap Ózbekstan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.

Ol XX ásir qaraqalpaq poeziyasınıń rawajlanıwına belgili úles qosqan shayır. Bunı onıń «Jalǵız terek» (1976), «Tıńlańızlar» (1981), «Úlken shańaraq» (1991), «Aq qaǵaz» (1993) atlı poetikalıq toplamlarındaǵı ideyalıq salmaǵı úlken, kórkem qunı joqarı poetikalıq shıǵarmaları dálilleydi. Shayır shıǵarmalarınıń biytákirarlıǵı olardıń ayırımlarınıń respublikamız kóleminen sırtta – «Новый мир», «Вдохновение», «Литературная учёба» jurnallarında, Moskva, Tashkent, Kazan qalaları almanaxlarında basılıwına tiykar bolǵan. Sonlıqtan da, onıń shıǵarmaları haqqında respublikamızdan shette jasawshı ádebiyatshı-alımlar menen kórkem sóz ustaları da pikirler bildirgen[55].

H.Ayımbetovtıń ǵárezsizlik dáwiri poeziyasınıń rawajlanıwında da belgili ornı bar. Bunı biz onıń «Úlken shańaraq» (1991), «Aq qaǵaz» (1993) poetikalıq toplamlarındaǵı, sonday-aq, «Ámiwdárya» jurnalında járiyalanǵan «Tolıqsıp atır qumlar, tolıqsıp atır» (2005, №5-6) dúrkinindegi, «Qaraqalpaqstan muǵallimi», «Ustaz jolı» hám t. b. basılımlarda járiyalanǵan qosıqlarınan hám poemalarınan ayqın kóre alamız.

Atı atalǵan kitaplarındaǵı hám lirikalıq dúrkinlerindegi dóretpeler ideyalıq-tematikalıq hám janrlıq-stillik baǵdarı boyınsha ráńbáreńligi menen ayırılıp turadı. Bunıń ústine olardıń kórkemligi de ádewir joqarı bolıp, oqıwshılardıń júregine qozǵaw salatuǵın dárejede jazılǵanlıǵı dıqqatqa ılayıq. Shayırdı el-xalıq dárti, japakesh zamanlaslarımız táǵdiri bárhama oylandırıp, tolǵandırıp keledi. Ápiwayı bir janlı maqluqat hám ósimlikler dúnyası da shayırdıń úlken bir filosofiyalıq oy juwmaǵın shıǵarıwǵa járdem beredi, olar shayır júreginen ótkerilip súwretlenedi. Meyli, jansız

[55] *Гринберг Ю.Л.* Просторы жизни и поэзии. // «Звёзда Востока», 1978, №10.; *Гафуров И.* И кричит, и зовёт уходящее детство. // «Литературная учёба», 1978, №6.

zat bolsın, meyli, bir ósimlik yamasa janlı maqluqat bolsın, olar shayırdıń qolǵa qálem alıwına, oqıwshınıń jan dúnyasına tásir eterliktey qosıqlar dóretiwine, úlken bir filosofiyalıq juwmaqlar shıǵarıwına túrtki boladı. Ásirese, ósimlikler menen haywanlardı adam balasınıń háreketleri menen parallel qoyıp súwretlew hám belgili bir áhmiyetli oy juwmaǵına keliw H. Ayımbetov lirikasınıń tiykarǵı ózgesheligi bolıp tabıladı. Sonlıqtan da onıń poeziyalıq toplamlarına kirgen shıǵarmaları haqqında, shayırdıń ulıwma poetikalıq dúnyası haqqında kóplegen zamanlasları, shayırlar, ádebiyatshı-alımlar pikirler bildirgen[56].

Dıqqatqa ılayıq jeri sonda, pútkil ómir boyı dawamında jazǵan hám basıp shıǵarǵan poetikalıq toplamlarına, gazeta-jurnallardaǵı dúrkinlerine kirgen shıǵarmalarında avtor ótkinshi, siyasiy-ideologiyalıq mapazǵa qurılǵan, kóterińki poetikalıq ruwxtaǵı mashqalalarǵa qol urmaǵan derlik. Shayırdı, tiykarınan, ulıwma insanıylıq ideyalar hám motivler, obrazlar qızıqtıradı, tolǵandıradı, tek solar ǵana qolǵa qálem alıp, poeziyanıń qásiyetli aydınında júziwge májbúrleydi.

Shayır oyların hám poziciyasın jarıqqa shıǵarıwda salmaqlı xızmet atqaratuǵın lirikalıq qaharman haqıyqatgóyligi, tuwrı sózliligi, filosofiyalıq oy júritiwge beyimliligi, el-xalıq dárti dep jan kúydiriwshiligi menen ayrılıp turadı. Oǵan shawqımlı qurǵaq sózler, siyasiy-agitaciyalıq mánidegi shaqırıqlar, kóterińki pafostaǵı ibaralar jat. Shayır qosıqlarındaǵı lirikalıq qaharmanlar zamanlaslarınıń táshwishleri, ómirdiń tiykarǵı mánisi, biyǵam balalıq shaqtıń mazalı demleri haqqında oy súredi, tolǵanadı. Nákaslıq hám insapsızlıqqa, talantsızlıq hám qızǵanshaqlıqqa,

---

[56] *Ахметов С., Есенов Ж.* Ҳинжи-маржан тереңде болар. // «Әмиўдәрья», 1983. №8.; *Ахметов С., Есенов Ж.* Поэзия-81. // «Әмиўдәрья», 1982. №5.; *Избасқанов Ж.* Ҳ.Айымбетовтың сөз шеберлиги. // «Устаз», 1998, 10-сентябрь.; *Есемуратов Қ.* Мне снилось далекое эхо мелодичного дутара. // «Вести Каракалпакстана», 2005, 16-август.; *Ибрагимов С.* Моим пером движет чувство родины. // «Вести Каракалпакстана»; 2008, 28-октябрь.

ashkózlik hám jawızlıqqa, ulıwma, adam balası tábiyatında ushırasatuǵın unamsız illetlerge qarsı jan-táni menen gúresiw hám zamanlasların da usıǵan shaqırıw, H. Ayımbetov qosıqlarındaǵı lirikalıq qaharmannıń tiykarǵı devizi bolıp tabıladı. Aradan erte ketken, izinde orınlanbaǵan ármanları qalǵan dos-yaranların oylap, qayǵıǵa batıw da lirikalıq qaharmannıń tábiyatına jat emes. Usı kózqarastan shayırdıń 1993-jılı jarıqqa shıqqan poetikalıq toplamınıń «Aq qaǵaz» dep atalıwı da tosınnan emes. Toplamǵa usı atamadaǵı qosıq kirgizilgen bolıp, ol marhum shayır Ayapbergenniń esteligine arnalǵan. Lirikalıq qaharman biz onday máni bere bermeytuǵın kórkem detaldan aq qaǵazdan tereń máni aqtaradı. Kórkem sóz ustasınıń izinde qaralanbaǵan aq qaǵazdıń qalıwı, lirikalıq qaharmannıń oyınsha, eń qayǵılı, eń awır músiybet. Sonlıqtan da ol:

…Mınaw jetim qalǵan qaǵazlarda
Bar marhum shayırdıń ıqlas-niyeti.
Tútenip ketip-em qara qaǵazdan
Endi aq qaǵazdan ishim kúyedi.

Mine, jazılmaǵan,
Noqat túspegen
Súttey aq qaǵazdı
Oqıp otırman[57]… – dep tolǵanadı.

Lirikalıq qaharmannıń halatın kontrastlıq boyawlar, elegiyalıq oy-sezimler hám tragediyalıq sıpatlar arqalı sheber bere otırıp, avtor insan balasınıń qádirin óz waqtında biliwge, ásirese, iláhiy talant iyeleri bolǵan shayırlardı asırap-abaylawǵa shaqırıp turǵanday. Bul pikirlerdi H. Ayımbetovtıń «Shayırlar»,

[57] *Айымбетов Ҳ.* Ақ қағаз. Қосықлар ҳәм поэмалар. «Әрман» газетасының китапханасы, – Нөкис: 1993. – Б. 4. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

«T. Mátmuratovtıń ruwxına», «Giya» (I. Yusupovqa), «Kúyew bala» (E. Berdimuratovqa) hám t.b. qosıqları tuwralı da aytıwǵa boladı.

H. Ayımbetov filosofiyalıq oy júritiwge beyim shayır. Onıń bul baǵdardaǵı qosıqları ideyalarınıń salmaǵı, pikirleriniń tereńligi, oqıwshıǵa degen emocionallıq tásirsheńligi menen ayırılıp turadı. Shayır «Japıraqlar», «Aytıń juldızlardıń ármanı bar ma?», «Atadan qalǵan tórt qıytaq jer», «Japıraqlar sawlap túsedi» hám t.b. qosıqlarında átiraptı qorshaǵan jámiyetlik turmıs penen tábiyattaǵı hádiyselerdi bir-biri menen baylanısta alıp súwretlewge, usı arqalı saldamanlı oy-juwmaǵın shıǵarıwǵa umtıladı. Bul qosıqlarda avtor adam balası menen tábiyat qubılısların parallel qoyıp súwretlew arqalı oqıwshını tereń oyǵa jeteleytuǵın kartinalıq kórinislerdi sızadı. Máselen, «Japıraqlar sawlap túsedi» qosıǵınıń qaharmanı terekten túsip jayılıp atırǵan japıraqlardı balalarǵa bastırmay, álpeshlep sıpıradı hám oy teńizine batadı:

…Kóz aldınan ótkerer solay,
Elesletip ol birim-birim.
Jaslıǵınan bermaǵan qaray,
Jayılıp atırǵan kúnlerin [57; 29 b.].

Lirikalıq qaharman adam ómiriniń ótkinshiligine ishara etip turǵanday. Sonlıqtan onı mazmunlı, ibratlı etip ótkeriw, basqalarǵa úlgi bolıwǵa umtılıw kerek dep turǵanday túyiledi bizge.

H. Ayımbetov, onıń óz sózi menen aytqanda, «mektepke soldat malaqayın» kiyip barǵan áwlad toparına jatadı. Shayırdıń balalıǵı ele urıs jaraqatı tolıq pitpegen dáwirge tuwra keldi. Sonlıqtan da, onıń lirikasında urıs hám paraxatshılıq teması eń baslı orınlardıń birin iyeleydi. Avtor «Paraxatshılıq sabaǵı», «Jawınger», «Tilekleslik qosıǵı», «Báhár qáytip kelgende» [57; 6,8,12,14 b.] qosıqlarında urıstıń adam balası tágdirindegi pitpes jaraqatın isenimli

túrde súwretlegen. Lirikalıq qaharman urıstı boldırmaw ushın pútkil dúnya júzi haq niyetli adamlarınıń qolǵa qol uslasıp gúresiwi kerekligin uqtıradı.

Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq lirikasında H. Ayımbetovtıń «Tolıqsıp atır qumlar, tolıqsıp atır» atlı qosıqlar dúrkini («Ámiwdárya», 2005 №5-6.–B. 56-62.) belgili orın iyeleydi. Bul dúrkindegi «Watan», «Qumzarlıq», «Ápsana», «Qızıl jıńǵıl», «Muzam, yar bolagór…», «Qumlar», «Kanal tartıw», «Jer hám suwdıń awqamı» qosıqlarında shayır bılayınsha bir ápiwayı, elespesiz kóringen zatlardan-aq úlken bir filosofiyalıq juwmaq shıǵarıwǵa umtıladı. Bunıń ústine sheber detallıq súwretlewler, kartinalıq kórinisler, tıńnan oylap tabılǵan sóz ibaraları onıń qosıqlarınıń oqıwshılarǵa degen emocionallıq tásirsheńligin arttırıwǵa xızmet etedi. Mısalı: «Watan» qosıǵında shayır:

«…Hátte, Bórshi tawdıń qara tası da,
Diyqan mehrinen erip ketkendey»[58]

– degen qatarlar arqalı diyqan babanıń jerge degen mehir kúshin «erigen tas» detalı arqalı beriwge erisken.

Al, shayırdıń:

«…Qızılqumnıń ármanları sıyaqlı,
Ǵıjlap janǵan sahranıń gúlleri» [58; 56 b.].

– degen qatarları oqıwshıda xudojniktiń qıl qáleminen dóregen kartinadan az tásir etpeydi.

H. Ayımbetov «Qumzarlıq» qosıǵında shólistanlıqtaǵı, sırdanday dalańlıqtaǵı ápiwayı bir kórinislerden úlken hám tereń máni tabıwǵa umtıladı. Qumzarlıq tuwralı shayırdıń «…Pisken taba nanǵa megzer qarasań» [58; 56 b.] dep aytıwı lirikalıq qaharmannıń

[58] *Айымбетов Ҳ.* «Толықсып атыр қумлар, толықсып атыр» атлы қосықлар дүркини // «Әмиўдәрья», 2005, №5-6.–Б. 56. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

tuwǵan jerge degen súyispenshiliginen derek beredi. Al, onıń qoynınan qazılma baylıq izlewshiler tuwralı: «…sabır-taqat babı ótip zergerden» [58; 56 b.] degen qatarlar arqalı lirikalıq qaharman olardaǵı miytindey shıdamlılıqtı uluǵlaydı. Al, «Qızıl jıńǵıl» qosıǵı shayırdıń tuwǵan jerge degen muhabbatınan tuwılǵan. Lirikalıq qaharman qosıqtıń hárbir kupletinde ózi sulıw, ózi shıdamlı bul ósimliktiń dıqqatqa ılayıq táreplerin birim-birim sanay otırıp, bılayınsha ibratlı juwmaq shıǵaradı:

…Túr-kelbetińe qarasam,
Ómir sırın uqtırasań,
Quwrasań da tik turasań,
Qaysar ósken qızıl jıńǵıl [58; 58 b.].

Keyingi eki qatarǵa qosıqtıń eń tiykarǵı mánisi jámlengen. Qızıl jıńǵıl bul jerde shıdamlılıq hám gózzallıq simvolı. Demek, shayır qosıqta detallıq súwretlewlerdi, parallelizm usılın sheber qollanıw arqalı tuwǵan jer temasın isenimli súwretlewge erisken.

H. Ayımbetov XX ásir qaraqalpaq liro-epikalıq poeziyasın rawajlandırıw jolında da tınbay qálem terbetken shayır. Onıń «Qız baqsı» poeması Berdaq shayırdıń qızı Húrliman baqsınıń kórkem obrazın jaratıwǵa arnalǵan bolsa, «Qos terek» poeması jaslar muhabbatın sheber súwretlewi menen bahalı. Avtordıń 1985-jılı jazılǵan «Ala kópek qańsılar» poeması kompoziciyasınıń biraz olqılıǵına qaramastan, shayırdıń kórkem dúnyasınıń ózgesheliginen derek beredi. Al, «Dawılpaz» poeması awızbirshilik, tatıwlıq ideyaların alǵa súriwi menen oqıwshınıń dıqqatın ózine tartadı.

Ǵárezsizlik dáwirinde H.Ayımbetov «Kepter» balladasın, «Qorǵanlar saza beredi», «Búlbil» poemaların dóretti. Birinshi poemada avtor burınnan xalıq arasında belgili bolǵan Gúldirsin haqqındaǵı leganda syujetin zamanagóy mashqalanı ortaǵa taslaw maqsetinde sheber qollanǵan bolsa, ekinshi poemada baqsıshılıqtıń

iláhiy qúdireti, onıń tábiyattıń tilsimli sırları menen baylanısı hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw máseleleri kóterilgen.

Juwmaqlap aytqanda, H. Ayımbetov óziniń kórkem qunı joqarı lirikalıq hám liro-epikalıq dóretpeleri menen házirgi poeziyamızdıń rawajlanıwına belgili úles qospaqta.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. H. Ayımbetov qosıqların ideyalıq-tematikalıq toparlarǵa bólip, slayd isleń.
2. Shayır qosıqlarınıń janrlıq-stillik ózgesheligi haqqında aytıp beriń.
3. «Qız baqsı» poeması ústinde óz betinshe jumıs isleń.
4. «Búlbil» poemasınıń ideyası hám kórkem obrazlar dúnyası haqqında seminar jumısın jazıń.
5. Shayır qosıqlarındaǵı detallıq súwretlewler, kartinalıq kórinislerdiń ózgesheligi haqqında aytıp beriń.
6. «Qızıl jıńǵıl», «Ádiraspan», «Qaramıq» qosıqlarında kórkem obraz jasaw ózgesheligin anıqlań.
7. Shayır dóretiwshiliginiń izertleniwi haqqında pikiríńiz qanday?

## JIYENBAY IZBASQANOV
*(1949–2023)*

Qaraqalpaq ádebiyatı poeziyasın ájayıp dóretpeleri menen bayıtqan Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Jiyenbay Izbasqanov 1949-jılı Shomanay rayonında «Aǵjap» boyında tuwılǵan. Ol Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutınıń rus filologiyası fakultetin pitkerip (1972), miynet jolın Shomanay rayonındaǵı 2-sanlı orta mektepte muǵallim bolıp islewden baslaydı (1972–1973). Sońınan ol Qaraqalpaqstan televideniesinde redaktor (1973–1982), «Jetkinshek» gazetası redakciyasınıń bólim baslıǵı

(1982–1985), Qaraqalpaqstan Respublikası Jazıwshılar awqamında juwaplı xatker (1985–1989), Qaraqalpaqstan Respublikası Baspasóz boyınsha mámleketlik komiteti baslıǵınıń orınbasarı (1990–1996) lawazımlarında isledi. 1996-jıldan «Qaraqalpaqstan» baspasınıń bas redaktorı wazıypasın atqarǵan.

J. Izbasqanov kóplegen poetikalıq toplamlardıń avtorı. Máselen onıń «Tulpar haqqında ballada» (1975), «Jaz ótkende» (1979), «Lirika dápterinen» (1982), «Balalıqtıń nesin aytasań» (1984), «Ómirge qushtarlıq» (1987), «Muhabbattıń almaz qırları» (1990) kitapları oqıwshılardıń estetikalıq talǵamın bayıtıwǵa úlken úles bolıp qosıldı. Al, ǵárezsizlik jıllarında shayırdıń «Muhabbat lirası» (1992), «Men kútken kún» (1993), «Jollarım uzaq» (1995), «Áyyemgi ańız» (1997) dep atalǵan poetikalıq toplamları hám «Saylandı shıǵarmaları»nıń úsh tomlıǵı (1999) basılıp shıqtı. J. Izbasqanov shıǵarmaları ózbek tilinde «Chavandoz», rus tilinde «Жду тебя» (Москва, «Молодая гвардия», 1982) degen atamalar menen jarıqqa shıqtı. Bul nárse poeziyamız úlgileriniń respublikamız aymaǵınan sırtta belgili bolıwına da elewli úles bolıp qosıldı. Shayırdıń dúnya poeziyasınan awdarmaları «Dúnya meridianları» atamasında óz aldına kitap halında 1993-jılı jarıq kórdi. Bul awdarmalar milliy kitapqumarlardıń estetikalıq talǵamınıń ósiwine unamlı tásir jasadı. 2009-jılı «Saǵınısh pasılı», 2014-jılı «Aq quslar» atlı toplamı oqıwshılardıń qolına jetip bardı. Shayırdıń shıǵarmaları haqqında birqansha ádebiyatshı alım hám sınshılardıń miynetlerinde dıqqatqa ılayıq pikirler bildirilgen[59].

---

[59]*Ахметов С.* Қарақалпақ совет поэзиясы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988. 404-б.; *Аймурзаев Ж.* Тәбият шайыры (Ж. Избасқановтың «Тулпар ҳаққында баллада» атлы қосықлар топламы ҳаққында). // «Совет Қарақалпақстаны», 1981, 27-октябрь.; *Жәримбетов Қ.* Көтериңки руўх поэзиясы. // «Устаз жолы», 2000, 11-октябрь.; *Турсымуратов М.* Поэт природы и любви. // «Вести Каракалпакия», 2000, 17-октябрь.; *Оразымбетов Қ.* Пикирлер ағымына сығасқан лирика. // «Еркин Қарақалпақстан», 2000, 5-октябрь.; *Usı avtor:* Көркем пикир ҳәм

J. Izbasqanov «Saylandı shıǵarmaları»nıń I tomlıǵı ushın 2000-jılı Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı boldı.

Jiyenbay Izbasqanovtıń ǵárezsizlik jıllarında el-xalıq, tuwılǵan jer, Ana-Watan, kindik qanı tamǵan qásiyetli topıraq tuwralı ustalıq penen qálem terbetiwi, usılarǵa say lirikalıq qaharmanlar obrazın sheber túrde jaratıwı onıń shıǵarmalarınıń oqıwshılar júregine tereńnen jol tawıp barıwına tiykar boldı. Shayırdıń usı temalardı tereń lirikalıq tolǵanıslar, ayrıqsha ekspressiv-emocionallıq sıpatlar, qıyınnan qıyıstırılǵan detallar, álwan-túrli sóz naǵıshları arqalı súwretlewi onıń shıǵarmalarınıń ǵárezsizlik dáwiri poeziyamızda ılayıqlı orın iyelewine alıp keldi. J. Izbasqanov shıǵarmalarındaǵı lirikalıq qaharmanlardıń óz balalıǵın, oynap ósip kámalǵa kelgen awılın saǵınıwı, olar tuwralı shiyrin qıyallarǵa beriliwi, oqıwshıda

---

лирика. ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы», 2001. №5.–Б. 88.; *Usı avtor:* Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы (1970-2000-жыллар). – Нөкис: «Билим», 2004. 188-б.; *Usı avtor:* Тәбият пенен руўхый дүньясы ушласқан шайыр. // «Қарақалпақ әдебияты», 2009, №11. – Б. 4.; *Есенов Ж.* Қардың аппақлығы–кеўил пәклиги. // «Еркин Қарақалпақстан», 2008, 23-февраль.; *Ибрагимов С.* Бүгинги қарақалпақ поэзиясы ҳәм шайырлардың дүньяға көзқарасы. // «Әмиўдәрья», 1993, № 11-12.; *Нуржанов П.* Лирика–мениң өмирим, пүтин барлығым. // «Устаз жолы», 2000, 12-октябрь.; *Нуржанов П., Сайымова Г.* Ҳәзирги лиро-драмалық поэмада қаҳарман характерин жасаўдың өзгешелиги.//«ӨзРИАҚБ Хабаршысы», 2009, №4.; *Өтемуратова Ҳ.* XX әсирдиң 80-жыллары дөретилген поэмаларда көркем-стильлик изленислер туўралы. // «Әмиўдәрья», 2016. № 1.; *Бекбергенова З.* Поэзия өмириниң өзеги. // «Әмиўдәрья», 2020, № 1. – Б. 72-75.; *Dosımbetova A.* Ж. Избасқанов лирикасында гүз образы. // «Әмиўдәрья», 2014. №5.; *Usı avtor:* J.Izbasqanov lirikasında peyzajdıń kórkem estetikalıq xızmeti. Ilimiy maqalalar toplamı. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2020. – B. 64-70.; *Тәжетдинова Г.* Тәбият жыршысының жаңа топламы. // «Қарақалпақстан жаслары», 1997, 10-июль.; *Сапарова Д.* Лирикалық қаҳарманның базы бир сыпатлы белгилери. // «Әмиўдәрья», 2007. № 2. – Б. 123-126.

ayrıqsha bir tolqınlanıw payda etedi. Kórkem sóz sheberiniń bul tuyǵılardı janlandırıp, álwan túrli reńlerge boyap beriwi kózge taslanadı. Bul sezimler, ásirese, shayırdıń «Tuwılǵan jer saǵınıshı», «Ómir aǵıp ótkenshe» sıyaqlı qosıqlarında ayqın sáwlelengen. Mısalı shayırdıń «Ómir aǵıp ótkenshe» degen qosıǵında lirikalıq qaharman bılayınsha tolǵanadı:

Ómir aǵıp ótkenshe,
Jılt etedi, aldaydı.
Jas ortaǵa jetkenshe,
Adam onı ańbaydı.

Eń táwiri – balalıq!..
Qol bılǵap keń dalalıq,
Tergen paytıń qaramıq,
Qaqtıradı tańlaydı[60].

Bul qatarlarda shayırdıń adam ómirinde balalıq shaǵlardıń umıtımas dáwirler ekenligin ayrıqsha bir saǵınısh penen eslewi hárbirimizdi tolǵandırmay qalmaydı. Shayır balalıq jıllardı insannıń basqa da ómir máwritlerinen bólek alıp qaramaydı. Kerisinshe, ol qosıqta adam balasınıń pútkil ómirin, qorshaǵan dúnyadaǵı tutqan ornın ashıp kórsetiwdi abzal kóredi. Bul baǵdarda shayır oqıwshıǵa tartımlı, lirikalıq sezimge bay qatarlardı inám etedi.

Qarańız:

On segizden óterseń,
Jaslıq shaqqa jeterseń,
Elden alıs keterseń–
Arzıw – niyet jollaydı.

---

[60] *Избасқанов Ж.* Мен күткен күн. Қосықлар ҳәм поэмалар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993. – Б. 133. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Samal enip murınǵa,
Kóz túspegen burında
Altın shashlı burımǵa
Jigit kóńlin arnaydı…[60; 133 b.].

Demek, bul qatarlar arqalı shayır insannıń jigitlik paslın súwretlep otırǵanlıǵın ańlaw qıyın emes. Bunnan keyingi ómir máwritlerin de qosıqta J. Izbasqanov oǵada sezimtallıq hám tereń realizm menen sáwlelendire alǵan.

J. Izbasqanov shıǵarmalarında insan ómiri tuwılǵan jeri menen tıǵız baylanısta alıp súwretlenedi. Usı kózqarastan shayırdıń «Tuwılǵan jer saǵınıshı» qosıǵındaǵı mınaday qatarlar dıqqatqa ılayıq:

Ketsem kóller, tawlardan asıp,
Sapar shaǵı tınıshım joytarman.
Hápte ótpey kewilim qulazıp,
Saǵınıshım qıynap, qaytarman.

Tuwılǵan úy. Tallar esimde…
Bul halattı kópten bayqarman.
Júrsem de qay jer siynesinde
Saǵınıshım qıynap, qaytarman [60; 140 b.].

Lirikalıq qaharmannıń kindik qanı tamǵan jerine degen muhabbatqa tolı sezimleri aq qaǵaz betlerine usılayınsha sheber túrde túsirilgen. «Tuwılǵan jer – tolǵawı» qosıǵında da ana jerge degen súyispenshilik avtor tárepinen basqasha formada, terme-tolǵaw usılında berilgen.

Qarańız:

Jıllar ótip-taptırmay,
Ǵayıp bolǵan baxtımday.
Balalıǵım ótken jer,
Qanatlıǵa qaqtırmay,

Ózine de jat qılmay,
Bizdi adam etken jer.
…Qaysı tusqa ketsem de,
Aqıl-oyım tek-sende!
Jarılıp bir hağınan,
Ulıń solay sağınar!...[60; 147-148 b.].

Mine, shayır tárepinen tuwılǵan jer temasınıń usılayınsha túrlendirilip jırlanıwı kórkem ádebiyattıń ámeliyatı ushın da, poetikalıq jaqtan da, tárbiyalıq, social-jámiyetlik kózqaraslardan da úlken áhmiyetke iye.

Shayır tuwılǵan jerdiń kelbetine tek maqtaw sózler aytıw menen sheklenbesten, bazı bir qosıqlarında tuwǵan mákanınıń búgingi kelbetine sın kóz benen qarawǵa, tubalaw dáwirindegi kemshilikler tuwralı óz pikirlerin ashıqtan-ashıq ortaǵa taslawǵa umtıladı. Lirikalıq qaharmannıń watanımız tábiyatına degen jan ashırlıq sezimleri Maqtumqulı hám Ájiniyazdıń ádebiy dástúrlerine say halda súwretlegeni shayır qosıqlarınıń ózine tánligin ańlatıp turadı. Bul nárse olardıń oqıwshılar tárepinen tez hám ańsat qabıllanıwına da xızmet etip turǵanday.

Qarańız:

Kózge túsip tırna-ǵazı usharda,
Qonar kóli, arnaları bolmasa,–
Qaraqalpaqtıń tábiyatına usar ma?
Ǵarqıldasqan ǵarǵaları bolmasa?!

Ǵarǵań, meyli, jurttı taslap ketpeydi,
Duzlı tozań oǵan tásir etpeydi,
Tek insanǵa Pamir suwı jetpeydi,
Izey suwdan qalǵanları bolmasa [60; 139-140 b.].

J. Izbasqanov óziniń bunnan ilgeri de jazılǵan «Ǵarǵalar» [60; 109 b.] degen qosıǵında da sol bir tilsiz janıwar bolǵan ǵarǵalardıń

ósken jerine degen tańqalarlıq sadıqlıǵın súwretlew arqalı úlken patriotlıq oylardı, salmaqlı ideyanı ortaǵa taslaǵan edi. Usı ádebiy dástúrdi shayır joqarıda keltirilgen qosıq qatarlarında jalǵastırıp, «ǵarǵalar» tımsalında tuwǵan jerge degen sadıqlıqtı ulıǵlaydı. Shayır úlkemizdegi suw qáhátliginen kelip shıqqan halatlardı sınshıllıq penen hám tásirli túrde súwretlep otır. Írasında da, sońǵı jıllardı aytpaǵanda, Ámiwdiń suwı tartılıp, xalqımızdıń awız suwǵa da jarımay qalǵanlaǵı sır emes. Shayır oyları usı shınlıqqa tiykarlanǵan. Máselen, joqarıda mısalǵa keltirilgen «Bolmasa» qosıǵınıń tómendegi qatarlarında sol jıllardaǵı qıyın jaǵday tásirli súwretlegen:

Toǵay-tallar… Túp tamırdan kestik biz,
«Ámiw tasqın. Qurımaydı» – destik biz,
Paxta ushın barlıǵınan keshtik biz,
Sıylıq, ataq alǵanlarıń bolmasa?

Eki tustan ústimizge qarar qum,
Bir tárepten quyılmaqta Aral-qum,
Shar tárepten izey alıp barar tıń,
Orpań topıraq qalmaǵanı bolmasa? [60; 140 b.].

Haqıyqatında, shayır aytıp otırǵanday, tıń jerlerdi ózlestiriw, paxta menen salı atızlarınıń jerlerin keńeytiw maqsetinde kóplegen toǵaylar nıpqırt etildi, flora hám fauna dúnyasına ornı tolmas zıyan keltirildi. Moynaq qalası turǵınlarınıń yarımınan aslamı basqa elatlarǵa kóship ketti. Sibir dáryaların Aralǵa ákelip quydırıw haqqındaǵı ideyalar qurı bos sóz halında qalıp qoydı. Kóplegen jıynalıslardaǵı Ámiw, Aral tuwralı gáp-sózler menen ortaǵa salınǵan pikirler de aqıbetinde samalǵa ushtı. Mine, bul jaǵday tuwralı shayırdıń tómendegidey pikirlerdi jazıwı da orınlı edi:

Kóp jıl kóp sóz úrdis boldı udayı,
Kóbiklerdiń berip qaldı qudayı!

Ishten kúyer bolǵan adam pidayı,
Jalǵız «way-way» salmaǵanı bolmasa?! [60; 140 b.].

Bul, haqıyqatında, lirikalıq qaharmannıń dártke tolı oylarınıń sheber túrde beriliwi bolıp esaplanadı.

J. Izbasqanov peyzaj lirikasınıń sheberi sıpatında poeziyamızda óz ornına iye. Ol bul baǵdarda ótken ásirdiń jetpisinshi jıllarınan baslap-aq kózge túspekte. Shayır jıl máwsimleriniń barlıǵı tuwralı qosıqlar jazǵan. Olardaǵı súwretlew usıllarınıń ráńbáreńligi oqıwshılardıń estetikalıq talǵamın bayıtıp barıwǵa xızmet etedi. Qosıqtaǵı qatarlar tábiyiy túrde uyqasqa túsip, júdá jarasımlı túrde, óz aǵısı menen jupkerlesip kele beredi. Mısalı: «Jollar kómilgendey» qosıǵında:

Jollar kómilgendey,
Orpań topıraqqa...
Ala shańǵıtlardı
Kórip óskenmen.
Házir sezinemen,
Sol bir átirapqa
Mehir-ıqlasımdı
Berip óskenmen.

Ol jer gúl-gúl dóner,
Báhár ayında,
Jelbirep turǵanday
Mıń qızıl jalaw.
Dala gúlleriniń
Gúl jaynawında,
Jismiń sızlatarlıq
Kórinisler bar-aw![61]

[61] *Избасқанов Ж.* Муҳаббат лирасы. Қосықлар ҳәм поэма. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992. – Б. 52-53. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Bul qatarlar lirikalıq qaharmannıń báhár kórinisleri tuwralı sezim hám oyların ózinde jámlegen bolsa, al gúz tábiyatına baylanıstırıp shayır bunı bılayınsha súwretlegen:

Ay-hay, altın gúzdiń
Tábiyatı qanday!
…Baǵlardı sarǵısh túske
Malıp alǵanday! – [61; 53 b.].

Shayırdıń qıs máwsimi tuwralı mına qatarlarına itibar beriń:

Al, endi janımdı
Qısqı boyawlar
Nurlarǵa shaǵılısıp,
Sırlap tasladı.
Taldı zárre silkseń–
Appaq qar sawlar...
Sezim hám shımbırlap
Quyıla basladı [61; 54 b.].

Báhár hám jaz tuwralı shayır oylarına dıqqat bereyik:

Báhárde ıshqı etip
Tasqın bulaqqa,
Tolıp-tasar edim
Árman, sherden men.
Eliklep úydegi
Qozı-ılaqqa,
Say boyınıń
Sútilmegin tergenmen.

Jazında erkinsip
Erke ulınday,
Dala siynesinde
Jeldey eskenmen.
Kóńilde sezimler
Aǵısı tınbay,
Sonıńday shıraylı
Jerde óskenmen…[61; 54 b.].

Shayır, mine, usılayınsha qálem terbete otırıp, tap usı qosıqtıń ózinde taǵı da gúz, qıs tuwralı álwan túrli oy-sezimlerdi sheber túrde sáwlelendire alǵanlıǵı dıqqatqa ılayıq.

Joqarıda aytqanımızday-aq, shayır bir máwsimniń hár túrli muqamlarına birneshe qosıqlar arnaǵan. Olar tartımlı kórinisleri, kartinalıq, detallıq sıpatları boyınsha bir-birin qaytalamaydı. Kerisinshe, olar biri-ekinshisin tolıqtırıp, oqıwshılardıń estetikalıq dúnya tanımın jetilistirip barıwǵa xızmet etedi. Mısalı: «Gúzdiń sońǵı tańında» dep atalǵan qosıqta da joqarıdaǵı qosıqtaǵıday – gúz máwsimi súwretlense de, onda usı máwsimniń ózgeshe túrdegi kartinası kóz aldımızǵa elesleydi.

Mısalı:

Quyash. Tımıq. Biraq, endi,
Tallar yarım jalańash.
Ele sarǵısh, kógis reńli,
Japıraqları aralas.

Suwdıń beti azanlı-kesh,
Qaymaqlasıp turadı.
Salqın lebi qaytar emes,
Bar ayazdıń qumarı!

Ketip ǵaz hám tırnaları,
Gúzdiń sońǵı tańında–
Janlı maqluqattıń bári,
Qıstan shıǵıw ǵamında[62]…

Mine, sezilip turǵanınday, bul qatarlarda gúz kórinisleri tek natural túrinde ǵana alınıp súwretlenbesten, al oǵan jan endirilip, háreketler, qıymıl-qozǵalıslar arqalı beriliwi avtordıń tábiyattı sáwlelendiriw ózgesheligin ańlatıp turadı. Shayırdıń tómendegi qosıq qatarları da tábiyat hám insan ómirin bir-biri menen salıstırıp súwretlewi menen qunlı bolıp tabıladı. Qarańız; «Bálent ushqan» qosıǵında:

---

[62]*Избасқанов Ж.* Әййемги аңыз (қосықлар, ертеклер). − Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997. – Б. 19. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Bálent ushqan ǵazlar-áy,
Ótti báhár, jazlar-áy!
Gúz hám muńǵa malınıp,
Ózin qısqa sazlar-áy.

Qatar dúzep alasız,
Qıyqıwlasıp barasız.
Qalay kúniń óter-áy,
Tuwǵan jer, keń dalasız?...

Sapar tartıp taǵı da,
Máńgi árman baǵına,
Aman jetiń, ǵazlar-áy,
Niyet etken jaǵıńa!... [62; 4 b.].

Usı qatarlardıń ózinde-aq shayırdıń máwsimler muqamın túrlendirip, oǵan ayrıqsha jan berip, romantikalıq halda da súwretlew sheberligi ayqın sezilip turǵanlıǵı dıqqatqa ılayıq. J. Izbasqanov kópshilik qosıqlarında avtordıń usınday balalıq, jas óspirimlik jıllardı romantikalıq oy-sezimler arqalı súwretlewi kózge taslanadı. Bunda tábiyat qubılısları menen peyzajdı súwretlew baslı orında turadı. Olardıń barlıǵı balalar menen jas óspirimlerimizdi tek ǵana ideyalıq jaqtan ǵana emes, al, estetikalıq jaqtan tárbiyalawda da úlken áhmiyetke iye. Jáne usı jerde sonı da aytıp ótiwimiz zárúr, joqarıdaǵı qosıqta shayırdıń birinshi shuwmaqtı shıǵarmanıń aqırında taǵı da qaytalap keltiriwi – bul avtordıń poetikalıq anaforanı qollanıwdaǵı sheberliginen derek beredi.

J. Izbasqanovtıń qıs tuwralı jazılǵan «Qıs – súwretshi», «Kaktus», «Appaq-appaq qıs qarı» sıyaqlı qosıqları uqsas tematikaǵa arnalǵanı menen de, olar ájayıp kartinalıq kórinisleri, álwan túrli boyawları, detallıq sıpatları boyınsha biri-ekinshisin tákirarlamaǵan. Sonlıqtan da bunı qayta-qayta oqısańız da zeynińiz ashılıp sala beredi.

Mısalı:

Appaq-appaq qıs qarı
Janımızdıń qushtarı!
Gá pármana boladı,
Gá qolıńa qonadı.
Qubılıp bir mıń túrli,
Keltiredi kúlkińdi!–
Qıtıqlap nur aǵısı,
Hátte, árman jaǵısı
Qol sozımda turǵanday,
Íǵbal edi bul qanday?![63]

Qızıq jeri sonda, mine, usı tábiyat kartinaların shayır jaslıq muhabbatqa ushlastırıp jibere aladı. Bul da sóz sheberiniń poeziyadaǵı tabısın ańlatıp turadı.

Mısalı:

Arasında qarlardıń,
Qaptalınan tallardıń
Ushqınlap bir óttiń sen,
Meni órtep kettiń sen.
Seniń gúldey túr-túsiń,
Beliń bolsa bir qısım!–
«Nan pisedi» demińe…
Ilestirip meni de,
Baratırsań gúzardan–
Ómir jolıń uzarǵan.

Seni ańsap hárdayım,
Kiyatırman qardayın
Bawırıma bassam dep! [63; 155-156 b.].

[63] *Избасқанов Ж.* Мен күткен күн. Қосықлар ҳәм поэмалар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993. – Б. 155. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Bul, haqıyqatında, ómirdiń nağız ózi, jaslıq oy-sezim ağıslarınıń tábiyǵıy hám romantikalıq jelisi ekenligi ayqın kórinip tur.

Shayırdıń taǵı bir «Qıs – súwretshi» qosıǵında bolsa sol bir tanıs máwsim bılayınsha túrlendirilip hám jan endirilip súwretlengeni dıqqatqa ılayıq:

| | |
|---|---|
| Qıs. Suwıqtan<br>«Búrisip»,<br>Shapqılaymız<br>Kúlisip!… | Qıstıń yoshı<br>Tolı ma?–<br>Kistin alıp<br>Qolına. |
| Sıqırlaǵan<br>Aq qarı–<br>Kewilimizdiń<br>Áptabı! | Aq reńge<br>Malıptı.<br>Óz súwretin<br>Salıptı.[64] |

Qarańız, bul sóz dizbekleri menen salınǵan súwret – kartinalar desek asıra súwretlew bolmas. Olar bizge lirikalıq qaharmannıń qanday lázzetli, qanday zawıqlı halatın jetkeriwge xızmet etip tur. Bul jerde qosıq qatarlarınıń qısqa túrde beriliwi lirikalıq qaharmannıń halatın ıqsham túrde beriwge xızmet etken. Demek, bul nárse de shayırdıń poetikalıq sheberliginen derek beredi.

J. Izbasqanov házirgi dáwir qaraqalpaq poeziyasın eki, úsh, tórt qatarlı qosıqlar hám klassikalıq poeziyanıń dástúriy úlgileri menen verlibr (erkin) formasındaǵı qosıqları, elegiya janrları menen de bayıttı. Ǵárezsizlik jılları já設riyalaǵan «Jollarım uzaq» (1995), «Áyyemgi ańız» (1997) atlı kitaplarında shayırdıń poeziya tili menen kóplegen ańız-áńgimelerge, ápsanalıq syujetlerge qurılǵan birneshe qosıqları, balladaları, ádebiy ertekleri berilgen. Olar da óziniń qızıqlı waqıyaları, tartımlı hám kórkem tili menen oqıwshılardıń dıqqatına sazawar boldı. Usı sebepli de bul dóretpeler jas óspirimler menen balalardıń, ereseklerdiń ruwxıy dúnyasın bayıtıwǵa xızmet

---

[64] *Избасқанов Ж.* Муҳаббат лирасы. Қосықлар ҳәм поэма. – Нөкис: «Қарақалпақстан», – Б. 29.

etedi. Shayırdıń «Ótemis», «Qamal», «Tınımsız oylar yamasa oqıwshıma xat», «Men ómir haqqında», «Sóz qádiri» poemaları da óz ıqlasbentlerine jetip barǵan hám kópshiliktiń diydinen shıqqan.

Ulıwma alǵanda, J. Izbasqanov ǵárezsizlik jıllarındaǵı poeziyamızdıń rawajlanıwına óziniń kórkem qunı joqarı hám ideyalıq salmaǵı úlken dóretpeleri menen ılayıqlı úles qostı.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. J. Izbasqanovtıń baspadan shıqqan qanday poetikalıq toplamların bilesiz?
2. Shayır poemalarınıń problematikası hám kórkem obrazlar dúnyası haqqında aytıp beriń.
3. Shayırdıń Ana-Watan, tuwılǵan jer haqqındaǵı qosıqlarınıń ózgesheligin aytıń.
4. Shayır poeziyasında muhabbat lirikasınıń tutqan ornı tuwralı nelerdi bilesiz?
5. Shayır lirikasındaǵı peyzajlıq súwretlewlerdiń ayrıqshalıqlarına itibar beriń.
6. J. Izbasqanovtıń «Tuwılǵan jer saǵınıshı» qosıǵın yadlań hám ol tuwralı pikirlerińizdi jazba túrde beriń.
7. Shayırdıń «Men kútken kún» toplamındaǵı qosıqlardı ideyalıq-tematikalıq toparlarǵa bóliń, mazmunı hám forması boyınsha jikleń.

## SAǴÍNDÍQ NIYETULLAEV

*(1948–2014)*

Saǵındıq Niyetullaev 1948-jılı 31-marta Moynaq rayonında tuwılıp, Tashkent pedagogikalıq institutınıń rus tili hám ádebiyatı fakultetin (1971), sońınan Tashkent mámleketlik universitetiniń (házirgi ÓzMU) yuridika fakultetin (1985) pitkergen. Yuridika ilimleriniń doktorı, professor, Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen yurist. Onıń huqıqtanıw tarawına baylanıslı jazǵan

monografiyaları, oqıw qollanbaları, ilimiy maqalaları yuridika iliminiń rawajlanıwına úlken úles boldı.

S. Niyetullaev hár qıylı mámleketlik lawazımlarda kóp jıllar boyına islewine qaramastan, qosıq jazıwǵa da waqıt tawıp, hár qıylı tematikaǵa hám ideyalarǵa qurılǵan shıǵarmaları menen qaraqalpaq poeziyasında da ılayıqlı orınǵa iye boldı. Usı waqıtqa shekem onıń «Men saǵan ashıqpan» (1980), «Gúlzar» (1992), «Jaqsı tilek» (2004), «Ómir haqqında oylar» (2006), «Táǵdir» (2007), «Elim meniń» (2007), «Usı eldiń perzentimen» (2008), «Qádiriń de, qımbatıń óz elińde» (2009), «Ómir jolı» (2010), «Isenim» (2012), «Watanım, sen janımnıń ishindeseń!» (2013), «Ǵárezsizlik haqqında dástan» (2013), «Baxıtlı bolıń» (2014) atlı poeziyalıq toplamları basılıp shıqqan. Ayrıqsha belgilep ótetuǵın nárse sol, qálem iyesiniń bul dóretpeleriniń sanı emes, al olardıń ádebiy estetikalıq, poetikalıq jaqtan alıp qaraǵandaǵı kórkemlik sheberligi hám jańashıllıqqa dıqqattı qaratıwı bahalı. Shayırdıń talantın moyınlap birqansha ádebiy sınshılıq miynetler, recenziyalar menen qısqasha dóretiwshilik tulǵalar sıpatında maqalaların jáiyalaǵan qálem iyeleriniń eń aldı jazıwshı-shayırlardıń ózleri boldı[65]. Álbette,

---

[65]*Қурбанбаев И.* Жаңа қосықлар дүркинлери. // «Еркин Қарақалпақстан», 2003, 31-июль.; *Каримов К.* Сезимди қосық етип дәстелеген… (С.Нийетуллаевтың «Өмир жолы» топламы ҳаққында). // «Еркин Қарақалпақстан», 2010, 12-октябрь.; *Избасқанов Ж.* Қосық жазбай кетип те көрдим. // «Еркин Қарақалпақстан», 2009, 17-март.; *Матяқубова Г.* Сатрларда умр фалсафаси. // «Қорақалпоғистон тонги», 2010, 12-август.; *Айымбетов Ҳ.* Желиси бар Тилеўберген шайырдың. // «Еркин Қарақалпақстан», 2011, 11-июнь.; *Дәўлетназаров Х.* Шайырдың жүрек дүрсили (С.Нийетуллаевтың «Өмир ҳаққында ойлар», «Жақсы тилек» ҳәм т.б. топламлары ҳаққында). // «Еркин Қарақалпақстан», 2007, 8-сентябрь.; *Usı avtor:* Шайыр миннети. – С.Нийетуллаевтың «Өмир жолы» (қосықлар ҳәм мақалалар) топламына алғы сөз. – Б 3-4.; // С. Нийетуллаевтың поэзиясы ҳаққында әдебий сын-пикирлер. (Мақалалар жыйнағы). – Б. 203–276.; – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010. – 288 б. *Султанов А.* Көркем

bul shayır dóretiwshiliginiń óz zamanlasları arasında tağı bir mártebe kóklerge kóteriliwiniń gúwası bolsa kerek. Shayır talantın moyınlap, birqansha recenziyalar, portret formasındağı miynetler járiyalandı hám kúndelikli bazpasózde, jurnalda hám shayırdıń óz qosıqlar toplamı bolǵan «Ómir jolı» (2010), «Ǵárezsizlik haqqında dástan» (2013) degen kitaplarında járiyalandı[66].

S. Niyetullaev kóbirek oyshıl hám gumanistlik pafosı kúshli qosıqlar jazsa da, onıń poeziyalıq dóretiwshiliginde tuwılǵan jerdi, Watandı jırlaw eń baslı orında turadı. Olardağı sıǵasqan sezimler, poetikalıq pikirler oqıwshını biypárwa qaldırmaydı. Usı kózqarastan alıp qaraǵanda, tereń oylılıq shayır poeziyasınıń baslı ózgesheliklериniń biri bolıp tabıladı.

Shayır óziniń poetikalıq izlenislerinde dóretpeleriniń estetikasın arttırıw ushın jańasha poetikalıq uğımlar oylap tawıp, ómir menen turmıstağı basqalarǵa elespesizlew waqıya hám hádiyselerden, hátteki, olardıń kishkene bólekshelerinen, detallardan úlken patriotlıq, gumanistlik oy juwmaqların shıǵarıp, poetikalıq túyin payda etip otıradı. Haqıyqatında, kórkem detal – «óz aldına mániske iye bola almaytuğın, biraq obrazdı tolıqtırıw hám kórkemlew ushın áhmiyetke iye bolatuğın kórkem shıǵarmanıń bólekSheleri»[67]. Kúndelikli turmısta jiyi-jiyi ushıratıp júrgen ápiwayı predmet yaki sózlerden, geyde tábiyat qubılıslarınan tereń poetikalıq pikirler

әдебиятта философиялық ой-пикир. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010.; *Тәжетдинова Г.* Қәдириң де, қымбатың өз елиңде. // «Устаз жолы», 2009, 11-апрель.

[66]*Базарбаев Ж.* Топламдағы илҳам туйғылары. (С.Нийетуллаевтың «Өмир ҳаққында ойлар» китабын оқып). // «Еркин Қарақалпақстан», 2006, 23-сентябрь.; *Есенов Ж.* Нөсер талант. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2016. – 100 б.; *Usı avtor:* Ойшыл шайырдың эстетикасы. // «Әмиўдәрья», 2020, №3.; *Турдыбаев Қ.* Улыўма инсаныйлық идеялар ҳәм шайыр позициясы. // ҚМУ «Хабаршысы», 2010, № 3-4.

[67]*Ахметов С., Есенов Е., Жәримбетов Қ.* Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: «Билим», 1994. – Б.62.

keltirip shıǵarıw – bul jazıwshı-shayırdıń yoshlı miynetiniń, sózsiz poetikalıq tabıslarınıń dálili. Kórkem oy-pikirdegi usı máseleni izertlewshi ilimpazlar E. S. Dobin, S. J. Baldanov, Z. Qabdalov, S. Umirov, J. Esenov[68] óz miynetlerinde ayrıqsha belgilep ótken. Solardıń bir mısalı retinde S. Niyetullaevtıń «Dúnyanıń jarasıǵı» – degen qosıǵında qollanǵan tómendegidey leksikon, sóz hám tábiyat kórinisleri, geografiyalıq atamalar tipindegi kórkem detalǵa dıqqat awdarayıq:

«Qaranı» kóp aytamız,
«Qaralı» sózdiń saltı.
«Qara úy» qaraqalpaqtıń,
Otawı, saltanatı.

Arqada Qaratereń,
Qublada Qaratawım.
Quyılǵan qara terim,
Báhárde qara jawın.

Qısında qara suwıq,
Qorada qara malım.
Turǵanda qara dawıl,
Terbeler qara talım[69]…

---

[68]*Добин Е.С.* Герой. Сюжет. Деталь. – Москва: Издательство. Сов. писатель, 1962. – С.407.; *Балданов С.Ж.* Художественная деталь в бурятской прозе. – Улан-Удэ, 1987. – С. 133.; *Қабдалов З.* Художественная деталь в казакской прозе. – Алма-Ата: АКД. 1982.; *Usı avtor:* Сөз өнери (әдебият теориясының негиздери). – Алма-Ата: «Мектеп», 1982.; *Умиров С.* Роль художественный деталь в изображении характера и обстоятельство. – Ташкент: АКД. 1967.; *Есенов Ж.* Проблема художественного психологизм в современной каракалпакской повести. – Ташкент: АКД. 1983.; *Usı avtor:* Шеберликтиң сырлары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986. – Б. 51–100.

[69]*Нийетуллаев С.* Өмир ҳаққында ойлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2016. – Б. 56.

Bizler onsha itibar bere bermeytuǵın «qara» reńniń ózinen de shayır úlken gumanistlik hám patriotlıq sıpattaǵı juwmaq shıǵara alǵan.

Usınday poetikalıq, ideyalıq-estetikalıq ózgeshelikler shayırdıń joqarıda keltirilgen qosıǵınıń dawamında ayqın kózge taslanadı. Shayır bul qosıqtı: «Kewliń keń, janıń appaq, Watanım – Qaraqalpaq», «…Milletim – qaraqalpaq», «…Jazayın qosıǵımdı ózińe arnap, arnap»[70] – dep juwmaqlaw arqalı úlken patriotlıq pikirlerdi ortaǵa taslaydı. Bunday shıǵarmalar, álbette, óz milliy naǵısları, oy-pikirlerdiń poetikalıq ráńbáreńligi, ideyalıq ótkirligi menen úlken estetikalıq, patriotlıq, tárbiyalıq áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

Shayır poeziyasında ǵárezsizlik zamanı, tuwılǵan awılı, kindik qanı tamǵan jeri tuwralı jazılǵan tereń mánili qosıq qatarları kóplep ushırasadı. Mısalı, «Qádiriń de, qımbatıń óz elińde» qosıǵında:

Qádiriń de, qımbatıń óz elińde.
Shıǵısıń da,
Tegiń de,
Ózegińde.
Basqa jurttıń adamı kópsinedi,
Ózgelerden shobıtın, tezeginde.

–Qádirin bil sonlıqtan tuwǵan jerdiń,
(Ómirimshe men de oǵan qushaq kerdim).
Yadıńda tut biraq ta adam bolıw,
Arqasında miynettiń,
Mańlay terdiń[71].

Shayır usılay jaza otırıp, óz pikirlerin jáne de zamanagóylestirip, tuwılǵan jeriniń búgingi qıyınshılıqları menen suwsızlıq aqıbetlerine

---

[70]*Бул да сонда: – Б. 56.*

[71]*Нийетуллаев С.* Қәдириң де, қымбатың өз елиңде. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009. –Б. 3.

janashırlıq bildirip, «Aral jaǵasında» degen qosıǵında tómendegi qatarlardı ortaǵa taslaydı:

… Jaǵısqa kelip ózim qarap turman,
Suwlar joq túsetuǵın Ámiw, Sırdan,
Kemeler qırda qaqsap,
Jatır qıyrap,
Quslar da qaytıp endi kelmes oǵan[72].

Bunday qatarlar, álbette, patriot lirikalıq qaharmannıń ishki ruwxıy keshirmeleriniń sáwlesi bolıp, olar shayırdıń basqa qosıqlarındaǵı ulıwma adamıyzatlıq oy-pikir hám ideyalar menen ulasıp otıradı. Sonıń ushın da, S. Niyetullaevtıń kópshilik qosıqları jámiyetshilikti ayrıqsha oyshıllıǵı, filosofiyalıq sıpatı menen ózine tartıp kelmekte. Bunday ózgesheliklerdi biz onıń joqarıdaǵı tuwılǵan jer haqqındaǵı qosıǵında da ushıratamız.

Usı kózqarastan shayır lirikası ómir tuwralı realistlik penen xatqa ayqın túsirilgen kartinalarǵa júdá bay bolıp, olar oqıwshılardıń barlıǵın sergeklikke, joqarı adamgershilik penen mehribanlıqqa shaqırıp turadı. Onıń poeziyasında danıshpanlıq penen aytılǵan tereń psixo-filosofiyalıq tolǵanıslarǵa bay «Sawalım bar ózińe jaratqanım!» dep baslanatuǵın «Oylar meni qıynaydı» degen qosıǵı dıqqatqa ılayıq.

Sawalım bar ózińe, jaratqanım!
Álemge nur jaqsı ǵoy taratqanıń,
…Jerde jaman kóbeyip baratqanın,
Bilesiz be sen óziń, jaratqanım?
On balanıń anasın,
Durıs pa sol?
Állekimniń qolına qaratqanıń.

---

[72]*Нийетуллаев С.* Жақсы тилек. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2004. –Б. 203. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Ómir qıyın bolıp tur, jaratqanım!
Jamanlıqtı adamǵa boratqanıń.
Saǵan obal emes pe, qalalardı,
Jerdi silkip,
Wayranǵıp qıyratqanıń... [72; 232-233 b.].

Mine, sezilip turǵanı yańlı bul qatarlarda tereń filosofiyalıq pikirler menen ayrıqsha gumanistlik pafos, shayırdıń qosıq dóretiwdegi ózinshelligi jámlengen.

Biraq, ele de shayırdıń oy-pikirleri juwmaqlanbay, ol bılayınsha dawam etken:

Oylar meni qıynaydı, jaratqanım!
Kúnim bilemen batıp baratqanın.
Bul ómirde bir narse júdá awır,
Ata-ananı «Botam!..» dep jılatqanıń... [72; 232-233 b.].

Shayır bul qosıǵında tábiyat hám jámiyet qubılısların salıstıra kelip, ótkir, oyshań poetikalıq pikirler keltirip shıǵaradı, qosıqlarınıń ulıwma adamıyzatlıq, filosofiyalıq hám gumanistlik sıpatların kúsheytip baradı. Usınday usıl menen shayır jáne de «Turmaydı ay da oǵan kóp úńilip» degen qosıǵında mınaday qatarlardı oqıwshıǵa inam etedi.

Qaraydı juldızlar da kókten kúlip,
Tún boyı jer betine turdı úńilip.
Jerdegi qıyınlıqtı kórmew ushın,
Barlıǵı tań aldında ketti semip.

…Jerdegi azaplardı kórmew ushın,
Turmaydı Ay da oǵan kóp úńilip [72; 192-193 b.].

Demek, bul jerde tábiyat sırları shayır ushın ulıwma gumanistlik oylardı beriwde belgili bir poetikalıq usıl sıpatında qollanılǵan.

Shayırlar bárqulla óz ómirine baylanıslı belgili juwmaqlar shıǵarıp, ómir tuwralı oy-pikirlerin kópshilikke usınadı. S. Niyetullaev ta usılayınsha óz ómir tájiriybelerinen kelip shıǵa otırıp qosıqlar jazadı, poetikalıq pikirlerin ortaǵa taslaydı. Bul, óz gezeginde, shayırdıń oy-pikirleriniń isenimliligine, tábiyiyligine alıp keledi. Máselen: «Aqlıqtıń besigi janındaǵı oylar» atlı qosıqtaǵı tómendegi qatarlarǵa itibar bereyik:

Úńilemen sen jatırǵan besikke,
Jaqtırmayman sılt etkende esik te,
Ómirdegi ulı-qıyqıw dawıstı,
Kerek emes,
Házir janım, esitpe! [72; 219 b.].

Lirikalıq qaharmannıń keleshek áwladlar haqqındaǵı bunday oyları oqıwshıda ayrıqsha jıllı sezimler payda etedi. Usınday kózqarastan ǵana bul sanawlı qatarlardıń ózinde qanshelli dárejedegi ómir filosofiyası menen búgingi shawqımlı zamanımızdıń naǵız realistlik kartinası júdá oyshań dárejedegi tereńlik, ayrıqsha gumanistlik ózgeshelikler menen jırlanǵanlıǵı ayqın kórinip tur.

Shayır hám onıń lirikalıq qaharmanı qısqa kúnge qırq tolǵatıp, ómir tuwralı tınımsız oylar jeteginde júredi, tábiyattıń tilsimli sırları menen ózinshe sırlasıp, olardıń járdemi menen adamzattıń búgini hám keleshegi ushın áhmiyetli máselelerdi ortaǵa taslaydı, jaqsılıqtıń jamanlıq ústinen jeńisin tilep qaladı. Bunıń ushın lirikalıq qaharman eń aldı menen Ana-Jerge, tuwılǵan topıraqqa bekkem arqa súyep pikir júritedi. Usınday kózqarastan tómendegi «Tuwǵan jerdiń táǵdiri» qosıǵındaǵı qatarlar dıqqatqa ılayıq:

Tuwǵan jerdiń táǵdiri tolǵandırıp janımdı,
Batırmaydı kúnimdi,
Atırmaydı tańımdı.
Aral qurıp baratır,

Ámiw suwı tartıldı,
Arqadaǵı awıllar duzdan kórpe jamıldı.

... Tuwǵan jerdiń táǵdiri adam seniń qolıńda,
Jamanlıqqa jol qoyma óter ómir jolında,
Ana-jer dep ataydı qádirine jetkenler,
Qarajer dep janına tiygenler bar onıń da.

Shańǵıp jatqan Araldıń kórdiń be sen ultanın,
Qurıwıma ne sebep dese,
Bar ma sıltawıń.
Jer betinen joǵalsam kerek emes dep tur ol,
Jaqsıńız da,
Hadalıń,
Mártleriń de,
Sultanıń[73].

Bul tuwılǵan jeri ushın xızmet etiwge, janın pidá etiwge tayar lirikalıq qaharmannıń ishki debdiwi, azamatlıq poziciyası, júrek hámiri bolıp tabıladı.

Shayır ómirdiń barlıq qarama-qarsılıqları menen ózgerislerin kóz aldımızǵa keltirip, insan balasınıń gúressheńligin, belsendilik ruwxın joqarı qoyıp súwretlewge umtıladı. Sonlıqtan da, ol kópshilik jaǵdaylarda usınday tiptegi ómir kartinasın, turmıs, tábiyat dialektikasın názerge tutqan halda poetikalıq juwmaqlar shıǵaradı. Mısalı: «Ómir menen Quwanısh...» degen qosıǵında:

Jazdan keyin gúz kelip,
Máwsim egiz tuwılǵan.
Aspan demde túnerip,
Jawınǵa jer juwınǵan.

---

[73] *Нийетуллаев С.* Өмир ҳаққында ойлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2006. – Б. 255. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Bul ómirde aq, qara,
Qatar júrip keledi.
Adam degen biyshara,
Táǵdirine kónedi [73; 53 b.].

Kórinip turǵanınday, lirikalıq qaharman tábiyat qubılıslarınıń tınbay ózgerip otıratuǵınlıǵına ishara ete otırıp, onıń ullılıǵın joqarı tutadı, insanlardı mehribanlıqqa, gumanistlik qatnaslarǵa qaray sharlaydı. Usı sebepli de shayır «Men bilemen» degen qosıǵında bılay jazadı:

… Men bilemen,
Nem endi kemis meniń,
Talabımnıń qáleymen keliskenin,
Biraq dúnya tarılıp baratqanday,
Qoymaydı ǵoy adamlar tebiskenin [73; 120 b.].

Bul qatarlarda sáwlelengen turmıs qarama-qarsılıqların házirgi kúnde kóplegen mısallar menen dálillep kórsetiw múmkin. Shayırdıń baslı maqseti pútkil adamzattı óz ara túsinisiwge, awızbirshilikke insanıylıq qatnaslarǵa júginip jasawǵa mámleketler arasındaǵı doslıqtı saqlawǵa shaqırıw bolıp esaplanadı. Búgingi dúnya xalıqları arasında bolıp atırǵan hár túrli qarama-qarsılıqlar, kún sayın háwij alıp baratırǵan terrorizm háreketleri shayırdıń joqarıdaǵıday pikirlerdi ortaǵa taslawına túrtki bolǵan bolsa kerek.

Demek, Saǵındıq Niyetullaev poeziyası ómir dialektikasına, ondaǵı qarama-qarsılıqqa, gúreske tolı kórinislerdi sáwlelendiriwge meyilligi menen ayırılıp turadı. Bul nárseniń tárbiyalıq xarakteri kóp. Qullası, qálem iyesi búgingi poeziyamızdı jańa sóz naǵısları menen bayıtıp, zamanlaslarımızdıń estetikalıq talǵamın tereńletip, pikir dúnyasın bayıtıwǵa umtıladı.

S. Niyetullaevtıń ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyasındaǵı lirikalıq qaharman adam táǵdiri, Aral táǵdiri, Ámiw táǵdiri tuwralı shın

júrekten kúyinedi, ómir, ótmish, keleshek, ulıwma, dúnya, bolmıs haqqında filosofiyalıq juwmaqlar shıǵarıwǵa umtıladı. Sonlıqtan da, avtordıń bul dáwirdegi qosıqlarınıń tárbiyalıq áhmiyeti úlken bolıp, olar jastı da, úlkendi de oylanıwǵa, ómirdiń mánisi tuwralı tolǵanıwǵa sharlaydı. Demek, shayırdıń ádebiy miyrasın ǵárezsizlik zamanı kózqarasınan ele de tereńirek izertlew onıń lirikalıq dóretpeleriniń házirgi poeziyamızdaǵı ornın belgilewge xızmet etedi dep oylaymız.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. S. Niyetullaevtıń baspadan shıqqan qanday poetikalıq toplamların bilesiz?
2. Shayırdıń Ana-Watan, tuwılǵan jer haqqındaǵı qosıqlarınıń ózgesheligin aytıń.
3. S. Niyetullaevtıń poeziyası boyınsha izertlengen miynetler tuwralı nelerdi bilesiz? Bul boyınsha bibliografiyalıq jumıs júrgiziń.
4. Shayırdıń filosofiyalıq tematikaǵa qurılǵan qosıqları mısalında óz betinshe jumıs jazıń.
5. Shayır qosıqların ideyalıq-tematikalıq toparlarǵa bóliń, mazmunı hám forması boyınsha jikleń.
6. S. Niyetullaev lirikasında ekologiyalıq mashqalalardıń súwretleniw ózgesheligin belgilep beriń.

## ÁBILQASÍM ÓTEPBERGENOV
*(1951)*

Ábilqasım Ótepbergenov qaraqalpaq ádebiyatında hár tárepleme, nátiyjeli miynet etip kiyatırǵan talantlı dóretiwshilerdiń biri sıpatında ǵárezsizlik jıllarında óziniń sociallıq-filosofiyalıq salmaǵı úlken lirikası, ruwxıy ádep-ikramlılıq ideyalar menen suwǵarılǵan dástanları, prozalıq hám dramalıq shıǵarmalardıń avtorı sıpatında oqıwshılarǵa jaqsı tanıs.

Ol orta mektepti pitkergennen keyin Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutınıń tábiyattanıw fakultetin pitkeredi (1973), sońınan respublikalıq gazetalarda, radioda hám televideniede hár qıylı lawazımlarda, sonday-aq, «Ámiwdárya» jurnalınıń bas redaktorı (1994–1999) bolıp jumıs isledi.

Á. Ótepbergenov «Tamshılar» (1982), «Oynama bala!» (1984), «Bulaqlar» (1991), «Dúnya bir ájayıp jaydur» (1993), «Sır sandıǵı ashılmaǵan sırlı jáhán mendedur» (1994), «Eger kewlimdi xosh etse…» (1997), «Kún shıǵıs muxamları» (2007), «Áy insan!» (2007), «Sálmen iyshan – dóhmet qurbanı» (2008), «Xalıqtan danaman deyip oylama» (2009), «Kimge keńdur, kimge tardur bul dúnya» (2009) atlı qosıqlar hám poemalar toplamları hám 2010–2021-jılları «Tańlamalı shıǵarmaları»nıń on bir tomlıǵın basıp shıǵardı. Belgili ilimpaz K. Qurambaev shayır dóretiwshiligine baylanıslı maqalalarınıń birinde «…ayta ketetuǵın bir nárse shayırdıń kóp tomlıq shıǵarmaların basıp shıǵarıwǵa qol urǵanı onıń dóretiwshilik dárejesiniń joqarı ekeninen derek beredi. Ashıǵın aytatuǵın bolsaq, bunday ruwxıy huqıq hámme dóretiwshilerge de nesip ete bermeydi. Talantlı qálemkeshlerge ǵana nesip etetuǵın baxıt hám áwmet bul»[74] – dep joqarı baha bergen edi. Shayırdıń házirge deyin ilimiy-ádebiy jámáátshilikke, kitapqumar oqıwshılarǵa inam etken kitaplarınıń basılıp shıqqan dáwiri ǵárezsizlik jıllarına tuwra keledi. Á. Ótepbergenovtıń zamanlaslarınıń ayanıshlı táǵdirinen sóz etiwshi «Dozaq ishinde» (1993) romanı hám de toqlıqqa shoqlıq islep arasatta qalıp, tragediyalıq awhalǵa ushıraǵan jaslar turmısın saxnada janlandırıp kórsetken «Arasat maydanı» draması baspadan shıǵarılıp, kitap oqıwshılarına jetkerildi.

Shıńǵıs Aytmatovtıń bunnan birneshe jıllar ilgeri Tashkenttegi «Túrkistan» sarayında «Túrkistan – ulıwma úyimiz» uranı astında ótkerilgen poeziya keshesinde qosıq oqıǵan Ábilqasım

---

[74] *Қурамбаев К.* Жақсылыққа жаны қумар, жаманлыққа төзимсиз шайыр. // «Әмиўдәрья», 2021. – Б. 65–68.

Ótepbergenovtı tıńlap «Ádebiyattıń bir jan kúyeri hám ıqlasbenti sıpatında maǵan Iqbal Mırza hám Ábilqasım Ótepbergenovtıń qosıqları júdá maqul boldı. Bul shayırlardıń qosıqları házirgi zaman jáhán ádebiyatınıń joqarı talaplarına juwap beredi. Filosofiyalıq talqılawlar, ápiwayılıq kórkem ádebiyattıń kórki esaplanadı. Mine, usı kórkemlik biz jasap atırǵan shıǵarmalarǵa barlıq waqıt joldas bolıwdı tiler edim», – dep bildirgen pikiri jazıwshı Nabijan Baqınıń maqalasında basılıp shıqqan edi[75].

Á. Ótepbergenovtıń «Xamsa» bes dástannan ibarat «Allańdı umıtpa!» (1997), «Allada esap bar» (2007), «Alla jańılmas» (2017), «Allanıń Rasulı», (2018), «Alla jarılqawshı, keshirimlidur» (2018) dástanları xalıqtın ruwxıyatına unamlı tásir kórsetti. Tárbiyalıq áhmiyeti kúshli, atap aytqanda, oqıwshılarda jaqsılıq penen jamanlıq, menmenlik penen kishipeyillik, ruwxıy jarlılıq penen joqarı ádep-ikramlılıq ortasındaǵı ázeliy gúrestiń túp-tamırın hám sebeplerin túsinip alıwına shayırdıń shıǵarmaları úlgi boldı.

Ol túrkmen jazıwshısı B. Seytaqovtıń «Qız salıǵı» (1986), A. Mámedovtıń «Kewlimniń shar aynası» (1992) degen roman hám qosıqların qaraqalpaq tiline awdarıp bastırǵan. Sayar, Qutlıbike Raxımbaeva, Iqbal Mırza awdarmalarında shayırdıń bir dúrkin qosıqları ózbek tiline awdarılıp baspadan shıqtı.

Ábilqasım Ótepbergenov qaraqalpaq poeziyasında sekseninshi jıllardan baslap, tiykarınan, ǵázzel janrı arqalı tanıldı. Bul joldı ol házirgi kúnleri de dawam ettirmekte. Qaraqalpaq ádebiyatında Álisher Nawayı ǵázzellerine muxammes baylaw usılı eń birinshi ret Á. Ótepbergenovtıń dóretiwshiliginen baslanadı. Onıń dáslepki baspadan shıqqan «Tamshılar» (1982), «Bulaqlar» (1991) negizinen tek ǵázzel janrında jazılǵan. Bul janrdı sonshelli dárejede sheber meńgergenligi haqqında belgili ilimpaz K. Mambetov «…belgili

[75] *Набижан Бақы.* Шыңғыс Айтматов алғысына миясар болған шайыр. // Абулқасым Өтепбергенов. I том. Таңламалы шығармалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010. – Б. 3-6.

ózbek shayırı Erkin Vahidov házirgi ózbek ádebiyatında «Jaslıq diywanı»n alıp kirip klassikalıq ádebiyat dástúrine qanshama sadıqlıq kórsetken bolsa, Á. Ótepbergenovtıń da qaraqalpaq ádebiyatındaǵı ornın da tap sonday bahalaw múmkin» – degen edi[76].

Sońǵı jılları onda kózge túsip atırǵan ideyalıq-estetikalıq ózgesheliklerdiń biri sonnan ibarat, ol poeziyamızǵa diniy-filosofiyalıq táliymatlardaǵı haqlıq hám hadallıq, iyman-insap, joqarı adamgershilik tuwralı túsinikler menen ideyalardı sheber endirmekte. Usınday sıpatlar onıń «Allańdı umıtpa!», «Allada esap bar», «Alla jańılmas», «Allanıń Rasulı», «Alla jarılqawshı, keshirimlidur» atlı dástanlarında da baslı orında turadı. Shayır bular arqalı diniy inanımlardaǵı eń jaqsı ideyalar menen pikirlerdi, filosofiyalıq kózqaraslardı zamanagóylestirip paydalanbaqta. Máselen, shayırdıń «Ey insan!» toplamına kirgizilgen «Názerińnen qaldırma meni» qosıǵınan mısal keltireyik:

Ya, Yaratqan, qádir Qudayım!
Názerińnen qaldırma meni.
Ne aytsańız soǵan turayın,
Názerińnen qaldırma meni[77].

Á. Ótepbergenov óz lirikasında, negizinen alǵanda, tuwǵan xalqı, onıń táǵdiri haqqında kúyip-pisip, úlken dárt penen jazadı, haqlıq, insanıylıq, adamgershilik, insap hám qanaat, adamnıń adamǵa bolǵan mehir-muhabbatı hám t. b. aǵla pazıyletlerdiń dúnyadaǵı barlıq jamanlıqlardıń, zorlıq-zombılıqtıń ústinen jeńiske erisiwin árman etip jazadı. Shayır eń aldı menen xalqınıń mártligin, batırlıǵın, bir sózliligin maqtanısh etedi, oǵan degen patriotlıq sezimlerin kóterip jırlaydı.

---

[76]*Мамбетов К.* Қарақалпақ әдебиятында үлкен жаңалық. // Абулқасым Өтепбергенов «Шах шайырлар менен». Танламалы шығармалары 5-том. – Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2014. – Б. 3–6.

[77]*Өтепбергенов Ә.* Эй инсан. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2007. – Б. 5.

Mısalı:

Kóriń ótmishlerdi tariyx aqtarıp,
Qaraqalpaq degen qandayın xalıq
Ekenin gáp-sózsiz aytıp beredi,
Kewlińdi yoshtırıp, bayıtıp beredi.
Alp Alpamıslar, Edige Sultan,
Qaraqalpaq atlı xalıqtan shıqqan.
Erleri erjúrek márdana, batır,
Hárbiri Áliyge, Omarǵa tatır,
Hárbirinde Gerakldıń kúshi bar,
Aǵla sıpat miriwbetlik isi bar[78].

Álbette, bul qatarlarda ayırım giperbolalıq hám romantikalıq sıpatlar ústinlik etse de, shıǵarmadaǵı kópshilik pikirler tariyxıy haqıyqatlıqqa sáykes keledi. Sonlıqtan da olar keleshek jaslarımızdı Watansúyiwshilik penen mártlikke, batırlıqqa, aǵla pazıyletlerge sharlaytuǵını sózsiz. Usınday kózqaraslardan kelip shıǵa otırıp shayır Watanımızdıń hárbir azamatın «Bolmas» atlı qosıǵı arqalı xalqına, tuwǵan jerine sadıq hám ılayıq bolıwǵa shaqırıp:

Basına bórk kiygen murtı tap bergen,
Jigittiń barlıǵın jigit dep bolmas.
Sulıw sınlı, jarasıǵı dım kelgen,
Jigittiń barlıǵın jigit dep bolmas.

… Júzden júyrik, mıńnan tulpar degen bar,
Jigittiń barlıǵın jigit dep bolmas.

Jigit bolsa eli-xalqın oylasa,
Kóptiń mápi, miynet islep toymasa,

[78] *Өтепбергенов Ә.* Халықтан данаман дейип ойлама. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009. – Б. 45.

Erlik húјdan, namıs-arın joymasa,
Jigittiń barlıǵın jigit dep bolmas[79]

– degen qatarlardı ortaǵa taslawı tábiyiy nárse.

Sóz sheberiniń óz watanlaslarına qarata aytılǵan bul qatarlarda XIX ásir klassik shayırlarımızdıń ádebiy dástúrin sheber dawam ettirgenligin kóremiz. Sonlıqtan da olardıń qádir-qımbatı menen áhmiyeti úlken. Usı kózqarastan shayırdıń tómendegi qatarları da jaqsı niyetler negizinde jazılǵanlıǵı sezilip tur:

On segiz mıń álem Biyrubarı-háy!
Qáne, bir Qalpaqqa názeriń tasla.
Jáhánniń Jabbarı, kewlim tarı-háy!
Qáne, bir bendeńe názeriń tasla.

Bul Qalpaq ózińniń mómin bir bendeń,
Onıń panası joq ózge bir sennen,
Bárqulla atıńdı yad etip kelgen,
Qáne, bir bendeńe názeriń tasla.

Toba deyik, asqınlasaq, umıtsaq!
Ǵarǵa-quzǵın, bayıwlılar, qurımsaq.
Insap ber paraǵa, bayǵa alımsaq,
Qáne, bir bendeńe názeriń tasla [79; 57 b.].

Mine, bul «Qáne, bir bendeńe názeriń tasla!» atlı lirikasında shayır ómirdiń ǵalma-ǵalshılıǵın, dinamikalıq rawajlanıwın obyektivlik kózqarastan sáwlelendiriwge umtılǵanlıǵı kózge taslanadı. Shayır eń aldı menen óz xalqınıń keleshek tágdiri haqqında oyǵa batadı, onıń abadan turmısqa erisiwin qáleydi.

Á. Ótepbergenovtıń lirikasınıń taǵı bir ideyalıq tematikalıq baǵdarlarınıń biri sonnan ibarat, ol pútkil planetanıń global

[79] *Өтепбергенов Ә.* Таңламалы шығармалары. II том. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011. – Б. 73. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

máselesi bolǵan paraxatshılıq ideyaların alǵa súredi. Onıń lirikalıq qaharmanı tariyx saxnalarında bolıp ótken neshshe-neshshe qırǵın sawashlardıń tragediyasın kóz aldına keltire otırıp, endigiden bılay bunday sawashlardıń bolmawın tileydi. Bul jerde gáp shayırdıń zárúrli ideyalardı «qıshqırıp» ortaǵa taslamay, jalań siyasiy shaqırıqlarǵa berilmey súwretlenip atırılǵan sociallıq-filosofiyalıq máselelerdi kórkem-poetikalıq jaqtan jetilisken formada túsiriwinde bolıp otır. Usınday poetikalıq sapa kórsetkishi sebepli shayırdıń lirikalıq qaharmanları shın júreginen tebirenedi, júrek tórinen sóyleydi.

Mısalı:

Aqıldı urısqa, jánjelge jumsap,
Óz-ózińdi qırıp-joyıp bolıp sap,
Anań urıs ushın tuwǵandayın tap,
Bunsha búlginshilik háryan bul kúnde.

Kóz ashqalı qorazdayın julısıp,
Troyada áyne on jıl urısıp,
Qıyqalap kesisip, kózler oyısıp,
Isińe Iyem de hayran bul kúnde.

Shıńǵıstan burın da mıńda bir zalım,
Jan aldı, jan berdi bermey bir salım,
Áydarha nápesi, ottay bir jalın,
Órtep, jaǵıp jerdi alǵan bul kúnde [79; 63-64 b.].

Bular, álbette, shayırdıń biziń ótmishimizdegi ayırım insanlardıń zulımlıqların kóz aldımızǵa dizip kórsetiwi bolsa, qosıqtıń keleshek barısında avtor tiyisli social-jámiyetlik, poetikalıq sheshimler shıǵaradı, usı arqalı bir tutas dóretpeniń tereń oylılıǵına filosofiyalıq oylaw salmaǵınıń artıwına erisedi. Qarańız:

Jazılmaǵan, oqılmaǵan xattaysań,
Júwensiz, toqımsız asaw attaysań,

Juwabı joq, sheshimi joq zattaysań,
Bar ma ózi sizde iyman bul kúnde [79; 64 b.].

Shayırdıń lirikalıq qaharmanı usılayınsha pútkil adamzatqa, insaniyatqa qarata ritorikalıq sorawlar taslaydı hám olardı barınsha insapqa shaqıradı, paraxatshılıq ushın gúresiwge iytermeleydi. Sonıń ushın da, biz tallap atırǵan «Insapqa kelmes pe insan bul kúnde?» sıyaqlı shayırdıń lirikalıq dóretpeleri pútkil planetarlıq ideyalardı kóterip shıqqanlıǵı menen de bahalı bolıp tabıladı. Sóz sheberi olardı kópshilik jaǵdaylarda pútkil musılman xalıqlarınıń diniy-filosofiyalıq inanımları hám kózqarasları menen tıǵız baylanıstırıp súwretleydi.

Qarańız:

Házir házireti insan degen zat,
Basıńa dónip tur mıń túrli apat,
Bilmeydi qay waqta ketiwin qulap,
Keliń doslar, shúkir etiń bul demge.

Qay jaqqa qarasań ala-sapıran,
Ushardan oq tiyip, qanat qayırılǵan,
Ana balasınan bozlap ayrılǵan,
Keliń doslar shúkir etiń bul demge... [79; 62 b.].

Shayırdıń «Keliń doslar, shúkir etiń bul kúnge!» qosıǵınan alınǵan bul shuwmaqlar óziniń gumanizm ideyalarına tolılıǵı, ulıwma insanıylıq pazıyletlerdi ulıǵlawı menen bahalı bolıp tabıladı.

Á. Ótepbergenov jáne de usınday ómir shınlıǵınan mısallar keltire otırıp, insaniyatqa qarata taǵı da filosofiyalıq sıpatları basım «Megzer» qosıǵınıń tómendegi qatarların usınadı. Olar insan balasın insap-qanaatqa, tınıshlıqqa shaqıradı.

Bul dúnya umman ishire,
Mıńda bir marjanǵa megzer,
Jumbaq, jarqabaq pishinde,
Ashılmay qalǵanǵa megzer.

Bası-ayaǵı joq kelebe,
Dolı qatın yańlı delbe,
Ózgerer hápzamat, dem de,
Qarańǵı zindanǵa megzer.

Keltirilgen qatarlardaǵı poetikalıq jaqtan birden kózge túsip turǵan nárse sonnan ibarat, qosıqtaǵı tábiyiy jelis, oy-pikirlerdiń bir bap aǵısı, bunıń ústine olardıń sheshenlik improvizaciya usılı menen beriliwi dıqqattı ózine qaratadı. Bul ádebiy-kórkem sıpat dóretpeniń jeńil oqılıwına, ańsat túsiniliwine múmkinshilik beredi.

Ulıwma alǵanda, shayır óz lirikalıq dóretpeleriniń qaysı birinde de ulıwma adamiyzat, insaniyat ushın zárúrli oy-pikirlerdi ortaǵa taslaydı, biyik aqıl-parasatqa sharlaydı, dáwir qarama-qarsılıqların durıs túsiniwge, hadallıq penen ómir keshiriwge shaqıradı desek arzıydı.

Sóz sheberiniń lirikasınıń alǵa qoyǵan ulıwma devizi mınaday desek te boladı:

Opasız dúnyanıń payanı bolmas,
Nápsi bir qurdımdur, jutar hesh toymas,
Dáwlet berip turǵan waqta yoshıp hás,
Ózgeler ushın da jasawıń kerek [79; 93 b.].

Shayırdıń «Ózgeler ushın da jasawıń kerek!» – degen qosıǵınan alınǵan bul qatarlar Shıǵıs klassikleri dástúrlerin, ásirese, Maqtumqulı dástúrlerin sheber úyrengenliginen derek beredi.

Á. Ótepbergenovtıń poeziya tarawındaǵı keń kólemli shıǵarmaları – bul «Allańdı umıtpa!», «Allada esap bar», «Alla jańılmas», «Allanıń Rasulı», «Alla jarılqawshı, keshirimlidur» dástan-

ları bolıp, olarda kórkem sóz iyesi ulıwma adamgershilik, qanaat, hadallıq, iyman-insap, shıdam hám taǵı basqa da ulıwma insanıylıq máselelerdi ortaǵa taslaydı. Shayır milliy folklor hám jazba ádebiyattaǵı «dástanshılıq» dástúrin qayta tiklep, onı ózinshe janlandırıp qollanadı. Bul «Xamsa» bes dástan da «Ámiwdárya» jurnalınıń betlerinde hám óz aldına kitap halında basıldı. Sonlıqtan da olar haqqında ayırım ádebiy-sın hám ilimiy pikirler de jarıq kórdi[80].

«Allańdı umıtpa!» dástanındaǵı shayırdıń baslı jańalıǵı sol, ondaǵı heshbir ádebiy qaharmannıń atı-jóni, isimleri atalmasa da

[80]*Мақсетов Қ.* Ғәрезсизлигимиздиң шарапаты менен жарық көрген дәстан. // «Әмиўдәрья», 1996. № 1-2. – Б. 96.; *Usı avtor:* Алғы сөз. // Абулқасым Өтепбергенов. Алланды умытпа: Дәстан. – Нөкис: «Билим», 1997. – Б. 3–7.; *Қайыпбергенов Т.* Жақсылық та, жаманлық та қайтады, олардың да есабы бар… // А. Өтепбергеновтың «Аллада есап бар…» (Екинши дәстанға алғы сөз). – Нөкис: «Билим», 2007. – Б. 3-4.; *Жәримбетов Қ.* Ийман инсап китабы. // А. Өтепбергенов. «Алла жаңылмас». («Хамсаның үшинши дәстаны»). – Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2017. – Б. 3-5.; *Қурамбаев К.* Руўхый пәкликке үндеўши дәстан. // «Әмиўдәрья», 1996, № 1-2. – Б. 97.; *Usı avtor:* «Ҳамса»шылық дәстүрлери жолында. // Абулқасым Өтепбергенов. Алланың Расулы «Хамса»ның төртинши китабы. Таңламалы шығармалар. 8-том. – Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2018. – Б. 3-5.; *Usı avtor:* Шайыр қәлбиниң айнасы. // Ә. Өтепбергенов. Эй, инсан. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2007. –Б. 3-4.; *Султанов Қ.* Қарақалпақ поэзиясының жулдызы. // Абулқасым Өтепбергенов. «Алла жарылқаўшы, кеширимлидур» – Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2018. – Б. 3-31.; *Usı avtor:* Ғәрезсизлик руўхый турмыстың негизи. (Ә.Өтепбергеновтың «Алланды умытпа» дәстаны ҳаққында) // «Қарақалпақстан жаслары», 1997, 9-октябрь.; *Байниязов Қ.* Алланы умытпайық. (Ә. Өтепбергенов дәстаны ҳаққында). // «Әмиўдәрья», 1997. № 1-2.; *Жәримбетов Қ., Оразымбетов Қ.* Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебияты. – Нөкис: «Билим», 2006.; *Турдыбаев Қ.* Лиро-эпикалық поэзиямыздағы жаңа бағдар. // «ӨзРИАҚБ Хабаршысы», 2009, № 4.; *Usı avtor:* Ә. Өтепбергеновтың «Алланды умытпа» дәстаны ҳаққында ойлар. Илимий мақалалар топламы. – Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2022. – Б. 3-9.

oqıwshılar dóretpeden hadallıq penen haramlıqtıń, keń peyillik penen sútxorlıqtıń, sıqmarlıqtıń, satqınlıq penen mártliktiń, watan súyiwshiliktiń óz ara gúresleri, olardıń anaw yamasa mınaw qaharmanlardaǵı ruwxıy sáwlesi tuwralı durıs túsinikler aladı. Bular tuwralı oqıwshı emocionallıq-ekspressivlik tásirlerge beriledi. Shayır olardı sáwlelendiriwde óz ómirine, ózi jasaǵan dáwirge tiyisli hádiyseler menen baylanıslı syujet bóleklerin ushıratıwǵa boladı. Diniy-islamiy, filosofiyalıq kózqaraslardaǵı ańız-áńgimeler menen awızeki gúrrińlerden, ápsanalardan orınlı paydalanıp, olardı salıstırıwı syujetlik-kompoziciyalıq jaqtan parellel súwretlewi arqalı kóplegen ideyalıq-estetikalıq hám poetikalıq utıslarǵa erisken. Shıǵarmada avtor birqansha tematikalıq baǵdarlarda pikir júritse de, olardıń barlıǵın bir orayǵa: insap hám qanaattıń, joqarı adamgershilik penen ulıwma insanıylıq pazıyletlerdiń mol bolıwı kerekligi átirapına tıǵız jámlep súwretlegenligi dıqqatqa ılayıq. Dástanda súwretlengen kópshilik syujet bólekleri lirikalıq qaharmannıń búgingi ómirdegi kórgen bilgenleri menen baylanıslı bolǵanlıqtan da, ańız-áńgimelerde orınlı paydalanǵanlıqtan dóretpedegi súwretlengen waqıya-hádiyselerdiń zamanagóyligi basım bolıp keledi.

Dóretpede lirikalıq qaharmannıń ómir arpalısları haqqındaǵı filosofiyalıq, social ádep-ikramlılıq, ruwxıy tolǵanısları tereńlestirilip berilgen.

Mısalı:

…Bes barmaq teń emes darama-dara,
Onıń bes barmaǵı, balan úyregi,
Bardur ortasında ortan teregi,
Onıń qaptalında shúldir shúmek bar,
Onnan berilewde kishi bóbek bar,
Turmısta da usı taqlette adam,
Biri burısh bolsa, ekinshi badam.

Záhárine palı qarısıp atqan,
Bir jaq jaqtı bolsa, bir jaq zimistan.

… Patsha ádil bolǵan menen wáziri,
Qazısı, múptisi jáne bir góri,
Patshaǵa bildirmey báleler isler,
Ógizdey ókirip, ayǵırday kisner.
Paradan shoshqaday semirip keter,
Ózin hám ózgeni shermende eter[81].

Haqıyqatında da, bul aytılǵanlarǵa bir nárse qosıw qıyın, olardı biykarlaw da múmkin emes. Shayır usılayınsha eń aldı menen bul dúnyanıń aǵı menen qarasınıń óz ara gúres dinamikasın lirikalıq sheginisler lirikalıq qaharmannıń ishki monologları arqalı, al geypara orınlarda olardı zamanagóy syujetlik detallar menen sáwlelendirgen. Mısalı, shayır menen birge emlewxanada jatırǵan bir sútxor, háddinen asqan sıqmar ǵarrınıń izinen awqat ákelgen kelinine qarata aytqan gápleri qaysı bir insanda bolsa da júrek silkindiredi.

Qarańız:

– Zamannıń da ayaq alısı jaman,
Kúnde kele bermeń bul jerge balam,
Unıńnıń bahası shıqpaqta kókke,
Alla panayında saqlaǵay tek te,
Nanǵa mákkeniń unınan salıń,
Tawıqqa salınıń kepegin alıń…

…Eneń qolı ashıq, jomartlaw qatın,
Bir iylem qamırǵa bir arba otın,

[81]*Өтепбергенов Ә.* Алланды умытпа: Дәстан. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997. – Б. 52-53. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Jaǵıp nan jabadı, janıma battı,
Jemge atıp urar nanlardı qattı,
Ilayım, mal tastıń sınıǵın jesin,
Shelden pishen orıp arqalap kelsin…

…Qarız bermeń eger ákeń kelse de,
Nan bermeń qońısıń ashtan ólse de,
Búgingi bir manat erteń on tiyin,
Qarız berseń halıń boladı qıyın.
Pishen juǵımlı ot, biypul bir nárse,
Otız som aparıń aqsaqal ólse,
Esitip atırman, hálsirep atqan,
Balları gúzetip basında otqan… [81; 46-47 b.].

Usılarǵa qosımsha dástandaǵı taǵı bir zamanagóy syujetten sóz qozǵaw maqsetke muwapıq boladı. Onda qaysı bir otırıspada hámeldar jigittiń hám onıń toparındaǵılardıń unamsız qılwaları lirikalıq qaharmandı hayran qaldıradı, ol jerdegi hádden tıs ısırapkershilikten de tısqarı morallıq-ádep-ikramlılıq, buzıqlıqtıń háwij alıwı ruwxıy jarlılıqtıń belgisi, kórsetkishi sıpatında avtor tárepinen sheber beriledi. Sonday-aq, ákesi qaytıs bolıp atırǵanda qaysı bir oynası menen qarańǵı jayda máslik qurıp atırǵan jigittiń táǵdiri de dástanda zamanlaslarımızdıń shınında da, búgingi kúni allasın umıtqanlıǵı sıpatında sáwlelenedi. Sol sebepli de shayır olardı ayrıqsha dárt penen ortaǵa taslaydı. Al, bularǵa qarama-qarsı túrde Á.Ótepbergenov bizge ótkendegi ata-babalarmızdıń, atap aytqanda, ayırım «áwliye» atanıp ketken babalardıń ibratlı islerin úlgi tutadı. Olardan ataqlı Najmetdin Kubra, Maqtumqulı sıyaqlı ullı tulǵalar tariyx saxnasında qaytalanbas mártlik isler atqarıp ketkenligi jırlanadı. Máselen, dástanda keltirilgen bir ańızlıq gúrriń boyınsha Shıńǵısxan láshkerleri Góne Úrgenishti qamalǵa alıp, qala xalqı qırılıw máwritlerine kelgende Najmetdin Kubra eki ayaǵın dárwazaǵa tirep shalqasına jatıp alǵan degen áńgimeler bar. Sol waqıtları shıdamsızlıqqa, óz qara basınıń ǵamına berilgen

qala hákimi Shayxtan dárwazanı bosatıp, onıń ózin dalaǵa shıǵarıp jiberiwdi buyıradı. Al, ataqlı Shayx Najmetdin Kubra xanǵa qarsı ashshı gápler aytadı, úlken patriotlıq oy-pikirlerin ortaǵa taslaydı, oǵan óz xalqın bunday qıyın máwritlerde taslap ketpewi kerekligin eskertedi. Biraq ójet xan qara basınıń ǵana mápin oylap, dárwazanı ashtırıp, sırtqa qashıp ketedi. Jaw ishke bastırıp kelip, pútkil el-xalıq qızıl qanǵa boyaladı. Sonnan usı Góne Úrgenishtegi «Qırıq molla» hám t.b. estelikler biná bolǵan eken. Dástanda súwretlengenindey, tap usı qırǵın urıs máwritleri mongollar Najmetdin Kubranıń da gellesin kesip alǵan. Sonda káramatlı shayx mınaday ǵayrı tábiyiy mártlik islegen eken.

Jetpis jasınan ótken Kubra sonda,
Jerden basın alıp, uslap ol qolda.
Qoltıqqa qıstı da, alǵa umtıldı,
Shapqandı uslap ol tabjıltpay turdı.
Iskenjedey qısıp, bilekten qattı,
Silkip-silkip, onı attan qulattı,
Bassız dene menen buwdı alqımnan,
Dushpannıń awzınan aqtı qızıl qan,
Qurı lash bolıp-aq, qanın aldı ol [81; 45 b.].

Mine, kórip turǵanımızday-aq usı jerde Nájmetdin Kubranıń mártlikke tolı obrazı menen qara basınıń ǵamın oylawshı qala hákiminiń obrazın parallel qoyıp súwretlew arqalı avtor oqıwshını ádalatlılıqqa, aqıl-parasatlılıqqa, patriotizmge sharlap turǵanday boladı. Óytkeni, avtor Watandı, el-xalıqtı súyiwdiń ullılıǵın joqarı qoyadı. Álbette, káramatlı shayx obrazın jasawda giperbolalıq súwretlewler basım bolǵanı menen de olar orınlı hám jarasımlı kórinedi, shıǵarmanıń poetikalıq boyawların ayqınlastıradı, olardıń emocionallıq ózgesheliklerin tereńlestirip baradı.

Dástanda shayır biziń házirgi dáwirimizde háwij alıp ketken menmenlik, paraxorlıq qusaǵan illetlerdi ayrıqsha ǵázep penen áshkaralaydı, paraxorlıqtıń, hátteki, ólixanalarǵa («morg»larǵa)

shekem barıp jetkenligin tiyisli qısqa shtrixlar menen bildiredi. Durısında da, bunday janlı, obyektivligi basım ómir faktlerin biykarlawdıń ózi múmkin emes. Bunday unamsız hádiyseler lirikalıq qaharmandı úlken oyǵa saladı, onı sheksiz azap-aqıretlerge bóleydi, xalıqtı bunday ádalatsızlıqqa qarsı gúresiwge shaqıradı. Usınday kózqaraslardan kelip shıǵıp lirikalıq qaharman bılayınsha tolǵanadı:

Ne qusap baratır zamannıń ózi,
Oyınshıqqa aylandı ómirdiń izi.
Oqıtıwshı studentti sorlattı,
Bala ákesin tap mańlaydan attı.
Bes balalı hayal oynas tutıp júr,
Oynastan júkli bop, bala kútip júr.
On balalı áke semyasın taslap,
Tuw qatın úyinde jatır jambaslap.
Mektep jasındaǵı qızalaqtaǵı,
Júkli bop, ashılmay qalǵan gúlbaǵı... [81; 130-131 b.].

Durısında, usıǵan usaǵan ayırım turmıs faktleri qaysı bir dáwirlerde de xalıq arasında jeke yarım bolsa da ushırasqan. Biraq ta lirikalıq qaharmandı olardıń házirgi waqıtları massalıq tús alıp baratırǵanı shorshındıradı. Sonlıqtan, bunday unamsız qılwalardı kóbirek tilge alıp súwretlegeni ushın shayırdı ayıplaw da múmkin emestey. Kerisinshe, biz shayır tárepinen kórsetilgen unamsız hádiyselerge jedellik penen gúresiwimiz zárúr degen ideya kelip shıǵadı. Qullası, shayırdıń dástanlıq shıǵarması usınday oy-pikirlerdi ortaǵa sheber túrde taslaǵanlıǵı, olardı burınǵı milliy poetikalıq dástúrler usılı menen janlı túrde sáwlelendirgenligi menen ǵárezsizlik jıllarındaǵı poeziyamızda belgili orın iyeleydi dep aytıwǵa boladı.

Á. Ótepbergenovtıń lirikalıq hám dástanlıq dóretpeleri sociallıq-jámiyetlik mazmunınıń zamanagóyligi, ulıwma insanıylıq ideyalarınıń basımlıǵı, ruwxıy hám emocionallıq tásirsheńligi menen házirgi qaraqalpaq poeziyasında belgili orın iyeleydi.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. Á. Ótepbergenov poeziyasında Shıǵıs ádebiyatı dástúrleriniń áhmiyeti qanday?
2. Shayırdıń urıs hám paraxatshılıq temasına arnalǵan poeziyalıq dóretpeleri haqqında aytıp beriń.
3. Shayır poeziyasında diniy motivler menen ideyalardıń obrazlardıń qollanıw ózgesheligine mısallar keltiriń.
4. Á. Ótepbergenovtıń «Allańdı umıtpa» dástanı átirapında bolǵan ádebiy-sın pikirler tartısına qatnasıńızdı bildiriń.
5. Shayırdıń «Insapqa kelmespe insan bul kúnde» qosıǵın tallań.
6. Shayırdıń «Keliń doslar shúkir etiń bul kúnge!» qosıǵı tuwralı óz pikirlerińizdi jazıp keliń.
7. Shayır dóretpelerin janrlarǵa ajıratıń.
8. Shayır qosıqların ideyalıq-tematikalıq toparlarǵa bóliń, mazmunı hám forması boyınsha jikleń.

## XALILA DÁWLETNAZAROV
*(1952)*

Xalila Dáwletnazarov – talantlı lirik shayır. Ol 1952-jılı Kegeyli rayonınıń Xalqabad elatı aymaǵında tuwılǵan. 1977-jılı J. Shamuratov atındaǵı kórkem óner bilim jurtın, 1985-jılı Nókis mámleketlik universitetiniń qaraqalpaq filologiyası fakultetin tamamlaǵan. Ol 1977–1982-jılları «Qaraqalpaqstan jasları», 1982–1988-jılları Qaraqalpaq mámleketlik radioesittiriw hám televidenie komitetinde, 1989–2008-jılları «Qaraqalpaqstan» baspasında, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında hár qıylı lawazımlarda islegen. 2009-jıldan baslap «Ámiwdárya» jurnalınıń bas redaktorı.

X. Dáwletnazarov poeziyamızdı ideyalıq-tematikalıq, janrlıq-stillik, kórkemlik kózqarastan rawajlandırıwǵa elewli úles qostı. Onıń usı waqıtqa shekem «Xat» (1980), «Sen maǵan kerekseń»

(1986), «Sen jaqsı qızsań» (1989), «Ashıq bolmaǵan kim bar» (1991), «Xosh qal, jaslıǵım!» (1993), «Álwidaǵ, muhabbat, álwidaǵ» (1993), «Dos bolıw hámmeniń qolınan kelmes» (1994), «Ashıq bolıp jasań» (2011), «Shólirkew» atlı birneshe poeziyalıq toplamları jarıq kórdi. Onıń «Anama xat», «Iyesiz jurt», «Búlbúl pıǵanı», «Qaraqalpaq bayazı», «Hásiret háwiri», «Ziywariy shejire», «Álwidaǵ muhabbat… xosh qal, jaslıǵım!..», «Suw qosıqları», «Batırlar», «Aspan! Aspan!?» hám t.b. poemaları – poeziyamızdıń rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye boldı. Sonlıqtan da shayırdıń ulıwma dóretiwshiligi sońǵı jıllardaǵı geypara izertlewlerde hám ádebiy sında unamlı túrde bahalanbaqta[82].

[82] *Ахметов С.* Қарақалпақ совет поэзиясы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988. – 404 б.; *Камалов Қ.* Дала бүркити (әдебий сын мақалалар жыйнағы). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989.; *Есемуратов Г.* Шайыр жаныўы керек! // «Қарақалпақстан жаслары», 2002, 16-май.; *Мәмбетов К.* Жаслар ҳәм әдебият. // «Қарақалпақстан жаслары», 1992, 29-февраль.; *Жәримбетов Қ.* Елим деп, журтым деп жанып жырлаған шайыр. // «Еркин Карақалпакстан», 1996, 10-сентябрь.; *Алламбергенов К.* Дәўир менен дәртлескен шайыр. // «Әмиўдәрья», 2011. №3. – Б. 81-86.; *Оразымбетов Қ.* Тарийх дәртинен пайда болған қосық. // «Еркин Қарақалпақстан», 1992, 25-апрель.; *Есенов Ж.* Ҳақыйқатшыл, руўхы терең сөз маржанлары ушын. (Миллий ғәрезсизлик жылларындагы поэзия ҳаққында ойлар 1991–1998-жыллар). // «Устаз жолы», 1999, 20-май.; *Usı avtor:* Шайыр ойшыл лирика жолында. // «Әмиўдәрья», 2013. №2. – Б. 88–98.; *Usı avtor:* Муҳаббаттың тилла сазлары. (Шайырдың дөретиўшилик тулғасына штрихлар). // «Қарақалпақстан жаслары», 2013, 17-январь.; *Нуржанов П.* Ҳақыйқатшыл шайырдың лирикасы ҳаққында. // «Әмиўдәрья», 2015. №3. – Б. 121–126.; *Бәўетдинова С.* Өз соқпағын жаңаша гүлзарға айландырған талант ийеси. // «Қарақалпақстан жаслары», 2009, 2-июль.; *Турдыбаев Қ.* Автор позициясы ҳәм лирикалық қаҳарман образы. // ӨзРИАҚБ «Хабаршысы», 2010, № 4.; *Smamutova Sh.* Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq lirikasında xalıq poeziyası dástúrleriniń rawajlanıwı. – Nókis: «Ilimpaz», 2022. – B. 51.

X. Dáwletnazarovtıń lirikalıq qosıqları kópshiliktiń diydinen shıǵıp, xalıq arasında keń belgili boldı. Ásirese, olar jaslardıń júrek dúrsilin tereńnen ashıp beriwi, patriotlıq sıpatlarınıń basımlıǵı, dáwir qarama-qarsılıqların anıq hám ótkir túrde ortaǵa taslay alıwı menen jámiyetshiliktiń dıqqatına miyasar bolmaqta. Shayırdıń kóplegen qosıqlarına namalar jazılǵan, olar kórkem óner iyeleri tárepinen sheber atqarılıp, xalıq arasına tereń sińisip ketken desek, asıra aytqan bolmaymız.

Shayır eń aldı menen óz xalqınıń aǵla pazıyletlerin maqtanısh etiwdi, onıń dárti menen jasap qálem terbetiwdi abzal kóredi. Usınday kózqarastan onıń «Kimligiń, yad et!», «Búlbúl gúldiń, erler eldiń dártinde», «Qaraqalpaqstan!», «Xalıq xalıqlıǵın etpegi kerek!», «Ǵayrı jurtlardaǵı Qaraqalpaqlar», «Xalıq ushın perzentler tuwmaq kerek dur!», «Dúnya júzi Qaraqalpaqlarına!», «Tariyxshılarǵa», «Nawrız seyili», «Maylı sheńgel», «Tumarisa», «Ernazar Alakóz tolǵanısları», «Xalıq mápi», «Ómir, usınday ma aǵajan?!» hám t.b. qosıqlarında maqtanısh sezimleri, geypara sheshiliwi tiyis bolǵan aktual mashqalalar, bekkem awızbirshilik, túsimpazlıq, tereń aqıl-parasat, patriotizm ideyaları haqqındaǵı oylar ortaǵa taslanadı. Shayır olardı júdá tásirsheń poetikalıq qatarlar arqalı beredi. Xalqımız benen milletimiz sanasınıń ósiwi, ózin-ózi ańlawı máselelerin shayır «Búlbil – gúldiń, mártler – eldiń dártinde» qosıǵında sheber túrde ortaǵa taslaydı.

Qarańız:

Dáryaǵa – tasqınlıq, kólge – tınıqlıq,
Qızlar minezine kórik dur sınıqlıq,
Kim, Dúldil… Kim, yabı izler minislik…
Búlbúl pıǵan sheger gúldiń dárdinde.

Bul dúnyada ne kóp – táshwish kóp, dárt kóp,
Jutılǵan lábiz kóp, buzılǵan shárt kóp,

Dárt penen dártte de jer-kóktey parıq kóp,
Naǵız mártler janar Eldiń dárdinde![83].

Shayır usılayınsha hárbir el perzentiniń óz xalqı ushın kúyip-janıwı kerekligi ideyasın ortaǵa taslaydı. Bunda shayır joqarıdaǵıday birneshe tásirli salıstırıwlar, qatar qoyıp súwretlewler arqalı oylarınıń tásirsheńligine erisedi. Shayırdıń bunday salıstırıwları milliy koloritiniń basımlıǵı menen de dıqqattı qaratadı. Mısalı, usınday sıpat X. Dáwletnazarovtıń jáne bir «Nawrız seyili» qosıǵınıń mınaday qatarlarında júdá ayqınlastırıp jetkerilgen:

Arǵımaq atlardı ertleń qaytadan,
Jırawlar qobızın alsın qolına.
Gúl mıyıq arbalar shan-sháwket penen,
Kárwan tartıp shıqsın baxıt jolına.
Búgin náwbáhárdiń ájep áyyamı.
Bul – Nawrız aqshamı, bul – Nawrız tańı.

Jorǵalar juldızday aqsın sızılsıp,
Baqsılar bálentten alsın namasın.
Qurlar keń ashılıp palwanlar ushın,
Qoshqarlar taslasıp kórsin shamasın.
Jurtımnıń ulassın toyǵa, toyları,
Hár kewilde bayram, Nawrız oyları [83; 144 b.].

Bul, haqıyqatında, demokratiya hám járiyalılıq, ǵárezsizlik jılları qolǵa kirgizilip, turmısımızǵa keń endirilip atırǵan jańalıqlardan, xalqımızdıń ózin-ózi millet sıpatında tanıwınan tuwılǵan poetikalıq pikirler bolıp esaplanadı. Demek, shayırdıń ǵárezsizliktiń tabısların dáslepkilerden bolıp kóre alǵanlıǵı, olardan alǵan

[83] *Дәўлетназаров Х.* Хош қал, Жаслығым. Поэмалар, қосықлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993. – Б. 86. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

qanaatlanıwshılıq sezimlerin aq qaǵaz betlerine úlken ıqlas penen túsire bilgenligi jas áwladlarımızdıń tálim-tárbiyası ushın úlken áhmiyetke iye. Bunıń ústine shayır olardı shawqım súrenli, siyasiy-publicistikalıq mazmundaǵı sózler menen emes, al, kórkem obrazlılıǵı joqarı qatarlar, jetilisken poetikalıq usıllar arqalı súwretlewge háreket etedi.

Mısalı:

Qız-kelinler kórki-báhárge úlgi,
Sulıwlıq dúnyasın bezer jasanıp.
Jawlıǵınıń ushın ernine qımıp,
Kempirler emirener kózge jas alıp… [83; 144 b.].

Mine, bunday qatarlarda avtor jeńil uyqastan, sociologiyalıq júzeki mazmunnan góre, ulıwma insanıylıq oy-pikirler menen adamgershilikli oy sezimlerdiń sáwleleniwine úlken itibar bergenligi ayqın kózge taslanadı. Bunıń ústine olar tereń oylılıǵı, obrazlarınıń tereńliligi, poetikalıq sheberligi hám sociallıq-jámiyetlik sıpatınıń tákirarlanbaslıǵı menen de úlken áhmiyetke iye. Shayırdıń usınday pikirleri óz eli, óz jeri, óz xalqınıń quwanıshı menen de ulasıp ketedi:

Mısalı:

Áwladpız xalıq ushın xızmetke tayar,
Tuwǵan jerdiń dańqın jáhánge jayar,
Qullıq dep qos qolın kóksine qoyar,
Ul-qızıń pármana, Qaraqalpaqstan!

Ármanı-úmiti altın órmekli,
Insanıy dúnyada elseń kórnekli,
Tuwrı sóz, pák janlı, jolı órnekli,
Doslıqqa dármana, Qaraqalpaqstan! [83; 90 b.].

Bul qatarlar lirikalıq qaharmannıń júregindegi janıp turǵan patriotlıq sezimler sebepli tuwılǵanlıǵı belgili bolıp tur.

Shayır usınday maqtanısh sezimleri menen qatar, óz xalqı turmısındağı ayırım ótkir mashqalalar haqqında sóz etedi, pútkil jer júzi qaraqalpaqların birlestirip, olar arasındağı tariyxıy hám tuwısqanlıq qatnaslardı, awızbirshilikti bekkemlew ideyaların ortağa taslaydı. Usı kózqarastan X. Dáwletnazarovtıń «Ǵayrı jurtlardağı Qaraqalpaqlar», «Dúnya júzi Qaraqalpaqlarına!» degen qosıqlarınıń ornı girewli. Olardıń birinshisinde shayır bılayınsha ah shegedi:

Kimiń or, kimińiz túsip qaqpanğa,
Shığınıp kim Iran, kimiń Afğanğa,
Táğdir qolıńdağı tesik saqpanda,
Hár yana atılğan Qaraqalpaqlar.

…Xalqım-aw, qashan bir tolıp tastıńız,
Kóp shaypap tógilgen Qaraqalpaqlar.

Jekke at shapqanğa árman jıraqdur,
Íğbal qorjınıńız sanmıń quraqdur,
Ondağı ırısqıńız úh bilen ahdur,
Ún salıp jılasqan, Qaraqalpaqlar [83; 119 b.].

Oylap qarasaq, tariyxıy qarama-qarsılıqlar sebepli qaraqalpaqlardıń birazı pútkil jer júzine shashılıp ketkenligi sır emes. Bul procesti tek Aziya xalıqlarınıń ğana emes, al, Evropa xalıqlarınıń jer júzine tarqalıw qubılısı da ayqın kórsetedi. Demek, eliniń patriot perzenti retinde jat jurtlarda júrgen qanalaslarımızdıń táğdirine janashırlıq bildiriw avtordıń «Ǵayrı jurtlardağı Qaraqalpaqlar!» qosığınıń tiykarğı ideyasınan, gumanistlik sezimleriniń basımlığınan derek beredi. Usınday oy-sezimler shayırdıń «Dúnya júzi Qaraqalpaqlarına!» degen qosığında jáne de tolıqtırılıp, ayqınlastırılıp berilgen.

Qarańız:

Babańız ah urıp súygen bir jer bar,
Mágar, zeynine dım tiygen bir jer bar,

Siziń dártińizde kúygen bir jer bar, –
Ol aq shashlı Ana – Qaraqalpaqstan!

Áwlad hijran torın sóter ya sótpes,
Kóksiniń dağları keter ya ketpes,
Hawazı sizlerge jeter ya jetpes,
Jar salǵan bul joqshı – Qaraqalpaqstan!

…Dawıllarda sınǵan talay shaqası,–
Sol Daraq, sol Watan – Qaraqalpaqstan! [83; 158-159 b.].

Haqıyqatında da, bular lirikalıq qaharmannıń ótken ásirdiń basındaǵı úlken siyasiy-sociallıq awdarıspaqtıń kesapatınan watan gedayı bolıp ketken qaraqalpaqlarǵa qarata aytılǵan sózler bolıp tabıladı. Kommunistlik ideologiya menen qızıl imperiya dáwirinde bul sózlerdiń aytılıwı qıyın, hátteki, múmkin emes edi desek te boladı. Sol sebepli de shayırlardıń usıǵan uqsaǵan oyların ashıq aydın ayta alıwın tikkeley demokratiya menen erkinliktiń, ǵárezsizliktiń sharapatı dep qarawımız kerek. Usı kózqarastan, X. Dáwletnazarovtıń «Xalıq xalıqlıǵın etpegi kerek!» qosıǵında mınaday dep jazıwı da dıqqatqa ılayıq:

Ata-babań tekli, hasıl,
Háy, biradar! Kóter basıń!
Kiyińler, mártlik lipasın,
Xalıq, xalıqlıǵın etpek kerek!

Mıs qaynasın, muzlı bolsın,
Máyli, shańǵıt, duzlı bolsın…
Zaman iyman júzli bolsın,
Táshwish torın sótpek kerek! [83; 97 b.].

Mine, bul jerde tek ǵana xalıqtıń ózin-ózi tanıwı, ańınıń ósiwi haqqında ǵana gáp ketpesten, al, ulıwma adamgershilikli,

gumanistlik ideyalar-ádalatlıq penen haqıyqatshıllıq tuwralı oylar ortaǵa taslanbaqta. Bular, álbette, úlken social-jámiyetlik, tereń filosofiyalıq áhmiyetke iye pikirler bolıp tabıladı.

Shayırdıń ayırım qosıqlarında xalqımızdıń tariyxın izertlew, sana-sezimin ósiriw máseleleri ortaǵa qoyılǵan. Shayır ilimpazlarımızdıń aldına izertleniwi tiyis biraz mashqalalardı qoyǵısı keledi. Mısılı, «Tariyxshılarǵa» qosıǵında:

Adam-Ata menen Hawa-Eneden,
Bermaǵan bayqaslap, kórsetip bedel.
Eldi, shóldi, tawdı, toǵaydı tintiń,
Jedel! Jedel!.. Jedel... Qıymıldań jedel!

…Dáwirler kelebi neshshe san oram,
Birese saratan, birese boran.
Qay samal ushırdı? Qay teńiz juttı?
Sorań! Sorań! Sorań… Aǵalar, sorań!?

Ótmish otı menen tutansın pilteń,
Xalqıń ózligine qashshannan dilteń,
Aqıl, kóregenlik – tulparın minip,
Silteń! Silteń!.. Silteń!... Qálemdi silteń! [83; 138 b.].

Ǵárezsizlik jıllarında qálem iyesi tárepinen qoyılıp otırǵan bul talaplardı orınlaw máselesi mámleketlik dárejede qoyılmaqta. Shayır aytqanınday, milletimizdiń ózin-ózi tanıwı, sana-seziminiń ósiwi, tariyxımızdıń házirgi zaman talabına say izertleniw máseleleri arnawlı mashqalalar sıpatında alǵa qoymaqta. Eger X. Dáwletnazarovtıń joqarıdaǵı qosıǵı 1992-jılı jazılǵan bolsa, sol waqıtlardan berli mámleketimizdiń jámiyetlik-siyasiy, ekonomikalıq hám ruwxıy-mádeniy tarawlarında unamlı ózgerisler júz berdi. Usı kózqarastan X. Dáwletnazarovtıń joqarıda keltirilgen qosıqlarınıń zamanagóylik áhmiyeti, sociallıq-jámiyetlik roli taǵı da arta túsetuǵınlıǵı belgili boladı.

Shayır lirikasınıń jáne bir ayrıqsha bahalı tárepleriniń biri onıń shıǵarmalarınıń realizminiń tereńliginde, haqıyqatshıllıq ushın gúressheńlik ruwxınıń kúshli ekenliginde kórinedi. Óytkeni, shayır biz kótermelep, unamlı bahalap otırǵan ǵárezsizlik jıllarınıń kemshilikleri menen ádep-ikramlıq, morallıq salalardaǵı illetlerin de jasırmay, olardı tereń hám sheber túrde alınǵan ádebiy konfliktlerge aylandırıp súwretleydi. Usınday áhmiyetli máseleler shayırdıń «Ǵárip-ashıq – Shahsánemler qayaqta?», «Meniń júregimdey janbaqta zaman», «Sirá bir táshwishsiz bolǵan gezim joq», «Yaratqan, xalqıma bir zor bala ber» hám t. b. qosıqlarında kúshli jırlanǵan. Olardıń barlıǵına oy-pikirdi beriwde ótkirlik, dáwir konfliktlerin sáwlelendiriwde sheberlik tán bolıp, bul dóretpeler mártlik ideyalardı ulıǵlawǵa xızmet etiwi menen bahalı. Mısalı, «Ǵárip-ashıq – Shahsánemler qayaqta?» qosıǵında:

Kókirekten az-maz shıǵarıp háwir,
Sáwir kelse bolar dep edik táwir,
Eldiń táshwish júgi kem-kemnen awır,
Talmay kótererlik beller qayaqta?

Kewiller hayrana, ármanlar tuwlar,
Sezimler qanatı qayrılǵan quwlar,
Qariya zamananıń júregi suwlar…
Qatıqtay uyıǵan eller qayaqta?

…Tek saxna tórinen baǵar ádalat,
Biz shad-qorram júrgen demler qayaqta?

…Móldiresip baqqan kóller qayaqta?
Talaylardıń kewil tawları shókken,
Íǵbal – joqqa bermes, baǵlarǵa tókken.
At mingen jigitler jayawǵa hóktem,
Teńlermiz dep júrgen teńler qayaqta?... [83; 111 b.].

Bul qosıq qatarların biz sol dóretpe júzege kelgen 1990-jıllar (qosıq 1992-jılı 5-sentyabrde jazılǵan) menen salıstırıp, sol dáwir qarama-qarsılıqların kóz aldımızǵa keltirsek, durısında da, qıyınshılıqlardıń júdá kóp bolǵanlıǵın heshkim biykarlay almaydı. Óytkeni, sociallıq-jámiyetlik awdarıspaqlar hesh waqıtta ańsatlıq penen ámelge asırılmaydı. X. Dáwletnazarov lirikasındaǵı joqarıdaǵıday qayǵılı motivler, muń-nalısh sezimlerdi biz 1990-jıllardıń baslarındaǵı ótiw dáwiriniń mashaqatlı máwritleri menen baylanıslı dep oylaymız. Olardı shayırdıń jasırmay, ashıqtan-ashıq jırlawı qálem iyesiniń haqıyqatgóyliginen derek beredi. Bul sıpat onıń taǵı bir «Abbaz shayır tolǵanısı» atlı qosıǵında tómendegishe berilgen:

Qarasań, bul dúnya ázeliy ǵárrem,
Pay tuwrar kimge pal, kimge záhárden,
Alǵır tuyǵın quslar julınıp párden,
Jarǵanat jarıqtan daw urǵan zaman.

Qaylarǵa bararın bilmes balıqlar,
Táǵdir quwǵın etip kósher xalıqlar,
Shadlıqqa jarmasar pıǵan-nalıshlar,
Jábir shuqırı hesh tolmaǵan zaman [83; 136-137 b.].

Qarańız, bul jerde lirikalıq qaharman óziniń júrek tórin, hadalıy sezimleri menen óz kórgen bilgenlerin jasırmay aytıp otır. Demek, lirikalıq qaharman hadallıq, shınlıq hám pákliktiń jırshısı bolıp esaplanadı. Írasında da, sol bir tubalawshılıq jılları dáwirinde basshılardıń joqarıdan berilgen kórsetpelerdiń járdemi menen juwapkerli lawazımlarǵa otırıwı sebepli kóplegen biybastaqlıqlar, aljasıqlar orın alǵanlıǵı búgin sır emes. Dárya-kóllerdiń qurıp, suwsızlıqtıń háwij alıwı da qoldan jasaldı, birneshe xalıqlar: chechen, uyǵır, qırım tatarları hám t. b. óz mákanların taslap kóshiwge májbúr boldı. Sonıń ushın da, shayır joqarıdaǵı qatarlardan soń:

…Kelte jip gúrmewge kelmey yandırıp…
Kimlerdiń arqanın shubaltqan zaman.

…Túrli gárdishleriń bar eken pálek,
Murǵaw-sırǵawlanıp tarıqqan zaman [83; 137 b.]

– degen qatarlardı keltiriwi tosınnan emes. Bulardıń barlıǵında lirikalıq qaharmanlardıń sezimtal hám haqıyqatshıl júregi tereńnen ashılǵan.

X. Dáwletnazarov jaslıq dáwir hám muhabbat haqqında júdá kóp jazǵan hám olar tuwralı poetikalıq jaqtan sapalı lirikalıq shıǵarmalar dóretken, nama qosıqları keń jámiyetshilikke taralǵan shayırlardıń biri. Ásirese, onıń «Jaslıǵım, sen meni taslap barasań», «Eger, esley alsań…», «Muhabbat isimli qız edi – Aqquw», «Kózleri kiyiktiń kózine megzer» sıyaqlı qosıqların keń jámiyetshilik jaslıq hám muhabbat haqqındaǵı eń jaqsı dóretpeler sıpatında qabıl etip, olardıń namaları menen qosa yadlap alıwǵa erisken. Bul, álbette, shayırdıń jámiyetshilik ortasında joqarı abırayǵa, al onıń poeziyasınıń úlken xalıqlıq, sociallıq-jámiyetlik belsendilikke iye ekenliginen derek beredi. Bul baǵdardaǵı onıń lirikalıq qosıqları óziniń eń jaqsı sıpatları: lirizminiń jaǵımlılıǵı, tereń realizmi, ómir menen tıǵız baylanısı, insan táǵdiriniń qarama-qarsılıqlı máwritlerin de janlı shtrixlar menen bere alıwshılıǵı menen ayırılıp turadı.

Bul tematikadaǵı lirikalıq qosıqlarında shayır haqıyqat kartinalıq súwretlerdi sızıw arqalı tereń mánilerdi ańlatıp, oqıwshılardı estetikalıq jaqtan tárbiyalap barıwǵa úlken áhmiyet beredi.

Ulıwma alǵanda, X. Dáwletnazarov qosıqların qaysı temada dóretse de, onıń shıǵarmalarına ayrıqsha yosh, ideyalıq-tematikalıq aktuallıq tán bolıp keledi. Sonlıqtan da olar oqıwshıǵa estetikalıq zawıq baǵıshlaydı. Bul bolsa, óz gezeginde, shayırdıń úlken poetikalıq sheberlikke órlep baratırǵanınıń belgisi bolsa kerek. Sol ushın da onıń qosıqlarınıń sociallıq-jámiyetlik mazmunı úlken,

turmıslıq áhmiyeti úlken degen pikirge kelemiz. Bunda, álbette, sheber túrde jasalǵan lirikalıq qaharman obrazınıń oraylıq orındı iyeleytuǵınlıǵı túsinikli nárse.

X. Dáwletnazarov ǵárezsizlik jıllarındaǵı qaraqalpaq poemasınıń rawajlandırıwǵa da belgili úles qostı. Onıń «Álwidaǵ muhabbat… xosh qal, jaslıǵım!..» poeması proza menen jazılǵan poema. Ádebiy qaharmanlardıń tuwılǵan jerge, ata-anaǵa, jaslıqqa, tutas ómirge qatnasların, filosofiyalıq juwmaǵın jańasha poetikalıq sheberlik penen súwretlewi jaǵınan bul poemanı milliy kórkem sóz ónerimizdegi elewli dóretpe desek asıra aytqan bolmaymız. Burın usı poemanıń stiline jaqın formada Sh. Seyitov, E. Ótepbergenov hám t. b. ayırım shıǵarmalar jazǵan edi. Biraq X. Dáwletnazarovtıń bul dóretpesi poeziyamızda «nasrıy poema» dep atalǵan janrdıń talabına juwap beretuǵın eń dáslepki dóretpe. Bul dóretpe haqqında arnawlı pikirler de bildirildi[84]. Avtordıń nasrıy qosıqları da óz aldına izertlew obyektine aylandı[85].

Qaraqalpaq lirikalıq poema janrı tariyxında X. Dáwletnazarovtıń «Álwidaǵ, muhabbat… xosh qal, jaslıǵım!..» shıǵarmasınıń júzege keliwi ádebiyatımızda ayrıqsha bir janrlıq qubılıs boldı. Ayırım qaraqalpaq povestlerindegi tereń lirizm, olardıń kórkem tábiyatınıń «poema»larǵa jaqınlıǵı bul shıǵarmalardı ayırım

[84]*Нуржанов П., Сайымова Г.* Насрый поэмада қаҳарман характерин жасаўдың өзгешелиги. // ӨЗРИАҚҚБ «Хабаршысы», 2010. №1. – Б. 81–84.; *Сайымова Г.* Қаҳарман характерин ашыўда лирикалық поэмаларымыздың гейпара өзгешеликлери. // ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы», 2008. № 4. – Б. 73–76.; *Гайлиева О.* Эпифаниялардың миллий дереклери ҳаққында. // «Әмиўдәрья», 2005. № 2.; *Usı avtor:* Х. Дәўлетназаровтың дөретиўшилигинде насрый қосықлар. // «Әмиўдәрья», 2005. № 1.

[85]*Гайлиева О.* Ҳозирги қорақалпоқ шеъриятида оралиқ шаклларнинг жанр ва шаклий хусусиятлари (1970–2000 йиллардаги эркин шеър ва насрий шеърлар). Филол. фан. номз. …дисс. автореф. – Нукус: 2006.; *Аяпов А.* Мустақиллик давридаги қорақалпоқ публицистик лирикаси. Филол. фан. номз. …дисс. автореф. – Нукус: 2010.

ádebiyatshılardıń proza tilindegi poema boldı dep bahalawına tiykar bolǵan[86]. X. Dáwletnazarovtıń biz sóz etip otırǵan prozalıq poeması, mine, milliy prozamızdaǵı lirizmniń rawajlanǵanlıǵınıń belgisi, onıń dawamı sıpatında júzege keldi dep esaplawǵa boladı[87].

X. Dáwletnazarovtıń «Álwidaǵ muhabbat… xosh qal, jaslıǵım!..» shıǵarması baslanıwdan onıń prozalıq poemaǵa jaqınlıǵı birden-aq sezilip turadı. Bul nárseni, hátteki, avtordıń shıǵarmaǵa atama tańlawınan, bayanlaw manerası menen kórkem til stilinen-aq abaylawǵa boladı. Eger de, kópshilik ilimpazlardıń[88] shıǵarma atamasınıń ózin sol dóretpeniń syujetlik-kompoziciyalıq orayı, al onıń bayanlanıwı shıǵarmanıń tiykarǵı janrlıq belgisi dep bahalaytuǵının esapqa alsaq, biz tallap ótken shıǵarmanıń janrlıq ózine tánligin durıs ańlawǵa boladı. Haqıyqatında da, «Álwidaǵ, muhabbat… xosh qal, jaslıǵım!..» dóretpesiniń kompoziciyası poemalıq principler tiykarında: lirikalıq qaharmannıń kóz aldına elesletiwleri, yadqa túsiriwleri, kóplegen lirikalıq hám liro-filosofiyalıq sheginisleri arqalı dúzilgen. Sonıń ushın da, onıń qosıq sıyaqlı oqılıp, insan júregine tez tásir etiwshiligi, emocionallıǵı ayrıqsha seziledi. Dóretpeniń atamasınıń ózi de qanday da bir lirikalıq ırǵaqqa (ritmge) qurılǵanday seziledi. Bul nárse

---

[86]*Баҳадырова С.* Роман ҳәм дәўир. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978. – Б. 89.; *Есенов Ж.* Шеберликтиң сырлары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986. – Б. 38–40.

[87]Х. Даўлетназаров дөретиўшилигинде еркин ҳәм насрый қосықлардың тутқан орны, аралық жанрлардың қарақалпақ әдебияты жанрлар системасындағы әҳмийети ҳаққында қараңыз: *Гайлиева О.* Ҳозирги қароқалпоқ шеърриятида оралиқ шаклларнинг жанр ва шаклий хусусиятлари (1970–2000 йиллардаги эркин шеър ва насрий шеърлар). Филол. фан. ном. …дисс. автореф. – Нукус: 2006. – 21 б.

[88]*Ламзина А.В.* Заглавие // Введение в литературоведение. Литературное произведение: основные понятия и термины. Подредакцией Л. В. Чернец. – Москва: «Academia», 2000. – 557 b.; *Тилеўниязова Г.* Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында композициялық изленислер (1990–2010-ж.ж.). Монография. – Ташкент: «Lesson Press», 2022. – 148 б.

shıǵarmanıń janrlıq tábiyatın ańlatıp turıwshı eń baslı belgilerdiń biri. Shıǵarmanıń ayırım úzindilerinen biz onıń biytákirar bayanlaw stiline iye ekenligin abaylawımızǵa boladı. Mısalı: «Assalawma áleykum, zamanlas!... Biytanıs dostım! Kópten berli sizge múrájat etip, ózińiz benen sáwbetlesiw, aqtarılıp otırıp bir sırlasıw niyetim bar edi… Kópten berli…»[89].

Mine, shıǵarmada usınday sırlasıw, pikirlesiw, lirikalıq qaharmannıń oqıwshıǵa ishindegisin búkpey aytıw principiniń ózi prozada lirizmge hám psixologizmge alıp keledi. Bul nárse, óz gezeginde, turmıs shınlıǵın kórkem shınlıqqa aylandırıwdaǵı poemalıq princip ekenligin ańlaw qıyın emes.

Solay etip, sırlasıwdı shayır kem-kemnen bir tutas ómir, tuwılǵan jer, muhabbat haqqındaǵı tolǵanıslarǵa, oy-pikirler dramatizmine qaray baslaydı. Avtor syujet penen konfliktti, kompoziciyanı lirikalıq qaharmannıń usınday oy-sezimleri, yadqa túsiriwleri menen kóz aldına keltiriwleri, ishki keshirmeleri, lirikalıq sheginisleri arqalı basqarıp baradı. Mısalı: «Tentek»…Erte-erte zamanlarda qásiyetli «Iyshan qala» jerinde ullı ulama lebizi menen usı atqa miyasar bolǵan bul arna, ırasında da, kóp zamanlardıń kózin kórgen, kóp tariyxıy waqıyalardıń gúwası, kóp tentekshilik te etken….

Ex, «Tentek», «Tentek»!... Sennen qansha suwlar aqqan?! Sennen qansha úmit hám ármanlar aqqan?! Sennen suw emes, nur aqqan, ómir aqqan! Talay qaytıp, talay tasıǵan, talay márte shadlıqtan hallas urıp, talay márte muńlarǵa batqan «Tentek jabım»! Bir-birimizdi oylap, janımız ashıytuǵın tek te bizler ekenbiz ǵoy, kindik qanım tamǵan, kózlerime súrme, Ana topıraǵım! [89; 8-9 b.].

Bulardıń barlıǵı lirikalıq qaharmannıń tereń tolǵanısları, onıń ana topıraqqa, óz jaslıǵına degen tawsılmas muhabbat sezimleri

---

[89] *Дәўлетназаров Х.* Хош қал, жаслығым! – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993. – Б. 5. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

bolıp tabıladı. Nasrıy poemada oqıwshıǵa kúshli tásir etiwshi usınday orınlar júdá kóp. Onda shayırdıń turmıs haqıyqatlıǵın, lirikalıq qaharmannıń ishki sezimlerin ózine tán bayanlaw manerası oqıwshını dárriw-aq ózine tartıp baslaydı. Óytkeni, qara sózler aǵımına lirikalıq boyawlar sonday ótlesip sińip ketedi, shayır, sonıń ushın da, shıǵarmanı «Nasrıy poema» degen janrlıq atama menen bastırıp shıǵarǵan. Bunıń ústine waqıyalardıń dóretpede xronologiyalıq tártipte emes, al, qaharmanlardıń minez-qulqına, xarakterine baǵındırılıp jaylastırılıwı shıǵarmanı qara sóz benen jazılǵan poema dep esaplawǵa tiykar boladı. Shınında da, ádebiyattanıw iliminiń kórsetiwi boyınsha «povest» hám «poema» genetikalıq jaqtan tuwısqan, egiz hám olar turmıs shınlıǵın súwretlew masshtabı menen de bir-birine say keledi. Atap aytqanda, ataqlı rus jazıwshısı N. V. Gogoldıń «Óli janlar» shıǵarması da «qara sóz benen jazılǵan poema», – dep bahalanıp júrgeni málim. Sonlıqtan da, teoriyalıq miynetlerde povest hám poema bir-birine júdá jaqın, sıńar janrlar dep júritiletuǵını tosınnan emes. «Poema óziniń kólemi hám kompoziciyalıq qurılısı jaǵınan povestke jaqın, …sonıń ushın da biz «qosıq penen jazılǵan povest» yamasa «prozalıq poema» degen atamalardı ushıratıwımızǵa boladı. Biraq, povestke salıstırǵanda poemada turmıs shınlıǵı epikalıq waqıyalarǵa lirikalıq qaharmanlardıń qatnasları arqalı, qosıq úlgisinde ashıladı»[90]. Mine, usınday kórkemlik hám janrlıq ózgeshelikler X. Dáwletnazarovtıń atalǵan dóretpesinde kózge ayqın taslanadı. Bunıń ústine turmıs shınlıǵına avtordıń dóretiwshilik qatnasın esapqa alsaq, bul shıǵarma poema janrındaǵı jańa izlenislerdiń jemisi sıpatında bahalanıwı lazım.

Shayırdıń «Iyesiz jurt» poeması da lirikalıq qaharmannıń óz jurtına, ata-anası menen tuwısqanlarına, doslarına degen úlken

---

[90] *Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ.* Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: «Билим», 1994. – Б. 166.

muhabbat sezimlerin jırlawshı, adamgershilik penen ayrıqsha tereń gumanizmdi, joqarı patriotizmdi ulıǵlawshı dóretpe bolıp tabıladı. Shayır bunda ózi tuwılıp ósip, kámalǵa kelgen «Qıysıq Terek» awılın ayrıqsha bir lirizm menen esleydi. Lirikalıq qaharmanǵa awılındaǵı, hátteki, tozıwı jetken, bir dóńgelegi joq eshek arba da ısıq kórinedi. Avtor sol arqalı jaslıqtıń pútkil bir tutas kórinisin kóz aldına keltiredi, sol tatlı demlerin saǵınadı. Lirikalıq qaharmanǵa kúnde, kún ara pulǵa satılıp gási qırqılıp, gási tros sımlar menen tartılıp, tamırınan úzilip áketilip atırǵan bir waqıtları ákesi ekken baǵ aǵashlarınıń qádimgi sárwi tallar menen aq tallardıń qaldıqları júdá ayanıshlı kórinedi. Olarǵa lirikalıq qaharman óz ayanıshların bildiredi, shayır usı arqalı gumanizmdi tereńlestirip beredi. Álbette, bulardıń barlıǵı lirikalıq qaharmannıń ishki ruwxıy dúnyasındaǵı mehribanlıq oy-sezimlerden tuwılǵan, sol sebepli de olar kópshilikke júdá jaǵımlı hám jaqın túyiledi.

Lirikalıq qaharman eń aldı menen tutas awılın maqtanısh etedi, awılǵa degen saǵınıshların ortaǵa saladı, tuwǵan jerge degen nemquraylılıǵı ushın sınap-mineydi. Máselen, shayır bılayınsha jazadı:

Men awıldan kettim erterek,
Mágar… Qurı shaptım dalaǵa,
Turmıs sonı etkendi zárúr,
Soń, inim de kóshti qalaǵa.

Kekse Anamdı, qarındasımdı,
Úydiń awır dáskesin alıp,
Kóshti…
biziń «Qutlıayaǵımız»
Barǵan jerde júrdi talanıp.

Ketip qalıp júrdi awılǵa,
Oǵan heshkim dıqqat bólmedi.

Abzal kórip eski mákandı,
Bir kúnleri… qaytıp kelmedi [89; 202 b.].

Shayır, mine, poemada usınday turmıs detalların tuwılǵan jerge muhabbatın durıs tańlaw, arqalı sezimtallıq penen súwretlegen. Sonlıqtan onıń tómendegi qatarların da sol tuwılǵan awılǵa degen muhabbat penen saǵınıshtıń kórsetkishi sıpatında bahalawımız kerek. Olar lirikalıq qaharman ómiriniń shtrixları bolıp oqıwshı kóz aldına elesleydi:

Hár báhárde keler qarlıǵash,
Shiylewsiz sol dálizimizge.
Bawır basıp qalıp-ek, biraq,
Kóshken waqta ermedi bizge [89; 202 b.].

Álbette, bul shuwmaqta tuwılǵan mákanǵa sadıqlıqtıń bir kórinisi retinde súwretlengen. Shıǵarmada qarlıǵash detalı avtor tárepinen lirizmdi kúsheytiw, tereń oylılıqtı saqlaw mánisinde júdá orınlı tańlanǵan.

Haqıyqatında da, bulardıń barlıǵı oqıwshılarǵa shayırdıń awılınıń ayırım ekzotikalıq kórinisleri sıpatında ǵana emes, al, hárkimniń tek ózine tán bolǵan ómir jolların, gáde tuwrı, gáde burıw soqpaqların esletip bir tutas dúnya, jaratılıs haqqındaǵı oy teńizlerine shúmdiredi, haqıyqatlıqtı, iyman-insaptı, hadal menen haramdı, durıs ajıratıp qarawǵa úyretetuǵınday. Usı kózqarastan shayırdıń salıstırmalı túrdegi mınaday gumanistlik hám patriotlıq oyları da úlken áhmiyetke iye.

Qarańız:

…O, qudayım!... Qarlıǵashlar ma?...
Aqıl-esim hayranlıqtan lal.

Baxıt kibi bul ájep quslar,
Usı jaydıń tánha báhári.

Kóshpepti de, shayqalmaptı da,
Qatar qonǵan úsh-tórt «sháhári».

…Eh, ıǵbal-áy… riyzalıqtan,
Tóppelleme tolalmadım-aw,
Sadıqlıqta tuwılǵan jurtqa,
Quslar shelli bolalmadım-aw!?... [89; 209-210 b.].

Álbette, barlıq insan da ózi tuwılǵan jeri kindik qanı tamǵan topıraqta sol awılda máńgi qalıp atırǵanı az ǵoy! Solay da bolsa ana jer ullılıǵı sıpatında ádebiy usıl sıpatında berilgen, joqarıdaǵı qatarlar kimniń de bolsa júrek tórinde patriotlıq hám gumanistlik sezimler oyatatuǵınlıǵı sózsiz. Sol sebepli de bunday obrazlar menen usınday poetikalıq qatarlar ómir menen kórkem ádebiyatımız ushın zárúr. Shayırdıń tómendegi oyları da sol baǵıttan orınlı dep esaplaymız:

…Adamlardı túsingen sayın,
Jan biyshara hásiret sheger.
Ózimnen hesh nalınbas edim,
Dáwletbayday dos tapsam eger.

…Keteyin dep kettim be bunnan,
Nashúkirlik túleni túrtti.
Seller juwdı, táshwish teńseltti,
Saǵınısh dep atalǵan jurttı [89; 218 b.].

Bul qatarlar X. Dáwletnazarovtıń «Iyesiz jurt», «…Xosh qal, Jaslıǵım!..», «Qaraqalpaq bayazı» poemalarınıń da negizgi uranı desek boladı. Bul shıǵarmalardıń búgingi kúngi ǵárezsizlik ideyaları kózqarasınan da áhmiyeti úlken.

Ulıwma alǵanda, X. Dáwletnazarov joqarı kórkem sapadaǵı lirikalıq shıǵarmaları, poemaları arqalı ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyasınıń rawajlanıwına úles qostı. Ol ideyalıq-estetikalıq jaqtan jetilisken, kórkem-poetikalıq qunı joqarı dóretpeleri menen xalqımızdıń ruwxıy dúnyasın bayıtıw jolında tınbastan qálem terbetpekte.

**Sorawlar hám tapsırmalar**

1. X. Dáwletnazarov lirikasınıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarları haqqında aytıp beriń.
2. Shayır lirikasınıń janrlıq ráńbáreńligi haqqında nelerdi bilesiz?
3. Shayır nasrıy qosıqları, nasrıy poemasınıń ózgeshelikleri haqqında nelerdi aytar edińiz?
4. X. Dáwletnazarovtıń nama qosıqlarınıń ruwxıy dúnyamızdı bayıtıwdaǵı áhmiyetine toqtań.
5. «Iyesiz jurt» poemasınıń problematikası hám kórkem tili haqqında jazba jumıs orınlań.
6. Shayırdıń «Qaraqalpaq ırǵaǵı» qosıǵın yadlań.
7. Shayır qosıqların ideyalıq-tematikalıq toparlarǵa bóliń, mazmunı hám forması boyınsha jikleń.

## NÁBIYRA TÓRESHOVA
*(1953)*

XX ásirdiń aqırǵı sheregine kelip poeziyamızdıń rawajlanıwında hayal-qızlar dóretiwshiligi elewli rol oynay basladı. Poeziyamızǵa 1970-jılları G. Shamuratova, 1980-jılları N. Tóreshova, P. Mırzabaeva, 1990-jılları M. Jumanazarova, B. Nurnazarova, G. Nurlepesova, G. Dawletova, A. Óteniyazova, N. Tilewova hám t. b. kelip qosıldı. Demek, ózine tán kórkem obrazlar dúnyası,

ideyalıq-tematikalıq baǵdarı, janrlıq-stillik ózgeshelikleri menen ayırılıp turatuǵın hayal-qızlar poeziyasısız búgingi poeziyamızdıń rawajlanıwın kóz aldımızǵa tolıq túrde keltiriwimiz qıyın.

Ǵárezsizlik dáwirine kelip poeziyamızdıń rawajlanıwında jańa betler ashıldı. Bunda hayal-qızlar dóretiwshiliginiń tutqan ornı ayrıqsha boldı. Olar erler serley almaǵan, onday itibar bere bermeytuǵın ayırım turmıs hám tábiyat hádiyselerinen, adamlar arasındaǵı qarım-qatnasqa baylanıslı háreketlerden úlken bir jámiyetlik áhmiyetke, tereń ideyalıq salmaqqa iye kórkem obrazlardı jarata alıw hám sol arqalı oqıwshınıń ruwxıy dúnyasına tásir ete alıw qábiletine iye. Ásirese, buǵan ǵárezsizlik zamanı úlken múmkinshilik jaratıp berdi.

Búgingi qaraqalpaq hayal-qızlar poeziyasında N. Tóreshovanıń dóretiwshiligi belgili orın iyeleydi. Shayıranıń lirikalıq qosıqları menen liro-epikalıq shıǵarmaları, dástan hám qıssaları, sondayaq, poeziya tili menen jazılǵan dramalıq shıǵarmaları xalqımızǵa talantlı lirik shayır hám záberdes dóretiwshi insan sıpatında tanıta aldı.

N. Tóreshovanıń lirikalıq qosıqları menen liro-epikalıq shıǵarmalarınıń tiykarǵı ideyası Ana-Watandı, el-xalıq táǵdirin, shın muhabbattı, opadarlıqtı, doslıqtı, tınıshlıqtı hám insan boyındaǵı adamgershilik pazıyletlerdi jırlawǵa, haqıyqatlıqtı hám hadallıqtı ulıǵlawǵa baǵıshlandı.

Onıń dáslepki qosıqları 1970-jılları kúndelikli gazeta-jurnal betlerinde járiyalanıp bardı. Dáslepki qosıqları basılǵan eliw jıldan aslam waqıttan beri birneshshe poeziyalıq toplamları, poemaları, balladaları, gúrrińleri menen xalqımızǵa qalıs xızmet etip kelmekte. Usı waqıtqa shekem «Jaslıǵım meniń» (1978), «Ádildiń sózi» 1-kitabı (1981), «Sáwir samalı» (1988), «Periyzat» (1991), «Ózińnen» (1994), «Ádildiń sózi» 2-kitabı (1996), «Ana» (2020), «Áziyzim» (2009), «Máńgilik qosıǵımsań» (2023) atlı poeziyalıq toplamları

basılıp shıqtı. Bul toplamlardıń ayrımlarına baspasózde ilimiy pikirler bildirildi[91]. Olardıń ishinde, ásirese, ǵárezsizlik jıllarında jazılǵan birneshe ǵázzel dúrkinleri hám «Qızım-aw», «Tutqın», «Jetim qız», «Men ushın» poemaları menen «Analıq haqqında», «Periyzat» qıssası, «Ushırasıw» balladası, «Gúlzada» draması, «Yalǵanshı» dramalıq dástanınıń hárbiri poeziyalıq tilde, qosıq qatarları menen jazılıp, kitap oqıwshılar jámiyetshiliginde jaqın hám alıs ótmish penen búgingi ómirdegi turmıs waqıyalarınan sır shertip, úlken qızıǵıwshılıq oyattı. Sonlıqtan da, onıń shıǵarmaları haqqında ayırım ádebiy sın hám ilimiy pikirler de júzege keldi[92].

Kórkem ádebiyatımız benen mádeniyatımızǵa qosqan úlesi ushın talantlı shayır N. Tóreshovaǵa «Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri», «Qaraqalpaqstan xalıq shayırı» degen húrmetli ataqlar berildi.

Onıń házirgi qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı hám dóretiwshi insan sıpatındaǵı xızmetlerine toqtap ótetuǵın

---

[91]*Ахметов С.* Қарақалпақ совет поэзиясы. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988. – Б. 404.; *Атабаев О.* Шайыраның жаңа топламы. (Н. Төрешованың «Өзиңнен» поэзиялық топламы ҳаққында). // «Әмиўдәрья», 1994. № 10-12.; *Есенов Ж.* Ҳақыйқатшыл, руўхы терең сөз маржанлары ушын. (Миллий ғәрезсизлик жылларындағы поэзия ҳаққында ойлар 1991–1998-жыллар). // «Устаз жолы», 1999, 20-май.; *Генжемуратов Б.* Ҳәзирги қарақалпақ ҳаял-қызлары поэзиясында суггестив лирика. // «Қарақалпақстан жаслары», 2001, 24-март.; *Өтемуратова Ҳ.* Набира Төрешованың шайырлық стили. // «Әмиўдәрья», 2003. №1.; *Турдыбаев Қ.* Лирикада руҳий ифоданинг ўзига хослиги. // «Шарқ юлдузи», 2011. №1. – Б. 162–164.; *Usı avtor:* Nabira To'reshova poeziyası' haqqı'nda geypara woylar. Ilimiy maqalalar toplamı'. – No'kis, 2013. – B. 69-72.

[92]*Алламбергенов К.* Шайыраның эпикалық поэзиясының өзгешелиги. // «Еркин Қарақалпақстан», 2009, 11-август.; *Нуржанов П., Сайымова Г.* Ҳәзирги лиро-драмалық поэмада қаҳарман характерин жасаўдың өзгешелиги. // «ӨзРИАҚБ хабаршысы», 2009, №4.; *Турдыбаев Қ.* Лиро-эпикалық поэзиямыздағы жаңа бағдар. // «ӨзРИАҚБ хабаршысы», 2009, № 4.;

bolsaq, 1953-jılı 5-mayda Qanlıkól rayonında tuwıladı. 1973-jılı Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın tamamlap, ózi tuwılıp ósken rayonda muǵallim bolıp isleydi, al 1975-jıldan baslap Qaraqalpaqstan televideniesi hám radioesittiriw komitetinde xızmet etedi. Sońınan miynet demalısına shıqqanǵa shekem hám sońǵı birneshe jıllar dawamında «Ámiwdárya» jurnalında bólim baslıǵı bolıp isledi. Házirgi waqıtta húrmetli demalısta bolsa da dóretiwshilik penen shuǵıllanıp, jańa shıǵarmalar ústinde islep atır.

N. Tóreshova ázelden-aq qaraqalpaq poeziyasına muhabbat lirikası, sonıń menen qatar, social-jámiyetlik mazmundaǵı qosıqları hám ǵázzelleri menen kirip kelgen edi. Sońǵı jılları da ol ǵázzel janrında kóbirek qálem terbetti. Bunıń ústine ol publicistikalıq ruwxı kúshli kóplegen poeziyalıq shıǵarmaları menen poeziyamızdı mazmun hám forma jaǵınan bayıtıwda tınbay qálem terbetti. Shayır qosıqları tiykarınan alǵanda, muhabbatqa sadıq, haqtıń jolın tutqan lirikalıq qaharmanlardıń obrazın jasap beriwi menen bahalı. Mısalı:

Bir ómir ıǵbalımnıń jarasıǵın taptım derdim,
Qáne endi, baǵar bolsa, kózlerime ol kózleriń.
Gúlzardan ottay dónip lawlap turǵan gúller terdim,
Miyasar kórse eger, muhabbatın ol kózleriń.

Rizadurman mıń jıllıq azaplarǵa, saǵınıshlarǵa,
Eger bir kún baǵar bolsa, jamalıma ol kózleriń[93].

Eń baslısı, bul qatarlarda muhabbatqa sadıqlıq ayrıqsha kózge taslanadı. Bul ájayıp pazıylet bazı bir jaǵdaylarda folklorlıq usılda – ulǵayttırılıp giperbolizaciyalanıp berilse de, jarasımlı túrde, haqıyqatlıqqa sıyımlı etip sáwlelendirilgenligi menen oqıwshınıń dıqqatın ózine tartadı.

[93]*Төрешова Н.* Өзиңнен. Қосықлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994. – Б. 16. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Usılarǵa qosımsha onıń bir qatar ǵázellerinde tek muhabbat sezimi ǵana emes, al, ómir kartinaları, onıń túrli-túrli qarama-qarsılıqlarǵa tolı dinamizmi ayqın túrde súwretlengenligi dıqqatqa miyasar. Mısalı:

Sen hiyleniń saxnasında, men ómirdiń ózindemen,
Sen kimnińdur arqasında, men jasarman haqqa jılap.
Sen saltanat bárgasında, men girdabtıń kózindemen,
Sen ǵáziyne dáryasında, men ótermen haqqa jılap.

…Nábiyra der, áy doslarım, ómir degen saxna emes,
Haslımızdı búrkemesten jasayıq bir haqqa jılap [93; 17 b.].

Mine, bul qatarlardaǵı «haq» sózi bizińshe, insannıń erkinen ǵárezsiz bir ilahiy kúsh, adamǵa baxıttı da, baxıtsızlıqtı da inam ete alatuǵın qúdiret bolǵan «Alla»nıń bir epiteti sıpatında súwretlengen. Usı taqılettegi ideyalar N. Tóreshovanıń basqa da lirikalıq shıǵarmalarında, ulıwma bir tutas dóretiwshiliginde – dástan hám poemalarında da sońǵı jılları ayrıqsha kózge túspekte. Usı ózgeshelikleri menen N. Tóreshova shıǵarmaları sońǵı dáwirdegi poeziyamızdaǵı shayır Á. Ótepbergenovtıń birqansha dóretpeleri menen únlesip ketetuǵın sıyaqlı. N. Tóreshova kóbinese diniy-islamiy dúnyatanımdaǵı hadallıq, páklik, adamgershilik, kisige hazar bermew, barlıq nárseniń sheshimi menen juwmaqların tek «Qudaydan», «Haqtan» tilew ideyaların ortaǵa qoyadı. Hadalıylıqtı úgit-násiyatlaw filosofiyası xalqımızdıń milliy xarakteri, milliy inanımları kózqarası boyınsha da qollap-quwatlawǵa turarlıq nárse bolıp tabıladı. Biraq, bul sıyaqlı oy-pikirler menen kórkem-poetikalıq usıllar burınǵı kommunistlik ideologiya dáwirinde qollap-quwatlanbaǵanı bılay tursın, hátte, olardı baspasózde járiyalaǵanlardı da qatań túrde jazalanǵan waqıtları boldı. Sonıń ushın da, shayır dóretpelerindegi bul ideyalardıń ashıq-aydın jırlanıwın ǵárezsizliktiń arqasında dep túsingenimiz maqsetke muwapıq boladı.

Ulıwma alǵanda, N. Tóreshova tek ǵázellerinde ǵana emes, al, basqa da poeziyalıq dóretpelerinde búgingi dáwirdiń aktual máselelerin ortaǵa qoyıw barısında ayrıqsha sheberlik kórsetip kelmekte. Ol patriot shayır sıpatında búgingi ekologiyalıq apatshılıqtı, ádep-ikramlılıq, morallıq saladaǵı illetlerdi, unamsız hádiyselerdi, natıqlıq penen sadalıqtı, tómenshiklikti qaralay otırıp, «Kim sóyler» qosıǵında tómendegishe jazǵan:

…Tartısqa tolı mına zallarda,
Aqıl hám mártlik lawlap qanlarda,
Kimler sóyler?
Kimler sóyler janıǵıp,
Óz aldına otawı joq xalqımnıń,
Ózi-ózine uqsawı joq xalqımnıń,
Táǵdirine túsinip,
ózine sıymay isinip.
Mehiri joq júreklerdiń duzınan,
Jazıǵı joq Aralımnıń duzınan,
Aqıldan nárenjan,
músheden nárenjan,
Duzlanıp tuwılǵan náresteler me?
Jigirma jasında kózleri ázzi.
Ruwxları sınıq, ózleri ázzi,
Jatıslı bolǵan qásteler me?
…Xalqım-aw dep gúńirenip,
elim-aw dep emirenip,
Kimler sóyler?
Kimler aytar xalqımnıń mápin?!... [93; 20-21-b.].

Haqıyqatında da, bular mártlikke sharlaytuǵın, shayır júreginen atılıp shıqqan qatarlar desek qátelespesek kerek. Shayır usı pikirlerin jáne de rawajlandırıp, «Mende qarar bolmay tur» qosıǵında mınaday dep jazǵanı da búgingi jaslarǵa ayrıqsha sabaq bolıwı sózsiz:

Men xalqımdı ózge xalıqtan,
Artıq qoymaq emespen.
Bizler miywe tergen baǵdan,
Ózge termes demespen.

Bolǵanınday hárbir eldiń,
Súyenishi, batırı.
Bizlerde de talay erdiń,
Ótkenligi aqırı.

Málim ǵoy bul tariyxlardan,
Tumaristey anamız.
Kir patshasın batıl qılǵan,
Sol anadan tarappız.

Eske keler payıt jetti,
Danalıqtıń saatı.
Xalıqqa júdá jábir ótti,
Joqdur endi taqatı.

Tirishiligińdi,
xalıqlıǵıńdı,
Kórset, eger er bolsań.
Qansıraǵan maralıńdı,
Tawda oynat, sher bolsań [93; 21-22 b.].

Bul qatarlarda da mártlik ideyalardıń ulıǵlanıp turǵanlıǵı attan anıq. Ulıwma alǵanda, shayırdıń lirikalıq shıǵarmalarında bul dúnyanıń qarama-qarsılıqları, unamsız illetleri haqqında kóbirek sóz boladı. Ol basqa bir ayırım shayırsımaqlar sıyaqlı tek ǵana qurǵaq, shawqım-súrenli, maqtawǵa qurılǵan, siyasiy mapazǵa beyimlengen qosıqlardı onsha unatpaydı. Sonıń ushın da, shayır

zamanlaslarınıń bir-birine aytqan tómendegidey sózlerin júdá tásirsheń túrde bergen:

Irkip turar sózleriń,
Kúlip turar kózleriń.
Adam emes, shaytansań,
Qubılıp turar túsleriń.

Qostań-qostań júreseń,
Tırtań-tırtań kúleseń,
Jaqınlap bolmas, kúyeseń,
Jáhándi bılǵar izleriń.

Ján-jaqqa qol salasań,
Keregin arbap alasań,
Kereksiz jerde shalasań,
Qurbanlıqqa ózlerin [93; 38-b.].

N. Tóreshovanıń «Áziyzim» atlı toplamına kirgizilgen «Qaraqalpaqstanım meniń», «Babajan», «Jiyen jıraw monologı» hám t. b. qosıqları avtordıń patriotizm ideyalarınan derek berip, olarda da jalǵan siyasiy-publicistikalıq shaqırıqlardan góre, lirikalıq qaharmannıń júrek tórinen shıqqan sózleri basım ekenligin anıq abaylaymız. Olardı aq qaǵaz betlerine túsiriwde shayırǵa poetikalıq anıqlıq tán ekenligin bayqawǵa boladı. Mısalı: «Jiyen jırawdıń monologı» qosıǵında berilgen tómendegi qatarlar dıqqatqa ılayıq.

– Aspanlaǵan asqar taw,
Qayısa berip jıǵıldı.
Tikley almay boyların,
Júrek-bawırım sıǵıldı.
Zamananıń dawılı,

Mıń túrlenip qubıldı.
Shańǵa qosıp appaq as,
Biydayımdı suwırdı.
Bir jaqsılıq jolında,
Mıń jamanlıq tuwıldı…
…Órmekshiniń awınday,
Ushlıǵı joq jıbırlı.
Elge bolsın degenler,
Bes jerinen buwıldı.
Urlıqqa gúwa paqırdıń,
Kózine qum tıǵıldı[94].

Bizińshe, bulardıń barlıǵında Jiyen jıraw obrazı ayqın sáwlelenedi hám sol dáwirdiń tariyxıy haqıyqatlıǵı anıq ashıp beriledi. Sonlıqtan da, bul qatarlar búgingi dáwirge de sabaq berip turǵanday, kimligimizdi ańlawǵa múmkinshilikler ashqanday boladı. Shayırdıń ayırım qosıqları milliy ırǵaq, milliy poetikalıq sıpatlar hám milliy estetikalıq dúnya tanımnıń sırları menen qanıp suwǵarılǵan halda dórelgeni kórinip turadı.

Mısalı:

Dárman barda dáwran bolmas,
Dáwran barda dárman bolmas,
Bazda, kelgen dáwirin ańbas,
Insan kewli nur bolmasa.

Kelgen dáwlet bilgendiki,
Bilip hámel qılǵandiki.
Bile almasa ilgendiki,
Jigit arıslan, sher bolmasa [94; 15-b.].

[94]*Төрешова Н.* Әзизим. Қосықлар топламы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009. – Б. 14.

Talant iyesiniń usınday qosıq qatarlarında xalqımızdıń kórkem sóz ónerinde kúshli rawajlanǵan tókpe shayırlıqtıń, sheshenlik stildiń ózgeshelikleri de ayqın kózge taslanadı.

N. Tóreshovanıń poemaları menen dástanları da XX ásirdiń aqırındaǵı epikalıq hám liro-epikalıq poeziyamızdıń rawajlanıwına belgili úles bolıp qosıldı. Shayırdıń «Qorǵan», «Shayqas», «Qızım-aw», «Tutqın», «Jetim qız», «Men ushın» sıyaqlı poemaları menen qatar, «Analıq haqqında», «Periyzat» gúrrińi, «Ushırasıw» balladası, «Gúlzada» draması, «Yalǵanshı» atlı dramalıq dástanı da ǵárezsizlik jıllarındaǵı qaraqalpaq poeziyasında aytarlıqtay tabıslarǵa iye boldı. Shıǵarmaları poeziyalıq tilde, qosıq qatarları menen jazılıp, kitap oqıwshılarına jaqın hám alıs ótmish penen búgingi ómirdegi turmıs waqıyalarınan sır shertedi.

«Qızım-aw» poemasınıń syujetlik-kompoziciyalıq baǵdarı qısqa hám shaǵın bolıp, dóretpe, tiykarınan alǵanda, morallıq, ádep-ikramlıq mashqalalar sebepli ákesinen ayırılıp, biyádep anasınıń qolında qalıp ketken lirikalıq qaharmannıń ishki tolǵanıslarına, ruwxıy debdiwlerine qurılǵan. Syujettiń sheshimi ádebiy qaharmannıń qızına qarata aytqan ishki monologları, sol jigittiń joldan adasqan qostarınıń ústinen shıǵıp, qızın nadurıs joldan aman alıp qalıwı menen juwmaqlanadı.

Qarańız:

Qızım-aw?!
Sen kimniń qolında qaldıń,
Kimge taslap kettim men sorlı seni,
Qızım-aw,
Men seniń dártińde jandım,
Ákelik muhabbat qıynaydı meni.

Qızım-aw,
Móp-móldir kózińdi aytsa,
Ózimniń súwretim, júzleriń qanday,
Qızım-aw,

Mazalı tilińdi aytsa,
Sóyletip oynar-em miyirim qanbay[95].

Poemanıń lirikalıq qaharmanı Yusup degen jigittiń tereń ishki tolǵanısqa tolı monologların sheber túrde beriw qálem iyesiniń usı shıǵarmadaǵı tabıslarınıń qatarına jatadı. Bunday ishki monologlar qısqa syujetke jan berip, onı poetikalıq jaqtan jetilistirip, túrlendirip, oqıwshılardıń dıqqatın ózine tartıp, perzentke degen ákelik muhabbattıń qúdiretin tereńnen jetkeriwge xızmet etedi.

N. Tóreshovanıń «Tutqın» poemasınıń alǵa qoyǵan niyeti menen ideyalıq-estetikalıq baǵdarı da usıǵan jaqın bolıp, onda óz teńine qosıla almaǵan Daniyar degen jigit penen Ziyada degen kelinshektiń keshikken muhabbat sezimleri olardıń ishki tolǵanısları, kóz aldına elesletiwleri arqalı tereńnen sáwlelendirilgen. Atap aytqanda, Daniyar atlı jigit ózine ılayıq emes qız benen qostar bolǵan. Olar bir dastıqqa bas qosqanı hám perzentli bolǵanı menen de óz ara túsinise almaydı, sırtı pútin, ishi tútin halında jasay beredi. Kúnlerdiń birinde Daniyar Ziyada atlı kelinshek penen ushırasıp qaladı hám onı shın júreginen súyip qaladı. Jigit kelinshekti kúnde izlep keledi, oǵan xat jazıp, kewlin bildiredi. Ziyada da ózi súymeytuǵın jigit penen qostar bolıp jasap, onnan perzent te kórgen edi. Mine, usı dramalıq halat poemanıń tiykarǵı konfliktine aylandırılıp, shayır bulardı eki ádebiy qaharmannıń da ishki dramatizmi arqalı sheber ashıp bergen. Álbette, bunday konflikt avtordan úlken talant hám uqıptı, joqarı adamgershilik penen turmıslıq tájiriybeni, tıyanaqlılıq penen joqarı aqıl-parasattı talap eter edi. Bizińshe, bul wazıypanı N. Tóreshova úlken inabat penen orınlawǵa erisken. Máselen, avtor Daniyar menen Ziyadanıń bir-birine degen sezimlerin ashıqtan-ashıq bayanlawǵa úlken áhmiyet beredi. Eń aldı menen avtor

[95]*Төрешова Н.* Өзиңнен. Қосықлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994. – Б. 41. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Ziyadanıń ótken turmısın kóz aldına keltiriwlerin, elesletiwlerin, yadqa túsiriwlerin súwretlewge baslı dıqqattı qaratadı, usı arqalı konflikt sheshiminiń isenimliligi menen tábiyiyligine erisken.

Avtor poemada fantastikalıq súwretlew usılın sheber qollanǵan. Yaǵnıy, belgisiz saza Zıyadaǵa óz kúyewinen ajırasıp, Daniyarǵa qostar bolıp kete almaytuǵınlıǵın batıl túrde bildiredi. Bul sheshim, eki ádebiy qaharmannıń ruwxıy dúnyasındaǵı dramatizm, ótkir konfliktler dialoglardıń keskin qarama-qarsılıǵı, personajlardıń yadqa túsiriwleri, ayırım jaǵdaylarda qaharmanlardıń bir-birine jazǵan xatları formasında beriledi. Bul nárse poemadaǵı waqıyalardıń isenimli hám tábiyiy halatta súwretleniwine xızmet etken. Solay etip, poemada Zıyada da, Daniyar da biymáwrit muhabbattıń tutqınınan qutılıp, adamgershilik jolın tańlaydı. Sonlıqtan da, belgisiz fantastikalıq saza Zıyadaǵa qarata mınaday deydi:

Mine, sınaǵımnan súrinbey óttiń,
Azada, iláhiy, hasıl júreklim.
Saǵan máńgi baxıt yar bolǵay,
Meniń dárgayımnan, márhamatımnan![96]

N. Tóreshova «Yalǵanshı» atlı dramalıq dástanında da Aliyma atlı kelinshek penen Axmet atlı shayır jigittiń tágdirlerin shıǵarmanıń orayına alıp súwretlegen. Bul dramalıq dástanda da onıń basqa lirikalıq qosıqları menen «Tutqın» poemasında azı-kem «saza» sıpatında kózge túsken diniy isenimler menen islamiy filosofiyalıq kózqaraslardaǵı haqıyqatshıllıq, hadallıq, páklik, iyman-adamgershilik, insanıylıq pazıyletlerdiń ullılıǵı haqqındaǵı túsinik-ideyalar jetilistirilip, ádebiy qaharmanlar obrazları arqalı tolıqtırılıp, tereńlestirilip súwretlengen.

---

[96]*Төрешова Н.* Әзизим (қосықлар). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009. – Б. 67.

Dóretpeniń kompoziciyası dástan-dramanıń formasına sáykes qurılǵan. Máselen, bayanlaw birese birneshe ádebiy qaharmanlardıń dialogları arqalı, birese, avtorlıq súwretlewler menen avtor sózleriniń ishki monologlarǵa enisip aralasıp ketiwi arqalı sáwlelendirilgen.

Shayır shıǵarmanıń syujetin dáslep Aliyma atlı kelinshektiń jaslıq shaǵın, onıń jaslay ata-anadan ajıralıp qalıp, haqlıq, páklik jolın tutıp namaz oqıwın súwretlewden baslaydı. Bir kúnleri kelinshek namazǵa jıǵılǵan waqtında bir belgisiz qustıń onıń átirapın orap alıp, qanatları suwsıldap kózge kórinbey ushqanın jazadı. Bul «eles», «ayan beriw» sebepli kelinshek óziniń erjetip, kámalat jasına kelgenligin, sonlıqtan da, qudadan jaqsı tilekler tilewdi túsinedi. Írasında da, ol kisi haqın jemewdi, perzentli bolıwdı árman etedi, opadarlıq, haqlıq jolın tutadı. Usı tilekleriniń iske asıwı sıpatında ol Axmet atlı shayır jigit penen qostar bolıp baxıtlı turmıs keshire baslaydı. Axmet dóretiwshilik saparına ketkende, ol konkursqa tapsırıp ketken poema birinshi orındı alǵanı belgili bolıp, Aliyma xat arqalı qostarınan súyinshi soraydı. Biraq Axmet sapardan qaytıp kelip gazetalarǵa úńilse, poema ekinshi orın alǵan bolıp shıǵadı. Birinshi orındı bolsa olar menen baspada birge isleytuǵın jas úlkenlerdiń biri Sherbek alıptı.

Mine, usı jerden baslap dramalıq dástandaǵı ádebiy konfliktler baslanıp, eń dáslep Aliyma ótirikshi atanadı. Ol qostarı Axmetke ótirik xabar bergenligi sebepli óz-ózin ayıplay baslaydı. Axmet te qolaysız halatlarda qaladı. Aliyma Axmetke bul tuwralı qapa bolmawdı, konkurstaǵı birinshi orın ushın aytıspawdı usınıs etse de, ol dostı jurnalist jigit Muptilla menen birge haqıyqatlıq ushın gúreske shıǵadı.

Haqıyqatında da, baspanıń direktorı bolǵan Sherbek óz tárepdarı Bekqul hám t. b. menen birge konkurs juwmaǵın ózgertip, birinshi orındı óziniń atına ózlestirip alǵan edi. Sherbek konkurs aǵzaların da usıǵan kóndirgen boladı. Aytıs obkomnıń xatkerine

shekem jetedi. Biraq kópshilik Sherbekler tárepinde bolıp, Axmetler utılıp qaladı. Bul da azday aytısqanları ushın Sherbek qasındaǵılar menen til biriktirip Axmettiń kelesi basılıp shıǵajaq kitabınıń da háriplerin shashtırıp jiberedi. Buǵan arlanǵan Axmet jumıstan bosaydı. Konflikt bunıń menen de tamamlanbay Aliyma menen Axmet alǵan qarızların tólew maqsetinde ele tolıq pitpegen jayın satıw ústinde de oylana baslaydı. Bunıń ústine Sherbekler shayır jigitti ólimshi etip tayaqqa jıǵadı. Axmet ólim halatında keselxanaǵa túsedi, zordan aman qaladı, sır ashılayın dep turǵanda oǵan qastıyanlıq etken Bekqul menen Sherbek te qaytıs boladı.

Dástan – dramanıń aqırına taman Axmettiń de ómirinde belgisiz bir «saza» «ayan beredi», usı arqalı onıń qostarı Aliymanıń is-háreketleriniń durıslıǵı tastıqlanǵanday boladı:

Tań saz bergen waqıt. Uyqıdaǵı Axmettiń qulaǵına qúdiretli hawazda ap-anıq saza kele baslaydı:

Saza
Aliyma Muhammed úmmeti, saqla!
Aliyma Muhammed úmmeti, saqla!
Aliyma Muhammed úmmeti, saqla! [96; 103-b.].

Axmet shorshıp oyanadı. Sazanıń sońı oyanǵannan soń da esitiledi. Axmet hayran bolıp bir maydan otıradı.

Axmet
Ya Alla!... Keshir meni! Ya Táńirim!...
Bul qanday sır boldı sirá kórmegen?...
(pauza)
Alla ǵayıbınan berdi hámirin,
Málim etti ózligin, men bilmegen.
(pauza, qattı albıraydı)
Aliyma shırlasa kúler edim men,
Sorımdı qaynattıń mollasımaq dep.

Meni de jarılqap ayanın bergen,
Allaǵa mıń shúkir, kórsetken qúdiret.
(táwbe etedi).
Men onı súyemen ózimnen artıq,
Bilemen, hayaldan baxtım barlıǵın.
…Meniń jámiyetimde dinge jol bolmay,
Men de kópke usap soqır qalǵanman.
Kózim kórmegen soń isene almay,
Ayıra almappan haqtı jalǵannan.
Ezilgen ruwxım hesh jerge sıymay,
Geyde ashıw qısıp janıp ketemen.
Ózim menen ózim jónime turmay,
Bala-shaǵamdı da jaǵıp ketemen.
Keshir meni Táńirim! [96; 103-104-b.].

Mine, usılayınsha dástanlıq dramada Axmet hám Aliymalardıń ómir jolların keskeslegen turmıs konfliktleri folklorlıq bayanlaw poetikasına uqsas halda súwretlengen. Olarda haqlıq, insap hám qanaat, sabırlılıqtıń simvolı sıpatında Alla, Táńiri hám t.b. diniy inanımlar hadallıq simvolı sıpatında alınıp, olar diniy-filosofiyalıq kózqaraslar tiykarında zamanagóylestirilip berilgen. Shıǵarmada «dástanlıq» usıl onıń syujetlik kompoziciyalıq baǵıtında da, kórkem súwretlew usılları menen kórkemlew qurallarında da anıq kózge taslanadı. Biraq olar tárepinen házirgi zaman ushın áhmiyetli bolǵan ádep-ikramlılıq, hújdan sıyaqlı morallıq máseleler problematikanı súwretlew ushın sheber paydalanılǵan. Demek, N. Tóreshova óz dástan-dramasında milliy-epikalıq dástúrdi zamanagóy ideyanı súwretlew ushın paydalandı degen sóz.

Ulıwma alǵanda, N. Tóreshova óziniń biz sóz etken lirikalıq shıǵarmaları hám poemaları, dástanları menen ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyasın rawajlandırıwda belsendilik kórsetti.

Juwmaqlap aytqanda, N. Tóreshova óziniń hár qıylı janrdaǵı, tereń sezimlerge tolı lirikalıq shıǵarmaları, ráńbáreń ideyalıq-tematikalıq hám janrlıq-stillik baǵdardaǵı poemaları hám dástanları menen házirgi qaraqalpaq poeziyasınıń rawajlanıwına sezilerli dárejede úles qospaqta.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. N. Tóreshova dóretiwshiliginde ǵázzel janrınıń tutqan ornı qanday?
2. Shayır poeziyasında diniy motivlerdiń, obrazlardıń áhmiyeti tuwralı aytıp beriń.
3. Shayırdıń «Yalǵanshı» dástan-dramasınıń janrlıq ózgesheligi tuwralı nelerdi bilesiz?
4. Shayırdıń «Áziyzim» toplamındaǵı dóretpelerinde hayal-qızlar temasınıń jırlanıw ózgesheligin aytıp beriń. Bul toplamdaǵı dóretpelerdi ideyalıq-tematikalıq baǵdarlarǵa ajıratıń.
5. Shayır qosıqların ideyalıq-tematikalıq toparlarǵa bóliń, mazmunı hám forması boyınsha jikleń.
6. Shayır dóretiwshiliginiń izertleniw hám bahalanıw dárejesine pikirińiz qanday?

## ORAZBAY SÁTBAEV
*(1955)*

Ǵárezsizlik dáwirine kelip poeziyamız san hám sapa jaǵınan úlken ózgerislerge ushıradı. Awızeki ádebiyatımız benen klassik ádebiyatımızdıń, qala berse, dúnya realistlik poeziyasınıń aǵla dástúrlerinen nár alǵan talant iyeleri ózleriniń burınǵıǵa usamaǵan, tákirarlanbas kórkem sıpatqa iye shıǵarmaların kópshiliktiń názerine usına basladı. Solardıń biri belgili shayır Orazbay Sátbaev. Ol ǵárezsizlik dáwiri poeziyamızdıń rawajlanıwına elewli úles qosqan shayır.

O. Sátbaev 1955-jılı Kegeyli rayonınıń «Jalpaqjap» awılında (házirgi B. Kárimberdiev fermer xojalıǵı aymaǵında) tuwılǵan. 1972-jılı orta mektepti pitkerip, sońınan áskerlikte xızmet etedi. Tashkent qalasındaǵı rus tili hám ádebiyatı institutına oqıwǵa kirip, onı 1983-jılı tabıslı pitkergen. Shayır miynet jolın «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında ádebiy xızmetker bolıp islewden basladı, soń usı gazetanıń bólim baslıǵı wazıypasında isledi. Shayırdıń kóp jıllıq miynetin esapqa alıp, oǵan «Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen jurnalist» ataǵı berildi. 1993-jıldan Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.

Shayırdıń «Dáslepki qar» (1988), «Ay sıǵalaydı» (1992), «Dóńbekshigen dúnyasań» (1995), «Tırnalar» (1997), «Saldım súwretińdi sezimlerime» (2009), «Arzıwlar daraǵı» (2010), «Aq tulpar» (2011), «Sheńgel qońırawları» (2013) atlı kórkemlik penen jazılǵan poeziyalıq toplamları kitap oqıwshılarına úlken ruwxıy zawıq baǵıshladı. Sonday-aq, shayırdıń birneshe qosıqları ózbek tiline awdarılıp, «Ishq ifori» atamasında óz aldına kitap bolıp Tashkent qalasında 2012-jılı baspadan shıǵarıldı. O. Sátbaevtıń poeziyası tek lirikalıq shıǵarmalardan ibarat emes. Shayır keń kólemli hám bay syujetke iye shıǵarmalar dóretip, milliy epikalıq poeziyamızdıń da rawajlanıwına elewli úles qostı. Onıń usı waqıtqa shekem «Gúldirsin», «Ómir tolǵanısları», «Aral dártleri» (dramalıq ápsana), «Shayırǵa xat», «Qaydasań qarshıǵam», «Qánáát hám ashkózlik haqqında ápsana», «Temir adam», «Kók jiyek» (dramalıq poema), «Aqıbet» (detektiv poema) «Mámelek» hám t. b. poemaları hár tárepleme tereńnen izertlewdi talap etip atırǵan máselelerdiń biri. Onıń dúnya júzi ádebiy miyraslarınan «Evropa hám Okeaniya xalıq ertekleri» degen atamada awdarması 1992-jılı qaraqalpaq tilinde baspadan shıqtı.

O. Sátbaevtıń joqarıda atları atalǵan toplamlardaǵı shıǵarmalar haqqında ayırım ilimpazlar hám sınshılardıń, shayırlardıń hár qıylı

kózqarastan pikirleri jarıq kórdi[97]. Shayırdıń poemaları haqqında da birqansha ádebiy sın pikirler payda boldı[98]. Biz onıń bul ádebiy portretine shtrixlarımızda shayır lirikalıq dóretpelerinde kórkem obraz jaratıwda detaldıń áhmiyetine dıqqat awdarǵandı maqul kórdik. Óytkeni «…detal obrazdı tolıqtırıwı hám kórkemlew ushın úlken áhmiyetke iye»[99].

O.Sátbaev házirgi qaraqalpaq poeziyasında intellektuallıq sıpatı kúshli shıǵarmalar jazıp kiyatırǵan shayırlardıń biri. Ol turmıstaǵı kishkene bólekshelerden úlken social-jámiyetlik juwmaqlar shıǵarıp, oqıwshılarǵa tereń oy taslawǵa, usı arqalı haqıyqatlıq, hadallıq, joqarı adamgershilik, mehir-muhabbat ideyaların alǵa súriwge umtıladı. Sonlıqtan da ol ayırım shayırlar sıyaqlı ótpeli dáwirdiń waqıtsha siyasiy-jámiyetlik ózgerislerin «qıshqırıp» jırlamay-aq, turmıs penen insaniyat tariyxınıń júdá úlken turaqlı hám máńgilik

---

[97] *Азизов А., Юсупов Қ.* «Ай сығалайды» // «Әрман», 1993, 16-май.; *Есенов Ж.* Ҳақыйқатшыл, руўхы терең сөз маржанлары ушын. (Миллий ғәрезсизлик жылларындағы поэзия ҳаққында ойлар 1991–1998-жыллар). // «Устаз жолы», 1999, 20-май.; *Usı avtor:* Жарылыстан туўылған қосықлар (О.Сәтбаев шығармалары ҳаққында). // «Қарақалпақстан жаслары», 1993, 23-апрель.; *Қабулов Т.* Шеңгел қоңыраўларын сыңғырлатып келген шайыр. // «Еркин Қарақалпақстан», 2005, 14-май.; *Алласугуров Е.* Дөңбекшиген дүньясаң. (О.Сәтбаевтың қосықлар толпамы ҳаққында). // «Қарақалпақстан жаслары», 1996. 19-сентябрь.

[98] *Турдыбаев Қ.* О.Сәтбаевтың «Гүлдирсин» поэмасындағы сюжет ҳәм лирикалық қаҳарман. // «ҚМУ хабаршысы», 2008. № 1. – Б. 88–89.; *Usı avtor:* Ҳәзирги поэмашылығымызда әпсаналық сюжет ҳәм қаҳарман образы. // «ҚМУ хабаршысы», 2009, № 2. – Б. 91–92.; *Usı avtor:* Көркем образ ҳәм деталь. // «Әмиўдәрья», 2010. № 6. – Б. 65–68., *Юсупов Қ.* Оразбай Сәтбаев поэзиясының көркемлик өзгешеликлери. // «Әмиўдәрья», 2015. – Б. 77–86.; *Smamutova Sh.* Ǵárezsizlik dáwiri qaraqalpaq lirikasında xalıq poeziyası dástúrleriniń rawajlanıwı. – Nókis: «Ilimpaz», 2022. – 152 б.

[99] *Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ.* Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: «Билим», 1994. – Б. 62.

máselelerin ortaǵa taslawǵa ayrıqsha itibar berip jazadı. Óytkeni, O. Sátbaev hárqanday tema menen ideyanıń eń aldı menen lirikalıq qaharmanlar júreginde puqta pisirilip alınsa, usınnan keyin ǵana qaǵazǵa túsirilse, oqıwshılar júreginen bekkem orın alatuǵınlıǵın durıs ańlaydı.

Máselen, shayırdıń «Jarılıs» qosıǵındaǵı tómendegi qatarlarǵa itibar bereyik:

Nóser aldında da bolar «jarılıs»,
Bulttı bultqa urıp shaqmaq shatnaydı.
Bult jamırap ótken oypatlar ústin,
Sońıra maqpalday maysa qaplaydı[100].

Mine, bul tábiyat kórinisi menen bizdi qorshaǵan ortalıq qubılısınan alınǵan jarılıstıń bir túri. Sonı shayır jámiyetlik turmıs penen insaniyat turmısına tereń baylanıstırıp jiberip, tómendegishe juwmaqlar shıǵardı:

Kúshli jarılıstan kóz ashar insan,
Kúshli jarılıstan kóz jumar bulaq.
Onı iygilikli islerge jumsań,
Haram niyetlerge jumsamań biraq!

Júrekte siresse topaslıq seńi,
Jarıp jiberińler, saqlamań aman.
Jarıń…. Ádalattı saqlańlar, lekin,
Adamgershilikti jaraqatlamań! [100; 3-b.].

Atı kórsetilgen qosıqtan alınǵan bul mısaldaǵıday, ómirdiń kishkene bólekshelerin kórkem-ádebiy detalǵa aylandırıp sheber-

---

[100] *Сәтбаев О.* Ай сығалайды. Қосықлар ҳәм поэма. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992. – Б. 3. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

likke erisiw O. Sátbaevtıń poeziyasınıń ózine tánligin quraydı. Bul sıpat onıń qosıqlarında kóplep ushırasadı. Milliy poeziyamızda usınday tereń oylılıq penen emocionallıqqa erisiwdiń nátiyjesinde poetikalıq ideyalardıń oqıwshıǵa sheber túrde jetkeriwdi támiyinlew ótken ásirdiń alpısınshı jıllarınan keyin M. Seytniyazov, T. Mátmuratov, K. Raxmanov, Sh. Seytov hám taǵı basqalardıń lirikalıq dóretpeleri hám poemaları arqalı júzege kelgen edi. Mine usı joldı ózine tán baǵdarda rawajlandırıwǵa at salısıp atırǵan shayırlardıń biri O. Sátbaev bolıp tabıladı. Shayır «Onlanshı shıra», «Áteshkúr», «Ketpenler», «Digirmannıń qosıǵı», «Qıs etyudleri» hám t. b. shıǵarmalarında oqıwshını tereń oylılıqqa, intellektuallıqqa, joqarı aqıl-parasat biyigine qaray jetelep, olardıń estetikalıq talǵamın joqarı kóteriwge umtıladı. Bunı, ásirese, shayırdıń «Onlanshı shıra» qosıǵında ayqın sezemiz.

Qarańız:

Ada bolmas dártten dútkeshtey tútep,
Alqımın ıs bastı, biytaptay júdep,
Sonda da minnetin qalıwsız ótep,
Aqsham pısqıp janǵan onlanshı shıra.

Geybirewdi «xalıq dushpanı» tanıp,
Aydap ketkeninde aldına salıp,
Ílay pesh ústinde qıyalǵa talıp,
Ólimsirep janǵan onlanshı shıra. (100; 13-b.)

Sezilip turǵanınday, shayır bir ǵana kishkene detal – «onlanshı shıra»nı mázi bir tárepleme táriyipley bermesten, al, oǵan tariyx sırların-xalqımızdıń awır ótmishin tereń sińdiriw arqalı bir tutas syujet, bir tutas ómir tariyxın súwretlewge erisedi. Solay etip, ol jansız onlanshı shıraǵa jan endirip, oǵan insan ruwxın sińdirip, shıranı pútkil insan, adam, xalıq obrazın sáwlelendiriwde kórkem detal sıpatında sheber paydalanadı. Qosıqtıń tómendegi qatarlarında shayırdıń ideyası jáne de ayqınlasatuǵınday:

Erler bolǵanında maydanǵa kerek,
Ornına hayallar suwırdı górek,
Sonda shańaraqqa amanlıq tilep,
Mólt-mólt etip janǵan onlanshı shıra.

….Elektr atalmısh ótkir nur shıǵıp,
Kózleri qamasıp, eti túrshigip,
Náylaj táńirine etip qulshılıq,
Birden kózden qaldı onlanshı shıra (100; 13-14-b.).

O. Sátbaevtıń konkret ómir menen turmıstıń kishkene bólekshelerin kórkem ádebiy detalǵa aylandırıp jazǵan shıǵarmalarında joqarıdaǵı qosıqtaǵıday tereń oylılıq penen ruwxıylıqtıń basım ekenligi, kórkem-ádebiy obrazlardıń poetikalıq jaqtan pisikligi dıqqatqa ılayıq. Bul nárse oqıwshılardı aqıl-parasat penen sezimtallıqqa, estetikalıq talǵampazlıqqa úyretip, tárbiyalap baradı desek artıqmash emes. Máselen, shayırdıń «Qıs etyudleri» qosıǵındaǵı tómendegi qatarlarǵa itibar bereyik:

| | |
|---|---|
| Tún shıǵıp,<br>Nur sińdi….<br>Tunshıǵıp<br>gúrsindi…. | Tún uzın<br>Kún kelte.<br>Dúz qısı<br>Dım erke… |
| Ay jıljır,<br>Jım-jırt tıs.<br>Tún múlgir,<br>Qalǵır qıs. | Jel turıp,<br>Qar búrker.<br>Ol ulıp,<br>At úrker. |
| Túngi jol,<br>Qar jatar.<br>Muńlı ol –<br>Sharshatar. | Túsime<br>qıs ener.<br>Izime<br>qıs erer… (100; 26-b.). |

Shayır usınday qısqa qatarlar arqalı insanda úlken sezimler oyatıp, olar adamzat balasın hárbir tábiyat qubılısına sergek, janlı túrde qatnas jasawǵa, durıs oy juwmaǵın shıǵarıwǵa, estetikalıq zawıq alıwǵa múmkinshilik jaratadı. Usınday ózgeshelikler onıń «Ayǵabaǵarlar» qosıǵında da tómendegidey sheber formada berilgen:

Shashırap oyandı ayǵabaǵarlar,
Dógerekke qarap kúlimsiredi.
Kózlerinen uyqı urladı baǵlar,
Nárestedey soǵıp turdı júregi (100; 21-b.).

O.Sátbaev «Zilzila», «Jantaq», «Soqta», «Ómir arbası»[101] sıyaqlı qosıqlarında da ómirdi konkretlestirip, detallastırıp beriw sheberligin kórsetedi, usı arqalı ol ulıwma ómir filosofiyasın jaratıwǵa umtıladı, jaqsılıqqa umtılıp, jamanlıqtan qashıwdı úgitleydi. Máselen, «Soqta» qosıǵındaǵı tómendegi qatarlarǵa itibar bereyik:

Ortaǵa nedáwir aqsha úyilip,
Hárkim bir pay bolıp otsa túyinip,
Iyt nesibeli bir kimsege buyırıp,
Kóp támedar etip, pánt bergen soqta.

…Mashının uttırıp, úyin uttırıp,
Kózine qan tolıp, iyttey qutırıp.
Sońında qatının ortaǵa tigip…
Birew jer tepsinse, más bolǵan soqta…[101; 6-7-b.].

Írasında da, bulardıń barlıǵı ómirde bar nárseler bolıp, olardı shayır belgili bir turmıs kartinalarına, detallarǵa baylanıstırıp

[101] *Сәтбаев О.* Дөңбекшиген дүньясаң. Қосықлар ҳәм поэмалар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995. – Б. 48. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

súwretleydi. Bul nárse onıń lirikalıq shıǵarmalarınıń oqıwshılarǵa degen tásirsheńligin jáne de arttırıwǵa xızmet isleydi.

Ó. Sátbaevtıń patriotlıq temada jazılǵan qosıqları da ózine tánligi, shayırdıń óz stilin jaratıwǵa janlı umtılısları menen ajıralıp turadı. Ásirese, shayırdıń «Dóńbekshigen dúnyasań…» atlı poeziyalıq toplamındaǵı «Tuwılǵan awıldıń táne tilegi» qosıǵında ayrıqsha seziledi. Mısalı:

Bir gez «Awılım» dep dawrıq salǵan-eń,
Soń óziń emes pe qustanı etken?!
Toqsan toǵız ret jaralanǵan-em,
Aldım júzlenshisin sen júwermekten.

Birazlar Nókiske bastılar mákan,
Ol jerdi sonıńday jánnet dep tanır.
Tárk etse awıldı toqsan toǵız jan,
Boldıń júzlenshisi sen, sen ońbaǵır.

…Bir kem júz qızımdı «urlatqan» edim,
Kórdim júzlenshisin ah, sen qırshında [101; 27-b.].

Mine, usılay etip shayır óz awılı tilinen ózine-ózi gúnalar taǵa otırıp hám bunı ádebiy usıl sıpatında sátli isletip bılayınsha poetikalıq juwmaqlar shıǵarǵan:

…Toqsan toǵız óner bar edi,.. Biraq,
Ketti júzlenshisi – sen úy jańǵırda!

…Toqsan toǵız ámeli bar gúrestiń,
Solay daǵı júzlenshisinen saq bol!

…Toqsan toǵız baxıt qusın ushırdım,
Ulım! Júzlenshisi qonǵay basıńa!

Qúdiretim jetse jas qosar edim,
Qurımas ushın jurttıń hesh bizden pisi.
Toqsan toǵız adam júz jasap edi,
Bola ǵoy, shıraǵım, sen júzlenshisi! [101; 27-b.].

Shayırdıń hárkimniń de óz tuwılǵan jeri menen ajıralmaslıǵın, tuwǵan topıraqtıń baylıqlarǵa hár tárepleme tolı ekenligin kórsete otırıp, biziń hárbirimizdiń de Ana jerimizdiń óz perzentine baxıt, uzaq ómir tilewden basqa ármanı joq ekenligi tuwralı patriotlıq oydı usılayınsha jetkeriwi basqalarǵa qaraǵanda utımlı kórinedi. Talantlı qálem iyesi hárbir shıǵarmasında, barlıq lirikalıq shıǵarmalarında da usınday jańalıqlarǵa umtılıp, kópshilik tabıslarǵa erisip barmaqta.

O.Sátbaev lirikalıq shıǵarmaları menen «Gúldirsin», «Ómir tolǵanısları» atlı poemalarında da óz jolın saqlap, tek ǵana ideyalıq-tematikalıq jaqtan emes, al, poetikalıq sheberlik jolında da búgingi poeziyamızda ózinsheligin saqlap barıwǵa eristi. Eń baslısı, bul shıǵarmalardıń ekewinde de lirizm basım hám sonlıqtan da olardıń ekewi de lirikalıq poemalar sıpatında bahalanadı.

Shayır «Gúldirsin» poemasında tariyxıy ańızlarǵa tiykarlana otırıp satqınlıq penen mártlikti, shıdam-taqat penen úmitsizlik, asıǵıslıqtıń kórinislerin xalqımızdıń basınan ótkergen tariyxıy haqıyqatlıqqa, tariyx betlerine baylanıstırıp tereń sáwlelendirgen. Shınında da, úlkemizdiń qubla aymaǵında úlken «Gúldirsin» atlı tariyxıy qorǵannıń qaldıqları elege shekem saqlanǵan. Ol jerlerde burın úlken qala bolıp, hátteki, úlken mámleketshilik, xorezmlilerdiń bir bólegi ómir keshirgen. Soń olardı monǵol basqınshıları basıp alıwı nátiyjesinde el-xalıq pıtırap, qırǵınǵa giriptar bolıp, qalanıń tek ǵana jıǵılıp-unıraǵan eski diywalları ǵana qalǵan. Shayır mine, usı eski qala diywallarına jan engizip sóyletiw arqalı satqın qız Gúldirsinniń unamsız obrazın, monǵol basqınshılarınıń zulımlıǵın kórsetiw arqalı búgingi áwladqa tariyxtı úyreniwde úlken qozǵaw saladı, mehir-muhabbat penen mártlikti, patriotizmdi

ulıǵlap, al, satqınlıqtı, zulımlıqtı barınsha qaralaydı, waqıtsha házlik penen ómiri qısqa muhabbattı áshkara etedi.

–Gúldirsin!...
Gúń qorǵan til qattı:
–Kimseń?
Kim bul biyruqsat kirgen qalama?
Sol pes attı taǵı qaytalar bolsań,
Jaqsısı, janıma hárgiz jolama!
Ey, jolawshı, meyli tús endi attan,
Dártim pash etpeske endi bolmadı.
Meni sol pes qızdıń isminde atap,
Meni emes, babalar ruwxın qorladıń!...[102]

Usılayınsha shayır eski diywallardı sóyletiw arqalı satqın qız, qala hákiminiń perzenti Gúldirsinniń monǵol basqınshılarınıń xanzadasına ashıqlıǵınıń unamsız satqınlıǵın áshkara etiwshi syujetti bayanlawǵa ótedi. Atap aytqanda, úsh aydan berli qala qamaqta tursa da xorezmliler qala dárwazasın ashpaydı. Bir waqıtları oylasıq penen qalalılar úlken bir ógizdi toydırıp dárwazadan shıǵarıp jiberiwdi sheshedi. Bul arqalı gúlistanlılar qala xalqınıń ele toq ekenligin bildirip dushpan ústinen kúliw arqalı olardı izge qaytarıw edi. Biraq qala xalqınıń da, dushpan tárептiń de awhalı shataq…

…Mine, úsh ay boldı Gúlistanlılar,
Jatır qorshawında sum monǵollardıń.
«Suw! – dep, «nan!» dep qala xalqı ıńıranar,
Nan, suw dep talıqsır júrekler ǵamlı [102; 43-b.].

---

[102]*Сәтбаев О.* Ай сығалайды. Қосықлар ҳәм поэма. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992. – Б. 42. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

Sonda dushpan láshkerbasısı xanzada da bılaysha sarsılǵan eken:

…Qurı bos hawaǵa qılısh sermedim.
Bul ret asıǵım túspedi alshı…,
…Atqa baspaqpan ba men keri qamshı,
Qanday erjúrek xalıq bul sahralılar!
Úsh jılǵa tatıǵan úsh ay waqıtım,
Soqır atqan párdey ketti biygana.
Zar etsem de jurttı suwǵa bir jutım,
Dárwaza ashılar emes… Ey toba!... [102; 44-b.].

Usı halatlarda ana óz perzenti Gúldirsinge ózi bir urtlap almasa da mestegi sońǵı suwın berse de sırdı dushpanǵa xabarlawshı xat jazıp, onı sadaqtıń jebesiniń ushına baylap xanzada aldına jetkeredi. Sonda:

Dushpan dás qoyıstı ishke gúwlesip…
…Birewler qulasa, birewler turıp,
Birewlerdi atı súyrep baratır.
Birewler jılasa, birewler kúlip,
Ázzini mıqlılar túyrep baratır...
Ana jerdi hárgiz jat ayaqlarǵa,
Taplatpayman deyip qansha mıń batır,
Bir qolında nayza, ekinshi qolı
Ana topıraqtı uwıslap atır...
…Qansha-qansha gelle tárk etip tándi,
Orpań topıraqqa tústi jumalap… [102; 46-b.].

Shayır usılayınsha Gúldirsin qalasınıń dushpanlar qolına túsip, xalıqtıń basına túsken awır tragediyanı janlı detallar, kartinalıq kórinisler menen beredi. Sonda satqın qız xanzada aldında turıp qırılıp pitken xalqın da kózine ilmey, endi qalıp turǵan bir shopan

barlıǵın da aytıp qoyadı. Biraq shopan tabılmay dushpanlar tárepinen pútkil Xorezm jurtına ot qoyılıp, xalıq qırǵın apatqa ushıraydı, satqın qız denesi de qırıq bólekke bólinip tereń quyıǵa taslanadı. Sóz sheberi bul orınlardıń barlıǵın ayrıqsha tragediyalıq boyawlardı saqlaw arqalı lirizmge bólep súwretlegeni oqıwshılarda satqınlıqqa, jawızlıqqa sheksiz náletler jawǵızadı.

…Diywallar teńseldi, tutıldı quyash,
Óli qorǵanǵa til pitkendey misli,
Izge qaray-qaray tógip qanlı jas,
Ne bir arıwlar at aldına tústi.
Qorǵan qaldı, qaldı pısqıǵan qul… hám
Qara jerdi qushıp óliler qaldı [102; 50-b.].

Sol bir máwritlerde satqın qız Gúldirsindi qaralaǵan qum tilinen shayır mınaday sózlerdi jazıwı da tutas poemaǵa lirizm, ulıwma poetikalıq sheberlik baǵıshlap tur desek arzıydı.

Uytqıǵan qum dedi: «Biyopa perzent!»
Bunday eterińdi bilgende edi,–
Dadı-páriyadıńdı etpesten pisent,
Eglenbesten jutıp jiberer edim!...
…Esken samal dedi: – Saǵan mıń nálet,
Óz jurtına hisnad keltirgen qatın!
Sen óz ata-anańa ettiń qıyanet,
…Seni keshirmeymen ólgenler haqqı!
…Dodaǵıń pal edi, lábleriń sheker,
Qırmızı júzleriń jan alar edi.
Endi dodaǵıń – uw, lábleriń záhár,
Ah, sen jılan menen barabarmediń?! [102; 51-b.].

Usınday halatlarda satqın perzent Gúldirsinniń ózi de ózin-ózi qaralawshı sózler aytıp, xanzada iship óliwi ushın uw ákeliwdi ótinish etkeni menen, ol orınlanbay qız at quyrıǵına súyretip óltiriledi.

Demek, «Gúldirsin» poeması xalıq arasında keń taralǵan, burınnan belgili ańız tiykarında jazılǵanı menen de, házirgi turmısımız ushın oǵada áhmiyetli máseleni qozǵaǵanı menen bahalı. Poema jaslardı watan súyiwshilik ruwxında tárbiyalaytuǵın, jamanlıqtan jerkeniwge, oǵan qarsı gúresiwge shaqıratuǵın qunlı dóretpe bolıp tabıladı.

Juwmaqlap aytqanda, O.Sátbevtıń ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyasında tuwılǵan jer temasın sheber túrde jırlaydı, muqaddes topıraǵımızdıń hár túrli baylıqlarǵa tolıp-tasıp atırǵanlıǵın maqtanısh etedi. Buǵan talantlı qálem iyesi lirikalıq hám epikalıq shıǵarmalarında kartinalıq kórinislerdi, hár túrli shtrixlardı, álwan túrli kórkem detallardı sheber túrde qollanıwı arqalı erisip otıradı. Bul onıń belgili tabıslardı qolǵa kirgiziwine múmkinshilik jarattı.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. O. Sátbaev qosıqlarında detallıq, kartinalıq súwretlewlerdiń ózgesheligin aytıp beriń.
2. Shayırdıń «Gúldirsin» poemasınıń problematikası hám kórkem obrazlar dúnyası haqqında óz pikrlerińizdi bildiriń.
3. O. Sátbaevtıń tuwılǵan jer, ana-watan haqqındaǵı qosıqlarına talqı jasań.
4. Shayırdıń «Onlanshı shıra» qosıǵın yadlań.
5. Shayır dóretiwshiligi boyınsha bildirgen ádebiyatshılardıń pikirlerine qatnasıńız qanday?
6. Shayır shıǵarmaların ideyalıq-tematikalıq baǵdarlar boyınsha ajıratıń, mazmunı hám forması boyınsha jikleń.

## BAXTIYAR GENJEMURATOV

*(1959)*

Ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyamızda Baxtiyar Genjemuratov shıǵarmalarınıń belgili ornı bar. Ol 1959-jılı 11-may kúni Taxtakópir rayonında shıpakerler shańaraǵında tuwıladı. Qaraqalpaqstannıń eń arqadaǵı ulıslarınıń biri bolǵan Taxtakópirde balalıq dáwiri ótti. Óziniń qatal tábiyatı menen dúnyaǵa tanılǵan Qızılqum keńislikleri, shıǵıs-arqaǵa qarap únsiz sozılıp jatırǵan «Beltaw» hám «Bórshitaw», qız kózindey móldiregen tuńǵıyıq kól «Qaratereń» hám ájayıp minez-qulıqqa iye «Dáwqara» úlkesiniń (Taxtakópirdiń eski ataması) qaysar adamları – bulardıń barlıǵı jańa qáliplesip kiyatırǵan jas shayır poeziyasınıń temperamentligin, kórkemlik háwijin támiyinlewshi poetikalıq yadro xızmetin atqarıp turadı. XX ásirdiń 70-jıllarında Taxtakópir rayonınıń mektep oqıwshılarınan quralǵan bir topar jas talant iyeleri «Qaratereń» dep atalǵan ádebiy dógerek shólkemlestirdi. Bul ádebiy dógerektiń dúziliwi keyin ala ádebiyatta belgili bolǵan taxtakópirshi jas shayırlar B. Genjemuratov hám J. Óteniyazovlardıń kórkemlik dúnyatanımlarınıń qáliplesiwine úlken tásirin tiygizdi. B. Genjemuratov 1980-jılı Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń filologiya fakultetine oqıwǵa kiredi. Bul jerde studentlerdiń óz dóretiwshilik kúshleri menen ayına bir márte shıǵarılatuǵın «Qarataw» jurnalı hám onıń átirapında jámlesken jas talantlı jazıwshı-shayırlar ortalıǵı onıń dóretiwshiliginde úlken áhmiyetke iye boldı. Studentlik jıllarında ol kórkem sózdiń ullı sheberleri I. Yusupov, sonday-aq, T. Mátmuratov hám Sh. Seytovlar menen tanısadı. Ásirese, sol dáwirdegi «jas shayırlar» J. Izbasqanov, K. Kárimov, H. Ayımbetov, S. Ibragimov, Sh. Ayapov hám K. Reymovlar menen tanısıwı onıń poeziyasında jańasha qubılıstıń payda bolıwına tiykar jasaydı. Onıń oqıwshılıq hám studentlik jıllarında ayrıqsha ıqlas qoyıp oqıǵanları ózbek shayırları A. Aripov, E. Vahidov, A. Matjan, U. Ázimov, Á. Suyinov,

qazaq shayırları O. Sulaymanov, Q. Mırzaliev, F. Ońǵarsınova hám M. Shaxanovlar boldı.

B. Genjemuratov 1987–1989-jılları «Ámiwdárya» jurnalında ádebiy bólim baslıǵı, juwaplı xatker, 1989–1992-jılları Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamında ádebiy másláhátshi, juwaplı xatker, baslıqtıń orınbasarı, 1992–1993-jılları «Ámiwdárya» jurnalında ádebiy sın bólimi baslıǵı lawazımlarında isledi. Bul jılları onıń poeziyası kórkemlik jaqtan hár tárepleme erjetti. Shayırdıń kórkem forma salasındaǵı izlenisleri shıǵarmalarınıń tákirarlanbas mazmunın támiyinledi.

B. Genjemuratovtıń usı waqıtqa shekem «Aptaptıń ómiri» (1987), «Saratan» (1990), «Oq qadalǵan ay» (1997), «Saylandı shıǵarmalar» (2012) qosıqlar toplamları qaraqalpaq tilinde, «Oʻkuzdaryo bitiklari» (2006) qosıqlar hám poemalar jıynaǵı Rustam Musurman awdarmasında ózbek tilinde qatarına eki márte baspadan shıqtı. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń Qararı tiykarında onıń «Módexan sózi yaki Shin jipegindegi bitik» hám «Qar Aq Alp Aq» poemaları kitap sapasında ózbek tilinde qayta basılıp shıǵarıldı (2006). Shayırdıń bir dúrkin shıǵarmaları rus hám qazaq tillerine awdarılıp járiyalandı. Lirikalıq dóretpeleri Kanadada francuz tilinde basılıp shıqtı (2004). Ásirese, B. Genjemuratovtıń qosıqlarınıń «Turk she'riyatı antologiyası» (Ankara, 2004) hám «Oʻzbek she'riyati antologiyasi»na (Toshkent, 2007) kirgiziliwi qaraqalpaq ádebiyatı ushın úlken jańalıqlardıń biri boldı. Ol Batıs hám Shıǵıs ádebiyatı klassikleriniń, atap aytqanda, inglis shayırları Berns, Skott, Shelli, grek Dionisios Solomos, italiyalı Mikelandjelo, qıtay klassikleri Li Bo, Du Fu, Sin Ciczi, Latın Amerikasınıń sóz sheberleri Nesaualkoyotl, Andrade, rus shayırları Pushkin, Tyutchev, Fet, Blok, Axmatova, Esenin, francuz shayırları Maro, Vuatyur, yapon poeziyasınıń sóz zergerleri Saygyo, Teyka, Toson, Tekkan, Akiko, Miyosi, Kusano, Tanikava hám t. b. kórkem sóz ustalarınıń qosıqların qaraqalpaq tiline awdarıp «Lirika» (1992) degen atama

menen bastırıp shıǵardı. Sonday-aq, ol belgili rus tariyxshıları A. Yu. Yakubovskiy hám B. D. Grekovlardıń «Altın Orda hám onıń qulawı» degen fundamental miynetin qaraqalpaq tilinde «Ámiwdárya» jurnalında bastırıp shıǵardı. B. Genjemuratovtıń ádebiy sın hám ádebiyattanıw ilimi tarawlarında da birqansha ilimiy miynetleri bar. Onıń «Ájiniyaz lirikasınıń poetikası» (1997) degen monografiyası hám birqansha maqalaları jarıq kórdi. Ol filologiya ilimleriniń kandidatı ilimiy dárejesin, professor ataǵın aldı.

B. Genjemuratov dóretiwshiligi ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq-ózbek ádebiy baylanısları tariyxında da belgili orın iyeledi. Onıń qosıqları «Sharq yulduzi», «Oʻzbekiston adabiyoti va san'ati», «Markaziy Osiyo madaniyati» hám t.b. baspalarında jarıq kórdi. Buǵan qosımsha ol Ózbekstan Jazıwshılar awqamı aǵzası sıpatında «Zamin», «Aqshakól ilhamları», «Abbaz hawazı – Qarattereń ırǵaqları» ánjumanlarında, sonday-aq, Tashkent qalasında, Xorezm, Surxandárya wálayatlarında ótkerilgen ádebiy ushırasıwlarǵa qatnasıp, ádebiyatımızdıń basqa xalıqlar ádebiyatı hám mádeniyatı menen baylanısın bekkemlewge belgili úles qospaqta. B. Genjemuratovqa 1991-jılı «Saratan» qosıqlar toplamı ushın Qaraqalpaqstan Jaslar awqamı sıylıǵı berildi, ózbek tilinde járiyalanǵan lirikalıq qosıqları ushın 2001-jılı Ózbekstan Jazıwshılar awqamı sıylıǵınıń laureatı boldı. 2002-jılı «Shuhrat» medalı menen sıylıqlandı, 2006-jılı tariyxıy temadaǵı lirikası ushın oǵan Xorezm Maъmun akademiyası, Ózbekstan Jazıwshılar awqamı hám Xorezm wálayatı hákimliginiń sawǵası berildi. 2007-jılı Qazaqstan Respublikasınıń Aqtaw oblastı hákimiyatı doslıq, erlik hám tariyxıy mazmundaǵı qosıqları ushın shayırǵa júyrik at mingizdi. Onıń kóp jıllıq, tınımsız dóretiwshilik miynetleri húkimetimiz tárepinen óz waqtında joqarı bahalanıp, 2017-jılı «Ózbekstan Respublikasına xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri» ataǵı menen sıylıqlandı.

B. Genjemuratovtıń ǵárezsizlik dáwirindegi lirikası publicistikalıq ruwxınıń basımlıǵı, ótkirligi, mártligi, oy hám sezimlerin

ashıqtan-ashıq súwretlewi, ózine tán kórkem forması, qosıq qurılısı, intonaciyası, ırǵaǵı menen ayırılıp turadı. Onıń dóretiwshiliginiń atı atalǵan ózgeshelikleri boyınsha ayırım ádebiy-sın kózqaraslar da bar[103].

Ǵárezsizlik jıllarındaǵı epikalıq poeziyamızdı rawajlandırıwda B. Genjemuratovtıń «Suw peri», «Móde xan sózi…» poemaları

---

[103] *Оразымбетов Қ.* Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы (1970-2000-жыллар). – Нөкис: «Билим», 2004; *Usı avtor:* Сезимлер дүньясының есигин ашың. // Б. Генжемуратов «Сайланды шығармалары». Алғы сөз. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2012. – Б. 3-7; *Usı avtor:* Қар Ақ Алп Ақ (Б.Генжемуратов дөретиўшилиги ҳаққында) // «Қарақалпақстан жаслары», 2003, 24-апрель; *Usı avtor:* Лирикалық қаҳарманның кеўил әлеми. (Шайыр Б.Генжемуратовтың дөретиўшилигине бир нәзер). // «Әмиўдәрия», 2019. № 4. – Б. 98-102; *Алламбергенов К.* Мәртлик руўхы мол поэзия. // «Әмиўдәрья», 2011. №4. – Б. 49-54; *Есенов Ж.* Ҳақыйқатшыл, руўхы терең сөз маржанлары ушын. (Миллий ғәрезсизлик жылларындагы поэзия ҳаққында ойлар 1991-1998-жыллар). // «Устаз жолы», 1999, 20-май; *Usı avtor:* Шайырдың дөретиўшилик тулғасына штрихлар (муҳаббат лирикасында сюжет, композиция, деталь…). // «Әмиўдәрия», 2015. № 1. – Б. 105–113; *Нуржанов П.* Верлибер ҳаққында ойлар. // «Әмиўдәрья», 1990. № 5.; *Usı avtor:* Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. – Нөкис, «Билим», 1993; *Usı avtor:* Саратан. // «Жас Ленинши», 1991, 10-сентябр; *Usı avtor:* Мәртликти, батырлықты улуғлаўшы поэзия. // «Қарақалпақстан жаслары», 2010, 16-ноябрь; *Алимбеков А.* Мәртликти улығладым – сөз еттим. // «Еркин Қарақалпакстан», 2009, 7-июль; *Турдыбаев Қ.* Миллий – эпикалық дәстүрлер ҳәм көркем образ. («Мөде хан сөзи ямаса Қытай жипегиндеги битик» дөретпеси мысалында). // «Әмиўдәрья», 2009. № 3. − Б. 125–128; *Маттмуратова Р.* Көркемлик-образлылық демекдур. (Б. Генжемуратовтың «Мөдеханның Қытай жипегиндеги битиги» поэмасы ҳаққында). // «Қарақалпақстан жаслары», 2009, 16-июль; *Usı avtor:* Көркемлик элементлери поэзияның жаны (Б. Генжемуратов шығармалары ҳаққында). // «Әмиўдәрья», 2008. №2; *Өтегенова Г.* «Мөдеханның Шин жипегиндеги битиги»ниң жанрлық қәсийети. // «Устаз жолы», 2005, 14-май.

belgili orındı iyeleydi. Ásirese, shayırdıń «Móde xan sózi yaki Shin jipegindegi bitik» dóretpesi házirgi poeziyamızda elewli hádiyse boldı. Usı sebepli bolsa kerek, ol milliy ádebiyatımız shegarasınan atlap ótip, pútkil Ózbekstan kóleminde belgili boldı, ǵárezsizligimizdiń 16 jıllıq merekesine baylanıslı shólkemlestirilgen ádebiy tańlawda sıylı ekinshi orındı alıwǵa miyassar boldı. Bul bolsa, óz gezeginde, usı ádebiy shıǵarmanıń belgili ózbek shayırlarınıń, awdarmashılarınıń, ilimpazlarınıń názerine iliniwine, ol haqqında qunlı ádebiy pikirlerdiń jarıqqa shıǵıwına sebepshi boldı[104].

Biziń pikirimizshe, B. Genjemuratovtıń bul tariyxıy poemasınıń kópshiliktiń názerine túsiwiniń tiykarǵı sebebi sonnan ibarat, shayır bul dóretpede watandı qorǵaw ideyasın anıq bir másele – jerdiń bir qarısı ushın da insannıń janın ayamawdıń, ata-babalarımızdıń qaharmanlıq gúresi arqasında bizge miyras bolıp qalǵan bul biybaha hám hasıl topıraqtı kózdiń qarashıǵınday saqlaw, oǵan ushıǵanıń qıyqımınday etip qatnas jasawdıń zárúrligi átirapına qurıp jırlawında bolıp tabıladı. Basqasha aytqanda, shayır óz shıǵarması arqalı eń ullı, ólmes ideyanı ortaǵa taslawǵa miyassar bolǵan. Bul nárse, birinshi gezekte, «Móde xan sózi…» shıǵarmasınıń salmaǵın belgilep bergen, onıń kórkem mazmunınıń tákirarlanbaslıǵın támiyinley alǵan. Ekinshiden, shayır usı bahalı mazmun menen ideyaǵa say keletuǵın kórkem forma da taba alǵan. Bunısız bul dóretpeniń búgingidey úlken tabısqa erisiwi de múmkin emes edi. Yaǵnıy, shayır dástandı dástúriy tórt qatarlı qosıq penen emes, al, biziń milliy-epikalıq miyrasımızǵa tán terme-tolǵawlıq usıl menen zamanagóy aq qosıqlıq formalardıń sintezinen ibarat bir ájayıp kórkem formanı tabıwǵa erisken. Bul nárse, óz gezeginde, shayırǵa óziniń kewline túygen qaharmanlıq ideyanı oqıwshılarǵa jetkerip bere alıwına, olardıń kewline ǵulǵula salıwǵa sebepshi

[104]*Әзим Сүйин* Ҳа, Ватан ҳақида шундай ёзилади! Қорақалпоқ шоири Бахтиёр Генжамуродовга мактуб – Бахтиёр Генжамуродов Укуздарьё битиклари. – Тошкент, 2006. – Б. 105–109.

bolǵan. Hátte, Ázim Suyindey belgili ózbek shayırı da: «…Heshkim qapa bolmasın, jaqın jıllarda ata mákan haqqında, kindik qanı tamǵan jurttıń ullılıǵı haqqında bunday dástan oqımaǵan edik…» dep jazǵan edi[105]. Bul oǵada ádil baha.

Haqıyqatında da, dástan avtorı biziń milliy-epikalıq dástúrimizde burınnan bar, awızeki ádebiyatımızdaǵı dástanlarımız benen tariyxıy qosıqlarımızda, terme-tolǵawlarımızda, ańız-áńgimelerimizde óziniń jırlanıwınıń joqarı shıńına jetken tuwǵan jer ullılıǵın, onıń bir qarısın da sırt el basqınshılarınan qorǵaw ideyasın úlken lapız benen jırlaǵan. Bul máńgi, gónermes tema. Sonlıqtan da, Ázim Suyin, «…Biraq ta gáp sonda, hárqanday eski nárseni áwladlar óz aqılı hám oyı járdeminde jańalaydı… Usı sebepli ullı temalardıń ómiri máńgi, ólmes bolıp tabıladı… Sen áne usınday ómirlik haqıyqatlıqtı durıs ańlapsań. Onı búgingi kúni pútin bir kóterińkilik penen jetkerip beripseń…»[106] – dep jazǵanında úlken máni bar.

Demek, B. Genjemurtov dástanınıń tiykarında jatqan qaharmanlıq tema, qaharmanlıq ideya óziniń tereń milliy tamırlarına iye. Hátteki, bul tereń realistlik dóretpeniń kórkem qurılısınıń ajıralmas bólekleri bolǵan batır, onıń súyiklisi, atı, jaraq hám t.b. obrazlardıń súwretleniwi de bizge xalıq qaharmanlıq dástanlarındaǵı epikalıq dúnyanıń obrazların kóz aldımızǵa esletedi. Biraq ta shayır epikalıq dúnyanıń bul obrazlarına jańasha jantasadı, olarǵa realistlik dástannıń nızamlılıqlarına muwapıq qayta jan beredi. Sonlıqtan da, bul shıǵarma jerdiń bir qarısın da sırt elli basqınshılarǵa bermew haqqındaǵı ideyanıń ullılıǵın oqıwshıǵa jetkeriwge xızmet etedi. Demek, bul tariyxıy dástannıń xalıq dástanları menen baylanısı da, ayırmashılıǵı da bar. Degen menen, bir nárse anıq, shayır ullı

[105] *Әзим Сүйин* Ҳа, Ватан ҳақида шундай ёзилади! Қорақалпоқ шоири Бахтиёр Генжамуродовга мактуб – Бахтиёр Генжамуродов Укуздарьё битиклари. – Тошкент, 2006. – Б. 106.

[106] *Bul da sonda:* – B. 107.

ideyanı kópshilikke ózine tán jol menen jetkeriwde túrkiy xalıqlar dúnyasında áyyemnen bar Orxon-Enisey jazba esteliklerinen baslap milliy qaharmanlıq eposqa shekemgi milliy-epikalıq dástúrlerden utımlı paydalanǵan[107].

«Móde xan sózi…» dóretpesi mártlikti, qaharmanlıqtı ulıǵlaw stili boyınsha ádebiyatımızdaǵı basqa epikalıq dóretpelerden túp tamırınan ajıralıp turadı. Eń aldı menen dástan syujetindegi epikalıq waqıyalıqtıń patriotlıq ruwxı júdá kúshli. Poema tili menen qosıq qurılısı da usı mártlikke sáykes ózinshe qaytalanbas túrde qurılǵan. Ol, bizińshe, shayır tárepinen qıyalıy túrde oylap tabılmastan, epikalıq waqıyalardı bayanlawdıń tábiyiy aǵısı menen quyılıp otırıp, ózinshe tábiyiy baǵdarda shıqqan. Onı biz shıǵarmadan alınǵan tómendegi az sandaǵı mısallar arqalı anıq sezemiz.

Biziń eramızdan burınǵı jılları jasaǵan xunlar qáwiminiń patshası Móde xan óz batırların sırtqı basıp alıwshılarǵa qarsı gúresiw ushın birneshe márte sınaqtan ótkeredi, sınnan ótkere almaǵanların Táńirdiń jolına bir awız sóz benen sadaqa etip jiberedi. Írasında, onıń sınaq usılları júdá qatań hám ótkir, júrek shorshınarlıq dárejede bolǵan. Móde xannıń alǵa qoyǵan baǵdarlaması da júdá batıl bolǵan.

Qarańız:

Ákem – Túmen,
Ol qartaydı – iridi.
Aqıl-oyın izey alıp, pikirleri shiridi.

---

[107]Қаҳарманлық эпостағы эпикалық дүньяның өзине тəн өзгешелиги, ондағы батыр образының, оның сүйиклиси менен ат-жарағының ҳəм т.б. сүўретлениўиниң əҳмийети ҳаққында төмендеги əдебиятлардан қараңыз: *Мақсетов Қ.* Қарақалпақ қаҳарманлық дəстанларының поэтикасы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1967. – Б. 68-76; *Хошниязов Ж.* Қарақалпақ халық дəстаны «Алпамыс». – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1962. – Б. 103-105; *Сыдықов А.* Теоретические мотивы в эпосе «Манас». – Фрунзе: «Ылым», 1982. – Б. 24-28.

On mıń ulan átirapıma topladım,
On mıń qasqır – gúrtlerim dep saqladım.
Ottan alıp suwǵa saldım mıń ret.
Men birliktiń balǵasınıń soqqısında tapladım…[108]

Sezilip turǵanday-aq, shayırdıń sóz saplawlarınıń ózinshe stillik, grammatikalıq, leksikalıq qurılısı, emocionallıǵı, temperamentligi, ayrıqsha bir intonaciyası kózge taslanıp turadı.

Móde xan Qıtay patshalıǵındaǵı bolajaq sawashlarda jeńiske erisiw maqsetinde batırların sınap kóriwdi dáslep óz tulparın, sońınan qoynındaǵı gózzal yarın nıshanaǵa alıp, olarǵa qaray oq jay tartıp, al sońınan óz yarına qaray láshkerleriniń de oq atıwın buyıradı. Oq atpay mehribanlıq, ayawshılıq ıǵına jıǵılǵanlardı ólimdar etip jiberedi. Móde xannıń óz awzınan aytılǵan mına sózler júdá xarakterli:

Arǵımaq at boldı mende arıw qızday tolqıǵan.
Keń dalada ayday júzdi keń aspanda qalqıǵan.
Batırlardı sınaw ushın óz atıma jay tarttım.
Qańsılap oq ushıp ketti.
Oqlar ushtı artınan…
Tulparıma Kókjal sadaq – segiz mıń oq qadaldı.
Eki mıń er jay tartpadı – atılmastan oq qaldı….

…Eki mıń er óltirildi,
birlik ushın
Segiz mıńǵa unadı! [108; 145-b.].

Usınday sınaqtı ol óz qoynındaǵı arıwına oqjay tartıp ta ótkeredi.

---

[108] *Генжемуратов Б.* Сайланды шығармалары. Қосықлар ҳәм поэмалар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2012. – Б.144.

Sadaq tarttım arıwıma.
Jılap-sıńsıp ushtı oq.
Ay tánine, júregine ájel bolıp tústi oq.
Jeti mıń Alp – jeti mıń Gúrt,
qaltıramas qolları.
Gózzalımnıń pák qanında – jeti mıń oq – pisti oq.

Atılmaǵan mıń oq qaldı…
Qaltıraǵan mıń erdiń
janların men Kók – Táńirime
sawǵa etip jiberdim…[108; 145-146-b.]

Álbette, bul ne degen mártlik, mártlik bolǵanda da hárqanday jawızlıqtı da basıp-jenship keterlik dárejedegi qan isher qaharmanlıq bolsa kerek. Móde xan usı qaharmanlıq hám mártlik, dáwjúreklik penen, hátteki, qartayǵan óz ákesin de ólimge húkimdar etip jibergen. Al, on bes jasar qızın bolsa el-xalıq tınıshlıǵı menen onıń abadanlıǵın saqlap qalıw ushın esapsız altınlar menen qosıp, kárwan menen uzatıp jibergen eken. Biraq Móde xan sınaqtan ótken mártleri menen birge ana topıraǵınıń bir qarıs jerin de dushpanlar qolına bermey, onı mártlershe qorǵaǵan. Bulardıń barlıǵın shayır ótkir til, qısqa-qısqa, biraq ıqsham epikalıq bayanlaw, qosıq qurılısı hám stillik bayanlaw manerası arqalı júdá utımlı túrde ashıp kórsetken. Sonlıqtan bul qısqa liro-epikalıq shıǵarma ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyası ushın jańasha qubılıs boldı desek, asıra aytqan bolmaymız. Bul aytılǵanlar dóretpeniń tek ǵana tematikalıq jańalıǵınan yamasa uzaq ótmish tariyxımızdı tiriltip kórsetiwdegi sheberliginen derek berip ǵana qoymastan, al, poemanıń ishki qurılısınıń, poetikasınıń, mártlikke tolı ideyanı súwretlewge sáykesliginde, ulıwma patriotlıq tuyǵınıń tereńnen ashılıwında desek durıslıqqa sáykes keledi.

Poemada shayırdıń ushqır qıyalınan dóregen, folklorlıq motivlerdi esletiwshi, erteklik syujetlerge tán orınları da bar. Biraq olardıń barlıǵı Watandı qorǵaw, onıń bir qarıs jeri ushın jan pidá etiw ideyasına xızmet etedi. Usı sebepli olar búgingi milliy poeziyamız ushın júdá áhmiyetli.

Juwmaqlap aytqanda, B. Genjemuratovtıń lirikalıq shıǵarmalarında, poemalarında qaharmanlıq pafos, mártlik, batırlıq, erkinlik ideyaları, sonday-aq, yosh-ilham haqqındaǵı avtor oyları júdá sheber súwretlengen. Sonlıqtan da, onıń dóretiwshiligi ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyamızǵa elewli úles bolıp qosıldı.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. B. Genjemuratovtıń batırlıqtı, mártlikti, el qorǵaw ideyaların ulıǵlawshı qosıqları tuwralı aytıp beriń.
2. Shayırdıń tariyxıy tulǵalarǵa arnalǵan qosıqlarınıń ideyalıq-tematikalıq, kórkemlik ózgesheliklerin aytıp beriń.
3. Shayır lirikasında verlibrlik qosıq formasınıń ózgesheligin belgilep beriń.
4. B. Genjemuratovtıń «Suw peri», «Móde xan sózi yaki Shin jipegindegi bitik» poemalarınıń janrlıq ózgesheligi, problematikası haqqında pikirińiz qanday?
5. Shayır dóretpeleriniń izertleniwi tuwralı qanday pikirdesiz?
6. Shayır dóretiwshiligindegi verlibrdiń ózinsheligi degen temada óz betinshe jumıs isleń.
7. Shayır shıǵarmaların ideyalıq-tematikalıq baǵdarlar boyınsha ajıratıń, mazmunı hám forması boyınsha jikleń.

## MINAYXAN JUMANAZAROVA
*(1957–2019)*

Minayxan Jumanazarova – lirik shayır. Kegeyli rayonınıń «Erkindárya» shirket xojalıǵında tuwılǵan. 1993-jıldan baslap Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.

M. Jumanazarova ǵárezsizlik dáwiri milliy lirikamızǵa úles qosqan shayır. Onıń «Elim dep eńiremeseń» (1992), «Júregimde bir dárt bar» (1993), «Álwidaǵ aytpayman, muhabbat…» (1997), «Qalbingizda qolgim keladi» (Toshkent, 1999), «Ele… men…» (2003) atlı qosıqlar toplamları hám «Ketpek ushın kelgenmen» (2011) atlı tańlamalı shıǵarmaları oqıwshılar qáwiminiń úlken qızıǵıwshılıǵına miyassar boldı. Sonday-aq, shayıranıń birqansha qosıqları Túrkiyadan shıǵarılǵan Qaraqalpaq ádebiyatı antologiyasında túrk-qaraqalpaq tillerinde basılıp shıqtı. Shayırdıń mártlikti, batırlıqtı, tuwrı sózlilikti, el, xalıq mápi ushın jandı pidá etiwshilikti ulıǵlawshı, nákáslıq, satqınlıq, qorqaqlıq, ázázúllik hám t. b. unamsız háreketlerdi áshkaralawshı qosıqları shayırǵa degen kópshiliktiń iseniminiń artıwına, shayırdıń házirgi milliy lirikamız maydanınan ózine ılayıq orın iyelewine múmkinshilik jarattı.

M. Jumanazarova ǵárezsizlik dáwirinde G. Shamuratova, N. Tóreshova, G. Dáwletova, Sh. Payzullaeva, G. Nurlepesova, B. Nurnazarova, A. Óteniyazova hám t. b. birgelikte qaraqalpaq poeziyasınıń rawajlanıwına belgili úles qostı. Onıń qosıqları «Oʻzbekiston adabiyoti va san’ati», «Jahon adabiyoti», «Sharq yulduzi» hám t.b. basılımlarında jarıq kórdi hám milliy lirikamızdıń respublikamızdan sırtta da belgili bolıwına xızmet etti. Sonlıqtan da onıń dóretiwshiligi haqqında ayırım ádebiy sın hám ilimiy miynetler de júzege keldi[109].

[109] *Юсупов И.* Кўклам нафасидай ҳаёт бахш шеърлар (М.Жуманазарованинг «Қалбингизда қолгим келади» шеърлар топламига кириш

Ǵárezsizlik dáwirinde hayal-qız shayırlarımızdan G. Nurlepesova: «Bizdi hasla nashar demeń, aǵalar!» dep úndew jasap shıqqan bolsa, al, G. Dáwletova óziniń Tumaristey, Gúlayımday, Qumar analıqtay analarına sadıqlıǵı tuwralı «Qızıńman» degen qosıǵın úlken maqtanısh, ayrıqsha kóterińki pafos penen jazadı. Álbette, bul kóterińkilik, bul pafos ǵárezsizliktiń ruwxıylıq sıpatları edi. Óz dóretiwshilik stilin basqalarǵa uqsamaǵan formada qáliplestirgen M. Jumanazarova muhabbatqa sadıqlıq penen «Túslerine enemen…»[110] hám t.b. qosıqları poeziyada muhabbat temasınıń jırlanıwına úlken úles qosqan bolsa, social-jámiyetlik kózqarastan

---

сўз). – Тошкент: «Чўлпон», 1999; *Мәмбетов К.* Жаслар ҳәм әдебият. // «Қарақалпақстан жаслары», 1992, 29-февраль; *Мәмбетниязов Т.* Еркин елдиң еркин қосығы (М. Жуманазарованың «Елим деп еңиремесең» топламы ҳаққында). // «Қарақалпақстан жаслары», 2007, 6-декабрь; *Генжемуратов Б.* Ҳәзирги қарақалпақ ҳаял-қызлар поэзиясында суггестив лирика. // «Қарақалпақстан жаслары», 2001, 21-декабрь; *Usı avtor:* Мәртликти сағыныў. // «Елим ел болсын деп едим…», (алғы сөз). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994. – Б. 6-7; *Нуржанов П.* Шайырдың ишки еркинлиги ҳаққында ойлар. // «Қарақалпакстан жаслары», 1998, 9-август; *Usı avtor:* Бәрҳама ел-халық дәрти менен жасайтуғын шайыр. // «Кетпек ушын келгенмен…» топламға алғы сөз. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011. – Б. 3-6; *Usı avtor:* Қосықларым жүрегиме жазылған…, (М. Жуманазарованың әдебий портретине штрихлар). // «Әмиўдәрья», 2017, №6. – Б. 89; *Usı avtor:* Бахт қўшидай қўнғим келади. // «Ўзбекистон адабиёти ва санъати», 1998, 15-март; *Өтемуратова Ҳ.* Өзгеге уқсамаған кеўил туўғылары. // «Еле.. мен..» топламға алғы сөз. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2003. – Б. 3-7; *Ильясова Қ.* Мың дәртиме суўсын болды сөзлериң. // «Қарақалпақстан жаслары», 1994, 3-декабрь; *Ембергенова Г.* Әдебиятымыздың жарасықлы гүллери. («Бес гүл» топламы ҳаққында). // «Әмиўдәрья», 2008, № 5-6; Алиева Ҳ. И. Юсупов ҳәм М. Жуманазарова лирикасында көркем пикир. («Нәресте» қосықлары мысалында). Илимий мақалалар топламы. – Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2019. – Б. 111-115.

[110] *Жуманазарова М.* Кетпек ушын келгенмен… – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011. – Б. 147. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

úlken hám salmaqlı ideyalardı alǵa súriwshi «Qásterlep abaylań bir-birińizdi» dep ayrıqsha úndew jasap, xalqımızdı bir pútinlikke, awızbirshilikke shaqıradı. Ondaǵı mınaday qatarlar patriotlıq sıpatlarınıń basımlıǵı, nama menen sheber atqarılıwı arqalı kópshilikke úlken tásir qaldırdı.

Qarańız:

Hasıldıń qıyaǵı, tulpar tuyaǵı,
Birińiz aqıllı, báriń zıyalı,
Áy, áziz xalqımnıń áziz ulları,
Qásterlep saqlańlar bir-birińizdi.

Bul jerge kelgeniń teńizden tamshı,
Babamız ázelden kóp jegen qamshı,
Dúnya ótkinshidur, dúnya aldamshı,
Qásterlep saqlańlar bir-birińizdi.

Men, men dep kókirek kere bermeńler,
Ázázúl, shuǵıllıq sózge ermeńler,
Hasla abıraydı qoldan bermeńler,
Qásterlep saqlańlar bir-birińizdi [110; 41-b.].

Bul naǵız búgingi kúnniń didaktikalıq ideyaları sińdirilgen qatarları. Shayır usılayınsha burıńǵı milliy kórkem poetikalıq dástúrlerimizdi jańa dáwirge say jańǵırtıp, olardı búgingi zamanǵa muwapıqlastırıp hám óz waqtında paydalanǵanı hár tárepleme áhmiyetli esaplanadı.

M. Jumanazarova házirgi qaraqalpaq poeziyasında naǵız mártlikti, batırlıqtı jazatuǵın, I. Yusupov aytqanınday, «Qálemin xalıq dárti menen qayraytuǵın» shayır sıpatında belgili. Usı baǵıttan onıń «Qaydasań haqıyqatlıq» qosıǵında mınaday qatarlar burınnan sońǵı qaraqalpaq shayırlarınıń heshbiriniń de motivine onsha uqsamasa kerek:

Haqıyqat qayda, izlep tappadım men,
Súrindim qıyır-shıyır jollarında.
Tuwrı sóylep heshkimge jaqpadım men,
Nahaqlıqtan bawırım toldı qanǵa.

Qayaqqa qarasam oyrana dúnya,
Birewi dúzetse, birewi buzar…

…Haqıyqat, ádalat juwaday soldı,
Insaptıń kúlin kókke suwırdıń sen…[110; 96-97-b.].

Ǵárezsizlik penen járiyalılıq, demokratiya jıllarında bolǵan usınday ózgeristiń bolǵanlıǵın kim biykarlay alar eken?! Sonıń ushın da, shayırdıń bunday mártligine heshkim sóz qosıp yamasa bir sózdi alıp taslay almaydı. Álbette, bul sonlıqtan poeziyadaǵı naǵız mártliktiń, lirikalıq qaharmannıń júregindegi haqıyqatshıllıqtıń jaqtı nurlarınıń ótkirligin ańlatıp tur dep bahalawımız shárt.

M. Jumanazarova usı baǵıt penen óziniń Ernazar alakóz haqqındaǵı «Ernazar alakózdiń páryadı» qosıǵınıń birinde batır baba tilinen bılayınsha tolǵanadı:

Piter istiń basına,
Jaqsı kelmey qasına,
Jamannıń batpan tasına,
Isimiz sózge aylandı,
Jolbarıstay jigitler,
Qızıl tilge baylandı.
Sózden túyme taqqanlar,
Janın otqa jaqqanlar.
Aǵa biy bolıp saylandı.
Bózden emes búgin de,
Sózden bolar kóylegiń,

Isiń pitpes kúyinbe,
Tasqa aylansın júregiń.
Ózińnen shıqqan jaw jaman
Ele talay Máwlenler
«Xiywa»ǵa at shabadı.
Elim degen erlerdi
Ǵapılda gelle qıladı… [110; 112-113-b.].

Qarańız, bul qatarlarda ne degen tereń shınlıq penen mártliktiń úlgisi jatır hám ol naǵız óz waqtında aytılǵan gápler bolǵanı ushın da tábiyiy túrde uyqasıp, tábiyiy túrde jupkerlesip kelip turǵan yańlı. Usı pikirlerdi dawam ettirip shayır Ernazar baba tilinen jáne de mınaday dep jazǵan:

…Qılıshım sebil qalǵan soń,
Górimde neǵıp jatayın.
Ǵárezsiz erkin el bolmay,
Íǵbalıń seniń ashılmas…
…Áy, xalqım-ay, xalqım-ay,
Eski dártim qozǵaldı [110; 113-114-b.].

Demek, bul pikirlerdiń de realistlik sıpatı menen dáwir ushın zárúrligi óz-ózinen kórinip tur. Biraq ta shayırdıń «Sezimlerim aqılıma qul emes» dep baslanatuǵın qosıǵındaǵı mınaday qatarlarında da úlken de, kishi de oylanatuǵın tereń mániler jatır hám obrazlılıqtıń naǵız úlgisi desek boladı:

Názerim-ay, jerdi ilmes tabanım,
Jalań ayaq qoz ústinde juwırdım,
Sharıqladım, pisent etpey dumanın,
Shıńnan qulap, taw-taslarǵa urıldım [110; 119-b.].

M. Jumanazarovanıń bulardan basqa shıǵarmalarında sol demokratiyaǵa hám ǵárezsizlikke de jol ashqan járiyalılıq, qayta qurıw dep atalǵan hám ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarındaǵı, bazıda házirgi kúnleri de orın alıp atırǵan kóp sózlilikti qaralaytuǵın, hámelparazlıqtı barınsha áshkaralaytuǵın qatarları kóp. Mısalı: «Usınday bir xalıq bar» qosıǵında:

Gil aqılgóy danalar, Bas-basına bayraq joq,
Qızıl sózge jarısar. Sonda hám záńgi qaǵısar.
Baqıl ini-aǵalar, Tuw sırtınan atıp oq,
Taban jolda tarısar. Ózli ózi shabısar…[111]

Demek, shayır joqarıdaǵı «Qásterlep saqlańlar bir-birińizdi» degen qosıqtı da biykarǵa jazbaǵan eken. Bul qosıqta shayır dóretiwshiliginiń principleri bir orayǵa jámlenip, olardıń lirikalıq qaharmanı dáwir nápesi menen onıń barlıq wazıypaların moynına júklegen, ulıwmalasqan tipik obrazlardı ańlatadı degen sóz. Sol ushın da ol mınaday sózlerdi ómir menen ǵárezsizlik jıllarınıń ruwxıy halatların ulıwmalastırıp, tipiklestire otırıp jazǵanlıǵı áhmiyetli. Bul nárse úlken social-jámiyetlik, morallıq-psixologiyalıq sıpatlarǵa iye.

Qarańız:

…Báygisidur tek hámel, Batırlar tek te ertekte,
Tiyisse lappa qoyısar, Joq Alpamıs, Sháryarlar.
Yadınan shıǵar jurt hám el, Kewlim azap shekpekte,
Qabırǵam soǵan qayısar. Eldiń ǵamın kim oylar [111; 15-b.].

M. Jumanazarovanıń «Men Alakózdi kórdim túsimde» atlı qosıǵı ideyasınıń ullılıǵı, formasınıń ıqshamlılıǵı menen ayırılıp

[111]Жуманазарова М. Жүрегимде бир дәрт бар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993. – Б. 15.

turadı. Qosıq kompoziciyalıq kózqarastan úsh bólimnen ibarat. Birinshi bólimde lirikalıq ayırım adamlardıń qorqaqlıǵınan, ádalatsızlıǵınan, satqınlıǵınan narazılıǵın bildiredi. Bul dúnyada arqa súyer mártlerdi taba almaǵanlıǵı sebepli, xalıq azatlıǵı jolında sheyit ólgen babası Ernazardıń ruwxına sıyınadı, oǵan degen saǵınıshın bildiredi:

Mıń dártten órtenip bawrım qamılıp,
Túndey ómirim tún perdesin jamılıp,
Delbe ruwxım tek ózińdi saǵınıp,
Qaydasań, babajan, seni izleymen[112].

Qosıqtıń ekinshi bólimi lirikalıq qaharmannıń túsin súwretlewge baǵıshlanǵan. Ernazar baba iyninde sawıtı, qolında qılıshı menen lirikalıq qaharmannıń úyine kirip keledi hám

…Gúlayım sawıtın kiygil iynińe,
Jaw-jaraq asın, min tulpar beline… [112; 96-b.],

– dep ishara etedi.

Kórinip turǵanınday, M. Jumanazarovanıń bul qosıǵında da onıń ulıwma dóretiwshiliginiń ózgeshelik belgisi – mártlikti ulıǵlaw, námártlikti áshkaralaw ideyası ústin turadı. Bul baǵdarda shayırdıń qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarında, tariyxıy qosıqları menen ańızlarında, terme-tolǵawlarında sáwlelengen mártlik ideyasın, tuwǵan jerdi ulıǵlaw, onı qorǵaw temasın sheberlik penen rawajlandırǵanın kóremiz. Qosıqta Ernazar alakózdiń lirikalıq qaharmannıń úyine keliwi hám oǵan:

---

[112] *Жуманазарова М.* Кетпек ушын келгенмен… – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011. – Б. 95-96. Endigi mısallar usı basılımnan alınadı, qawıs ishinde betleri kórsetiledi.

– Bilemen, haqsızlıq kewil qapań bar,
Manqurtlar dástinen shekken japań bar,
Erksiz bul jáhán saǵan innen tar,
Ótmishke zibanıń jetti, áziyzam [112; 96-b.]

– degen qatarlar arqalı lirikalıq qaharmannıń dártli kewli, qarama-qarsılıqlı keypiyatı súwretlenedi.

Qosıqtıń úshinshi bóliminde lirikalıq qaharmannıń bul halatı túsinde bolıp atırǵanlıǵı, Ernazar baba menen qaharman arasındaǵı ruwxıy sáwbet shayırdıń qıyalınıń nátiyjesi ekenligi oqıwshıǵa málim boladı. Demek, qosıqtıń ıqsham kompoziciyası, shayır menen lirikalıq qaharmannıń poziciyalarınıń bir-birine jaqınlıǵı, búgingi kún ushın da ibrat alıwǵa turarlıq Ernazar baba obrazınıń sheber túrde jasalıwı avtordıń utısı bolıp tabıladı.

M. Jumanazarova dóretiwshiliginde unamsız illetlerdi áshkaralaw, gumanistlik ideyalardı ulıǵlaw ǵárezsizlik dáwirinen ádewir burın-aq baslanǵanın kóremiz. Máselen, onıń qayta qurıwdan soń kóp uzamay basılıp shıqqan «Áy, áziz adamlar», «Adamzatqa keltirme nuqsan» qosıqlarında avtor poziciyasınıń anıqlıǵı, filosofiyalıq pikirlewge meyilligi, didaktikalıq pikirlerdi alǵa súriwge umtılıwshılıǵı sezilip turadı. Máselen, birinshi qosıqta shayır:

Áy, áziz adamlar, ózlerińizge
Jaqsı sózler ayttım, jaqsı sóz kúttim,
Jılasańız jılap, kúlseńiz kúldim,
Siz júrgen jollarǵa lala gúl ektim [112; 70-b.]

– dep jırlaw arqalı shayır óziniń insan balasına degen mehir-muhabbatın, ashıq kewilligin bere alǵan. Bul qosıqta lirikalıq qaharman óziniń jaqsılıqqa janı qumarlıǵı, oyshıllıǵı, haqıyqatshıllıǵı menen ajıralıp turadı. Al, shayır «Adamzatqa keltirme nuqsan» qosıǵında folklorlıq shıǵarmalarda, klassikalıq ádebiyatımızda,

ásirese, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq, Ótesh, Omar dóretiwshiliginde en jayǵan didaktikalıq qosıq stilin ózine tán formada dawam etkenligin kóremiz. Biraq bul qosıqta qurı násiyatgóylikten góre lirikalıq qaharmannıń óz zamanlasın jamanlıq, iplaslıq, buzıqlıq hám t.b. háreketlerden ózin tıyıp, aǵla pazıyletlerdiń iyesi bolıwǵa shaqırıw ideyası ústin turadı.

Juwmaqlap aytqanda, M. Jumanazarova dóretiwshiligi ǵárezsizlik dáwiri poeziyamızda belgili orındı iyeleydi.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. M. Jumanazarova lirikasında batırlıq, mártlik hám watan qorǵaw ideyaların ulıǵlawshı qosıqları haqqında aytıp beriń.
2. Shayırdıń tariyxıy tulǵalarǵa arnalǵan qosıqlarınıń ózgesheligin aytıń.
3. M. Jumanazarovanıń muhabbat temasına arnalǵan qosıqlarınıń ózgesheligin belgilep beriń.
4. «Qásterlep saqlańlar bir-birińizdi» qosıǵın yadlań.
5. Shayır shıǵarmaları haqqında pikir bildirgen ilimpazlarǵa qatnasıńız?
6. Shayır shıǵarmaların ideyalıq-tematikalıq toparlarǵa ajıratıń, mazmun hám formalıq belgileri boyınsha jikleń.
7. Shayırdıń muhabbat lirikasınıń ózgesheligi boyınsha óz betinshe jumıs orınlań.
8. M. Jumamuratova lirikasında «Ernazar alakóz obrazı» degen temada bayanat tayarlań.

## PÁTIYMA MÍRZABAEVA
*(1963)*

Pátiyma Mırzabaeva 1963-jılı Qońırat rayonında tuwılǵan. Mektepte oqıp júrgen payıtlarında gazeta basılımlarında xabar jazıp turadı. 1980-jıllardıń baslarınan baslap dóretiwshilikte kórine basladı. 1985-jılı Nókis mámleketlik universiteti filologiya fakultetiniń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı bólimin pitkeredi. Jazıwshılar awqamında ádebiy másláhátshi, «Ámiw tańı», «Ustaz jolı» gazetalarında ádebiy xızmetker, redaktor lawazımlarında isleydi.

P. Mırzabaeva 1991-jılı Ózbekstan Jazıwshılar awqamı aǵzalıǵına qabıl etilgen. Onıń «Íshqı tarları» (1985), «Dáwir nápesi» (1989) atamasındaǵı poetikalıq toplamları jarıq kórgen. «Topıraqqa aralasqan sır» atlı povesti («Ámiwdárya» 1992) basılıp shıqqan. Bulardan basqa onıń ǵárezsizlik jılları «Ámiwdárya» jurnalı betlerinde, (1993, № 2; 2000, № 6; 2003, № 3-4; 2007, № 4.) sonday-aq, «Ustaz jolı», «Qaraqalpaqstan jasları» gazetalarında 50 ge shamalas hár qıylı temadaǵı qosıqları jarıq kórgen.

Onıń qosıqlarına jigerli jaslıq, móldir muhabbat, joqarı adamgershilik pazıylet, haqıyqatshıllıq hám gúressheńlik tán. Shayırdıń lirikalıq qaharmanı xalıq dárti, dúnya táshwishleri, sherli kewiller menen birge janıp jasawdı qáleydi. Júrek tolǵanısların, názik hayal sezimlerin qosıq qatarlarında shayırlıq ilham menen naǵıslay bilgen dóretiwshi sıpatında oqıwshınıń súyiwshiligine miyasar boladı.

Dıqqatqa ılayıq jeri sonda, poeziyaǵa qayta qurıw dáwiri menen qatarlasa kirip kelgeni sebepli bolsa kerek, P. Mırzabaeva óz shıǵarmaların socialistlik realizm metodı qádelerine, totalitarizm jámiyetiniń ádebiyatqa qoyǵan talaplarına baǵındırmay, biyǵárez, obyektiv túrde dóretkenligin kóremiz. Sonlıqtan da, ulıwma insanıylıq ideyalar hám obrazlar, el-xalıq dárti, insannıń táshwishli táǵdiri, ómirdiń ótkinshiligi haqqındaǵı máseleler onı bárháma tolǵandırıp keledi. Sonday-aq, onı bul dúnyada jasawdaǵı maqset,

urıs hám paraxatshılıq, iplaslıq hám hadallıq, dúnyaxorlıq hám saqıylıq, satqınlıq hám sadıqlıq hám t.b. insanıylıq ózgeshelikler arasındaǵı gúres hám t. b. áhmiyetli máseleler shayırdı bárqulla oylandıradı, tolǵandıradı. Usıǵan baylanıslı P. Mırzabaevanıń qosıqlarındaǵı lirikalıq qaharman óziniń oyshańlıǵı, filosofiyalıq hám associativlik pikirlewge beyimliligi menen ayrılıp turadı. Shayır bul baǵdarda tábiyat hám jámiyettegi hádiyselerge súyenip, kontraslıq obrazlardı jasawǵa, psixologiyalıq parallelizmniń múmkinshiliklerinen mol paydalanıwǵa, rámziy obrazlardıń múmkinshiliklerin iske salıwǵa umtıladı. Bul haqqında ayırım ádebiy sın pikirler de jarıq kórdi[113].

Shayır poeziyasında onıń ǵárezsizlik qarsańında baspadan shıqqan «Dáwir nápesi» (1989) atlı poetikalıq toplamı áhmiyetli orın tutadı. Usı kitapshaǵa kirgen «Ómir jolları», «Ulım», «Ketti jaslıǵımnıń bir jılı jáne», «Kewilim biytaqat», «Men jıllardı taslap kettim», «Bul ómirdi tańlawım ushın», «Ómir dep atalǵan úlken kitaptı», «Men dúnyaǵa keldim», «Xojeli qalasındaǵı balalar úyinde jazılǵan qosıq», «Jartasların ullı ómirdiń», «Quraq», «Túrli

[113]*Қурамбаев К.* Ўз сўзи, ўз овозига эга шоира. // «Қарақалпақ әдебияты», 2013, январь; *Турдыбаев Қ.* Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ поэзиясы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011. – Б 19; *Файзуллаева С.* Патима Мырзабаеваның лирикасының өзгешелиги. «Әмиўдәрья», 2016. № 5; *Usı avtor:* П.Мырзабаеваның қосықларында Ўатан ҳәм ел-журт ҳаққындағы ишки кеширмелериниң сәўлелениўи. // «Ҳәзирги қарақалпақ филологиясының әҳмийетли мәселелери». (Илимий мақалалар топламы). «Arıal Nukus», 2023. –Б. 91–96; *Алиева Х.* П. Мырзабаева ҳәм М. Жуманазарова поэзиясында жәмийетлик машқалалардың берилиўинде лирикалық характердиң жаратылыўы.//«Ҳәзирги қарақалпақ филологиясының әҳмийетли мәселелери». (Илимий мақалалар топламы). «Arıal Nukus», 2023.–Б. 114-119; *Usı avtor:* М.Жуманазарова ҳәм П.Мырзабаеваның философиялық-интеллектуаллық лирикасында лирикалық характердиң жаратылыў өзгешелиги. // НМПИ. Фан ва жамият. – Нөкис, 2023. №1. – Б. 92–94.

modalarda» sıyaqlı qosıqlarında lirikalıq qaharman tábiyat hám jámiyet qubılısların salıstıra otırıp filosofiyalıq juwmaq shıǵarıwǵa umtıladı. Ol adam ómiriniń mánisi, jasawdaǵı maqset, biyǵam balalıq, ashkózlik penen saqıylıqtıń, mehir-muhabbat penen jawızlıqtıń gúresi hám t.b. máńgi baqıy temalar haqqında tınbastan pikir júritedi. Sonlıqtan, P. Mırzabaeva poeziyasındaǵı lirikalıq qaharman ǵárezsizlikke deyin-aq óziniń belsendiligi, tınımsızlıǵı, ómirdiń dártli máseleleri haqqında oylanıp-tolǵanıwları, usı arqalı oqıwshı júregin lárzege keltiriwi menen ayırılıp turatuǵın edi. Bul ózgeshelik onıń ǵárezsizlik jıllarında jarıq kórgen qosıqlarında jáne de jetilisti, mazmunlıq hám formalıq jaqtan ósti. Usı kózqarastan onıń «Ámiwdárya» jurnalında járiyalanǵan qosıqları (2000, №6; 2003, № 3-4; 2007, №4) dıqqatqa ılayıq. Shayırdıń bul dáwirdegi qosıqlarındaǵı lirikalıq qaharman ıqsham, qısqa hám anıq pikirlewge umtıladı. Ásirese, P. Mırzabaeva bul dáwirdegi muhabbat lirikası kórkemlilik hám formalıq jaqtan óziniń biytákirarlıǵı, originallıǵı, girshiktey pák sezimlerge baylıǵı menen ayırılıp turadı. Shayırdıń «Hawazıń telefon arjaǵındaǵı…», «Jalǵızgenem», «Baxıt urısı dep…», «Muhabbatımnan…», «Jayǵaspas janımnıń…», «Dárwazań aldında…», «Posalarǵa kómgen demler…», «Hayallardıń», «Sen tawlardı súyeseń», «Telefonım jım-jırt…», «Hayallardıń…», «Sen tawlardı súyeseń…», «Bir bulaqtı ańsayman…», «Izleymen seni», «Ótti neshshe kúnler» «Seniń…» hám t.b. qosıqların muhabbat lirikasınıń jaqsı úlgileri dewge boladı. Bul qosıqlarda lirikalıq qaharmandı bárinen de burın yar jamalı, onıń mehir-muhabbatı muptala etedi. Bul jolda oǵan qálegen dúnyalıq tosqınlıqlar ósek sózler, jastaǵı ayırmashılıq, jala-bálamatlar, milliy mentalitettiń shegaraları irkinish bola almaydı. Sonlıqtan da, «Baxıt urısı dep…» qosıǵındaǵı lirikalıq qaharmannıń

…Shıǵarıp saldım men shadlı demlerdi,
Hámme túsine bermes kewli kemlerdi,

Janımnıń jartısı ózińde ketti,
Shala jan bop jasap júre alsam netti?[114]

– dep tolǵanıwları onıń lirikalıq kewil-keshirmeleriniń tereńliginen derek beredi. Lirikalıq qaharman muhabbattı turmıstıń ikir-shikirinen ústin qoyadı, onıń girshiktey taza halatı aldında bas iygisi keledi. Al, «Muhabbatımnan…» qosıǵındaǵı:

…Pák ıshqım, sap ıshqım kewlińe jetsin,
Kewlińdi jáne de ráwshan etsin,
Ótirik-ósekler órtenip pitsin,
Saǵan degen otlı muhabbatımnan… [114; 66-b.].

– degen qatarlardan lirikalıq qaharmannıń óz muhabbatın barlıq nárseden ústin qoyatuǵınlıǵı, onı dúnyadaǵı hámme jamanlıq atawlıdan joqarı tutatuǵınlıǵı bilinip turadı. Lirikalıq subyekt yar kewlin ráwshan etiwdi eń baslı maqset dep oylaydı. Ulıwma, P.Mırzabaevanıń «Ámiwdárya» jurnalında (2000, № 6) járiyalanǵan jigirma qosıǵınıń kópshiligi sáwgi temasına arnalǵan bolıp, olardıń barlıǵın derlik ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq ádebiyatında muhabbat lirikasınıń jaqsı úlgileri dep bahalawǵa boladı.

«Ámiwdárya» jurnalınıń 2003-jılǵı 3-4 sanlarında P. Mırzabaevanıń 10 qosıǵı jarıq kórgen. Bul qosıqlardıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarı da hár qıylı. «Ińıranadı qálbim» qosıǵında lirikalıq qaharmannıń muńlı, elegiyalıq keypiyatı súwretlengen. Átirapında adamlardıń tolıp júrgenine qaramastan, ol ózin jalǵız sezedi. Sebebi, ózine dártles, muńlas adamdı taba almaydı. Qarańız:

Ińıranadı qálbim jalǵız, jekke qalıp,
Ikir-shikir táshwishlerden bir dem tanıp,

[114] *Мырзабаева П.* «Бахыт урысы деп…» // «Әмиўдәрья», 2000, № 6. – Б. 65.

Sırlasımdı-dártlesimdi tappay anıq,
Keń dúnyanıń tarlıǵına nalıdım men[115].

Shayır menen lirikalıq qaharmannıń idealındaǵı túsinikler menen qorshaǵan real waqıyalıq arasında qarama-qarsılıqlı, hátteki, kontraslıq halat húkim súredi. Bul nárse shayırdıń ózin qorshaǵan adamlardıń júris-turısı, jasaw tárizi, morallıq kelbeti menen kelispeytuǵınına baylanıslı bolsa kerek. Qarańız:

Shım-shıtırıq táǵdir isi. Qádir quda,
Shadlıǵı az, ǵamı kóbirek-bolmas ada.
Bazar ishre eń arzan múlk-insan ǵana,
Kóz jaslarım sıyam menen qarıdım men.

…Ásirlerdiń arjaǵınan muńlı saza,
Kewlimizge málhám bolar móldir, taza,
Tánime hám ruwxıma berse de jaza,
Sóz múlkinen hasla, hasla tanbadım men [115; 56-b.].

Demek, qorshaǵan ortalıq lirikalıq qaharmannıń túskin keypiyatına qanshelli sebepshi bolmasın, qanshelli onı jazalamasın, ol haqıyqatlıqtı jazıwdan sharshamaydı. Ol turmıs shınlıǵı tuwralı kópirme, qurı bos sóz aytıwdan, júzekilik islewden awlaq. Lirikalıq qaharman qanshelli azaplansa da, qanshelli qorlansa da haqıyqatlıqtan tartınbaydı. Demek, P. Mırzabaeva XIX ásir klassik ádebiyatındaǵı, ásirese, Berdaq, Ájiniyaz poeziyasındaǵı haqıyqatgóylik hám ırasgóylik sıpatların ılayıqlı dawam ettirmekte. Onıń poeziyası usı jaǵı menen bahalı.

Juwmaqlap aytqanda, P. Mırzabaeva óziniń mazmunlı hám kórkem qunı joqarı lirikalıq dóretpeleri menen ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyamızdıń rawajlanıwına elewli úles qospaqta. Sol

---

[115]*Мырзабаева П.* «Ыңранады қәлбим». // «Әмиўдәрья», 2003, № 3-4. – Б. 56.

ushın da, shayırdıń hárqaysı temada jazılǵan qosıqları oqıwshını biyparıq qaldırmaydı.

## Sorawlar hám tapsırmalar

1. P. Mırzabaevanıń ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyasınıń ideyalıq-tematikalıq baǵdarları haqqında aytıp beriń.

2. Shayır poeziyasında muhabbat lirikasınıń tutqan ornı tuwralı nelerdi bilesiz?

3. Shayırdıń dóretpelerinde hayal-qızlar temasınıń jırlanıw ózgesheligin aytıp beriń.

4. Shayırdıń muhabbat temasına qurılǵan qosıqları mısalında óz betinshe jumıs jazıń.

5. P. Mırzabaevanıń «Íshqı tarları», «Dáwir nápesi» atamasındaǵı poetikalıq toplamların ideyalıq-tematikalıq toparlarǵa bóliń, mazmunı hám forması boyınsha jikleń.

## JUWMAQ

Jámiyettiń siyasiy-ekonomikalıq hám mádeniy-ruwxıy rawajlanıwları arasında hámme waqıt teppe-teńlik saqlana bermeydi. Eger de siyasiy-ekonomikalıq rawajlanıw tez ózgeriwi, sanawlı waqıt máwritlerinde burın kórilmegen basqıshqa ósip ótiwi, bir jámiyetlik basqıshtan ekinshi jámiyetlik basqıshqa az ǵana waqıt dawamında-aq atlap ketiwi menen sıpatlanatuǵın bolsa, ruwxıy-mádeniy turmıstaǵı ózgerisler áste-aqırınlıq, evolyuciyalıq jol menen bolıp ótetuǵınlıǵı dálillengen shınlıq. Bul pikir ruwxıyatımızdıń ajıralmas bir bólegi bolǵan ádebiyattıń rawajlanıwına da tiyisli.

Ǵárezsizlik ideyaları ádebiyatımızda birden payda bolǵan emes, onıń uzaq ásirlik rawajlanıw tariyxı bar. Qaraqalpaq folklorı menen qaraqalpaq klassik ádebiyatında, XX ásir qaraqalpaq ádebiyatında erkinlik, el tınıshlıǵı, awızbirshiligi, el-xalıq dárti, haqıyqatlıq hám t.b. aǵla ideyalar haqqında sır shertiw álleqashan-aq turaqlı ádebiy dástúrge aylanǵan. Sonday-aq, tariyxıy tulǵalardıń ibratlı islerin ulıǵlaw, jámiyetlik-siyasiy hám ruwxıy salalardaǵı illetlerge qarsı gúresiw, shaxs tragediyası menen urıs-qaǵıstıń, zorlıq-zombılıqtıń dramatizmge tolı aqıbetlerin súwretlew hám t.b. máseleler tuwralı keń jámiyetshiliktiń kewlinen shıǵatuǵın ádebiy dóretpeler jazıw XX ásir qaraqalpaq poeziyasında joqarıdaǵı ádebiy dástúrlerdiń nızamlı dawamı bolıp tabıladı. Máselen, A. Muwsaev, S. Májitov, A. Dabılov, I. Yusupov, Sh. Seytov, D. Aytmuratov, M. Seytniyazov, T. Mátmuratov, U. Xojanazarov hám t. b. óz waqtında úlken tartıs-talaslarǵa sebepshi bolǵan shıǵarmalarında el-xalıqtıń kewlindegi arzıw-ármanlar, zamanlaslarımızdı oylandıratuǵın, tolǵandıratuǵın álwan túrli máseleler sheber súwretlengen edi. Basqa áhmiyetli mashqalalar qatarı xalqımızdıń ǵárezsizlik, erkinlik,

haqıyqatlıq haqqındaǵı tilek-ármanlarınıń ádebiyatımızda, ásirese, poeziyamızda sáwleleniwi, jámiyettegi illetler haqqında bar haqıyqatlıqtı aytıwǵa, shaxs tragediyasın súwretlewge degen umtılıs 1980-jıllardıń ekinshi yarımına kelip turaqlı túrge endi. Bul dáwirdegi poeziyamızda 1960–1970-jılları, hátteki, 1980-jıllardıń birinshi yarımında gúzetilmegen ashıq sózlilik, haqıyqatlıqtı tuwrıdan-tuwrı aytıwshılıq júzege shıqtı. Usı sebepli tubalawshılıq dáwiriniń unamsız illetleri, shaxs tragediyası, adamlardaǵı iyman-insaptıń, nápsi-qánááttiń, mehir-shápááttiń azayıp ketkenligi, Ámiw, Araldıń ayanıshlı jaǵdayı, suw tamtarıslıǵı, paxta monopoliyası, awıl xojalıǵındaǵı qosıp jazıw hám t.b. máseleler haqqında shayırlarımız óz pikirlerin tuwrıdan-tuwrı sáwlelendire basladı. Usı kózqarastan I. Yusupov, Sh. Seytov, M. Seytniyazov, D. Aytmuratov, T. Sársenbaev, K. Karimov, J. Izbasqanov hám t. b. shıǵarmaların atap ótiwge boladı. Demek, ǵárezsizlik dáwirindegi poeziyamızdıń kórkem deregi sıpatında 1980–1985-jıllardaǵı jáhán poeziyasındaǵı, túrkiy tilles tuwısqan xalıqlar ádebiyatındaǵı, milliy poeziyamızdaǵı ulıwmainsanıylıq pazıyletlerdi sáwlelendiriwge baǵıshlanǵan poeziyalıq shıǵarmalardı atap ótiwimizge boladı. Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq milliy poeziyası atı atalǵan jemisli ideyalıq-tematikalıq, janrlıq-stillik hám kórkemlik izlenislerdiń dawamı sıpatında qáliplesti hám rawajlanıp barmaqta.

Biziń usı dáwir poeziyasına baǵıshlanǵan oqıw qollanbada I. Yusupovtıń, Sh. Seytovtıń, T. Sársenbaev, K. Raxmanov, K. Karimov, H. Ayımbetov, J. Izbasqanov, Á. Ótepbergenov, X. Dáwletnazarov, N. Tóreshova, O. Sátbaev, B. Genjemuratov, M. Jumanazarovalardıń dóretiwshiligine arnawlı bólimler ajıratqanlıǵımızdıń da mánisi bar. Óytkeni, atı atalǵan shayırlarımız usı dáwirdegi milliy poeziyamızdıń tırnaǵın qalawǵa at salıstı. Bunda, ásirese, I.Yusupov jańa ideyalıq-tematikalıq hám kórkemlik izlenislerdiń aldıńǵı shebinde boldı. Onıń usı dáwirdiń qarsańında hám usı dáwir ishinde

jarıq kórgen «Alasatlı dúnya bul», «Duzlı samallar», «Tańlamalı shıǵarmalarınıń I–II tomlıqları», «Begligińdi buzba sen», «Búlbil uyası», «Hárkimniń óz zamanı bar» kitaplarına kirgen álwan túrli lirikalıq hám epikalıq shıǵarmaları, gazeta-jurnallardaǵı kórkem publicistikalıq dóretpeleri ǵárezsizlik ideyalarınıń poeziyamızda ornıǵıwında úlken áhmiyetke iye boldı. I. Yusupovtıń zamanlası bolǵan Sh. Seytov, K. Raxmanov hám T. Sársenbaevlar da bul dáwir ádebiyatına sezilerli úles qostı. Birinshi avtordıń «Jollar», «Qıyal atawı» kitaplarındaǵı shıǵarmaları, sonday-aq, «Qaytarıp ber meniń Ámiwdáryamdı» qosıǵı el-xalıq dártin jırlaw, unamsız illetlerdiń betin ashıp taslaw, ulıwma insanıylıq ideyalardı ulıǵlaw boyınsha kóp ǵana shayırlarımızǵa úlgi boldı. Al, K. Raxmanovtıń «Mánzilim alıs», «Watan tuyǵısı», T. Sársenbaevtıń «Tańırqant» kitaplarındaǵı shıǵarmalar óziniń zamanagóyligi, tereń filosofiyalıq oylarǵa bólengenligi menen ayrılıp turadı.

Ǵárezsizlik dáwiri birqansha shayırlarımız dóretiwshiliginde jemisli kórkemlik izlenislerge bay dáwir boldı. Olar ózleriniń shıǵarmalarında bunnan burın qozǵalmaǵan tema, ideyalardı sáwlelendiriwde, qaharman obrazların jaratıwda, jámiyet hám tábiyat mashqalaların zaman talabına say kóteriwde jańa dáwir múmkinshiliklerinen paydalanıwda belsendilik kórsetti. Máselen, K. Karimov, H. Ayımbetov hám X. Dáwletnazarovlardıń sáykes túrde usı dáwirde jarıq kórgen «Kóńlim múlki», «Ashıq bolmaǵan kim bar», «Álwidaǵ muhabbat» hám t. b. kitaplarında tuwǵan jer, ana-Watan temalarına, milliy qádiriyatlarımızǵa, qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw máselelerine, jaqsılıq hám jamanlıq, mehir-muhabbat hám topaslıq, sadıqlıq hám satqınlıq, batırlıq hám qorqaqlıq hám t. b. ulıwma insanıylıq sıpatlardıń ara qatnası máselelerine jańashıllıq penen jantastı. Al, S. Niyetullaev hám Á. Ótepbergenovlar bul dáwirde ónimli miynet etip, kóplegen kitaplar shıǵardı, ázelden kiyatırǵan milliy qádiriyatlarımızdı ulıǵlawǵa, iyman-insap, sabır-

qanaat, awızbirshilik, sıylasıq, el tınıshlıǵı hám t.b. máselelerdi sheber túrde kóteriwge umtıldı.

Milliy poeziyamızǵa ǵárezsizlik qarsańında kirip kelgen B. Seytaev, S. Ibragimov, O. Sátbaev, B. Genjemuratov, M. Jumanazarova, P. Mırzabaeva, G. Dáwletova, G. Nurlepesova hám t. b. jas talantlar milliy poeziyamızdı ráńbáreń boyawlar, álwan túrli sóz kesteleri, kórkem obrazlar menen bayıtıwǵa belgili úles qostı. Ásirese, olar arasında O. Sátbaev detallıq, kartinalıq súwretlewleri, mifologiyalıq, ańızlıq syujetlerge jan endiriwi, B. Genjemuratov, M. Jumanazarovalar mártlik, batırlıq ideyaların ulıǵlawı, nákas hám qorqaqlardı ayawsız áshkaralawı, tariyxıy tulǵalar obrazın súwretlewdegi sheberligi menen oqıwshılardıń dıqqatına miyasar boldı.

Juwmaqlap aytqanda, ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq poeziyası óziniń úlıwma insanıylıq ideyalardı jırlawı, ájayıp kórkem obrazlardı jaratıwı, dúnya hám milliy poeziya dástúrlerin sheber ushlastırıwı menen xalqımızdıń ruwxıy dúnyasın bayıtıwǵa belgili úles qospaqta.

## TEST SORAWLARÍ

1. M. Ábdimuratovtıń qaysı qosıǵında Ernazar Alakóz batır, márt, erkinlikti súyiwshi azamat obrazında súwretlengen?

a) «Alakózdiń monologları»
b) «Men Alakózdi kórdim túsimde»
s) «Oylar meni qıynaydı»
d) «Dúnya»

2. X. Dáwletnazarovtıń poemaların tabıń.

a) «Iyesiz jurt», «Búlbil pıǵanı», «Qaraqalpaq bayazı», «Anama xat»
b) «Búlbil uyası», «Máńgi bulaq», «Watan topıraǵı»
s) «Gúldirsin», «Ómir tolǵanısları», «Analıq haqqında qıssa»
d) «Jetim qız», «Tutqın», «Qızım-aw»

3. Á. Ótepbergenovtıń «Allańdı umıtpa» dástanı ullı shayır Álisher Nawayınıń qaysı dástanı menen tematikalıq, ideyalıq hám mazmunlıq jaqtan únlesedi?

a) «Hayrat-ul abror»
b) «Farhad hám Shiyrin»
s) «Láyli hám Májnún»
d) «Sabayi Sayor»

4. I. Yusupovtıń «Tırnalar» qosıǵı lirikanıń qaysı janrına kiredi?

a) meditativlik lirika
b) intim lirika
s) peyzajlıq lirika
d) táriyip lirika

5. I. Yusupovtıń «Aral elegiyaları» qosıǵı kompoziciyası, bántlik dúzilisi boyınsha qanday?

a) bes bólimnen, segiz qatarlı bántten ibarat
b) tórt bólimnen, bes qatarlı bántten ibarat
s) altı bólimnen, segiz qatarlı bántten ibarat
d) úsh bólimnen, tórt qatarlı bántten ibarat

6. I. Yusupovtıń poemaların óz aldına izertlegen ilimpaz?
a) Q. Mámbetov
b) D. Paxratdinov
s) G. Esemuratov
d) A. Hamidova

7. I. Yusupovtıń ǵárezsizlik jıllarında jarıq kórgen toplamların tabıń.
a) «Begligińdi buzba sen», «Búlbil uyası», «Ómir saǵan ashıqpan»
b) «Dáwir samalları», «Alasatlı dúnya bul», «Duzlı samallar»
s) «Kewil kewilden suw isher», «Tumaris hám basqa poemalar», «Yosh»
d) «Jeti asırım», «Dala ármanları», «Zaman aǵımı»

8. Sh. Seytovtıń poeziya tarawındaǵı toplamların anıqlań.
a) «Tawlardan saza», «Jollar», «Qıyal atawı»
b) «Kóp edi ketken tırnalar», «Úshpelek», «Soqpaǵım meniń qaydasań?»
s) «Jınayatlı isine qosıp tirkelsin», «Jollar», «Úshpelek»
d) «Íǵbal soqpaqları», «Shırashılar», «Tawlardan saza»

9. Tómendegi qatarlar Sh. Seytovtıń qaysı qosıǵınan alınǵan?

Qostarım qulaǵanda,
Jer tewdim jılap anıq!
«Qoy, bala, jılaǵandı,
Jer tewme! – desti xalıq.

Jer – ırısqal, kárimiz de,
Qásterlep sıylaymız ǵoy.

a) «Keleshek górdey me eken, jerdi de jerley me eken?!»
b) «Qaytarıp ber meniń Ámiwdáryamdı»
s) «Hayal»
d) «Búgin ótmish bolıp atalǵan jıllar»

10. Baxtiyar, Ánwar, Sháryar hám Bazar kempir qaysı shıǵarma personajları?

a) «Qıyal atawı»
b) «Mástan mama»
s) «Kel teris qaytayıq»
d) «Kóp edi ketken tırnalar»

11. «Shıńlanıw», «Qubılıw», «Tańırqant», «Kúnniń qurısı», «Aspan astında», «Kisiniń qádiri», «Dúnya», «Adam kúni adam menen» hám t.b. filosofiyalıq lirikaları qaysı shayırdıń qálemine tiyisli?

a) T. Sársenbaev
b) Sh. Seytov
s) N. Tóreshova
d) B. Genjemuratov

12. N. Tóreshovanıń qaysı qosıǵınan alınǵan?

Aspanlaǵan asqar taw,
Qayısa berip jıǵıldı.
Tikley almay boyların,
Júrek-bawırım sıǵıldı.

a) «Jiyen jırawdıń monologı»
b) «Babajan»
s) «Mende qarar bolmay tur»
d) «Kim sóyler»

13. K. Raxmanovtıń óz aldına kitap halında basılıp shıqqan toplamlarına kirmey, «Ámiwdárya» jurnalınıń hám gazeta betlerinde jarıq kóriwi menen qalıp qoyǵan poemaların tabıń.

a) «Ala sapıranlı jıllar», «Máńgilik ot basında»

b) «Jambas qala», «Tań ashıǵı»

s) «Bult hám quyash», «Qardaǵı iz»

d) «Shól dástanı», «Báhár hám ǵarrılar»

14. K.Raxmanovtıń qaysı qosıǵınan keltirilgen?

Jánnet degen barı-joǵı belgisiz,
Awılım bar sol jánnetke bergisiz.

a) «Awıl saǵınıshı»

b) « Tolǵanıslar»

s) «Tuwılǵan jerge»

d) «Tost»

15. Ǵárezsizlik jıllarında jarıqqa shıqqan «Araldan keldim», «Kóńilim múlki», «Qaraqalpaq elim meniń» atlı poetikalıq toplamları qaysı shayırǵa tiyisli?

a) K. Karimov

b) K. Raxmanov

s) B. Genjemuratov

d) Minayxan Jumanazarova

16. H. Ayımbetovtıń 1993-jılı jarıqqa shıqqan poetikalıq toplamı ne dep ataladı?

a) «Aq qaǵaz»

b) «Jalǵız terek»

s) «Tıńlańızlar»

d) «Úlken shańaraq»

17. K. Karimovtıń qaysı lirikalıq shıǵarmalarında búgingi ózgergen ana tábiyatımız benen oǵan juwapkersizlik penen

qaraǵan zamanlaslarımızdıń bazıbir unamsız háreketleri isenimli súwretlengen.

a) «Suw tasıwshı», «Boljaw», «Ata mákan»
b) «Tańǵı shıq», «Aq tal», «Gúz»
s) «Súwret», «Nálshe», «Muzǵala»,
d) «Aprel», «Qar», «Qarmaqqa barǵanda»

18. H. Ayımbetovtıń qaysı poemasında Berdaq shayırdıń qızı Húrliman baqsınıń kórkem obrazın jaratıwǵa arnalǵan?

a) «Qız baqsı»
b) «Qos terek»
s) «Ala kópek qańsılar»
d) «Dawılpaz»

19. H. Ayımbetovtıń qaysı poemasında burınnan xalıq arasında belgili bolǵan Gúldirsin haqqındaǵı legenda syujetin zamanagóy mashqalanı ortaǵa taslaw maqsetinde sheber isletken?

a) «Qorǵanlar saza beredi»
b) «Qos terek»
s) «Búlbil»
d) «Qız baqsı»

20. J. Izbasqanovtıń dúnya poeziyasınan awdarmaları qanday atamada óz aldına kitap bolıp basılıp shıqtı?

a) «Dúnya meridianları»
b) «Júrekten júrekke»
s) «Lirika»
d) «Máńgi bulaqlar»

21. J. Izbasqanovtıń «Saylandı shıǵarmaları»nıń úsh tomlıǵı qashan basılıp shıqtı?

a) 1999-jılı
b) 1998-jılı

s) 1997-jılı
d) 1996-jılı

22. Tómendegi qosıq qatarlarınan kórkemlew quralın tabıń.

Samal enip murınǵa,
Kóz túspegen burında
Altın shashlı burımǵa
Jigit kóńlin arnaydı…

a) metonimiya
b) sinekdoxa
s) epitet
d) metafora

23. Tómendegi qosıq qatarlarınan kórkemlew usılın tabıń.

Shar tárepten izey alıp barar tıń,
Orpań topıraq qalmaǵanı bolmasa?

a) antiteza
b) asindeton
s) anafora
d) polisindeton

24. S. Niyetullaev dóretiwshiligi boyınsha jazılǵan «Nóser talant» (2016) atlı ilimiy miynetiniń avtorın anıqlań.
a) J. Esenov
b) Q. Orazımbetov
s) A. Dosımbetova
d) Z. Bekbergenova

25. S. Niyetullaevtıń qosıqları tiykarınan qanday temaǵa qurılǵan?
a) filosofiyalıq temaǵa
b) muhabbat temasına

s) sayaxat temasına
d) bilimlendiriw temasına

26. Qaraqalpaq ádebiyatında Álisher Nawayı ǵázzellerine muxammes baylaw usılı eń birinshi ret qaysı shayırdıń dóretiwshiliginen baslanadı?
a) Á. Ótepbergenov
b) D. Aytmuratov
s) K. Raxmanov
d) J. Izbasqanov

27. Á. Ótepbergenovtıń dáslepki baspadan shıqqan «Tamshılar» (1982), «Bulaqlar» (1991) toplamları negizinen tek ........ janrında jazılǵan.
a) ǵázzel
b) muxammes
s) murabba
d) muashshaq

28. Qaraqalpaq ádebiyatında «Xamsa» dástanın dóretken kórkem sóz iyesin anıqlań.
a) Á. Ótepbergenov
b) S. Niyetullaev
s) H. Ayımbetov
d) K. Karimov

29. Tómendegi qatarlar qaysı dástannan keltirilgen?
Jetpis jasınan ótken Kubra sonda,
Jerden basın alıp, uslap ol qolda,
Qoltıqqa qıstı da, alǵa umtıldı,
Shapqandı uslap ol tabjıltpay turdı.
… Bassız dene menen buwdı alqımnan,

Dushpannıń awzınan aqtı qızıl qan,
Qurı lash bolıp-aq, qanın aldı ol.

a) «Allańdı umıtpa!»
b) «Allada esap bar»
s) «Alla jańılmas»
d) «Allanıń Rasulı»

30. Bántti tolıqtırıń.

Kimiń or, kimińiz túsip qaqpanǵa,
Shıǵınıp kim Iran, kimiń Afǵanǵa,
Táǵdir qolıńdaǵı tesik saqpanda,
...................................................

a) Hár yana atılǵan Qaraqalpaqlar.
b) Jar salǵan bul joqshı–Qaraqalpaqstan!
s) Teńlermiz dep júrgen teńler qayaqta?
d) Jábir shuqırı hesh tolmaǵan zaman.

31. X. Dáwletnazarovtıń nasrıy poemasın tabıń.
a) «Álwidaǵ muhabbat… xosh qal, jaslıǵım!..»
b) «Iyesiz jurt»
s) «Búlbúl pıǵanı»
d) «Qaraqalpaq bayazı»

32. X. Dáwletnazarovtıń «Jaslıǵım, sen meni taslap barasań», «Eger, esley alsań…», «Muhabbat isimli qız edi – Aqquw», «Kózleri kiyiktiń kózine megzer» qosıqlarınıń tematikasın anıqlań.
a) jaslıq dáwir hám muhabbat
b) tuwılǵan jer
s) bilimlendiriw
d) diniy-filosofiyalıq

33. N. Tóreshovanıń poeziyalıq toplamların tabıń.
a) «Ana», «Áziyzim», «Máńgilik qosıǵımsań»

b) «Arzıwlar darağı», «Aq tulpar», «Sheńgel qońırawları»
s) «Saratan», «Oq qadalǵan ay», «Saylandı shıǵarmalar»
d) «Elim dep eńiremeseń», «Júregimde bir dárt bar», «Álwidaǵ aytpayman, muhabbat…»

34. Tómendegi qosıq qatarları qanday uyqasta jazılǵan?
Men xalqımdı ózge xalıqtan,
Artıq qoymaq emespen.
Bizler miywe tergen baǵdan,
Ózge termes demespen.
a) Shalıs
b) Birgelikli
s) Jup
d) Bántlik

35. N. Tóreshovanıń dramalıq dástanın tabıń.
a) «Yalǵanshı»
b) «Shayqas»
s) «Qorǵan»
d) «Tutqın»

36. Daniyar menen Zıyada qaysı poemanıń personajları?
a) «Tutqın»
b) «Qızım-aw»
s) «Jetim qız»
d) «Men ushın»

37. O. Sátbaevtıń «Aqıbet» shıǵarmasınıń janrlıq ózgesheligin tabıń.
a) detektiv poema
b) dramalıq poema
s) dramalıq ápsana
d) dramalıq dástan

38. O. Sátbaevtıń qaysı qosıǵınan alınǵan?

Gey birewdi «xalıq dushpanı» tanıp,
Aydap ketkeninde aldına salıp,
Ílay pesh ústinde qıyalǵa talıp,
………………………………

a) «Onlanshı shıra»
b) «Áteshkúr»
s) «Ketpenler»
d) «Digirmannıń qosıǵı»

39. B. Genjemuratovtıń qosıqlar hám poemalar jıynaǵı ózbek tiline awdarmalanıp qanday atamada basılǵan?
a) «Oʻkuzdaryo bitiklari»
b) «Ishq ifori»
s) «Buloqlar qaynaydi»
d) «Oltin qirgʻoq»

40. B. Genjemuratovtıń «Aptaptıń ómiri» qosıqlar toplamı neshinshi jılı baspadan shıqtı?
a) 1987-jılı
b) 1990-jılı
s) 1997-jılı
d) 2006-jılı

41. M. Jumanazarovanıń muhabbat temasına qurılǵan qosıǵın anıqlań.
a) «Túslerine enemen…»
b) «Qaydasań haqıyqatlıq»
s) «Adamzatqa keltirme nuqsan»
d) «Áy, áziz adamlar»

42. «Izleymen seni», «Ótti neshshe kúnler» «Seniń…» atlı muhabbat lirikaları qaysı shayıraǵa tiyisli?

a) P. Mırzabaeva
b) M. Jumanazarova
s) N. Tóreshova
d) G. Dáwletova

43. «Patima Mırzabaeva lirikasınıń ózgesheligi» («Ámiwdárya», 2016. № 5) atlı maqalasın kim jazǵan?
a) S. Fayzullaeva
b) K. Qurambaev
s) H. Alieva
d) A. Dosımbetova

44. Ádebiyatshı P. Nurjanovtıń «Shayırdıń ishki erkinligi haqqında oylar», «Bárhama el-xalıq dárti menen jasaytuǵın shayır», «Baxt qo'shiday qo'ngim keladi» atlı maqalaları qaysı shayıra dóretiwshiligi boyınsha jazılǵan?
a) M. Jumanazarova
b) G. Dáwletova
s) P. Mırzabaeva
d) N. Tóreshova

45. B.Genjemuratovtıń «Móde xan sózi yaki Shin jipegindegi bitik» poeması neshe bólimnen ibarat?
a) 8
b) 7
s) 9
d) 5

46. Qaysı shayırdıń qosıqları ózbek tiline awdarılıp, «Ishq ifori» atamasında óz aldına kitap bolıp Tashkent qalasında 2012-jılı baspadan shıǵarıladı?
a) O. Sátbaev
b) H. Ayımbetov

s) S. Niyetullaev
d) T. Sársenbaev

47. X. Dáwletnazarovtıń qaysı poemasında ózi tuwılıp ósip, kámalǵa kelgen «Qıysıq Terek» awılı ayrıqsha bir lirizm menen jırlanadı?
a) «Iyesiz jurt»
b) «Qaraqalpaq bayazı»
s) «Búlbúl pıǵanı»
d) «Álwidaǵ muhabbat… xosh qal, jaslıǵım!..»

48. Tómendegi qosıq qatarlarınan kórkemlew usılın tabıń.

Dárya aqpay qalsa kimler juwapker?
Teńiz sayızlasa kim juwap berer?
Búgin kim súnakar Watan aldında…?

a) ritorikalıq soraw
b) ritorikalıq qaratpa
s) ritorikalıq úndew
d) parallelizm

49. O. Sátbevtıń qaysı poeması xalıq arasında keń taralǵan, burınnan belgili ańız tiykarında jazılǵan?
a) «Gúldirsin»
b) «Ómir tolǵanısları»
s) «Kók jiyek»
d) «Aqıbet»

50. «Lirika» (1992) degen atama menen basılıp shıqqan awdarmalar toplamı kimge tiyisli?
a) B. Genjemuratov
b) J. Izbasqanov
s) I. Yusupov
d) M. Qarabaev

# GLOSSARIY

**Aralıq forma** – ózinde poeziya hám prozanıń ózgesheliklerin jámlestirgen. Poeziya hám prozanıń óz ara tásiri nátiyjesinde payda bolǵan. Aralıq formaǵa nasrıy qosıq (epifaniya), erkin qosıq (verlibr) kiredi.

**Ádebiy dástúr hám jańashıllıq** – ádebiy dástúr uzaq waqıtlar dawamında qáliplesedi, shıǵarmalardıń tematikalarında, ideyalarında, tilinde, syujetlik qurılısında turaqlı dástúrler payda boladı. Al, házirgi ádebiy proceste kórkem sóz sheberlerimiz ádebiyatımızda qáliplesken kórkemlik dástúrler tiykarında da, sondayaq, dúnya ádebiyatınıń belgili jazıwshılarınıń kórkem súwretlew dástúrlerinen de paydalanıp kórkem shıǵarmalar dóretip atır, jańashıllıq (novatorlıq) alıp kelip atır.

**Ádebiy process, ádebiy háreket** – milliy ádebiyattıń yamasa dúnya ádebiyatınıń belgili bir dáwirde estetikalıq, ideyalıq, tematikalıq, kórkemlik hám t.b. ózgerislerge ushırap rawajlanıwı. Ádebiy háreket barısında ayırım eskirgen ideyalar, kórkem formalar dáwir talabına ılayıq jańalanıp baradı. Bul jańalanıw ádebiy stillerdin, ádebiy baǵdarlardıń, usıllardıń, aǵımlardıń, mekteplerdiń ózgerip, jańalanıwına alıp keledi.

**Ádebiy tásirler hám ádebiy baylanıslar** – ádebiy procestiń ózgesheliklериniń biri. Ádebiyatlardıń, jeke jazıwshılardıń óz ara baylanısıwı, bir-birinen úlgi alıwı, tájiriybe almasıwı hám usı tiykarda bir-birin kórkemlik, ideyalıq jaqtan bayıtıwı *ádebiy tásirler* degen atama menen ataladı.

**Ádebiyat tariyxı** – ádebiyattanıwdıń úlken bir tarawı bolıp, ol kórkem ádebiyattıń payda bolıwın, qáliplesiwin, rawajlanıw jolların, milliy ádebiyatlarǵa bóliniw tariyxın úyrenedi. Ádebiyat tariyxı

itibarlı jazıwshılardıń dóretiwshiligin, sonday-aq, jámiyetshilikke keńnen málim bolǵan shıǵarmalardı óz aldına qarastıradı. *Sonıń menen birge, ol ádebiy janrlardıń, obrazlardıń evolyuciyalıq rawajlanıwın baqlaydı.* Usı tárepleri menen ol házirgi ádebiyattı ózinen aldınǵı dáwirdegi ádebiyat penen baylanıslı úyreniwde qol keledi.

**Ádebiyat teoriyası** – kórkem sóz óneriniń ulıwma zańlılıqların, kórkem ádebiyattıń tariyxıy rawajlanıw jolların, kórkem obraz jaratıwda tiykarǵı nızamların, ádebiy janrlardıń, syujetlerdiń kórkemlik tábiyatın, kórkem shıǵarmanıń mazmunı menen formasınıń sáykesligin úyrenedi. Demek, házirgi ádebiy procesti úyreniwde ádebiyat teoriyası tiykarǵı teoriyalıq baza (tirek) sıpatında xızmet etedi.

**Bibliografiya** – ádebiyattı úyreniwde járdemshi ilimlerdiń biri (bibliografiya, tekstologiya, paleografiya). Ol eski grek tilindegi *biblio* – kitap hám *grapho* – jazaman degen sózlerden kelip shıǵıp, kitaplar haqqında maǵlıwmatlar degen mánisti bildiredi. Bibliografiyanıń tiykarǵı maqseti kórkem ádebiyat shıǵarmaların yamasa ádebiyat ilimi boyınsha shıqqan kitaplar, maqalalar hám olardıń avtorları, basılǵan ornı, jılı, qısqasha mazmunı tuwralı anıq maǵlıwmatlar beriw bolıp esaplanadı.

**Dástúr** – (latınshadan, *tradition* – bayanlaw, dástúr mánisinde). Kórkem ádebiyatta burınnan kiyatırǵan, qáliplesken birneshe súwretlew usıllarınıń poetikalıq sisteması.

**Dramatizm** – kórkem ádebiyat jámiyettiń, jekke adamnıń turmısındaǵı qıyınshılıqlardı, keskin halatlardı, jekke turmıs penen jámiyet arasındaǵı qarama-qarsılıqlardan kelip shıqqan ruwxıy daǵdarıslardı, ishki sezimler menen keshirmelerdiń ótkirlesiwin sáwlelendiredi. Bunı kórkem shıǵarmadaǵı dramatizm dep ataydı.

**Epifaniya** – kóp hawazlılıq. *Epi* – kóp, *fon* – hawaz. Sóylewde kúshli hawazlılıq tuwdırıwshı hár qıylı fonetikalıq usıllar. Epifaniya sóylewdiń hárqanday túri ushın belgili dárejede tán jaǵday bolıp

esaplanadı. Epifaniya sebepli qosıq ritmi sistemalasadı, poetikalıq pikir kúshli beriledi hám onıń emocional tásiri kúsheyedi.

**Erkin qosıq** (verlibr) forması – qosıq qurılısın dúziwde qatnasatuǵın elementler (uyqas, ırǵaq, bánt) erkinligi esabınan júzege keletuǵın janr. Mine, usı tárepinen ol basqa dástúriy qosıqlardan ajıralıp turadı.

**Ǵázzel** – (Arabsha hayallarǵa muhabbat sózinen). Ǵázzel aruz qosıq qurılısı boyınsha jazılıp, 12-15 báytten turadı. Hárbir báyt tamamlanǵan pikirdi bildiredi. Ǵázzel a-a, b-a, v-a formasında uyqasıp keledi. Ǵázzel shıǵıs ádebiyatında keń tarqalǵan lirikalıq janr.

**Ideya** – kórkem shıǵarmada avtordıń ózi súwretlep atırǵan waqıyalarǵa, adamlarǵa bolǵan kózqarasları, olarǵa bergen bahaları, basqasha aytqanda, ideya – shıǵarmada kóterilgen máselelerdiń, jaratılǵan obrazlardıń, xarakterlerdiń, súwretlengen waqıyalardıń nátiyjelerinen kelip shıǵatuǵın juwmaqlar, obrazlı oy-pikirler.

**Individul stil, jekke stil** – jazıwshınıń ózine tán kórkem shıǵarma dóretiw stili. Qálegen avtorda jeke stil bola bermeydi, ol tek sheber, talantlı jazıwshılarda ǵana boladı. Jeke stil jazıwshınıń dúnyanı ózinshe túsinip, ózinshe tallawı hám onı kórkem shıǵarmada ózinshe sáwlelendiriwi nátiyjesinde ǵana juzege keledi.

**Jańashıllıq (novatorlıq)** – latın tilinen *novator* – jańalanıp turıw mánisinde. Kórkem ádebiyatqa jańasha oy-pikirlerdi hám formaların alıp kiriw. Bul túsinik kórkem ádebiyattı bahalawda ayrıqsha ideyalıq hám estetikalıq áhmiyetke iye.

**Kompoziciya** – (latınsha – *compositio* – dúzilis, qurılıs degendi anlatadı). Kórkem shıǵarmalardaǵı waqıyalardıń, obrazlardıń, bólimlerdiń avtordıń oylaǵan ideyasın ashıw maqsetinde bir-biri menen tıǵız baylanısta jaylastırılıwı.

**Kórkem awdarma hám ádebiy process** – kórkem awdarma basqa xalıqlardıń shıǵarmaların dilmashtıń óz ana tilinde jetkerip beriwi. Kórkem ádebiyattıń rawajlanıwı kórkem awdarmaǵa kóp baylanıslı.

**Lirika** – ádebiy túrlerdiń biri. ishki sezimlerdi beretuǵın janr.

**Lirikalıq qaharman** – lirikalıq poeziyada súyinish-kúyinishlerdi, ishki keshirmelerdi, arzıw-ármanları sáwlelengen adam obrazı. Lirikalıq poeziyada atqarıwshı yaki avtor jeke óziniń oy-sezimlerin beretuǵın kórkem obraz.

**Liriko-psixologiyalıq súwretlew** – psixologizmniń bir túri. Kórkem shıǵarmalarda qaharmanlardıń ishki ruwxıy dúnyasınıń, olardıń ádep-ikramlılıq belgileriniń birinshi betten, yaǵnıy, aytıp beriwshi yaki gúrrińshi-qaharmannıń tilinen ashıp beriliwi.

**Lirizm** – bul qálegen janrdaǵı kórkem shıǵarmada hár qıylı (quwanıw, qapalanıw, súyinish, kúyinish hám t.b.). sezimlerdiń beriliwi.

**Liro-dramalıq poema** – aralas (qospaq) janrdıń bir túri. Ózinde hám lirikanıń, hám dramanıń qásiyetlerin sińdirgen, saxnaǵa qolaylastırıp jazılǵan qospaq janrdaǵı shıǵarma.

**Liro-epika** – qospaq (aralas) janrdıń bir túri. Ózinde hám lirikanıń, hám epikanıń qásiyetlerin sińdirgen kórkem shıǵarmalar.

**Muxammes** – bes qatarlı qosıq forması. Shıǵıs poeziyasında keń tarqalǵan lirkalıq forma.

**Nasrıy poema** – qara sóz benen jazılǵan, emocionallıǵı kúshli, belgili bir ritmge qurılǵan liro-epikalıq shıǵarma. Mısalı, X. Dáwletnazarovtıń “Xosh qal, jaslıǵım” dep atalǵan poeması.

**Nasrıy qosıq** – nasrıy qosıqta dástúrlik qosıqtaǵı uyqas, ritm, ólshem, bánt izlemeydi. Nasrıy qosıqta bunday belgiler izshil saqlanbaǵanlıqı ushın shayır óz sheberligin iske salıp sózden erkin paydalana aladı. Poetikalıq pikirdiń emocional tásirsheńligin arttırıw ushın nasrıy qosıqlarda alliteraciyalar, qaytalawlar keń qollanıladı. Ádebiyattanıw iliminde usı qásiyetlerine bola nasrıy qosıqlar epifaniya termini menen de júritiledi.

**Obraz** – kórkem ádebiyat penen kórkem óner shıǵarmalarında turmıs haqıyqatlıǵın belgili bir usıllarda sáwlelendirgen jámiyetlik qubılıslar, tábiyiy kórinisler hám adamlardıń minez-qulqı, ádep-

ikramlılıǵı (xarakteri). Ádebiy dóretpelerde kóbirek obraz atamasında jazıwshı tárepinen súwretlengen insannıń minez-qulqı, onıń dúnyaǵa kózqarası, oy-pikiri hám sezimler álemi túsiniledi.

**Oktava** – segiz qatarlı lirikalıq qosıqtıń úlgisi. Qaraqalpaq poeziyasına Batıs ádebiyatınan kirgen lirikalıq janr.

**Poema** – (grek sózi poieo – dóretiw, dóretiwshilik mánisinde). Qosıqqa túsirilgen liro-epikalıq janr. Poema óziniń kólemi hám kompoziciyalıq qurılısı jaǵınan povestke oǵırı jaqın, sonıń ushın da, biz kópshilik orınlarda qosıq penen jazılǵan povest yamasa prozalıq poema degen atamalardı ushıratıwımızǵa boladı. Biraq povestke salıstırǵanda poemada turmıs shınlıǵı epikalıq waqıyalarǵa lirikalıq qaharmanlardıń qatnasları arqalı qosıq úlgisinde ashıladı. Sonıń menen birge, epikalıq prozaǵa salıstırǵanda poemada syujettiń ıqsham bolıwı emocional, tásirsheń momentlerdiń, keskin dramalıq jaǵdaylardıń jiyi-jiyi hám kútilmegende ushırasıp otırıwı áhmiyetli orın tutadı.

**Problema** – bul jańasha kóterilgen áhmiyetli turmıslıq, jámiyetlik, tariyxıy, sonday-aq, jeke adam tágdirine baylanıslı máseleler.

**Publicistika** – zamanagóy siyasiy jamiyetlik turmıs máselelerine arnalǵan kórkem ádebiy hám jurnalistlik dóretpe. Onıń maqala, ocherk, feleton, sayaxatnama hám taǵı basqa sıyaqlı túrleri bar.

**Publicistikalıq lirika** – shayırdıń zamanagóy siyasiy, jámiyetlik kózqarasları sáwlelengen lirikalıq qosıqlar.

**Realizm** – (latın tilinen, *realis* – shın haqıyqıy degen mániste). Jámiyetlik turmıs waqıyaların hám qubılısların, obrazlardı ulıwma xalıqlıq máp tiykarında jasırmastan, búkpelemesten súwretlewdi maqset tutqan kórkem usıl. Bul ádebiyat penen ónerdegi házirge shekem ádebiyattanıw ilimi hám estetikada belgili bolǵan tiykarǵı kórkem usıllardıń biri. F. Engelstiń aytqanınday, onıń baslı belgisi "tipik xarakterlerdiń tipik sharayatlardan alıp" súwretleniwi bolıp esaplanadı.

**Romantikalıq súwretlewler** – turmıs haqıyqatlıǵın kóbirek qıyal, fantaziyaǵa tiykarlanıp súwretlew.

**Sonet** – (italyansha *sonare* – jańǵırıw mánisinde). On tórt qatarlı lirikalıq qosıqtıń úlgisi. Qaraqalpaq poeziyasına Batıs ádebiyatınan kirgen lirikalıq janr.

**Tema** – kórkem shıǵarmanıń sáwlelendiretuǵın turmıslıq materialı, syujetlik materialları.

**Tragediya** – grekshe *tragos* eki hám *ode* – qosıq degen sózlerden). Dramalıq shıǵarmalardıń izi qayǵı menen pitetuǵın janrlıq túri.

**Verlibr, erkin qosıq** – (francuzsha *vers* – erkin degen *libres* – *sheyr*, qosıq, sózlerden alınǵan atama). Dástúrli qosıq qurılısınıń ólshemlerine baǵınbaytuǵın lirika janrı. Verlibrdiń qatarlarınıń buwın sanları teń bolmay, uzınlı-qısqalı bolıp keliwi múmkin, geyde bir sózdiń ózi de bir qatardı ańlatadı. Shayır óz pikirin erkin beriw ushın verlibrdi qollanadı. Verlibrde ırǵaq intonaciya áhmiyetli orın tutadı. Sonlıqtan, ol prozalıq shıǵarmaǵa jaqınlaspay qatań ajıralıp turadı.

## MAZMUNÍ

Kirisiw ..3
Házirgi qaraqalpaq poeziyasınıń rawajlanıw ózgesheligi ..6
Ibrayım Yusupov ..30
Shawdırbay Seytov ..44
Teńelbay Sársenbaev ..59
Keńesbay Raxmanov ..67
Keńesbay Karimov ..78
Hikmetulla Ayımbetov ..88
Jiyenbay Izbasqanov ..95
Saǵındıq Niyetullaev 108
Ábilqasım Ótepbergenov 118
Xalila Dáwletnazarov 133
Nabira Tóreshova 151
Orazbay Sátbaev 166
Baxtiyar Genjemuratov 179
Minayxan Jumanazarova 189
Pátiyma Mırzabaeva 198
Juwmaq 204
Test sorawları 208
Glossariy 220

TURDÍBAEV QONAQBAY KEWLIMJAEVICH

# HÁZIRGI QARAQALPAQ POEZIYASÍ

*60230100-Filologiya hám tillerdi oqıtıw (Qaraqalpaq tili) bakalavr tálim baǵdarı studentleri ushın oqıw qollanba*

Nókis
«Bilim» 2024

Redaktor *S. Baynazarova*
Kórk. redaktor *E. Aljanov*
Operator *N. Saukieva*

Licenziya: AI №108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.

Basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 25.12.2024. Formatı 60x84 $^1/_{16}$.
«Times New Roman» garniturası. Ofset baspa qaǵazı.
Ofset baspa usılında basıldı. Kólemi 14,25 b.t. 13,5 esap b.t.
13,25 shártli b.t. Nusqası 50 dana. Bahası shártnama boyınsha.
Buyırtpa № .

Qaraqalpaqstan Respublikası Málimleme hám ǵalaba
kommunikaciyalar basqarması. «Bilim» baspası.
230103. Nókis qalası, Islam Karimov kóshesi, 109-jay.

Elektron mánzil: bilim.baspa@bk.ru

«FARMA PRINT NUKUS» JShJ tipografiyasında basıp shıǵarıldı.
Nókis qalası, T. Qayıpbergenov kóshesi, 54-jay.